12+



5-6

2015





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2015

# МАХ ДУГ

5-6
2015

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2015

# ХОРЗÆЙ БАЗЗАЙ, ИР!

## УÆЛАХИЗЫ СÆРВÆЛТАУ

*Гермайнаг фашизмимæ тохы ирон адæм цы стыр лæгдзинад равдыстой, уый зындгонд у. Советон Цæдисы Хъæбатырты нымæцæй ирæттæ нæ бæстæйы иннæ адæмты ‘хсæн ахсынц фыццаг бынат. Райгуырæн бæстæйыл уæззау замантæ куы скодта, уæд ирон фысджытæй дæр бирæтæ сæхи равдыстой æхсарджынæй. Литературæйы йæ тыхтæ чи фæлвæрдта, уыдонæй сæдæйы бæрц ацыдысты Фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ. Æртиссæдзæй фылдæр дзы баззади хæсты быдыры. «Мах дуджы» ацы иугонд номыр сарæзтам уыдон уацмыстæй, растдæр зæгъгæйæ та, чиныг «Хорзæй баззай, Ир»-æй. Уый мыхуыры рацыди дыууæ хатты, фæлæ ныртæккæ сси зын ссарæн.*

*Ам нæ сæрмагондæй ранымайын фæнды, хæстæй сæрæгасæй чи сыздæхт æмæ литературæйы хорз фæд чи ныууагъта, уыдон нæмттæ: Плиты Харитон, Бекъойты Елиоз, Токаты Асæх, Дзадтиаты Тотырбег, Дарчиты Дауыт, Хъайтыхъты Геор, Дзугаты Георги, Хъазбегти Хъазбег, Плиты Грис, Гаглойты Федыр, Цæгæраты Максим, Чехойты Сæрæби, Мыртазты Барис, Хъайттаты Сергей, Цырыхаты Михал, Богазты Умар, Букуылты Алыкси, Тохты Иван, Баситы Михал, Цæголти Васили, Сечъынаты Ладемыр, Тетцойти Таймураз, Мæргъиты Къоста, Джусойты Нафи, Цæгæраты Гиго, Хъайтыхъты Азæмæт, Темыраты Дауыт...*

*Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæй ма ныртæккæ цардæгас сты æрмæст дыууæ –* ***Хъайтыхъты Азæмæт æмæ Джусойты Нафи.*** *Нæ зæрдæ сын зæгъы æнæниздзинад æмæ зæрдæрухс цард, сфæлдыстадон æнтыстытæ.*

# ЗАРÆГ ÆРЫЗДÆХТИС ИРМÆ

*Фыдыбæстæ уæ дзырды сæр куы уа, –*
*Фыццаг ныхас-иу мард хæстонтæн раттут.*

***Ю. Марцинкявичюс***

Цъититы дæлфæдтæм райдзаст æрдузы абузынц суадæттæ. Адæмæн, мæргътæн, бæлæстæн сæттынц сæ дойны. Фæлмæн зарæгæй рæвдауынц уарзæтты. Кæд иу комы сты, кæд иу цъитийы бынæй гуырынц, уæддæр сæ алкæмæн дæр йæхи хъæлæс и, алкæцыйы дон дæр æндæр ад кæны, алчидæр сæ Теркмæ хицæн фæндагыл цæуы. Зарынц суадæттæ сæрдæй, зымæгæй, чысыл æхсæрдзæнтæй тæхынц сæрсæфæнтæм, гæрдынц айнæг къæдзæхты риутæ, агурынц фæндаг парахат денджызы хъæбысмæ.

Фæлæ иуахæмы мылазон мигътæ æртыгуыр сты арвыл, стæй тæрккъæвда ныссаха кодта. Фæкъæртт сты хæхты тугдадзинтæ, цъити йæхи нал баурæдта æмæ нæргæ-уыраугæ рацыди комыл. Йæ хъæлæсы ахаста къæйтæ, бæлæстæ, æндонкъул мæсгуытæ. Суадæттæ ныххафта бындзарæй. Сæ бынаты цæндтæй базза- дысты æдзард къæдзæхы фæзгъæртæ.

Чи зоны, цас рæстæг рацыд, фæлæ та иузаман комы азæлы- дысты чысыл æхсæрдзæнты хъæлæстæ. Бирæ фæтох кодтой суадæттæ зæххы бын, стæй æппынфæстаг айгæрстой къæйдуртæ. Ног та æвдадзы хос хæссынц адæмæн, мæргътæн, бæлæстæн.

Афтæ рауади сæ хъысмæт, ацы чиныг чи ныффыста, уыцы лæппутæн дæр. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд се ‘ппæты хистæр Дзæхаты Темырхъаныл цыди 37 азы, сæ тæккæ кæстæртæ Елехъоты Мурат æмæ Хайманты Георгийыл та – æвддæсгай азтæ. Уыдон нæ зыдтой æфсис уалдзæджы цъæхæй, Ирыстоны митсæр хæхты райдзаст æнгасæй, фыййауы уадын- дзы хъæлæсæй, «зиуоун хосгæрдджыты» цæвджыты зæллангæй. Æмæ сæхæдæг дæр зæрдæйы зарæгæй æвдыстой сæ цин. Сæ зонд, сæ хъару æвгъау нæ кодтой дзыллæйы амондæн.

Фæлæ иуахæмы «мæлæтон дымгæ сæдæ ‘взагæй ныхситт кодта, атахти быдырты, стыдта фурды уылæнтæ сæ урс бар- цытæй æмæ сæ ныццæлхъ кодта айнæджы фидар ныхыл». Рай- дыдта карз хæст. Ныууарыди туджы къæвда. Æмæ ацы лæппутæ хæрзæбон загътой сæ бинонтæн, сæ уарзон чызджытæн, Иры-

стонæн, рæстæгмæ фæуагътой сæ фæндыртæ æмæ ацыдысты лæгæвзарæн хæстмæ. Рæстдзинады сæрвæлтау. Залиаг калмы хъæлæсæй дзыллæйы сæрибар байсынмæ.

Æмæ сæ иу дæр нал сæмбæлд йæ фыдыуæзæгыл. Æнусмæ бафынæй сты Уæрæсейы æмæ Европæйы быдырты. Бирæтæ дзы фесæфтысты æнæбæрæгæй, сæ ингæнтыл нæй цыртытæ дæр. Сæ зарæг сын æвирхъау тыгъдызæй æрдæгыл аскъуыдта, маргæйдзаг къæхтæй йыл фæцыди хæсты уæззау тымыгъ. Фæлæ зарæгæн мæлæт нæй. Суадонау та ногæй акъæртт кодта æхсон къæйтæ, арæдывта мылазон мигъты бæзджын тæлм æмæ нæм æрхæццæ цæхæртæ калгæйæ. Зарæг та цыфæнды цыртæй æнусондæр у, уымæн æмæ уый адæмы зæрдæйы цæры, фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæуы.

Ацы чиныджы автортæй бирæтæ литературæйы фыццаг къахдзæфтæ кодтой. Сæ чысыл фæлварæнтæй зын раиртасæн у, æцæг поэты номы аккаг дзы чи уыди, уый. Чи зоны, се 'хсæнæй рацыдаид, Боциты Бароны загъдау, йæ зард æгас бæстыл кæмæн ахадыдтаид, ахæм фыссæг. Махæн уый ныртæккæ зын зæгъæн у. Уымæ гæсгæ сын хъуамæ ныббарæм сæ иуæй-иу чысыл аиппытæ, хъуамæ сын абоны цæстæй ма кæсæм сæ уацмыстæм. Æнафоны сыл сæ дуне кæй баталынг, сæ курдиат æххæстæй равдисыны бон сæ кæй нæ фæци, уым уыдон ницы аххосджын сты. Райгуырæн бæстæйыл æнувыд уыдысты, канд фидауц ныхæстæй нæ – сæ тугæй бафыстой фыдæлты зæххы лæггæдтæ. Уый та у сæ хъæздыг удыхъæды, сæ намысы тæккæ егъаудæр æвдисæн. Уый тыххæй мах, сæ байзæддаг, уæлдай хæсджын стæм æдзард хæстонты раз. Хъуамæ сын сæ дзырды фарн мæрдтæм цæуын ма бауадзæм, хъуамæ сын сæ хъæлæс фехъусой ног фæлтæртæ, абоны æмæ фидæны кæстæртæ.

Нæ зынгхуыст лæппуты 'хсæн уыд ахæмтæ дæр, 20 – 22-аздзыдæй ирон литературæмæ мыггагмæ цæринаг уацмыстæ чи бахаста. Уыдонæй иу – къостайыхъæуккаг Калоты Хазби. Чиныгæн ном дæр уый уацмысмæ гæсгæ радтам. Хазби поэзимæ 'рбацыди ныфсхастæй, аивады «æргъæуæй конд хæдзармæ» хаста йæ судзгæ зæрдæйы 'нкъарæнтæ, йæ цырен зонды тæмæн, йæ дардуынаг цæстытæй цы нывтæ ахста, уыдон. Хазби цардæн дæр æмæ поэзийæн дæр цыди æрмæст йе 'рфыты.

Æз нæ зонын, цавæр хъуамæ уа поэт. Фæлæ мæм цæмæндæр афтæ кæсы, цыма æцæг поэт хъуамæ Калоты Хазбийы хуызæн уа – æнæхин, хæдæфсарм æмæ ныфсхаст, къæрцхъус, æргом-

дзырд æмæ цæстуарзон. Æмæ йæ кæд лæгæй-лæгмæ нæ зыдтон, уæддæр æй йæ фыстыты уынын ахæмæй. Мæнмæ гæсгæ, Хазби мæнг ныхас никуы ракодта нæдæр царды, нæдæр йæ фыстыты. Цы дзырдта, уый былалгъæй нæ дзырдта, фæлæ зæрдæйы тугæй. Уый карз уайдзæф кодта, хурау фыцын йæ бон кæмæн нæу, фæлæ мæйау æрмæст искæй цæхæрæй мæнгæфсон рухс чи кæны, чиныгкæсæгæн йæ кæрдзын хомæй чи дæтты, уыцы графомантæн. «Лæджы фæзмын æмбисонд нæу...» «Поэт уæвын кæй нæ фæфæнды, фæлæ нæуæгæй исты зæгъ». Æрмæст ацы ныхæстæй дæр бæрæг у, Хазби сфæлдыстадон куыстмæ цы цæстæй каст, уый. Поэт йе 'мбæлттæй цы домдта, дыууæ ахæмы та йæхицæй домдта:

*Æмæ фырадæргæй мæхицæн*
*Æппындæр нал ф' арын бынат,*
*Фæбæллын: ехх, кæмæй фæхицæн*
*Поэтикон лæмæгъдзинад.*

Ахæм удуæлдай куыст æмæ тохыл хæст хъуамæ уа поэт. Хазби поэзийы сæрвæлтау куыд æнувыд æмæ карзæй дзырдта, уый нын нæ зæрдыл æрлæууын кæны нæ дуджы номдзыд поэт Владимир Маяковскийы.

Антейæн-иу йæ ныййарæг зæххыл андзæвд ног хъаруйы хос куыд фæци, афтæ фыссæгæн дæр йæ фыдæлты зæхх у тыхдæттæг, уымæн æм дзуры Хазби: «Мæн дæуыл дунейы уаг ныббаста, демæ ахицæн мæ хъару нæу». Уымæн дзы куры: «Бауадз бирæ тых мæ туджы, ма мæ бамбæхс де 'рттиваг тæмæн».

«Фæлæ сæрибар дуджы уарийы» базыртыл цыфæнды бæрзæндтæм куы стæхы поэт, уæддæр йæхицæй разыйæ никуы баззайы, афтæ йæм фæкæсы, цыма бынтон æдых, æнæбон у: «Æмæ курын Ирæй: мачи мæ ысхонæд, мачи мæ ысхонæд мæн фыссæг».

Æрдз саккаг кодта Хазбийæн уæздан лæгдзинад æмæ судзгæ зæрдæ. Знаджы сау æрдонгтæ тугуарæн кæнгæ нæ бæстæм куы 'рбассæстой, уæд хæстон уадындзы хъæлæсау ныннæрыд йæ тохы хъæр. Хазбийы хъæлæс уыд, йæ фыдæлты зæххыл «дунейы уаг» æнусмæ кæй ныббаста, ахæм æнувыд хъæбулы хъæлæс. Бынтон раргом сты поэты зæрдæйы æмæ зондахасты æппæт фæзилæнтæ дæр, æппæт авналæнтæ дæр, уымæн æмæ адæймаг йæхи уынгæг сахат равдисы. Поэты зæрдæ уыдис æлвæст кардау, «æрдздых æмæ йын адæймаджы зонд зæххыл цы фыдтæ самадтой йæ разы», уыдонæн сæ астæу цæттæ уыди ацæуынмæ. Æмæ цæугæ дæр акодта.

Дыууæ уылæны – лирикон æмæ драматикон – сиу сты Хазбийы хæстон поэзийы æмæ йын радтой ног хуыз, фæтыхджындæр ын кодтой йæ мидызмæлд, йæ хъару. Хæстоны æнкъарæнтæ хъандзалтау ныттынг сты, уарзт, маст æмæ хъизæмарæй йæ хъуырмæ у йæ зæрдæ. Поэт у рæстдзæвин, йæ алы дзырд дæр фатау æмбæлы йæ нысаныл. (Кæддæр зæххæй хуымæтæджы нæ куырдта «æндон фæттæ æппæт дзырдтæн».) Хæсты нывтæ парахатæй æвдисыныл нæу Хазби, нæ йæ 'вдæлы уыдæттæм, йæ алыварс «ниуы бæстæ зындоны цæхæры», «судзгæ 'мбисæндтæ – нæмгуыты уард». Салдаты дудгæ ристæ æмæ зæрдæйы маст Хазби фыста талынг ныккæндты, уазал акъоппыты, топпыхосы хъæхъхъаг фæздæгмæ. Фæлæ уæддæр йæ сисдзæф афтæ бæлвырд, афтæ нуарджын у, æмæ нæ цæстыты раз цардæгасæй сыстынц хæстоны уынгæг бонтæ, йæ бирæ тухитæ.

Мах уынæм: «Тымыгъ дард уынгты хæты... Æхсæв салд рудзгуытæй хъусы». «Митыл мæйы æртхутджытæ хъазынц, зæхмæ ивæзы бæлæсты фист». «Бон нæма фæзынд сæууон æртæхы, фесæфт хъамылы æххормаг сынт».

Фæлæ уыдон æрмæст нывтæ не сты. Алчидæр сæ ахъаз у хæстоны зæрдæйы уавæр арфдæр равдисынæн. Цъæттау æлвæст рæнхъыты пиллон калæг зæрдæйы æнкъарæнтæ гуылф кæнынц, æхсидынц сæхимидæг, чиныгкæсæгæн æнцой нæ дæттынц. Ирд реалистон фæлгонцтæ, цæстыахадгæ нывтæ, трагикон, фæлæ ныфсхаст хъæлæсы уаг – ахæм у Хазбийы хæстон поэзи.

«Æз цæуын... Цæуын, æмæ, чи зоны, фæстаджы балцы... Гъей, цæй даргъ у, цæй алыхуызон у мæ фæндаг! Хорзæй баззай, мæ райгуырæн Ир!.. Уарзын дæ... Уарзын дæ æмæ курын, ма мæ ферох кæн. Ницы дын радтон хорзæй, нæ уыд рæстæг... Ехх! Фæлæ мæ бон уыд уарзын, бауромæн кæмæн нæй, ахæм уарзондзинадæй.

О, цас уарзын!..

Бабын уа, мах чи фæхицæн кодта, нæ цард нын чи сызмæста, уый бын бауа!

Цавæр фæндтæ уыд мæ зæрдæйы, цæмæты бæллыдтæн!.. Гъей, мæ бæллиццаг цард!..»

Сагъæс, рис æмæ мастæй седзаг сты ацы рæнхъытæ. Стæй æваст, æхсаргард йæ кæрддзæмæй куы стонай, уыйау ныййазæлыди лæгдзинады хъæлæс: «Æгъгъæд, æнкъарддзинад! Схæцма дæхиуыл, мæ хорз æмбал, дæ цæстысыгтæ куы 'ркалдтай! Цæй тыххæй уæд?.. Æви дæм кæуинаг кæсы мæ хъысмæт?.. Нæ, рæдийыс... Бауром сæ».

Уыцы дыууæ æмæ ссæдзаздзыд поэтмæ, æвæдза, æцæгдæр Батрадзы ныфс уыди, уыййеддæмæ тугæй фæтæн астым кæм нал зыны, лæппуйы буар цы æвирхъау тохы зæронд кæны, уым мæнæ ахæм рæнхъытæ ныффыссын йæ бон не суыдаид:

«Бауырнæд дæ, ды мæ Батрадзы ныфс бауадздзынæ, мæ тыхæн кæрон нал уыдзæн, ацахсдзынæн мæ уаддымд æфсургъы барц, нынтъухдзынæн æм мæхи æмæ тымыгъау уайдзынæн мæ дард фæндагыл. Циу тугкалæн хæст мæнæн? Æз ахæсдзынæн дæ цагъды аив мыртæ мæ риуы, лæбурдзынæн фыранкау, никæцы тых басæтдзæн мæн. Уырны мæ, иубон дæм кæй фæзындзынæн, иубон дын æнæнхъæлæджы дæ рудзынг кæй бахойдзынæн, уый.

Æнхъæлмæ кæс... Ма ферох кæн!..»

Фæлæ нæ фыдæнхъæл фæкодта Хазби. Ацыди фæстаджы балцы. Йæхи бæсты тохы быдырæй фæдисонау æрыздæхти йæ «уаддымд æфсургъ» – йæ зарæг. Зарæг та ахæм у, æмæ æрзилдзæн æнустыл, байзæддæгтæн дзурдзæн карды дзæхстау Хазбийы цыбыр æмæ нæргæ цардыл, йæ кады мæлæтыл.

Стыр фыдæвзарæн æрхауди Калоты Хазбийы фæлтæрмæ. Мæ цæстытыл уайынц уыцы æнæрцæф лæппутæ. Царды монц гуылф кæны сæ риуты. Уыдонæн «у хурырдæм сæ фæндаг æртæхджын быдырты, уæрæхыл». Фæлæ «арвау ныццæлхъ кодта тохы фыццаг гæрах», æмæ уыцы цардбæллон æмгæрттæн сæ фæндтæ фæсыкк сты.

Хæдæфсарм, æмгарджын æмæ сæрæн кæстæрæй зыдтой ирон фысджытæ Кочысаты Мухарбеджы. «Æмгар дæр ахæм æмгар уыд, æмæ нæ цин, нæ хъыг æмбистæ кæимæ кодтам. Кæрæдзимæ мады зæнæджы цæстæй кæимæ кастыстæм, – фыссы поэт Мыртазты Барис. – Æмæ нал и абон уый нæ фарсмæ. Фæлæ нæ зæрдæйы баззадис йæ сурæт, æмæ нæ уый хъусæй лæууын нæ уадзы».

Йæ уæздандзинадыл дзурæг у, Мухарбег хæсты быдырæй Нигермæ цы фыстæг сæрвыста, уый дæр:

«Дæ бон хорз уæд, зынаргъ Иван!

Фыссын дæм, фæлæ нæ зонын, мæ фыстæг дæм фæхæццæ уыдзæн æви нæ. Куы йæ райсай, уæд, æвæццæгæн, дис дæр кæндзынæ, уымæн æмæ дæм никуыма ныффыстон, цы хорз зæрдæ мæм дардтай, уый кæд рагæй æмбарын, уæддæр. Тагъд 18 мæйы аивгъуыйдзæн, Иры зæххæн хæрзбон куы загътон,

[1] Ацы ныхæстæ бынтон раст не сты. Поэт 1942 – 1943 азты ныффыста йæ хуыздæр æмдзæвгæтæ «Кавказ», «Фæстаг салам», «Фыстæг мæ мадмæ», «Хæрзбон», «Мæ фæдзæхст» æмæ æндæртæ. Фæлæ Мухарбег хæдæфсарм уыди: цы-иу ныффыста, уый йæм ницы диссаг касти, уымæ гæсгæ сæ кой дæр нæ кæны *(Чиныгаразæг)*.

уæдæй нырмæ. Æвæццæгæн дæ нæ бауырндзæн, æз уæдæй ардæм иунæг æмдзæвгæ дæр кæй нæ ныффыстон, уый[1]. Мыййаг, удæгасæй куы баззайон, уæд мæ бон нывыл исты ныффыссын куынæуал суа, уымæй дæр тæрсын.

Фæлæ мын кæд литературæйы ницы бантысти (уæвгæ та мæхицæн стыр ныфсытæ æвæрдтон), уæд уыйхыгъд не 'фсæддон хайы нымад дæн дзæбæх хæстоныл. Æрæджы мын уый тыххæй саккаг кодтой майдан «Хъæбатырдзинады тыххæй», стæй мæ бавдыстой дыккаг хицауадон хæрзиуæгмæ.

Цыбырдзырдæй, иугæр куы мæлон, уæд – кадимæ, ирон дзыллæйы намыс нæ фæчъизи кæндзынæн.

Мæ зæрдæ дын зæгъы, зынаргъ Иван, цæмæй нæ адæмы фарнæн бирæ азты æнæнизæй фæцæрай...

Зæрдæбынæй дын аргъ чи кæны, уыцы

Мухарбег...

1943 азы 15 мартъи»

Æрыгон поэт йæхицæй бирæ домдта, разы нæ уыди, цы ныффыста, уыдонæй, йæхицæн бынат нæ ардта, йæ фæндыр æй рæстæгмæ фæуадзын кæй бахъуыд, адæмы дудгæбонтæй йæ зарыны бон кæй нал уыд, уый тыххæй.

Мухарбегæн дæр Хазбийау фæхицæнуæвæн нæй, «нæ фыдæлтæ сæ хъарм тугæй» кæй балхæдтой, уыцы зæххæй. Поэт куры йæ райгуырæн Кавказæй, цæмæй йæ сахуыр кæна æхсæрдзæнты хъазт æмбарын, фæнды йæ, йæ зарæг айнæг хæхтау æнусон куы уаид, «нæ хъал Теркау ныфсхаст», уый.

Поэты фидарæй уырны, рæстдзинад кæй фæуæлахиз уыдзæни, фыдгулыл саубон кæй ныккæндзæни, уый. Æмæ зæрдætæ æвæры йæ мадæн, Ирыстонæн:

*Фæуыдзæн хæст! Нæ рæстдзинады кардæй*
*Ызнаг æрцæудзæн тагъд рæстæджы саст.*
*Æмæ дæм уæд, ныййарæг мад, æз дардæй*
*Фæзындзынæн сæрæгасæй æваст.*

Фæлæ нал æрыздæхти йæ ныййарæг мадмæ Мухарбег. 1944 азы знаджы къухæй бацарæфтыд. Æрцыди поэтæн йæхи ныхас:

*Мыййаг, хæсты быдыры искуы*
*Куы фæуон мард,*
*Æмæ куы аскъуыйа æмбисыл*
*Мæ рæзгæ цард...*

Aзтæ цæуынц, рæстæг йæ кæнон кæны, фæлæ куыд хъуамæ бауyæнда мад йæ хъæбулы сæфтыл!

*Мæ цæстыл уайы райгуырæн хъæубæстæ,*
*Нæ хъæдынкъул, нæ æлыгбын хæдзар,*
*Дæ дæлбазыр кæм рæзыдтæн æдæрсгæ,*
*Кæм æрвыстон мæ рæзгæ бонты цард.*
*Мæ цæстыл уайыс алы бон, ныййарæг,*
*Цыма та бадыс рудзынджы раз ныр, –*
*Кæсыс æнхъæлмæ: «Искæцæй, мыййаг, кæд, –*
*Фæзæгъыс ды, – æрбазынид мæ фырт...»*

Мухарбеджы зарæг æнусмæ ахстон сбыдта йæ уарзон адæмы зæрдæйы. Цæгат Ирыстоны радиомæ алы бон дæр цæуы курдиæттæ. Адæмы фæнды, цæмæй сын радиойæ фехъусын кæной зарæг «Мæ уарзон, мæ ныййарæг мад». Фысгæ та йæ ныккодта Кочысаты Мухарбег. Æнкъарæнтæй æмæ поэтикон ахорæнтæй хъæздыг у ацы уацмыс. Уый райгуырди поэты иу арф ныуулæфтæй, афтæмæй та нырма бирæ зæрдæтæ бафтаудзæн арф сагъæстыл, бирæ фæлтæртыл ма аххæсдзæн. Афтæ зæгъæн ис йæ иннæ æмдзæвгæ-романс «Сау цæстытæй» дæр.

Кочысаты Мухарбег царды дæр æмæ литературæйы дæр ахуыр кодта Нигерыл. Нигеры фæлгонцы æрыгон лæппу уыдта æцæг поэты, уымæ гæсгæ йæхи сфæлдыстадыл дæр зынынц Къостайы – Нигеры царддых традицитæ. Йе 'мдзæвгæты чиныг «Царды хъæбысы», зæгъгæ, ууыл дæр хуымæтæджы нæ ныффыста: «Нигер, мæ зынаргъ ахуыргæнæг, дæ ном дзы арын».

Хæсты размæ чиныгкæсæг дзыллæтæн хорз зонгæ уыди Хуадонти Иссæйы ном. Йæ уацмыстæ цыдысты канд иронау нæ, фæлæ уырыссаг æвзагыл дæр. 1933 азы та Ленинграды мыхуыргонд æрцыд йæ чиныг «Гибель Корана». Фæлæ абоны онг Иссæйы уацмыстæ бабиноныг кæнынмæ ничима бавнæлдта. Уый тыххæй фыста Мамсыраты Дæбе дæр 1964 азы «Мах дуджы» иуæндæсæм номыры: «...Йæ ном махæн рохуаты уадзгæ нæу. Афтæмæй та йæ арæх не 'рымысæм, суанг хæсты цы хъæбатыр æрыгон фысджытæ фæмард, уыдоныл куы фæдзурæм, уæддæр ын йæ кой арæх не скæнæм. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, рæдыд хъуыддаг у. Хъуамæ адæм зоной, Иссæ цы литературон бынтæ ныууагъта, уыдон».

Хъыгаг у, фæлæ абоны онг Иссæйы цард æмæ сфæлдыстад адæм нæ зонынц.

Чысыл сабийæ йæ уæхсчытыл æрæнцади царды уæз. Уыцы хабæрттæ фыссæг равдыста, раздæр цы уацмысы кой ракодтам, уым. Зæронд дуг æмæ ног дуг бацыдысты мæлæтдзаг хъæбысхæсты. Революцийы карз тымыгъты фæстæ цард суагъта ног билцъытæ. Уалдзыгон фæлмæн къæвдатæм æззартæ куыд ныггуыпп ласынц, афтæ ‘фхæрд дзыллæйы цот сæ ных саræзтой ахуырмæ, зонды бæрзæндтæм. Ницавæр цæлхдуртæ сæ бауромдзысты сæ бæллиццаг нысанмæ балцы. Ахæм у Иссæйы уацмысы хъуыды.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст Хуадонти Иссæйы æрæййæфта Куйбышевы номыл хæстон-инженерон академийы. «Ахуыр кæнæм, нæ хъарутыл нæ ауæрдæм. Иуæй дæр нæ рох нæу, академийы кæй ахуыр кæнæм, инженертæ кæй хъуамæ суæм, уый. Фæлæ фронтмæ ацæуын зæрдæбынæй кæй нæ фæнды, ахæмтæ нæм чысыл разындзæн. Иу ахæм минут дæр ныл нæ ацæуы, фронты уавæрыл æнувыдæй кæд нæ фæныхас кæнæм. Алкæй дæр фидарæй уырны, мах кæй фæуæлахиз уыдзыстæм, нæ ныхмæ йæ гæрзтæ чи рабаста, уыцы цъаммар богъдаби – Гитлерæн Советон Æфсады бæрзæйсæттæн цæфтæй йæ мæлæт кæй æрцæудзæни. Гитлеры æфсады хæйттæ рæстæгмæ мах зæххытæ кæй бацахстой, уый та ууыл дзурæг у, æмæ нæ, æвæццæгæн, адæмы мобилизаци скæнын хъæуы, уый та афтæ æнцон нæу», – фыста Иссæ 1941 азы 27 июны йæ бинойнаг Меретханмæ. Цалдæр боны фæстæ Хуадоны-фырт ацыди фронтмæ. Уыди 82-æм гвардион топпæйæхсæг полчъы штабы хицау. Цыбыр рæстæгмæ йын йе сгуыхтыты тыххæй лæвæрд æрцыди Сырх Тырысайы орден. Полчъы командир майор Казаков йæ реляцийы фыста: «1942 азы 22–24 сентябры æхххæст кодтам сæрмагонд хицауадон хæс – знаг цы зæххытæ бацахста, уырдыгæй раласын хъуыд авиахимион бомбæтæ. Полчъы штабы хицауæй кусгæйæ Хуадоны-фырт архайдта операцийы пълан саразыныл. Хæстыты æмæ бомбæтæ ласыны рæстæг æрвылбон йæ цæст дардта операцимæ, бантыст-иу ын материалон фæрæзтæ, транспорт, адæм æмæ хойраг афойнадыл æрбарвитын. Уый ахъаз уыди хицауадон хæс æнтыстæй сæххæст кæнынæн». (Ацы хабæрттæ ССР Цæдисы Хъахъхъæнынады министрады Центрон архивы фондтæй рафыста историон наукæты кандидат Хуыдæлты Темырсолтан.) 1942 азы 9-æм октябры Краснодары крайы станицæ Куринскаяйы цур гвардийы майор Хуадонти Иссæ знæгтимæ тохы равдыста ног стыр лæгдзинад. Фашисттæ æртых-

стысты 82-æм топпæйæхсæг полчъы алыварс. Не ‘фсæдтæ сæхи цæттæ кодтой атакæмæ – хъуамæ атоной знаджы цæг æмæ баиу уой Сырх Æфсады хæйттимæ. Фæлæ гитлеронтæ фæразæй сты. Ныннæрыдысты сармадзантæ, знаджы хæдтæхджытæ полчъы позицитыл згъалын байдыдтой бомбæтæ. Райхъуыст автоматты къæр-къæр – фашисттæ рабырстой атакæйы. Уæззау цæф фæци полчъы командир майор Казаков, иннæ афицертæй иукъорд фæмард сты. Штабы хицау Хуадоны-фыртæн фæцæф йæ рахиз цонг æмæ йæ зæнг. Фæлæ знаджы къухмæ йæхи раттын йæ сæрмæ не ‘рхаста, хæцыди фæстаг гилдзы онг. 10 октябры æхсæвы 2 сахатыл Иссæ амард. Ууыл иу сахат рацыд, афтæ, полкъæй ма удæгасæй чи баззад, уыдонæн бантысти фашистты цæгæй раирвæзын. Сырхæфсæддон газет «Гвардион» фыста: «Нæ фронты хæстонтæ! Знаджы æрхъулайæ цæугæйæ фæмард Н-ы полчъы штабы хицау гвардийы майор Хуадонти Басиаты фырт Иссæ. Гитлерон сæркъуыртæ хъæддаг сырдтау æгъатырæй фæхынджылæг кодтой хъæбатыры буарæй... Фыссæг Хуадонти Иссæйы фидарæй уырныдта, мах, абон куы нæ уа, уæддæр райсом кæй фæзындзыстæм, уый. Мах фæзындзыстæм... Уæдæ райсæм нæ мард хæлæртты маст – уадз æмæ æнæрæнцойæ нæрой мингай хотыхтæ! Уадз æмæ фашистон æнаккæгты æгъатырæй цæгъдой нæ автоматтæ, пулеметтæ æмæ сармадзантæ!»

Йæ мæлæты фæстæ Хуадонти Иссæйæн саккаг кодтой Сырх Тырысайы дыккаг орден.

Хæрзæрыгонæй ацыди хæсты быдырмæ олгинскæйаг Белеккаты Харитон. Йæ тохы хабæрттæ бæлвырд-бæрæгæй зынынц йæ фыстæджыты. Мæнæ сæ иу: «Мæ зынаргъ мад, райс хъæбулы саламтæ хæсты быдырæй. Æвæццæгæн, стыр тасы бацыдтæ, знаг нæм сæдæ метры онг æрбаввахс, зæгъгæ, дæм куы ныффыстон, уæд. Фæлæ дзы тæссагæй ницы ис, лæг цы у, уый сын фенын кодтам. 8-æм августы нын хъазуат хæст бацайдагъ. Куыдфæстæмæ тох карзæй-карздæр кодта. Не ‘фсæдтæ сарæзтой атакæ. Знаг нæ састи. Уалынмæ æз бардзырд райстон фашистты фидæрттæ басæттыны тыххæй. Нæхи ныццавтам фидæрттыл æмæ сæ фæд-фæдыл батыдтам. Мæ ротæ ныццагъта 27 немыцаджы, 50 немыцаджы та уацары райстам, ноджы сæ байстам дыууæ минометы, æртæ сармадзаны, цыппар пулеметы æмæ æндæр хæстон æрмæг. Уыцы тохы фæстæ мын саккаг кодтой уæлдæр хæстон хæрзиуæг – Александр Невскийы орден. Æз æрыздæхдзынæн хъæмæ, æнæмæнг æрыздæхдзынæн. Æнхъæлмæ

кæсут. Æз сымах нæ ферох кæндзынæн, мæ зынрагъ мад, мæ хотæ, мæ чындзытæ... Цæрут иууылдæр æнæниз, дзæбæхæй. Саламтæ! Гъей, тæрсгæ ма кæнут! Уæхи Харитон. 1943 азы 2 сентябрь».

Хистæр лейтенант, ротæйы командир Белеккаты Харитон фæмард 1944 азы.

Хæсты тугхъулон быдырæй нал раздæхтысты Баситы дыууæ лæппуйы–Дзаххотт æмæ Дзамболат дæр.

Дзаххотты æмдзæвгæтæ фыццаг хатт мыхуыры фæзындысты æртынæм азты. Уый фæндыди «дзыллæйы кадæн нæртон лæгау» зарын, ног цардарæзты «номдзыд хъуыддагæн йæ гуылфы æххуысæн ысбæззын».

Дзаххотты кæстæр æфсымæр Дзамболат йæ ныфсхастæй, йæ поэтикон хъæлæсы азæлдæй зæрдыл æрлæууын кæны Калоты Хазбийы.

*Ныннæр тыхджын хъæлæсæй, ныннæр, мæ хур, мæ фæндыр,*
*Бæрзонддæр сис нæ тохы бон дæ зарæджы хъæлæс!*
*Мæнæн мæ туг фæкалди, мæ фыцгæ туг, дæ тæнтыл,*
*Цæмæй дæуимæ бафидон Фыдыбæстæн йæ хæс.*

Фыдыбæстæн йæ хæс бафидын – уый уыди Бæройты Дауырбег æмæ Абайты Петры, Тыджыты Ефим æмæ Къибирти Тазæреты, Бекъойты Амыран æмæ Гасситы Георгийы, Дзæхаты Темырхъан æмæ Магкаты Алиханы, Бигъуылаты Алыксандр æмæ Билаонти Барисы, Таболты Хадзымырзæ æмæ Бузойты Кермены, Хъуылаты Ладимыр æмæ Дегъуаты Андрейы, Джелыты Хазби æмæ Бесати Амырханы, Джиоты Грис æмæ Гуытъиаты Мамытджерийы, Тъехты Барис æмæ Ходты Хазбийы стырдæр бæллиц. Уыдоны фæндыди Райгуырæн бæстæйы бирæ дзæбæхтæ сæ къухты фæллойæ, сæ зонды рухс, сæ зæрдæйы тавсæй бафидын. Фæлæ дуг афтæ æрæййæфта, хъысмæт ахæм æнæхатыр разынди, æмæ зæрдæйы фæндиаг хъуыддæгтæй нæ – тугæй фидын бахъуыди фыдæлты зæххы лæггæдтæ.

Цард æмæ адæймаджы хъулон уарзтæй кæй уарзта, «æрдхæрдтыл æнувыд» кæй уыди, уымæн æрхаста йæ сæр нывондæн Елехъоти Мурат.

Уый уыди 1943 азы 7 ноябры – Октябры революцийы 26 азы бон. Сырх Æфсад тох кодта Хъырымы зæхх фашистон æрдонгтæй асыгъдæг кæныныл. Мурат уыди танкты ныхмæ хæцæг сармадзаны командæгæнæг. Бацайдагъ æвирхъау тох.

Мурат æмæ йе ‘мбæлттæ иунæг сармадзанæй схæцыдысты знаджы 25 танкимæ. ныддæрæн дзы кодтой æхсæз, иннæ нудæс та фæстæмæ аздæхтысты. Уыцы бон фæмард Елехъоти Мурат. Дæс боны фæстæ йыл хъуамæ сæххæст уыдаид ссæдз азы.

Мураты карæнæй йæ зынг бахуыссыд фарныхъæуккаг Æлборты Хъазмæхæмætæн дæр. Цардбæллон, литературæйы хъуыддагыл æнувыд уыди Хъазмæхæмæт. Адæймаг дисы анығъуылы, уый нæ поэтты уацмыстæ куыд цæстуарзон æмæ бинонығæй æмбырд кодта, ууыл. Æртынæм азты ирон газетты цыдæриддæр æмдзæвгæ æмæ кадæгæй цыдис, уыдон-иу Хъазмæхæмæт ралыг кодта æмæ-иу сæ йæхи æмдзæвгæты фарсмæ хæдзардзинæй баныхæста зæронд чингуыты сыфтыл. Уыцы чингуытæ хæсты рæстæг нығæдæй фæлæуууыдысты Æлборты цæхæрадоны æмæ нæм афтæмæй æрхæццæ сты.

Æмдзæвгæтæ, фыстæджытæ, тетрæдты сыфтыл æмæ газетты скъуыддзæгтыл кърандасæй фыстытæ дзурынц нæ хæстон поэтты намысджын цард æмæ тохы тыххæй.

«Фыццаг ныхас», зæгъгæ, йæ иу æмдзæвгæйы сындзыхъæуккаг Тауитти Дзегут 1939 азы афтæ дзырдта йæ Фыдыбæстæмæ: «Мæ фыццаг ныхас дын зæрдæйæ зæгъын: дæ сæрвæлтау тохмæ цæттæйæ лæууын».

Ацы рæнхъытæм поэзийы ‘гъдауæй куы ‘ркæсæм, уæд дзы уадиссагæй ницы ссардзыстæм, аив фæлгонцтæй, ног хъуыдытæй бынтон ифтонг не сты. Фæлæ дзы адæймаг йæ хъус æрдары иу фæзилæнмæ. «Зæрдæйæ зæгъын», – уыцы ныхас былалгъæй нæ рацыди, фæлæ æцæгдæр зæрдæйы арфы райгуырд. Уымæн æвдисæн – Дзегуты тохы фæндаг. Фыдыбæстæйы Стыр хæст Дзегуты æрæййæфта нæ бæстæйы хурныгуылæн арæныл. Хæсты фыццаг бонты хабæрттæ æрыгон поэт фæфыста йæ боныджы – хуымæтæджы тетрады сыфтыл. Сыфтæ йын нæ фаг кодтой æмæ уæд фыссын райдыдта цъарыл дæр. Хъыг нын у, фæлæ боныгæй дыууæ сыфы йеддæмæ нæ баззади. Мæнæ дзы иу скъуыддзаг:

«**1941 азы 13 август**. Аходæны хæд фæстæ фæлгæсæн бынатæй фехъусын кодтой: «Иууылдæр уæхи бафснайут акъоппыты!» Рацыдаид фондз-авд минуты, афтæ ныл нæмгуытæ ихуарæгау ныккодтой. Æхстой нæ минометтæй æртæрдыгæй. Фæлгæсæн бынатæй та батарейы командир бардзырд радта, цæмæй знаджы механизацигонд фистæг æфсадыл нæмгуытæ иууылдæр ауадзæм. Минометтæй нæ немыц афтæ тынг æхстой,

æмæ акъоппæй рацæуынмæ иу дæр йæ ныфс нæ бахаста. Хъуамæ раст цы у, уый зæгъон. Мæхинымæр ахъуыды кодтон: уæддæр ардыгæй удæгасæй аирвæзæн нал и, мæ зæрдыл æрбалæууыдысты ме 'фсымæртæ, мæ хæлæрттæ, мæ къабæзтæ, фашистты къухæй йæ зынг кæмæн бахуыссыд, уыдон. «Тугмæ – туг», – загътон мæхинымæр, рагæпп кодтон акъоппæй. Радыгай æхстон æртæ сармадзанæй. Гилдзытæ куы нал уыд, уæд бауадтæн цыппæрæммæ. Раст уыцы сахат мæ размæ разгъордта хайады командир, æмæ иумæ æхсын райдыдтам, чи ма нæм баззад, уыцы цыппар сармадзанæй. Фашисттæ къордгæйттæй уæлдæфмæ куыд тахтысты, уый уыдтам, æмæ нæ зæрдæтæ барухс сты».

Кæсæм зынгхуыст лæппуты фыстытæ, æмæ нæ цæстытыл уайынц ивгъуыд бонтæ, тохы фæндæгтæ. Хæсты размæ сæ алкæмæндæр уыд йæхи нысан. Годжиты Виктор йæ хъус тынгдæр дардта литературон критикæ æмæ историйы фарстатæм, ссис историон наукæты кандидат. Гутнаты Хъанымæт арæхдæр фыста фольклор æмæ литературæзонынады тыххæй, бинонygæй æмбырд кодта адæмон сфæлдыстад. Плиты Зауыр канд поэт нæ уыди, фæлæ курдиатджын ахуыргонд дæр, саккаг ын кодтой филологон наукæты кандидаты ном. Едзити Цини, Калоты Хазби æмæ Елехъоти Мурат æмдзæвгæтæ фыссынæй уæлдай хорз арæхстысты ныв кæнынмæ. Йæ курдиат музыкæйырдæм здæхт уыди Дзæхаты Темырхъанæн. Абайты Бекызæ дæр дæсны уыди фæндырæй цæгъдынмæ, зарынмæ. Цомартаты Батыр фæцалх и хæстон хъуыддагыл, æртынæм азты райдайæны ахуыр кæнынмæ бацыд æфсæддон скъоламæ Йæхи хъæбатырæй равдыста Испанийы хæсты, фæци дзы уæззау цæфтæ. Райгуырæн бæстæйыл уынгæг бонтæ куы ныккодта, уæд Батыр æхсарджынæй хъахъхъæдта нæ сæрибардзинад, йæ царды фæстаг бонты та ахуыргæнæгæй куыста Фрунзейы номыл Хæстон академийы. Тохы цæхæры чи сфæлтæрдта, уыцы хъæбатыр афицер йæ зонд æмæ йæ хъарутæ æвгъау нæ кодта æрыгон æфсæддонтæн...

Фæндаджы бæллиц йæ фæдыл хуыдта Цоциты Герсаны, Хуырымты Батырбеджы, Абайты Викторы, Хъаныхъуаты Майрæмы, Саукуйти Хасаны, Хъараты Ибрагимы, Хъодзаты Саламы, Къубалты Дмитрийы, Хæмыцаты Георгийы, Наниты Васойы, Мæргъиты Ясоны, Кучиты Владимиры, Къæбулты Елиозы, Кокайты Алыксандры, Калоты Къолайы, Дзуццаты Æхсарбеджы, Датиты Дзантемыры, Бæззаты Кавказы, Æгъуызарты Георгийы,

Бæгъиаты Владимиры, Дзадзати Хусины, Агънаты Батырбеджы...

Нæ зынгхуыст фысджытæй алчидæр литературон куыстæй уæлдай хæст уыди æндæр хъуыддæгтыл дæр. Иутæ дзы фылдæр литературон бынтæ ныууагътой, иннæтæ – къаддæр. Сæ фыстытæ сын иууылдæр ацы чиныгмæ бахæссæн нæ уыди. Бирæтæ дзы аивадон æгъдауæй бынтон рæвдз не сты (ранæй-рæтты сæм базилын дæр бахъуыд). Фæлæ сæ ныхас зæрдæйы бынæй цæуы. Æмæ сын цы иугай кæнæ цалдæргай уацмыстæ равзæрстам, уыдон сын хъуамæ сæ рухс нæмттæ рох кæнын ма бауадзой.

Нæ фысджытæй фæцу æмæ ма ‘рцуйы фæндагыл чи ацыд, уыдон се ‘ппæт ацы чиныгмæ нæ бахаудтой. Хъуыддаг афтæ у, æмæ дзы бирæтæн сæ фыстытæ фесæфтысты. Уый аххосæй чиныджы не сты Сатцаты Долæты, Гозымты Хъазыбеджы, Къуыллыты Викторы, Къæбысты Павелы æмæ иннæты уацмыстæ. Фæлæ сæ нæмттæ сты æнусмæ мысинаг.

Хъæбатыртæ цæуынц ивгъуыд бонтæй. Цæмæй ахизой æнусты сæрты, цæмæй сын сæ ныхас фехъусой фæлтæртæ. Уымæн æмæ фыдæлты фарн мæрдтæм нæ цæуы.

Ис æфсымæрты ингæнтæ. Æнусмæ дзы бафынæй сты Рæстдзинады æмæ Сæрибары хæстонтæ, кæрæдзи дæр чи нæ зыдта, фæлæ иу хъуыддаджы сæрыл сæ удтæ чи снывонд кодта, уыдон.

Æфсымæрты зарджытæ дæр ис. Уым æнусмæ цæрынц, сæ лæджыхъæдæй дзыллæйæн кад чи скодта, уыдон.

Ацы чиныг арæзт у æфсымæрты зарджытæй.

***Хъодзаты Æхсар***



## АБАЙТЫ Бекызæ

*Абайты Хъырымы фырт Бекызæ райгуырди 1916 азы Хуссар Иры Сыбайы хъæуы зæххусæджы хæдзары. Лæппуйыл цыппар азы куы цыди, уæд йæ ныййарджытæ ралыгъдысты Цæгат Ирмæ æмæ æрцардысты Ногиры. 1932 азы Бекызæ каст фæци авдазон скъола. Фæндыди йæ йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæнын, фæлæ рынчын кæй уыд, уымæ гæсгæ йæ рæстæгмæ ныууагъта æмæ ацыди хохмæ, Тырсыгоммæ. Куыста Окрохъанайы райдиан скъолайы ахуыргæнæгæй. Уыцы иу рæстæг фæсауууонмæ ахуыр кодта Калачы педагогон скъолайы.*

*Бекызæ æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Æмдзæвгæтæй дарддæр фыста музыкæ, цагъта скрипкæйæ, роялæй. Йæ аив кафт, йæ цъæхснаг зардмæ йын-иу адæм æрыхъуыстой. Бекызæйы фыст мелодитæ æмæ зарджытæ ма абон дæр цæгъдынц æмæ зарынц Тырсыгомы. Йе 'мдзæвгæтæ мыхуыры цыдысты хæсты размæ ирон газеттæ æмæ журналты.*

*1939 азы Бекызæ ацыд Сырх Æфсадмæ. 1943 азы æнæбæрæгæй фесæфти хæсты быдыры.*

### ЦЪÆЙАГ ЛÆГЫЛ – ЦЪÆХ ЦУХЪХЪА

Цъæйаг лæг-иу цы дардта?
Сæмпæрчъитæ, цъæх цухъхъа.
Куыста. Фæллой нæ ардта,
Фырмæгуырæй ныккука...

Уæд йæ ном та цы хуынди?
Писигуыбын, фæныкфарс.
Хур æм арвæй нæ зынди,
Бацыд-иу дзы ыстыр тас.

Уый-иу балцы куы ацыд.
Йæ уæййæгтæ – цырæгътæ...
Йæ хæрæг-иу куы ацырд:
Зæу-зæугæнгæ йæ уæргътæ,

Уæд-иу бахудт йæ мидбыл:
«Мæ хæрæг та ыснард и...»
Цъæйаг лæгæн йæ фыдгул
Октябыры ысмарди...

Фырцинæй лæг фæсæццæ.
Ныккасти хур Цъæймæ дæр.
Сæрибар дуг æрхæццæ.
Тырныдта уд цæмæдæр.

Цъæйаг лæг ныр куыд цæры?
Сах абадти йæ тохси.
Зын хъуыдытыл йæ сæры
Уый ауагъта йæ похци...

Йæ хуымгæнд у лæгъз быдыр,
Хæдсудзгæ та – йæ цырагъ.
Ныззæронд ис йæ дзывыр.
Йæ саулох бæх – æфсæнрагъ.

Ныр йæ цард у бæллиццаг,
Цырыхъхъытæ – йæ къæхтыл.
Йæ каукъулæн йæ ивддзаг –
Рæсугъд агъуыст уæрæхтыл.

Цы ма хъæуы цъæйаджы?
Йæ цъæх цухъхъа – ысгæллад.
Хуыздæр кусæг фæуадзы
Цъæйы комы йæ фæллад.

*1938*
*Окрохъана*

## МÆЛÆТ!

Дзугæн сæ кæрон бирæгъ куы хуысса,
Стонг уа, æфсæст уа, уæддæр
Аргæвддзæн фосæй, цас ын æнтыса,
Холымæ хъардзæн йæ сæр.

Бирæгъ куы 'рцахсай галы хæргæйæ –
Сæвæр йæ хурхыл дæ кард.
Уый дын куы дзура ниугæ, кæугæйæ:
«Уæууа, ныууадз мын мæ цард!» –

Ма-иу æм байхъус, уый дæ фæсайдзæн,
Ма кæн æппындæр йæ мæт.
Уый та куы суадзай – рæгъаумæ уайдзæн,
Стæрхон кæн уымæн мæлæт!

*1938, 9 апрель*
*Окрохъана*

## НÆ РÆСУГЪД ХÆХТÆ

Рæсугъд хæхтæ, нæхи хæхтæ,
Куыд адджын у уæ уынд!
Ныллæг коммæ мæм урс цъити
Цæхæркалгæ æрзынд.

Фæтæн цъити, бæрзонд цъити.
Салам дын дæттын æз.
Уымæл адагæй ферттивы
Хæххон дидин – цъæхдзæст.

Ам айсæфы фæллад лæгæн
Йæ зындзинад, йæ низ.
О урс цъити, мæ зарæг мын
Ды æврæгъты онг сис!

*1939 азы 8 июнь*

## ДЫУУÆ ЦÆСТЫ

Цы уарзын æз нæ хæхбæсты? –
Мæ ныфс мæнæн – дыууæ цæсты.

Куы ферттивынц мæ тæккæ раз, –
Рæвдыд сæ дæн æнæхъæн аз.

Мæ куысты мын – ныфс-мæсгуытæ
Дыууæ цæсты, зым-æрфгуытæ.

Дæ гагуытæ – ыстъалытæ,
Дæ дзыккутæ – хъуыдалытæ.

Зæрдæрайгæ – дæ куыстытæ.
Дæумæ сидынц мæ фыстытæ.

Цы мæ домыс, зæгъ-ма мын æй?
Нæ фæллайын æз кафынæй.

Дыууæ цæсты – мæ ныфсдæттæг.
Тæхудйаг у ныры рæстæг.

Цы кæндзынæн, куынæ мын уай?
Мæ зæрдæ дæ, мæ хуры хай!

*1939*

* * *

Кæцæй мæм æрцыди уæлахизы ныфс?
Цæмæн мæ фæхонынц хъæбатыр?
Мæ фыссæн, мæ хæлар, мæ фæндæттæ фысс.
Нæ ратдзыстæм знагмæ нæ бартæ.

Сæрибары сæрвæлтау райсин мæлæт,
Мæ цард дæр нывонд у мæ Ирæн.
Цы лæг тæрса тохы, уый авддæлдзæх уæд!
Хæстон у, æндон у мæ лирæ.

Æрбакæс мæм, ме 'мбал, æппæтæй – цæттæ,
Æппæлгæ нæ кæнын мæхицæй.
Хæстоны мæкъуыстæг, хæстоны цæнгтæ –
Хъæддыхдæр, тыхджындæр мæцъисæй!

*1939 азы декабрь*
*Хурныгуылæн Украинæ*

## ХÆСТОНЫ МÆЛÆТ

Аскъуый, мæ зæрдæ! Аскъуый мæ риуы!
Тымыгъ мæ фæрсты бирæгъау ниуы.

Удхæссæг дары гомæй йæ кæфдзых.
Уæнгтæ æмпылынц, басаст мæ сонт тых.

Арф ингæн сауæй уайы мæ цæстыл...
О ме 'мбал, фембæл хорзæй дæ бæстыл!

Радзур мæ мадæн таурæгъ йæ фыртыл.
Зонын, нæ тыхсдзæни ниугæ мæ цыртыл.

Зонын, нæ фендзæн тарæй мæ табæт.
Рауай, мæ хæлар, м' астæу мын бабæтт.

Акалд мæ хъарм туг хъæдгомæй зæхмæ.
Нал уыд мæ хъару бахизын бæхмæ.

Ме знаг æввонгæй н' айста мæ сонт цард:
Карста ызнæгты рæвдзæй æндон кард.

Радзур-иу хъæуæн искуы мæ хабар.
О ме 'мбал, уым-иу хъал зарæг базар!

Хæхтæй куыд хъуыса быдыртæм зарæг.
Ифтыгъдæй дара саулох нæ барæг!

Ракæн-иу арфæ бæстæн мæ номæй,
Радзур мæ митæ иууыл æргомæй.

Хъус-ма, мæ хæлар, рауай хæстæгдæр:
Уарзонæн ракæн хабар лыстæгдæр:

«Кодтам дзæгъæлы иумæ ныхæстæ.
Сагур дæхицæн амонд мæ фæстæ.

Хæсты быдыры баззад дæ уарзон.
Не знæгты цагъта, разынд фæразон».

Оххай, Мисурæт, оххай, мæ уарзон!
Хурмæ фæстаг хатт скæсдзынæн абон...

Басаст мæ хъару, нал дæн мæ сæрæн.
Цæргæстæ зилынц, зилынц мæ сæрмæ...

*1940 азы 12 февраль*
*Хурныгуылæн Украинæ*

## МЕ 'ФСЫМÆРМÆ

Ис мæ фæндагыл
Ис ыстыр хæстæ.
Знагæй хъахъхъæнын
Æз нæхи бæстæ.

Фидар арæныл
Хъавгæ азилын.
Æз хуыйы хъулмæ
Тохси бауилын.

Дымгæ, хъал дымгæ
Зилы быдырты
Æмæ рамæрзы
Митсæр къуыбыртæ.

Куы мæ цæстытæм
Цырд фæлæбуры,
Куы æнкъард мигътæй
Норды рухс хуры.

Фæлæ тымыгъæй
Мур нæ фæтæрсын.
Уæд сырх ыстъалы
Æз цæмæн хæссын?!

Уæд цæмæн загътон
Бæстæн карз сомы?!
Дымгæ уыдæттæ
Ныр цæмæй зоны.

Мигътæн хуримæ
Нæй дзæвгар цæрæн.
Зонын, бахъæудзæн
Уыдон сау дæрæн!

*1940 азы 6 мартъи*
*Хурныгуылæн Украинæ*

## АРÆНÆЙ

Салам сымахæн æз æрвитын.
Мæ цæст уын уарзы цард.
Ис не 'хсæн, ис, æрмæстдæр иу зын, –
Кæрæдзийæ кæй ыстæм дард...

Уæддæр мæм ма 'хсайæд уæ зæрдæ.
Уæ зæрдыл бадарут мæ дзырд:
Мæ джебогъ акалы цæхæртæ, –
Лæгдзинад равдисдзæн уæ фырт!

*1940 азы, 6 мартъи*
*Хурныгуылæн Украинæ*

## ПАРИЖЫ КОММУНАРТÆН

Уæ туг нæ фесæфти дзæгъæлы,
Нæ байсыст сау зæххыл йæ фæд...
Фæззыгон бур сыфтæр ызгъæлы,
Ныввæййы тарф фынæй нæ хъæд.

Фæстæдæр буц уалдзæг æрцæуы:
Æнхъæлмæ дзыллæтæ кæсынц.
Уæ фыдгул ниуæгау ныккæуы,
Уæ койæ цавд сырдтæ тæрсынц.

*1940 азы мартъи*
*Хурныгуылæн Украинæ*
*г. Сарни*

## ТАГЪД ДÆ ФЕНДЗЫНÆН

Поезд базмæлыд,
Цадæг атылди
Æмæ хуссармæ
Хъавгæ азылди.

Бадын вагоны
Хицæн хатæны.
Хур мын рудзынгæй
Пъатæ акæны.

Зæрдæ фырцинæй
Риуы нал бырсы.
Зарæг хъæлдзæгæй
Хъустыл атыхсы.

Ам мæм топпы хъæр
Мур дæр нал хъуысы,
Ам лæджы сырх туг
Зæххыл нал сысы.

Тагъд дæ фендзынæн,
Уæ мæ ныййарæг.
Æз æрзардзынæн
Уæд хæстон зарæг.

*1940 азы 6 июнь*

* * *

Ды дæ мадæн кæс йæ коммæ,
Ауай-иу йæ бæсты донмæ.

Ма йæм кæн уæгъд дзырд æппындæр,
Уарздзæн дæ гъеуæд тыхджындæр.

Уымæн дæ фæкодта хъомыл,
Дунейыл цæрай йæ номыл.

*1940 азы 12 июль*
*Санбат*

* * *

Мæ рынчын зæрдæмæ
Нæуæгæй ныккастæн,
Мæ риссаг зæрдæйы
Нæй фæндтæн кæрон.
Æз фесхъиудтон сонтау,
Цæмæйдæр фæтарстæн:
Сæ райхалын дарддæр
Куынæ суа мæ бон.

*1940 азы 19 сентябрь*



## АБАЙТЫ Виктор

*Абайты Тадиозы фырт Виктор райгуырди 1924 азы Дзæуджыхъæуы кусæг лæджы хæдзары. Виктор ма чысыл саби уыдис, афтæ йæ бинонтæ алыгъдысты Хъобанмæ. Ам 1931 азы лæппу бацыди скъоламæ æмæ дзы каст фæци фараст къласы. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Виктор бархийæ ацыди фронтмæ. Фæстаг хатт ма дзы хабар уыди 1944 азы. Йе 'фсæддон хайæ куыд хъусын кодтой, афтæмæй фесæфти æнæбæрæгæй.*

*Абайты Виктор фыста æмдзæвгæтæ, уыди Хъобаны скъолайы литературон къорды æнувыддæр архайджытæй иу. Йæ уацмыстæ арæх цыдысты газетты æмæ журналты.*

### ÆВЗОНГ ЛИРÆ

*Хъ. С-мæ*

Дæ фæндыры тæнтыл æруадзыс дæ къухтæ,
Дæ лирæ у зараг, æвзонг.
Æгæрон быдыртæн, нæ цъитиджын хæхтæн
Æвдисыс сæ райдзаст, сæ конд.

Сæрибар фæлтæртæ – нæ цинады зарæг,
Æрвнæрæгау кæмттæ нæрынц.
Ам райдзаст Кавказæн йæ цъититæй цадæг
Сæр-сæргæнгæ дæттæ кæлынц.

Ныууарзтай дæ мадау нæ райгуырæн бæстæ,
Ныууарзтай нæ райгуырæн зæхх.
Зон, хур нæ йæ тынтæй æнæсцухæй тавдзæн,
Нæ фидæны фæндаг – уæрæх.

Дæ лирæйæ, диссаг, дæ фæндæттæ халыс,
У бирæ нæ царды дæ бон.
Дæ зарæг ныззарыс, сæрибар дзы арыс,
Нæ дзыллæты кадджын фæндон.

*1940*

* * *

Цæй, цæй, ныззар зæлланггæнгæ, мæ фæндыр,
Дæ зарæг ног куыд азæла нæ кæмттыл!
Кæс-ма, хæларау барухс и нæ быдыр,
Йæ ирд тын хур куы байтыдта нæ бæстыл.

Ныззар, ныззар сæрибары фæлтæртыл,
Æрсид, æрсид нæ адæмтæм дæхимæ.
Кæс-ма, кæс, цин куыд сæмбæлди зæрдæтыл,
Куыд цæуы сидты сахъ фæлтæр цытимæ.

Куы уа, мыййаг, нæ буц бæсты хъыгдарæг,
Хъуынтъызæй мигъ куы байдзаг уа нæ арвыл,
Уæд уадз нæрæд сæрибарæн йæ зарæг,
Уæд уадз тæхæнт æндон цæргæстæ дардыл.

Уæд тохæн танктæ сиддзысты йæ карзмæ,
Зыд мигътæ дардмæ хаудзысты фæзгъæртæй,
Уæд фурды наутæ уайдзысты ыстæры,
Сырдау фыдызнаг лидздзæни нæ бæстæй.

Кæс, тилынц хъазгæ адæмтæ сæ къухтæ,
Хъæддых тырыса арвымбæрц ысдардтой.
Сæ кад, сæ номæн буц хæххон чызджытæ
Цъæхснаг фæндырты хъæлдзæгæй æрцагътой.

*1941 азы 19 июнь*

## СИДТ

Цæй, цомут, цæй, æппæт адæм – советон,
Кæм и лæбурæг, стыр тохы цæхæртæ.
Цæй, цомут, цæй: æрра бирæгъ фашизмæн
Ыстонæм тагъддæр тар риуæй йæ зæрдæ!

Уый дард цæгаты байтыдта цагъарад.
Æфхæрд дзыллæ йын арф ингæн æркъахта.
Нырризы тасæй, алырдæм лæбуры,
Йæ дæндаг – ихсыд, цард ын æй ныссаста.

Фашизм – уый тугхор, царды цин ӕвдӕрзы,
Сырх туджы малы астӕумӕ ныххуыссыд.
Йӕ къухтӕ ‘вдулы адӕмӕн сӕ магъзы.
Мӕлӕт, мӕлӕт! Фӕстаг хатт ма ысхъӕрзы.

О, зонӕм мах, цӕй тыххӕй у нӕ тох дӕр,
Фӕстаг туджы ‘ртах ратдзыстӕм нӕ бартыл.
Уырны, фашизм кӕй ӕрцӕудзӕн дӕрӕнгонд,
Уырны, йӕ сау туг анхъӕвздзӕн нӕ кӕрдтыл.

Цӕй, цомут, цӕй, ӕппӕт адӕм – советон,
Кӕм и лӕбурӕг, стыр тохы цӕхӕртӕ.
Цӕй, цомут, цӕй: ӕрра бирӕгъ фашизмӕн
Ыстонӕм тагъддӕр тар риуӕй йӕ зӕрдӕ!

*1941 азы 23 июнь*

## АРВ НЫННӔРЫД

Мигътӕ, мигътӕ, саумарг мигътӕ
Уайынц ирд арвы кӕрӕтты.
Мигътӕ, мигътӕ, саумарг мигътӕ, –
Сагъӕс ахъардта нӕ уӕнгты!

Мигътӕ, мигътӕ, арв ӕмбӕрзынц,
Уад йӕ рыст хъистӕй нытътъизы.
Кӕмттӕ, арф кӕмттӕ ныхъхъӕрзынц,
Зӕхх ӕмризӕджы нырризы!

Быдыр, урс хӕхты цыргъ тигътӕ –
Иууыл баззадысты джихӕй.

Арв ныннӕрыд, арв ныннӕрыд,
Калы диссаджы цӕхӕртӕ.
Арв ныннӕрыд, арв ныннӕрыд,
Уӕнгты ахъарынц йӕ фӕттӕ.

Мигътӕ, мигътӕ, ниуынц, тъизынц,
Лидзынц алырдӕм фыртӕссӕй,
Куы кӕрӕдзимӕ лӕбурынц
Ризгӕ – сонт арвы гӕрӕхтӕй!

Мæнæ дымгæ, стыр тыхдымгæ.
Уый дæр сау мигътæм фæфæдис.
Мæнæ дымгæ, стыр тыхдымгæ,
Уый дæр арвимæ æмцæдис!

Æмæ уайы, сцæвы мигъты,
Цырд сæ апырх кæны арсау.
Сиды, асимы уый тигътыл,
Куы та февзæры сæ астæу.

Тоны, алырдæм рæдувы, –
Мигътæ хауынц дард – фæзгъæртæй
Æмæ тохдзагъдæй куы нæрынц
Далæ арф кæмтты дæрæнтæй.

Арв та ноджы тынг ныннæрыд,
Æмæ мигътæ дæр ныхъхъæрзынц.
Хæхтæ, стыр хæхтæ ныццудынц,
Мигътæ, сау мигътæ ныккæуынц...

*1941 азы 19 август*
*Хъобан*

## РАЙСОМ РАДЖЫ

Райсом раджы хур ыскæсдзæн,
Мæй æрныгуылдзæн тындзгæ.
Уæд хæххон лæппу æркæсдзæн
Ногцагъд цæвæджы фындзмæ.

Царæй райсдзæни хъæсдарæг,
Фарсыл бабæтдзæни кард.
Цинад айтындздзæн йæ зарæг
Æмæ араст кæндзæн дард.

Фурдау уыгæрдæн фæйлаудзæн,
Риздзæн астæумæ кæрдæг.
Хъæлдзæг сау дауæнæй даудзæн
Уый зæллангæнгæ цæвæг.

Райсом раджы хур ыскæсдзæн,
Хъæрдзæн адæмтыл йæ тын.
Уый фæлмæн риуæн æрхæсдзæн
Фидæн амæндтæм бæллын.

*1941 азы 21 август*

## ХУРМÆ

Худгæ, худгæ хур,
Радзур, радзур мын:
Ды кæм фæхæтыс
Бон-изæрмæты.

Цæмæй сагъæстæ
Рохы аззайой
Æмæ цæссыгтæ
Рустыл ма кæлой.

Æз мæ сонт бонты,
Оххай, бампылдтæн,
Цæссыг – цæстыты,
Сæр ныдздзæгъæлтæ.

Кæм и ме 'фсымæр,
Йе мæ лымæнтæ?
Ацу, агур сæ –
Судзынц сау тохы.

Кæд ныр афонмæ
Уыдон абухынц,
О, мæ лымæнтæ
Туджы стыр зæйты.

Уæд, цæй, атон, цæй,
Риуы, сау зæрдæ!
Дардыл сонты туг
Тынг куыд анхъæвза!

Худгæ, худгæ хур,
Радзур, радзур мын:
Ды кæм фæхæтыс,
Бон-изæрмæты?

Цæмæй сагъæстæ
Рохы аззайой
Æмæ цæссыгтæ
Рустыл ма кæлой.

*1941 азы 24 август*



## АБАЙТЫ Петр

*Абайты Хъасболаты фырт Петр райгуырди 1925 азы сентябры Ногиры. Йæ ныййарджытæ уыдысты хуымæтæджы зæхкусджытæ. Лæппу ахуыр кодта сæ хъæуы астæуккаг скъолайы, фæлæ йæ каст нæ фæци – райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. 1942 азы Петя фарæстæм къласæй ацыд æфсадмæ. Каст фæци хæстон скъола, сси хистæр сержант. Афтæмæй бахауди тохы цыренмæ. Æрыгон поэт-хæстон цы боныг фыста, уымæй баззади хицæн скъуыддзæгтæ: «1942 азы 2-æм августы ист æрцыдтæн Сырх Æфсады рæнхъытæм. Ракодтой нæ Æрхонкæйæ Беслæны станцæмæ. Ам поезды сбадтыстæм æмæ æрхæццæ стæм Мæздæгмæ... Æхсæвы уыди хæстон фæдис. 11 сахатыл рараст стæм дард фæндагыл: Мæздæг, Малгобекы хъæу, Вознесенское, Хасавюрт, Назран. Ам поезды сбадтыстæм æмæ – Грознамæ, стæй – Гуыдырмец, Махачкала... (Дарддæр тетрады цъары кæрон скъуыд у.) Ахуыр кодтам иу мæйы бæрц. Стæй æз æмæ цалдæр ироны бахаудтам бæрæгдзауты хаймæ æмæ æрцыдыстæм Карабудай-Кенты районмæ, ам фестæм мæйы бæрц, стæй нæ фæстæмæ ракодтой Мæздæгмæ. 8-æм октябры бацыдыстæм фронтмæ, æмæ дзы фæдæн 28 боны. 1942 азы 6-æм ноябры фæцæф дæн Малгобечы горæтæй 3 километры æддæдæр. Уырдыгæй рацыдтæн санитарон хайадмæ, сæй та санбатмæ. 7-æм ноябры мæ раластой бричкæйы Асланбековскойы хъæумæ. Фæдæн дзы 2 боны. Бакумæ æрхæццæ дæн 9-æм декабры. Фæдæн ам дæр 12-æм январьмæ».*

*Дарддæр Петры йæ хæстон фæндæгтæ ахуыдтой Гурмæ, Сталинирмæ, уырдыгæй та Курскмæ. Йæ ныййарджытæ ма дзы фæстаг фыстæг райстой уырдыгæй. Фæмард Гомелы 1944 азы.*

### ЦОМУТ ТОХМÆ!

Нæ зæхмæ хуыснæгау
Æрбабырста мæнæ
Æдзæсгом хъæддаг сырд,
Фæкала йæ рондз!

Ыскæна нæ хъуамæ
Йæхицæн цагъартæ
Æмæ та ныл ногæй
Æрæвæра ‘фсондз.

Нæ уыдзæн уый никуы!
Нæ ратдзыстæм знагæн
Нæ диссаджы бæстæ,
Нæ райгуырæн зæхх.

Фæсидт нæм ныр абон,
Æрбайхъус, мæ лымæн
Æмæ йын йæ сидтæн
Ды исты дзуапп зæгъ.

Цæй, цомут ныр тохмæ,
Цæй, райсæм нæ гæрзтæ,
Ыскæнæм нæ риутæй
Мах фидар гæнах.

Фæсурæм, цæй, тагъддæр
Ызнаджы нæ бæстæй,
Куыд æй ласа фурдмæ
Йæ туджы æртах.

*1942 азы август*

## ДЖЕБОГЪ

Хæстифтонгæй фæцæуын æз.
Мæ фæстæ зайы тархъæд, фæз.
Рæхджы æмбæлдзынæн ызнагыл,
Кæлдзæни туг цыхцырау раст,
Æнхъæвздзæн нæмгуытæн сæ уаст,
Ысбаддзæн фæздæг мигъау арвыл.
Сæрибарыл æрцыди тох:
Мæ къухмæ райстон æз джебогъ.
Цæй, тохмæ! Сиды нæм нæ Цæдис,
Хæстифтонгæй ыстæм цæттæ.

Мæ джебогъ, тохмæ цом, кæм дæ,
Уæлахиз мах къухты уыдзæнис!

*1942 азы 1 декабрь*

## ÆМБАЛЫ МÆЛÆТЫЛ

Фæззыгон бон уалæ цъæх мигътæ цæгатæй
Фæдисон хъæргæнæгау згъорынц, кæс-ма.
Мæ акъоппы бадын æз иунæг, æнкъардæй,
У саудалынг зæрдæ фыдуацæй нырма.

Сæрибарыл хæсты уыди уый фæразон,
Æмæ йын йæ рæсугъд цард не скодта ‘вгъау.
Фæндараст, фæндараст, лæудзæни, мæ уарзон,
Мæ зæрдыл дæ сурæт æнустæм нывау.

*1943 азы январь*



## АГЪНАТЫ Батырбег

*Агънаты Хайлойы фырт Батырбег райгуырди 1923 азы Бирæгъзæнджы. Хъæууон скъолайы ахуыр кæнгæйæ бирæ бауарзта ирон литературæ æмæ фæстагмæ йæхæдæг дæр фыссын райдыдта æмдзæвгæтæ æмæ цыбыр радзырдтæ. Йæ уацмысты Батырбег арæхстджынæй пайда кодта адæмон сфæлдыстадæй. Йе 'мдзæвгæтæ æмæ 'мбисæндтæ арæх цыдысты журнал «Пионер»-ы.*

*Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Батырбег ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны педагогон техникумы. Æрыгон лæппу ныууагъта йæ ахуыр æмæ ацыд йæ Райгуырæн бæстæ знæгтæй хъахъхъæнынмæ. Фæлæ уæззау рынчын фæцис æмæ йæ 'фсадæй суæгъд кодтой. Уый фæстæ бирæ нал ацард. Амарди 1943 азы ссæдзаздзыдæй.*

### АРГЪАУ

Иухатт тæрхъус æмæ рувас
Сарæзтой цæдис.
Хъæугæрон сын тæккæ хурварс
Хоры хуым уыдис.

Байтыдта йæ, барывта йæ
Тæрхъус, хуыммæ цыд.
Хуры тæвдæй, тæрккъæвдайæ
Никуы сфæлмæцыд.

Рувас та зылд хуымгæрæтты,
Хортыл цыма тыхст.
Аныгъуылд-иу сатæг рæтты,
Удхæссæг ын – куыст.

Кæм – æфсæст, кæм та – ыстонгæй...
Хорз куыстыл фæхæст:
Хъæутæй хъуыст æхсæвæй, бонæй
Давды кой æрмæст.

Иу изæр та рог сæпп-сæппæй
Кæркдонмæ æрцыд...
Разынд хиндæр уымæй къæппæг –
Ацахста йæ цырд.

Фесæфт хин рувас æгадæй,
Тугомгæ фæци.
Тæрхъусмæ та хорæрзадæй
Бирæ минас и.

Абон дæр йæ хæлæрттимæ
Бады дзаг фынгыл...
Чи вæййы лымæн куыстимæ,
Уымæн – кад зæххыл.

## КУЫД ÆЙ АСАЙÆМ?

Иухатт арс, рувас æмæ цъæх бирæгъ мыды чыргъæд ссардтой. Иуы фаг йеддæмæ нæ уыд, æмæ алчидæр тырныдта, цæмæй йæ йæхи бакæна, уымæ.

– Арсæй нæ къухы тыхæй ницы бафтдзæн, – хъуыды кодтой рувас æмæ бирæгъ. – Фæлтау æй асайæм.

– Чи нæ хистæр у, мыды чыргъæд уый фæуæд, – бамбарын кодтой сæ фæндон арсæн.

Бирæгъ хохмæ скаст æмæ загъта:

– Æз, уæлæ уыцы хох саргъы гоппы йас куы уыд, уæд райгуырдтæн.

– Æз та, уыцы хох тыччыйы йас куы уыд, уæдыккон дæн, – арсмæ зулаив бакасти рувас.

– Æз та зоныккон дæн, фæлæ ма йæм исчи бавналæд! – бартхъиræн кодта арс, мыды чыргъæд йæхимæ æрбайста æмæ йæ æнцад-æнцойæ бахордта.



## ÆГЪУЫЗАРТЫ Георги

*Ægъуызарты Харитоны фырт Георги райгуырди 1912 азы Урсдоны. Каст фæци хъæууон скъолайы аст къласы æмæ ахуыр кæнын райдыдта педтехникумы. Фæстæдæр куыста Хъобаны райдайæн скъолайы ахуыргæнæгæй. Фæндыдис æй йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæнын æмæ бацыди Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ. Каст æй куы фæци, уæд æй снысан кодтой педагогон скъолайы директорæй.*

*1941 азы бархийæ ацыди Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ. Хæцыди Хъырымы, стæй Ирыстоны зæххыл. 1943 азы капитан Ægъуызарты Георги фæмард фыдгулы нæмыгæй станицæ Черноерковскаяйы цур.*

* * *

Мæ райгуырæн бæстæ,
Мæ райгуырæн хъæу!
Æз уарзын дæ фæзтæ,
Нæ уæлбыл цъæх нæуу.

Æз уарзын дæ дæттæ,
Сæ худын, сæ хъазт,
Æз уарзын дæ хъæдтæ
Мæ уды йас раст.

Мæ бæстæ, дæ фæлтæр
Фæрныг цард кæны.
Дæ фæрцы мæнæн дæр
Мæ фæндыр цæгъды.

## ФЫСТÆГ ХÆСТЫ БЫДЫРÆЙ

Дæ бон хорз, Уарзетæ!

Мæ зынаргъ, ныббар мын, бирæ рæстæг хъусæй кæй лæууын, уый тыххæй. Бауæнд мыл, адæмы цыфыддæр знаджы сургæйæ нæ фæстæмæ фæкæсыны бон дæр кæй нæй. Мæнæ иуцасдæр денджызы

был фæдæн æмæ иудадзыгдæр дæу æмæ Ирочкæйы мысын. Фæлæ мæнæн дæр æмæ сымахæн дæр æнкъард кæныны бар нæй.

Ныртæккæ нæхи Сырх Æфсад егъау хъуыддæгтæ аразы – уыцы егъау хъуыддæгтæй иу хай хауы мæнмæ. Æгас дуне дæр ныл йæ цæст æрæвæрдта, æмæ – нæ хъару æмæ нæхæдæг – хъуамæ равдисæм æгас дунейæн, чи стæм, уый. Ды та, мæ зынаргъ, дæ зæрдæ дар – æппæт дæр уыдзæн хорз.

Мæхæдæг дæн дзæбæх, æнæниз. Адæм ныл алы ран дæр æмбæлынц хицонтау. Тæхуды, æмæ куы фенис, фырцинæй сæ цæссыг куыд нал бауромынц, уый.

Уæ зæрдæ мæм ма ‘хсайæд, æз Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау цæттæ дæн алцæмæдæр. Дæ цæст дар бинонтæм, уæлдайдæр та Ирочкæмæ, хъуамæ уæнгвидар æмæ зæрдæргъæвд уа. Тагъд фæуыдзæни хæст, æмæ та уæд ногæй уыдзыстæм иумæ. Ныффысс мæм, ног хабарæй цыдæриддæр ис, уыдон.

Адджын хъæбыс уын кæнын.

*Георги*
*П. п. 2194, 200 æфсæддон хай*
*1943 азы 16 февраль*



## ÆЛБОРТЫ Хъазмæхæмæт

*Æлборты Сафары фырт Хъазмæхæмæт райгуырди 1922 азы Фарныхъæуы. Авдазон скъола каст куы фæци, уæд ссыди Дзæуджыхъæумæ æмæ ахуыр кæнын райдыдта кусæг факультеты. Педагогон институты йæ æрæййæфта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Фистæг æфсады скъолайы иуцасдæр куы ацахуыр кодта, уæд æй арвыстой хæцæг æфсадмæ. Тох кодта Сталинграды бынмæ. 1942 азы Æлборты Хъазмæхæмæт нудæсаздзыдæй йæ цард нывондæн æрхаста Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау.*

### ÆМБИСОНД

Куы уа сæдæ базыры хæфсыл,
Уæддæр нæ баййафдзæн цæргæсы.

*1938*

### УАЛДЗÆГ

Бахудти бæстæ,
Сæрттывта зæхх.
Хуссæрттæ, фæзтæ
Адардтой цъæх.

Дзаг фурдмæ уайы
Ивылдæй дон,
Худы ‘мæ райы
Сабийау бон.

Арвы цъæх цæсты
Мигъы къæм нæй.
Сабитæ фæзты
Хъазынц фæрнæй.
Зæрдæ у хъæлдзæг,

Зæрдæ у хъал.
У дын, нæ уалдзæг,
Мах цард æмбал!

*1941 азы 25 февраль*

## СИДТ

Æрра куыйты ыстигъæг бал
Æрбабырста нæ бæстæм.
Гъей! Гъей! Цæрдæгдæр, сахъ æмбал,
Æрбабæтт, цæй, дæ гæрзтæ!

Гъæйтт, размæ! Зарды азæлдæй
Ызнаг дзыхъмард куыд фæуа!
Нæ хъару æмæ не змæлдæй
Уæларвмæ дур куыд хауа?

Нæ зæрдæтæ – æндонæй уагъд,
Æхсонæй конд – нæхæдæг.
Кæс-ма! Кæс-ма! Нæ разæй та –
Нæхи парти, нæ фæтæг!

Ызнаг лæбуры бирæгъау,
Ызнагæй мах нæ тæрсæм.
Æмхуызонæй йын иу лæгау
Мæлæт,
мæлæт
фæхæссæм!

*1941 азы 12 июль*



## БАСИТЫ Дзаххотт

*Баситы Бечыры фырт Дзаххотт райгуырди 1917 азы Алагиры. Скъола каст фæуыны фæстæ бацыди Цæгат Ирыстоны кусæг факультетмæ. Фæстæдæр ахуыр кодта педагогон институты. Сси ахуыргæнæг. Куыста Дыгурыхъæуы астæуккаг скъолайы. Уырдыгæй ацыди Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ æмæ дзы фæстæмæ нал раздæхти.*

*Дзаххотт æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, кусæг факультеты ма куы ахуыр кодта, уæд. Йæ уацмыстæй иукъорд мыхуыргонд æрцыдысты чиныг «Мах уарзæм»-ы хæсты размæ. «Æфсымæрты зарæг» – афтæ хуыйнди Дзаххотт æмæ йæ кæстæр æфсымæр Дзамболаты æмдзæвгæты иумæйаг чиныг, рацыди 1959 азы Цæгат Ирыстоны чиныгуадзæны.*

### ДИДИНÆГ

Райдзаст рæсугъд фæзы дидинæг рæзы,
Уый уындæй не 'фсæды цæст.
Хуры зæрин тын æм хъазгæйæ 'вæзы,
Адджын уæлдæфæй у 'фсæст.

Ауагъта дардыл йæ сыфтæ уæгъдибар,
Риуæн йæ тæф у æфсин.
Зæххы ныссагъта йæ уидæгтæ фидар
Абон мæ зæрдæйы цин.

*1935*

* * *

Уарзон дæ иу бакаст – зæрдæйы рухсæн,
Фаг дыл, тæхуды, фæфысс.
Акодтон, дзыллæтæ, ацы æнусæн
Адджын, зæрдиаг хъæбыс.

*1936 азы октябрь*

## НЫСТУАН

Кæд искуы мæ ныхæстæй исты
Дæ зæрдæмæ бахъара маст,
Уæд-иу, мæ хур, ма бацу дисты,
Уæд-иу, мæ хур, ма ракæ хъаст.

Мыййаг дын нæ уыдтæн æз барæй,
Фæраз-иу фæуромын зын.
Æмæ-иу мæм уарзон, хæларæй
Дæ сау цæст фæразæд кæсын.

Нырма кæд æвзонг у мæ фæндыр,
Фæрæз кæд нæма дæтты фаг,
Уæддæр дын зæгъдзынæн мæ фæндты
Мæ зæрдæйы цин æмæ уаг.

*1936*

## СÆУУОН ХЪУЫДЫТÆ

Хурыцæст сæумæ цъæх арвыл
Худгæ, ‘рттивгæйæ ыстылд.
Рухс тынтæ нывæндгæ дардыл
Райдзаст быдыртæм ныззылд.

Мæнæ – ме схæссæг, мæ бæстæ! –
Хъазы дидинæгау цард...
Ирдгæ райсомы хъæлæстæ
Зæлгæ афæйлауы дард.

Хур ныл цины ‘ртæхтæ тауы.
Цард... Æхсæрдзæнау йæ хъазт.
Уый мæ уарзонау рæвдауы
Адджын, рухс хъæбысы раст.

Абон хъæлдзæг царды уарзтæй
Лирæйæн цæгъды йæ хъис.
Хуры рухс тынтимæ хъазтæй
Зæрдæ нал зоны æфсис...

Фарн æнхъæвзы хæхты, фæзты,
Дзыллæ ног зарæг кæнынц
Бонтæ худгæйæ мæ рæзты
Ногдæр цинтимæ бырсынц.

*1937*

## ХУРМÆ

Æз нæ фефсæдын дæ уындæй,
Уæлæ арвыл хур!
Нæ, дæ зæрин цæсты тынтæй
Нæу мæ зæрдæ дур.

Æз дæуыл мæ зарæг зарын,
Дæн дæумæ уæндон,
Æмæ дæ мæхи бæрц уарзын,
Уæ, мæ хур, уый зон.

Сау бæзджын мигъты дæр хизыс
Худæндзаст цæстæй.
Дард зынг цæхæрау æрттивыс,
Бамынæг дын нæй.

Æмæ ноджыдæр нæ цурмæ
Хъазгæ, райгæ тындз.
Ам дæ рухс æмæ дæ худтмæ
Дзыллæ цин кæнынц.

Ам дæуау рæсугъд æрттивы
Махмæ зæххыл цард.
Рахиз, рацу немæ симды,
Хъус, нæры нæ зард!

*1937*

## ДÆУÆН, М...

Ризгæ фæндыры цагъд хъуыст,
Риумæ арф рæвдаугæ хызт.
Бацыдтæн æм æз æвваxс,
Риуæн цас цин уыди, цас!

Æмæ цагъта уый чызгай,
Зæрдæйæн йæ цин, йæ рай.
Хур кæмæ нывæнды тын
Дидинæгау буц, тыхджын,

Уый фæкаст, фæлмæн ысхудт.
Барæвдыдта мын мæ уд.
Сау цæстытæн, сау, æваст
Ахызт зæрдæйы сæ хъазт.

Стæй уæд фæндырæн йæ цагъд
Уадау алыгъди, фæтахт,
Мæнæ аскъуыдта æваст
Уарзон сау цæстыты каст.

Фæлæ уайдзæни уæддæр
Хъустыл фæндырæн йæ хъæр.
Æмæ мысдзынæн фæрнæй
Æз дæу, ме стъалы, мæ мæй?

*1938*

## М-мæ

Кæд искуы иу раст уд зæрдæйæ
Йæ царды снысан кодта къай,
Æз дæр уæд сауцæстмæ бæлгæйæ
Фыццаг хатт загътон: у мæ хай.

Æмæ йæ цас уарзтон, кæрон дæр
Нæ уыдис уымæн, нæ, зæгъин...
Æз-иу æхсæв дæр æмæ бон дæр
Дих кодтон уыимæ мæ цин.

Рæвдыдтон ме 'взонгад, мæ уды,
Ыссыгъди сонт зæрдæйы арт.
Тæхуды, чи 'рвитдзæн, тæхуды,
Лæппуйæ уыимæ йæ цард.

Æрра у зæрдæ дæр æвзонгæй...
Мæнмæ ма чи худти фæлмæн?!
Æмæ кæйдæр тыххæй æввонгæй
Бынтондæр ферох кодта мæн.

Хуыздæртæ бирæ ис лæппутæй,
Фæндиаг, амондимæ цæр.
Мæн цард нæма зоны тæппудæй,
Æгадмæ не 'руадздзынæн сæр!

*1939*

## ТÆХУДЫ

Тæхуды, дæ дзыллæйы кадæн
Фæндиаг ыссар ныр хъæлæс,
Йæ тæмæн сæрибардзинадæн,
Цæхæркалгæ фидæнмæ хæсс;

Тæхуды, нæ дзыллæйы радæн
Зæрдæйы фаг равдис фæрæз,
Фæрнджындæрæй номдзыд хъуыддагæн
Йæ гуылфы æххуысæн ысбæзз;

Тæхуды, мæ уарзондзинадæн
Æвдисæн ныхæстæ ыссар,
Æнустæм дæ дзыллæйы кадæн,
Нæртон лæгау зар æмæ зар!

*1940*

## БАЛЦ

Рæсугъд райсом цинтæй
Æрвиты йæ сидт.
Бæрзонд хæхты синтæй
Цы 'рттывд кæны мит!

Цард – намысджын, радæй –
Сызгъæрин æнус.
Мæ саулохы уадæй
Мæ зæрдæ ныррухс.

Ыскъæфы мæ размæ,
Æдзæстхиз бырсы.
Йæ æвзонг æнгасмæ
Æвзонг туг фыцы.

Ныххуды мæ фæстæ
Тындзгæйæ чызгай.
Йæ адджын ныхæстæ –
Мæ дард балцы хай.

Нæ фидæн... Фæлгæсын...
Дари тынтæй – фæз...
Фæрнæй дын фæхæссын
Мæ уарзонад æз!

*1940*

* * *

Кæд не ссардтон дæ уарзон кастмæ
Кæсынæй рагбонты фæрæз,
Уæддæр, мæ бон, дæ буц æнгасмæ
Нырма мæхи рæвдауын æз.

Уæддæр, мæ бон, мæ лæппын зæрдæ
Дæу мысынæй нæ зоны цард.
Дæ фæлмæн худт, рæсугъд изæртæ
Нырма мæ риуы уадзынц арт.

Уæддæр, мæ бон, дæ хъарм ныхæстæ
Мæн тавынц хурыцæстау раст.
Мæ сонт зæрдæ дæ сайды фæстæ
Нырма нæма æмбары маст.

*1940*



## БАСИТЫ Дзамболат

*Баситы Дзаххотты кæстæр æфсымæр Дзамболат райгуырди 1924 азы Алагиры. Фыдыбæстæйы хæсты райдайæны йыл æвддæс азы дæр æххæстæй нæма цыд. Хæрз цыбыр уыди æрыгон поэты цардвæндаг. Алагиры скъолайы фараст къласы каст куы фæци, уæд кусын райдыдта районы газеты. Нæ Райгуырæн бæстæйыл уынгæджы бонтæ куы ныккодта, уæд ацыди хæсты цыренмæ æмæ хъæбатырæй фæмард 1944 азы.*

### ЛЕНИН

Цæры нæ уарзон фæтæг Ленин,
Æрбады немæ уый æмвынг...
Кæд амард дзыллæтæн сæ гени,
Æмæ кæд бахуыссыд йæ зынг?

Нæ, никуы! Ленин у æнусон,
У Ленин адæмы зæрдæ.
Йæ зонд нæ сомы бонтæн кусы,
Нæ кæны дунейыл мæлгæ.

Мах Ленин аразы нæ куысты,
Ыстæм йæ амындæй хъайтар,
Фыдгулты ныхмæ стыр ныббырсты
Фæдæтты махæн уый æхсар.

Ис фаг ныфс Ленинау нæ уæнгты,
Нæ тыхæн бауромæн нæй.
Хæссæм йæ тырыса бæрзæндты
Рæсугъддæр фидæнмæ фæрнæй.

* * *

Ис мæнæн уæларвон уарзон,
«Мæй» хуыйны йæ ном.
Кæд изæрæй уынджы хъазон,
Уымæн дæр фæзæгъын: «Цом».

Æмæ мемæ уайы, уайы
Мигъты ‘хсæнты ‘рттивгæ цырд.
Бахуды мæм æмæ райы,
Цыма бамбары мæ дзырд.

Уынджы æз фæзилын малмæ, –
Уырдæм къахвæндаг цæуы.
Уайтагъд мæй ныххауы арфмæ
Æмæ доны бын лæууы.

Æз фæкæуын... Дæлæ доны
Мæй, мæ хорз æмбал, ныххауд.
Ныр цы кæнон? Адай-хохыл
Скъуырдта къах æмæ æрхауд.

Рацæуын кæугæ фæстæмæ,
Арвмæ ма цы кæсон, цæй?..
Фæлæ та фæкæсын æмæ:
«Уæлæ къулы тулы мæй»[1].

## ТÆППУДТÆ

*Аргъау*

Рувас хъæды тагъд-тагъд уади
Хъæуырдæм æдасæй.
Цъæх бирæгъ дын февзæрыди
Фæндагыл йæ разæй.

Тынг фæтарсти рувас уымæй.
«Бахæрдзæн мæ», – загъта,
Æмæ хæрды уый фыртæссæй
Скъæргæ дугъ ысуагъта.

[1] Хъамбердиаты Мысосты æмдзæвгæйы рæнхъ.

Тæрхъус та уæд бæласы бын
Тæрсытæ æхсыдта.
Федта рувасы æмæ дын
Ризгæйæ ысдзырдта:

«Уый мæнмæ тæхы, æнхъæлдæн,
Гъе, дуне, цы фæуон!
Ныр кæдæм лидзон? Мæ сæрæн,
Цæй, цы хос ыскæнон?»

Рæвдздæр лидзынмæ тæрхъусæй
Кæцы у нæ сырдтæй?
Æмæ рувасы хæд разæй
Згъоры, уайы гъæйттæй.

* * *

Ой, кæм дæ, кæм дæ, мæ уарзон?
   Нал дæ ахсы цæст.
Ды – мæ æвзонг бонты фаззон,
   Мысын дæу æрмæст.

Ой, кæм дæ, кæм дæ, мæ зæрдæ?
   Риссы риу, мæ риу...
Баззади ма ацы 'мдзæвгæ...
   Рæнхъытæ – хæлиу...

*1939*

## РУВАС КУЫД АСАЙДТА СÆГЪЫ

*Аргъау*

Рувас дын цæрдæг сæр тилгæйæ хъæдбынты
            Холы 'нхъæл уади.
Халонмæ хæрдмæ куыд фæкасти, афтæ дын
            Цъайы ныххауди.

Бады сæргуыбыр, æнкъардæй ыстонг рувас,
            «Бабын дæн», – дзуры.
Иу сæгъ дын уалынмæ й' амондæн февзæрди
            Цъайæн йæ цуры.

«Уым та цы ми кæныс?» – «Сатæджы бадын, сæгъ,
Уадзын мæ улæфт.
Уым, уæле – тынг æнтæф, ам та у уазал ран,
Рацу, æрулæф».

Сæгъ дæр дын ай-уый нæ фæкодта, афтæмæй
Цъайы ысмидæг.
Исдугмæ рувас фæсабыр, уæлбылæй йæм
Уыд цыма сидæг.

Стæй уæд дын сæгъæн ысгæпп ласта йе рагъмæ,
Уырдыгæй – былмæ.
Йæ уд кæй фервæзтис, ууыл цингæнгæйæ
Алыгъди хъæдмæ.

«Оххай-гъе, хинæйдзаг рувас, фæсайдтай мæ», –
Сæгъ дæр ма загъта.
Райсомæй та йæ йæ хицау йæ сыкъатæй
Цъайæ ысласта.

*1941*

## НЫННÆР, МÆ ХУР, МÆ ФÆНДЫР

Ныннæр тыхджын хъæлæсæй, ныннæр, мæ хур,
мæ фæндыр,
Бæрзонддæр сис нæ тохы бон дæ зарæджы хъæлæс!
Мæнæн мæ туг фæкалди, мæ фыцгæ туг, дæ тæнтыл,
Цæмæй нæ бæстæн бафидон нæртон фыртау йæ хæс.

Ныннæр тыхджын хъæлæсæй, ныннæр, мæ хур,
мæ фæндыр,
Ныннæр тыхджын, куыд æрхъуусой нæ быдыртæ,
нæ хох!
Æгъгъæд у балцы цæуын нæ фыдæлты хæтæнтыл, –
Ныббырс, цæй, хæстмæ, сахъ фæлтæр, Фыдыбæстæйыл – тох!

Ныннæр тыхджын хъæлæсæй, ныннæр, мæ хур,
мæ фæндыр.
Тæппудау тохы бамбæхсынæн ма бацагур къуым!
Ныззар дæ хæстон зарæг, мах фенкъуысæм дæ фæдыл,
Фæстæмæ тохæй чи лидза, уый фестæд цавддур уым!

Ныннæр тыхджын хъæлæсæй, ныннæр, мæ хур,
мæ фæндыр,
Æмризæджы куыд нырриза фашистон куыйты ‘рдонг!
Æз ме ‘хсаргард ныссадздзынæн цъаммар ызнаджы
тæнты
Цæхæркалгæ, æгъатырæй йæ сау фистоны онг.

Ныннæр тыхджын хъæлæсæй, ныннæр, мæ хур,
мæ фæндыр,
Бæрзонддæр сис нæ тохы бон дæ зарæджы хъæлæс!
Мæнæн мæ туг фæкалди, мæ фыцгæ туг, дæ тæнтыл,
Цæмæй дæуимæ бафидон Фыдыбæстæн йæ хæс.

*1942*

## ЗЫМÆГОН ФÆНДАГ

Ниуы дымгæ, хъусты уасы,
Мит фæлдзæгъдæнтæ хæссы.
Салд бæлас ныллæг æртасы,
Бон мæм ирдхуызæй кæсы.

Фæндаг – даргъ, æнæ кæронæй,
Цæст æм нал тæры кæсын.
Ехх, мæ бæх, æлвæст идонæй
Уай, фæраз та мæ хæссын.

Дæу, мæ бæх, æз бирæ уарзын.
О, дæуæй хуыздæр кæм уа?
Былтæн уазал дымгæ адджын
Судзгæ акæны йæ пъа.

Уай, уæдæ! Хъус, дымгæ уасы,
Мит фæлдзæгъдæнтæ хæссы.
Салд бæлас ныллæг æртасы,
Бон йæ салд цæстæй кæсы.

*1943*

## ÆНÆМÆЛÆТ

Куы уай ды де стыр хæстæ фидæг,
Куы ‘мбарай а зæххæн йæ рыст,
Куы уай йæ рухс амондмæ сидæг,
Куы уа ныфс адæмæн дæ фыст,

Дæу уæд нæ ферох кæндзæн адæм,
Дæ цардæн нал уыдзæн мæлæт.
Æмæ фæлтæр фæлтæрæн кадæн
Дæтдзæн дæ сызгъæрин ном уæд.

*1943*

* * *

Рог хъазыд дымгæ нæ фæрсты сиргæ,
Фаллаг фарс донæн нæ хъæу æрфынæй.
Сæ хуыз æвдыстой рæсугъд, æрттивгæ
Арвы хæзнатæ доны цъæх бынæй.

Куывтой нæ размæ бæрзонд бæлæстæ,
Бæрзонд бæлæстæ – фыдæлты карæн...
Цæмæй фиддзынæн дæуæн дæ хæрзтæ,
Дæ хорздзинæдтæн нæй аргъ ыссарæн...

Дæуæн æрмæстдæр, мæ рухс хуры хай,
Дæуæн æрмæстдæр – фæндаг мæ риумæ.
Тæхуды æмæ зарæджы æмбай,
Зарæджы æмбай фæцæр дæуимæ...

*1943*

* * *

Уый фашистон саузæрдæ салдат
Бандзæрста кæйдæр хæдзарыл арт
Æмæ бахудт хъæлдзæгæй, хъæрæй,
«Тынг хорз арт у, – загъта, – ахæм нæй».

Фæлæ сагой синты арф ныссагъд.
Зæхмæ чъизи, маргæйдзаг туг тагъд. –
Акодта йæ сонт хъæбыс цъæх арт,
Æмæ фестад сау фæнык йæ мард.

Дард Берлинæй ничи хуыдта дæу,
Цæмæй махæн басудзай нæ хъæу!

* * *

Дымгæ сыстад райсомраджы,
Хæхтæй быдыртæм тырны.
Хуры цæстмæ æртæх хъазы,
Урс цæппузыртæй зыны.

Ærtæxæй æруæззау кæрдæг.
Сыфтæртæ зыр-зыр кæнынц.
Хуры тынтæ тавынц зæрдæ,
Риумæ циндзинад хæссынц.

Уарзын быдырты æрттивын,
Уарзын дымгæйы фæндон.
Мæнæ кæрдæджы хуыз ивы, –
Хуры хъармæй сысы дон.

*1944*

## ХÆРЗБОН

Хæрзбон зæгъын. Нæ сæрмæ згъоры сау мигъ.
Нæ хъæу æмырæй доны был лæууы.
Кæс-ма, чызгай, у мæнæ уый сымах тигъ,
Æддæмæ ам ыстыр фæндаг цæуы,
Ыстыр фæндаг ыстыр бæстæмæ ацыд,
Кæцыран хæст æнæнцойæ цæуы,
Кæцыран зæхх ызнæгты мастæй басыгъд
Æмæ кæуы сæ къæхты бын, кæуы.
Цæуын æз уырдæм, тохы арт кæм судзы,
Кæм кæны хуры топпы фæздæг тар.
Ызнæгтæм рагæй сонт зæрдæ рæмудзы...
Æрцыд рæстæг. Ысластон æз мæ кард.
Ды ма тæрс, ма, мæнæн, мæ дуне, тохы
Нæ бæстæйæн æрфиддзынæн нæ хæс,
Æмæ дæумæ нæ уæлахизы боны
Сæрыстырæй æрыздæхдзынæн æз!

* * *

Мæнæй нæ зæгъдзынæ «æнæфсарм»,
Мæ дзырд – фæлмæн, тызмæг – мæ каст.
Æгъдау кæм уа, уым ис мæ салам,
Уым м’арфæ хорз æмбæлттæн – барст.

Мæ хæлар – уый, нæ тохы размæ
Сыгъдæгæй чи хæссы йæ хæс.
Ызнæгты чи тæры фыдазмæ,
Дæн уымæн йе ‘мтохгæнæг æз.

*1944*

## НЫФС

Ды дæ м’амонд мæнæн, м’амонд, сау чызг,
Талынг æхсæв цы фæкурыс ды?
Йе фынæйæ дæ хус былтæй базыл
Сабыр фынты цы фæдзурыс, цы?

Æви хуры фæлмæн тынты хъал уынд
Райсомраджы нæ тавы дæ риу?
Æви стыхстæ, кæддæрты куыд зарыд,
Афтæ хъæлдзæг кæй нал зары цъиу?

Ма тыхс, ма! Циу æнкъард æмæ сагъæс?
Сонтæй ма кæ дæ зæрдæйæн низ.
Бонты фарнмæ ныры цæстæй ма кæс,
Фæлæ мæтæй дæ рæзгæ риу хиз.

Ма тыхс, ма! Тагъд уæлахиз æрлæудзæн,
Тагъд кæрæдзийы фендзыстæм, тагъд.
Уæд æгас хъæу нæ куывдмæ æрцæудзæн,
Дардмæ хъуысдзæн нæ фæндыры цагъд.

*1944*

## РАЗМÆ

*(Ног азæн)*

Размæ, æндон фæлтæр, размæ,
Тохмæ, фæстаг тохмæ цом!
Бацыд тыхджын хæст йæ карзмæ,
Иумæ æрлæууæм æнгом!

Фидар – нæ къабæзтæ махæн.
Ног аз, дæ зарæг æркæн!
Не ‘ппæт хъæрутæй дæр къахæм
Гитлерон куыйтæн ингæн.

Ног бонтæ, ног цин æрхæссут.
Ног аз, æрцу нæм æгас!
Махæн уæлахизы аз у,
Знæгтæн – сæ мæлæты аз!

*1944*

## ДИДИНÆГМÆ

Хъаз, худ уал, дидинæг, фæлмæнæй,
Уæрæх дæ цъæх сыфтæртæ хæсс.
Дæуæн дæ рæсугъд хуыз, тæмæнæй
Нæма, нæма бафсæстæн æз.

Нырма нæма фенцад йæ тынгæй
Налат ызнæгтимæ нæ хæст.
Мæ кард нæма ‘руазал йæ зынгæй,
Æрцъынд нæма комы мæ цæст.

Мæ риуы мастæн нæй ныккæнæн,
Мæ размæ – карз тох æмæ арт.
Дæуæн цъæх хæрдгæйæ – дæ цæрæн,
Мæнæн та хæсты у мæ цард.

Хъаз, худ уал, дидинæг, мæ уарзон,
Уæрæх дæ цъæх сыфтæртæ хæсс.
Цытджын уæлахизимæ райсом
Дæумæ æрыздæхдзынæн æз.

*1944*

## ÆНÆФЫСТ ЦЫРТ

Æз федтон цырт, æнæфыст цырт нæ фæзы,
Рæсугъд нæууæвæрд ингæны сæр уыд.
Цыдысты адæм фæндагыл йæ рæзты,
Æмæ-иу ам фæсабырдæр сæ цыд.

Æрбацыд цыртмæ урсзачъе зæронд лæг.
Йæ сау худ систа. Фемырæг и бон.
Æмæ ызгъордта суадæттау йæ мæллæг,
Йæ мæллæг рустыл цæстытæн сæ дон.

Нæ зоны уый æфсæддоны хæстæгмæ,
Йæ цыртыл ном æмæ мыггаг фыст нæй.
Æрмæстдæр зоны: ингæны мыггагмæ
Фынæй кæны хъæбатыр гуырд, фынæй...

*1944 азы август*

* * *

Хъæу...
Фæздæджы зилдухæнтæ...
Хъæр...
Цъæхахст...
Æлгъыст...
Уынджы туджы кул, пырхæнтæ.
Додойаг æвзыст...

Сау фæнычы дымгæйы фу
Хæхтырдæм хæссы.
Бон æнкъардæй обауы цур
Сыгъд хъæумæ кæсы.

Хъæу æрсабыр.
Афтид къултыл
Сау ала лæууы....
Хъæуы æдде доны былтыл
Хæст нырма цæуы.

## АДÆМЫ МАСТ

Æхсæв тайы боны рухсы ныхмæ,
Хæхты сæрмæ хурыцæст ыскаст.
Карды цæфтæй знаджы риу ныкъкъуыхтæ,
Сæфынц хæсты, карз хæсты, йæ тыхтæ,
Исынц уымæй сахъ адæм сæ маст.

Адæм – фидар. Ныфс, хъару – æххæстæй,
Арвыл сау мигъ мах цæфтæй тæрсы.
Знаг йæ мæлæт банкъардта нæ дзæхстæй,
Æмæ лидзы, тугкалгæ йæ фæрстæй,
Судзы арты, абухы, хъæрзы.

Тар æхсæвы рабадынц нæ мæрдтæ
Æмæ додой удхортæм кæнынц.
Сризынц уынгты ауындзæн бæндæнтæ,
Сыстынц судзгæ сау фæнык хæдзæрттæ
Æмæ знæгтæн карз æлгъыст кæнынц.

Нæй ныббарæн бæстæйы æфхæрдæн! –
Сау фыдгæнæг, фесæфæд дæ сæр!
Адæмы маст – дунейæн æрдхæрæн,
Адæмы маст басудздзæн дæ цæрæн,
Адæмы маст – арт æмæ цæхæр.

Æхсæв тайы боны рухсы ныхмæ.
Хæхты сæрмæ хурыцæст ыскаст.
Арвы цъæхы ахъардтой йæ тынтæ,
Уый уæлахиз рацæуы нæ сыхмæ.
Тагъд нæ уынджы – стыр куывд æмæ хъазт!

*1944*



## БÆГЪИАТЫ Владимир

*Бæгъиаты Местъоры фырт Владимир райгуырди 1923 азы Хъобаны. Сæ хъæуы скъола каст куы фæци, уæд кусын райдыдта хъæусоветы секретарæй. 1942 азы бархийæ ацыди Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ æмæ фæмард Ирыстоны зæхх знагæй хъахъхъæнгæйæ.*

*Бæгъиаты Владимир æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта хæрзæрыгонæй. Уыди Хъобаны скъолайы литературон къорды уæнг. Йе 'мдзæвгæтæй цалдæр мыхуыры рацыди хæсты размæ газетты.*

* * *

Царды уад æрхаста
Циндзинад мæнæн.
Демæ мæ ысбаста
Ирд хуры тæмæн.
Ды мæ зонд, мæ сæнттæй
Никуы вæййыс рох,
О мæ бон, мæ зæрдæ,
О мæ ныфсы хох.

*1940*

## ÆФСАДМÆ

Фæстаг хатт ма дзурын уæлбæхæй мæ мадмæ:
Ныфс дæ уæд, ныййарæг, мæнæй.
Фæцæуын, фæцæуын нæ кадджын æфсадмæ.
Цæрут-иу мæ фæстæ фæрнæй.

Уынгæджы бон искуы куы бамбæхсон барæй,
Куы нæ сласон кæрддзæмæй кард,
Гъе уæд мын уæ буц рæвдыд акæлæд маргæй,
Гъе уæд мын-иу фенут мæ мард.

Дзырдтой-иу мын арæх: «Уарз мадау дæ бæстæ».
Уæ фæдзæхст æххæст уыдзæн, зон.
Цæй, хорзæй мын баззай, Ирыстон, мæ фæстæ.
Æз араст дæн балцы... Хæрзбон...

*1941 азы май*



## БÆЗЗАТЫ Кавказ

*Бæззаты Хъулагъары фырт Кавказ райгуырди 1920 азы Хуссар Иры Стыр Мæсыджы хъæуы. Авдазон скъола каст фæци Ногиры. Уыйфæстæ ахуыр кодта Цхинвалы педагогон техникумы. Каст æй куы фæци, уæд æм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Уалынмæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ Кавказ бæсты сæрвæлтау фæмард фыдгулы нæмыгæй.*

*Бæззаты Кавказ фыста æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ. Цыдысты йын газетты, журнал «Фидиуæджы» æмæ иумæйаг чингуыты.*

### МÆ ЛИРÆ

Хъæлдзæгæй зары мæ райгуырæн бæстæ,
Цины хъæр ног бæстыл азæлы дард.
Раивтам ивгъуыд фыдцарды фæрæзтæ,
Сомбон рæсугъддæр уыдзæни нæ цард.

Зæлы мæнæн дæр мæ уадындзы зарæг,
Тынгдæр куыд нæра Фыдыбæсты кад.
Абоны рухс дуг – ызнæгтæн сæ марæг,
Тохы цæттæ у сæ ныхмæ мæ кард.



## БÆРОЙТЫ Дауырбег

*Бæройты Ахболаты фырт Дауырбег райгуырди 1918 азы Заманхъулы. Йæ фыд уыди зæхкусæг. 1932 азы Дауырбег каст фæци авдазон скъола æмæ кусын райдыдта Ирыстоны крахмалгæнæн заводы. Уыцы иу рæстæг ахуыр кодта изæрон скъолайы. Дыууæ азы фæстæ йæ ахуырмæ арвыстой кусæг факультетмæ. Каст æй куы фæци, уæд бацыди ахуыргæнджыты дыууæазон институтмæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæст Дауырбеджы æрæййæфта Киевы артиллеристты скъолайы. 1941 азы ацыди хæсты быдырмæ. Хæцыди Ленинграды фронты. 1943 азы фæмард фыдгулы нæмыгæй.*

*Бæройты Дауырбеджы æмдзæвгæтæ цыдысты æртынæм азты ирон газетты. Иæ къухфыстытæй бирæтæ фесæфтысты.*

### ЦÆРГÆСТÆ

Уæлæ арвы
Тарцъæх арфы
Зилы сахъ цæргæсты бал.
Уыдон кастæй,
Уыдон хъазтæй
Зæрдæ нал æфсæды, нал.

Мигъ нытътъизы,
Дардмæ лидзы,
Хурæн нал у уымæй тас.
Сырх цæргæстæ –
И' алывæрсты,
Сты къæрцхъус æмæ цырддзаст.

Райдзаст бонты
Хуры цотæн
У нæртон сæ тых, сæ зонд.
Зæрдæ цинæй
Рогдæр цъиуæй
Цæргæстимæ стахт бæрзонд.

*1937*



## БЕКМЫРЗАТЫ Дзаххотт

*Хъобайнаг лæппу Бекмырзаты Аслæнджерийы фырт Дзаххотт райгуырди 1922 азы. Каст фæци Цæгат Ирыстоны педагогон техникум. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тæккæ райдайæны ацыди Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнынмæ. Цыппар азы фæхæцыди цыфыддæр знаджы ныхмæ. Бахæццæ Польшæмæ. Хæсты кæронмæ мæй дæр нал баззад, афтæмæй фæмард (1945 азы апрелы). Уыдис капитан.*

*Дзаххотт хæрз чысылæй фæцалх литературон куыстыл. Хæсты быдырæй дæр йæ бинонтæм æрвыста æмдзæвгæтæ. Уыдонæй ма баззад æрмæст дыууæ: «Хæрзбон» æмæ «Иунæджы зарæг».*

### ХÆРЗБОН

Кæсын фæстаг хатт æз Кавказмæ,
Мæ цæст нæ урс хæхтыл хæссын.
Лæууы æнкъардæй æрдз мæ разы,
Цыма мын бамбæрста мæ зын...
Фæстаджы цин мæ риуы хъазы,
Æфхæрд зæрдæ ысуадзы арт...
Нæ хæхтæн æз зæгъын сæ разы:
«Æнæ сымах нæ уыдзæн цард.
Нæ бафсæстæн нырма уæ уындæй,
Зæгъын уын афтæмæй хæрзбон.
Нырризы зæрдæ иу ысдзырдæй,
Цыма æппæтæн у кæрон.
Хæрзбон, хæрзбон! Цæуын уæ разæй,
Æз ме ‘взонг зæрдæ уадзын ам,
О, айсут-иу хъæрзгæ ныхасæй
Мæлæты размæйы салам».

Ныттар хæххон æрдз, бамыр зарæг,
Фæстаг тын цъитирагъыл тад,
Æмæ ма мæм фæзынди тары,
Мæ фæдыл кæсгæйæ, мæ мад.

*1944 азы 16 май*

## ИУНÆДЖЫ ЗАРÆГ

Фæстаг хатт дард бæстæй æрвитын,
Мæ мад, мæ ныхæстæ дæуæн...
Мæ хъысмæт алы бон æлгъитын,
Æфхæрдæн чи сфæлдыста мæн.

Цы кодтон? Фесæфтой мæ дардмæ,
Ныр къæйыл баззадтæ, мæ мад.
Бæллынц мæ фыдгултæ мæ мардмæ,
Ыскъуыйдзæн дард бæсты мæ цард.

Мæ мад, ныххатыр кæ дæ фыртæн...
Ныттыхтай иунæгыл дæ сæр.
Ыссар-иу иу бæлас мæ цыртæн, –
Кæм зæлы суадæтты сæр-сæр.

Мæ цыртыл булæмæргъ куыд бада,
Йæ хъæлæс азæлдзæн – цъæхснаг.
Мæ кæстæр цардамонд ыссара,
Дæттын æз уый тыххæй мæ цард.

*1944 азы 18 май*



## БЕКЪОЙТЫ Амыран

*Бекъойты Джиуæры фырт Амыран райгуырди 1916 азы Хуссар Ирыстоны Джеры хъæуы. Йæ мад æмæ йæ фыд раджы амардысты æмæ хъомыл кодта сидзæрæй йæ хистæр æфсымæртимæ. Каст фæци Цхинвалы кусæг факультет, стæй та ахуыргæнджыты дыууæазон институт.*

*1939 азы Амыранмæ фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Фæмард 1942 азы Мæскуыйы цур тохты.*

*Æмдзæвгæтæй уæлдай ма Амыран фыста кадджытæ æмæ очерктæ.*

* * *

Бон ысрухс и, мæргътæ уасынц,
Хуры зынгæй скæсæн ссыгъд.
Урс хæхтæ сæ улæфт уадзынц,
Райсомæй сæ фын фæлыгъд.

Дидинæг рæсугъдæй рæзы, –
Худгæ ферттивы сырхæй.
Уалдзыгон цъæх ахуырст фæзы –
Уый сыфтыл налхъуыт пырхæй.

Хуры рухс фурды куы найы
Зæхх сывæллонау йæхи.
Æрдзы нывтæй зæрдæ райы.
Риу дæр цины цад ысси.

* * *

Æвзист цæлхыдзагæй цъæх арвыл
Ысленк кæны сабыргай мæй.
Хæрдгæ тынтæ нывæнды дардыл,
Ныссабыр æрдз, кæны фынæй.

Сызгъæрин цырæгъты бардз судзгæ
Æрттивы рухс фурды бынæй.
Зæрин æхсырвæндагыл худгæ
Фæсимынц Авд хойы рæнхъæй.

Фæлмæн изæрон уадымс хъазы,
Уый халсартæн хæссы сæ тæф.
Сырх мæнæуты лыстæггай фасы
Хæххон цъæх цъититы уæлдæф.

Æмæ кæм дæ, мæ къай, цы фæдæ?
Æрцу... Нæ доны был æрбадæм.
Зæгъæм кæрæдзийæн нæ фæндтæ,
Кæрæдзимæ нæ къухтæ раттæм.

*1939*
*Цхинвал*

* * *

*Ц-ты Ж-мæ*

Æхсæвæй-бонæй демæ дзуры
Мæ зæрдæ, сауæрфыг рæсугъд чызг.
Куы фыны февзæрыс мæ цуры,
Куы бон æрбахойыс мæ рудзынг.

Мæ сонт зæрдæ-иу риуы скафы
Дæ фендæй, саубазыр зæрватыкк.
Йæ тынтæ мыл-иу хур фæуафы,
Мæ уарзон буц дидин, мæ фæрдыг.

Дæ сурæт-иу ныдзæвгæ уайы
Мæнæн мæ цæстытыл рæсугъдæй.
Фæзæгъын-иу: «Æз дæр мæ къайы
Æваст куы базонын йæ худтæй».

Дæ къæлæт сау æрдын æрфгуытæй
Мæнæн зынд куы вæййыс æвvахсмæ.
Дæ худгæ сау цæстыты рухсæй
Цырагъ æрбадарыс мæ базмæ.



## БЕЛЕККАТЫ Харитон

*Белеккаты Федыры фырт Харитон райгуырди 1920 азы Олгинскæйы. Ахуыр кодта йæ райгуырæн хъæуы скъолайы. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд ацыди Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау тохмæ. Хæцыди Украинæйы зæххыл.*

*1943 азы хистæр лейтенант ротæйы командир Белеккаты Харитон знæгтимæ тохы йæхи равдыста хъæбатырæй. Уый тыххæй йын советон хицауад саккаг кодта Александр Невскийы орден.*

*Харитон фæмард 1944 азы фыдгулы нæмыгæй.*

*Белеккаты Харитон фыста æмдзæвгæтæ, пьесæтæ. Йæ уацмыстæй цалдæр мыхуыры рацыдысты республикæйы газеттæ æмæ журналты. Тæлмац кодта уырыссаг классикты уацмыстæ дæр.*

## ХОСГÆРСТЫ ЗАРÆГ

Рог дымгæ зад кæрдæг узы,
Уыгæрдæн калы тæмæн.
Райсомæй хъæды æрдузы
Зары мæ цæвæг мæнæн...
Айнæгæй фыййауы уадындз
Диссаджы кадæг цæгъды.
Футтытæгæнгæ фæуайынц
Фос дæр кæрдæгджын рæгътыл.
Рог кæнынц дымгæмæ уæнгтæ.
Хауы фæйнæрдæм сыфтæр.
Райы мæ куыстæй мæ зæрдæ,
Дасы мæ цæвæг бындæр.

# ЦЫППАР ФЫСТÆДЖЫ ХÆСТЫ БЫДЫРÆЙ

* * *

Уæ бонтæ хорз æмæ арфæгонд ут, мæ зынаргъ бинонтæ!

Хатыр, афтæ æрæгмæ уæм кæй фыстон, уый тыххæй. Нæй гæнæн. Заман ахæм у. Салам æппæтæн дæр – хæстæгæй, æрвадæй, къабазæй. Бирæ мæ ма домут. Мæ рæстæг нæ амоны. Хабæрттæ бирæ. Æвирхъау хабæрттæ. Фæлæ уыдон сымах нæ хъæуынц. Мæхæдæг, хæст куы райдыдта, уæдæй нырмæ дæн разæй. Фæцæф дæн джебогъæй. Рынчындоны фæдæн æвддæс боны. Дыккаг хатт та бахаудтæн танкты бынмæ, цæфæй фæхуыссыдтæн фынддæс боны.

Ныр та ногæй дæн разæй.

Хорз уал байрайут!

*Уæхи Харитон*

*PS.* Пусть военная цензура не подумает, что здесь я написал что-то недозволенное. Я пишу на родном языке, потому что дома никто не знает русского языка (т. е. дома осталась одна старуха-мать).

*1415 хæстон посты станцæ, 699 полкъ, 7 ротæ*
*1941 азы 25 ноябрь*

* * *

Зынаргъ ныййарæг!

Абон та ногæй цæуын немыцы ныхмæ мæлæтдзаг тохмæ. Дæ зæрдыл дар, ирон адæмы кад æмæ намыс кæй нæ фæчъизи кæндзынæн. Адæймаг иу бон гуыргæ кæны, иннæ бон та – мæлгæ.

Райстон уын уæ фыстæджытæ æмæ Владимиры хуызист. Тынг æхсызгон мын уыди.

Хорзæй баззайут, амонддзынæй цæрут.

*Харитон.*

*Хæстон посты станцæ 17296-В*
*1943 азы 8 август*

* * *

Мæ зынаргъ мад, райс хъæбулы саламтæ хæсты быдырæй.

Æвæццæгæн, стыр тасы бацыдтæ, знаг нæм сæдæ метры онг

ærбаввахс, зæгъгæ, дæм куы ныффыстон, уæд. Фæлæ дзы тæссагæй ницы ис, лæг цы у, уый сын фенын кодтам. 8 августы нын хъазуат хæст бацайдагъ. Куыдфæстæмæ тох карзæй-карздæр кодта. Не 'фсæдтæ сарæзтой атакæ. Знаг нæ састи. Уалынмæ æз бардзырд райстон, фашистты фидæрттæ басæттыны тыххæй. Нæхи ныццавтам фидæрттыл æмæ сæ фæд-фæдыл батыдтам. Мæ ротæ ныццагъта 27 немыцаджы, 50 немыцаджы та уацары райстам, ноджы сæ байстам дыууæ минометы, æртæ сармадзаны, цыппар пулеметы æмæ æндæр хæстон æрмæг.

Уыцы тохы фæстæ мын саккаг кодтой уæлдæр хæстон хæрзиуæг – Александр Невскийы орден.

Æз æрыздæхдзынæн хъæмæ, æнæмæнг æрыздæхдзынæн. Æнхъæлмæ кæсут. Æз сымах нæ ферох кæндзынæн, мæ зынаргъ мад, мæ хотæ, мæ чындзытæ...

Цæрут иууылдæр æнæниз, дзæбæхæй.

Саламтæ!

Гъей, тæрсгæ ма кæнут!

*Уæхи Харитон*

*1943 азы 2 сентябрь*

* * *

Мæ зынаргъ ныййарæг мад!

Дзæбæх-æнæниз та дæн ацы хатт дæр. Хъæбулы салам райс Украинæйы зæххæй. Ам мын, хæсты быдыры, бирæ æфсымæртæ æмæ хотæ ис, фæлæ ныййарæг мад та иунæг у лæгæн. Уый адæймагæн хур дæр у æмæ зæхх дæр. Уый амонд у, йæ ныхас та – хуры тынау фæлмæн æмæ хъарм. Цæр мын сæдæ азы, мæ зынаргъ, æнæниз, æнæмастæй. Æз цæттæ дæн дæ сæрвæлтау ме 'рыгон цард снывонд кæнынмæ. Адзалы бонмæ дæр дыл мæ зæрдæ нæ сивдзынæн, дæ урс сæр дын нæ фегад кæндзынæн. Арæх кæй нæ фыссын, уый тыххæй мæ азымы ма дарут – æндæр бон мыл нæй, мæ рæстæг нæ амоны. Хатыр.

Хорзæй баззайут!

*Уæхи Харитон*

*1943 азы 8 октябрь*



## БЕСАТИ Амурхан

*Бесати Дауырбеджы фырт Амурхан райгуырд 1917 азы Дыгургомы, Мæстинок, зæгъгæ, чысыл хæххон хъæуы. 1925 азы Бесати бинонтæ ралыгъдысты Дур-Дурмæ. Ам лæппу каст фæци скъола æмæ бацыди Цæгат Ирыстоны педагогон техникуммæ. Ссис ахуыргæнæг, куыста Быдыры Дæргъæвсы, стæй та Дур-Дуры.*

*1938 азы кусынмæ бацыди Цæгат Ирыстоны АССР-ы мидхъуыддæгты адæмон комиссариатмæ экономикæйы хайадмæ. Фæстæдæр куыста хъæууон хæдзарады адæмон комиссариаты. 1942 азы ацыд Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ æмæ хъæбатырæй фæмард Сталинграды бынмæ.*

*Бесати Амурхан фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ æмæ аргъæуттæ. Йæ уацмыстæ цыдысты журналтæ «Пионер» æмæ «Мах дуджы», стæй республикæйы газетты.*

### ÆХСÆВÆ

Æхсæвæ лæгæтмæ фусуни
Бацудтæн фæлладæй æд уаргъ,
Сау нимæт байтудтон мæ буни,
Мæйрохс мин дардта æ цирагъ.

Не ‘нцадæй мæ зæрдæ хуссæни,
Уæлдæфæй дзубанди цудæй –
Фарста мæ: «Иуазæг, ци кæни?
Цæмæн дæ æнкъард? Йе куд æй!»

Фестадтæн, рацудтæн къæдзæхмæ,
Къæбурбæл ислæудтæн бæрзонд.
Фæккастæн арф коммæ – Ирæфмæ, –
Æхсæвæ фæууй е хуæрзконд.

Уидтон æз: тухтæнцæ сау къæйтæ
Ирæфи уолæнти зустæй, –
Калдæнцæ цæгæттæй сонт зæйтæ,
Устур хонх æнцадæй хустæй.

Уидтон æз: Ирæфи финкитæй
Цæхъалтæ худтонцæ дарæс.
Хонхи фарс – дортæбæл цъинккитæй
Дортæй дон иста æ ихæс...

Æносон къæдзæхтæ, нæ æрдзæ,
Дессаг ку 'й уæ фæлгонц, уæ конд.
Рæстæг мин ку уайдæ, – уæ хæццæ
Алкæддæр лæууинæ бæрзонд.

## ФÆЗЗЫГОН ИЗÆР

Мигъ-æфсургъыл хатти
Бон-изæрмæ хур,
Ныр фæлладæй 'рбадти
Уаза-хохы цур.

Комы хъæд æнкъардæй
Сау фынтæ уыны.
Уазал цæстыхаутæй
Ирд цæссыг зыны.

Саударæг быдырты
'Взистхуыз дон бырсы,
Йе 'нусон хъуыдыты
Æрдз æнцад хуыссы.

*1941*

## ÆРГЪÆВСТ ЦЪИУ

Митфæлыст бæласыл
Рынчын цъиу ныргъæвст.
Нал фæразы уасын,
Хъуысы ма йæ хъæрзт.

Гъей, бæлццон, кæм цæуыс? –
Фезмæл-ма .цырддæр.
Ам хъæуы дæ буц ныфс,
Ам хъæуы дæ сæр.

*1941*

## ХÆСТОНТЫ ЗАРÆГ

Сиды нæм нæ мад – нæ бæстæ.
Чи у, чи, хæстхъом, –
‘Рбæттæнт иуусылдæр сæ гæрзтæ,
Знаджы ныхмæ цом!

Мах фыццаг хатт не стæм тохы.
У нæ кард болат.
Их-кæмтты, быдырты, хохы
У нæ фезмæлд арт.

Мах фыдгулы риу ыскæрдæм,
Ссыгъдæг кæнæм зæхх,
Цагъайраг ыссæст дзыллæтæн
Раттæм бар уæрæх!

*1941*



## БИГЪУЫЛАТЫ Алыксандр

*Бигъуылаты Алыксандры фырт Алыксандр райгуырди 1921 азы Садоны районы Цмийы хъæуы. Йæ фыд уыди мæгуыр зæхкусæг. Лæппу каст фæци Зæрæмæджы æнæххæст астæуккаг скъола, стæй бацыди Дзæуджыхъæуы политикон рухсады кусджыты скъоламæ. Хæст куы райдыдта, уæд ацыди нæ Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау тохмæ. Уыди хистæр лейтенант, партизанты отряды командыгæнæг, хæцыди Брянскы цур. Алыксандр йæ цард нывондæн æрхаста адæмы амондæн.*

*Бигъуылаты Алыксандры уацмыстæ бакæсæн ис хæсты размæйы ирон газеттæ æмæ журналты. Йæ уацмысты æвдыста ног цард аразæг æрыгон фæлтæры хъуыдытæ æмæ бæллицтæ.*

## УАЛДЗЫГОН БОН

*Ч-ты М-йæн*

Акæс, хурмæ ‘рттивы бæстæ,
Калынц быдыртæ тæмæн.
Хъæлдзæг уалдзыгон хъæлæсæй
Булæмаргъ рæвдауы мæн.

Æрдз йæ рухс цæсгомæй худы,
Риуы циндзинад ысмал.
Æз дæу мысын, дæу, – мæ уды,
Ды – мæ рæзгæ царды ‘мбал.

Абон дидинæгджын майы
Алчи цардæй у æфсæст.
Алчи цин кæны йæ къайыл,
Уæд кæм дæ, мæ хуры цæст?

## ЛАГЕРЬТЫ

Райдзаст райсом. Рог дымгæ рæсугæй
Сау хъæдæй йæ уддзæфтæ хæссы.
Мах рæвдауы уарзон хур йæ худтæй –
Арвастæуæй цинтимæ кæсы.

Мæргътæ дæр сæ диссаджы хъæлæстæй
Донимæ ысиу кодтой сæ зард.
Дзугтæй бадынц даргъ нæзы бæлæстыл,
Махау не сты уыдон дæр æнкъард.



## БИЛАОНТИ Барис

*Билаонти Барис райгуырди 1921 азы Дыгурыхъæуы. Йæ фыд Тæтæрхъан уыди ахуыргæнæг. Лæппу фыццаг ахуыр кодта астæуккаг скъолайы, стæй та Цæгат Ирыстоны кусæг факультеты. Уый фæстæ куыста Дыгуры районы газеты.*

*Хæст куы райдыдта, уæд иуцасдæр ацахуыр кодта Дзæуджыхъæуы фистæг æфсады скъолайы, стæй ацыди тохы цæхæрмæ. Хæцыди Сталинграды бынмæ. Фæмард 1943 азы.*

*Билаонти Барис канд поэт нæ уыди, ирон чиныгкæсджытæ уый зыдтой дæсны тæлмацгæнæгæй дæр. Уый бæрæг у, ацы чиныджы йын цы тæлмацтæ ис, уыдонæй дæр.*

## ФЫЦЦÆГÆМ МАЙ

Нæ уарзон Май,
Фæмысы дæу
Мæ райгуырæн, мæ бæстæ,
Йæ цъæх быдыр, йæ хох, йæ нæуу,
Йæ худындзаст бæлæстæ...
Кæд райсом сау ызнаг бырса
Æд топп, æд кард, æд гæрзтæ,
Уæд æз нæ тохы тырыса
Бæрзонд хæсдзынæн хæсты.
Зæгъдзынæн фæстымыгъ дæуæн:
«Нæ Май, мæ бæхмæ ‘рбахиз.
Фыдгултæ нал ысты сæрæн,
Нæ къухты ис уæлахиз!»

## ФЕЦЕ

*(М. Ю. Лермонтовæй)*

Лæудтæй тæнзæрдæ донзонуг
Феце хæдзарæн æ кулдуармæ,
Æстонг, унæргъгæ, æдонуг
Кодта тухлæууæ æрдæгмардæй.

Загъта æ зæрдæ дзоли карст,
Зиндтæй ухери æ дондзæсти,
'Ма ин æ къохи дори саст
Кадæр ниввардта дзоли бæсти.

Уоййау дæ уарзтмæ фæббæлдтæн
Æз дæр æд зин, æд цæсти дон,
Æма ку скодтай мæ сæнттæн
Ду дорзæрдæй фæливд кæрон.

* * *

*(Илья Чавчавадзейæ)*

Кæддæр мæ нæртон чызгай бафарста цадæг,
Йæ адджын дзыхы дзырд – зæлланггæнгæ зарæг:
– Зæгъ-ма мын, мæ зынаргъ, цы кæсыс æнкъардæй,
Кæд хæхтæ 'мæ фæзтæ дæр дзаг ысты фарнæй?
Ыскæс-ма, куыд æрттивы рухс хур уæларвæй,
Куы стæвд ысты зæхх æмæ ихтæ йæ хъармæй!
– Цы кæнын дæ рухс хурæй – загътон чызгайæн, –
Уый 'гас кæны алцы, йæ цин у фæйлауæн,
Фæлæ йæм поэтæн йæ зæрдæ нæ райы –
Йæ риу дзы нæ тæфсы, йæ маст дзы нæ тайы.



## БУЗОЙТИ Кермен

*Бузойти Тохы фырт Кермен уыди æхсæуыхъæуккаг. Йæ фыстытæ-иу хæсты размæ арæх фæзындысты газеттæ æмæ журналты.*

*Кермен райгуырди 1921 азы. Фараст азы йыл сæххæст, афтæ йæ бинонтæ ралыгъдысты Сырх Дыгурмæ. Ам Кермен каст фæци астæуккаг скъола.*

*1938 азы экзаментæ радта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты историон факультетмæ æмæ сси студент. 1941 азы апрелы йæм фæсидтысты Сырх Æфсады рæнхъытæм. Хæст куы райдыдта, уæд бахауди йæ тæккæ цыренмæ. Йæ бинонтæ ма дзы фæстаг фыстæг райстой 1941 азы 9 сентябры. Уым Кермен фыста: «Нæ мæ уагътой, фæлæ уæддæр тыхамæлттæй мæ къухы бафтыди штабæй ацæуын. Раивтой мæ уæззау артиллеримæ. Рæстæгмæйы зындзинæдтæ уæ ма фæтæрсын кæнæнт. Фидарæй уæ уырнæд, мах кæй фæуæлахиз уыдзыстæм, уый... Знаг æрцæудзæн дæрæнгонд. Мæ хæстон æмбæлттæй иу дæр йæхи мæт нæ кæны. Мах сымахыл тыхсæм, Райгуырæн бæстæйыл у нæ сагъæс. Уый нын цардæй зынаргъдæр у. Ныр уæхæдæг ахъуыды кæнут, ахæм зæрдæйыуаг кæмæ ис, уыдонæн знаджы бон циу!»*

*Йæхи цæстæй йæ чи федта, уыдоны ныхæстæм гæсгæ Кермен бахауди уацары. Фæлæ уæддæр йæ ныфс нæ асаст. Йæхи сбаста антифашисттимæ (уацайрæгты лагерь уыди Польшæйы зæххыл). Бирæ хъизæмæрттæ йын бавзарын кодтой, афтæмæй йæ фæстагмæ гитлеронтæ амардтой.*

### ТАЛИНГИ

Талингæ тар мегъти
Сау хуæнхти циргъитæ
Таунцæ римæхсгæ сæхе.
Зиннуй ма се ‘хсæнæй

Лæнцауи æнгæсмæ
Æносон цъæх айнæг цъете.
Цауæйнон риндзæбæл.
Сау лæгæти дуармæ
Цæхæрбæл фезонæг кæнуй.
Дæлайнæг бæрзбунæй
Саугурм уг бæласæй
Истугмæ хебари кæуй...
Ирæфæн æ дзæфхъу
Изæйрон уадусмæ
Æрдзæбæл изолмæ хæссуй...
Фиййаутæн сæ куйтæ
И ‘ндзæрæй рæйунцæ,
Се згули уæлхæрдмæ цæуй.

*1940*

## ТÆХОДУЙ, КЪОСТА!

Тæходуй, Къоста, ку игъусидæ
Мæ цийни гъæлæс дæ сау ингæнмæ!
Фæццæуинæ уæд æнæзийнадæ
Дæ цирти гъосмæ нигъгъæр кæнунмæ.

Нигъгъæр кæнинæ: «Мæ уарзон Къоста,
Исæнхæст æнцæ дæ рохс фæндитæ!
Ку лæдæрисæ, тæходуй æма
Куд идзулд æнцæ нæ царди бæнттæ!

Тæходуй, Къоста, ку нин зонисæ
Нæ цийни догæ, нæ деси заман,
Дæ унгæг циртмæ ку игъосисæ
Цагъари царди мах ке нæбал ан!

Кавкази хуæнхтæ рæхисти гъæрæй
Исуæгъдæ æнцæ. Нæбал си цæуй
Мæгур адæмæн се ‘носи гъæрзун!
И седзæргæс дæр нæбал си кæуй.

Берæ ‘нзти фæсте дæ мæгур зæрдæ
Æрхун-инæфтæй исуæгъдæ уидæ,
Адæми тухæй дæ сау цæститæй
Дæ цæстисуг уæд нæбал тæдзидæ!

*1939*

## ÆХСÆВÆ МЕДХОНХИ

Æхсæйвон мæйæ цъæх арвæй
Ивадхузæй идзулдæй.
Бæрæг адтæй фуридардæй
Йе уæлхуæнхтæ ке тулдæй.

Æ нидæнрохс нæ бæстæмæ
Ниванста йе æнæ фау,
Æстъалутæ æ фæрстæмæ
Æрттивтонцæ цæхæрау.

Мæ фалдзоси дæр и хуæнхтæ
Бæрæг æнцæ æ рохсæй.
Зиннуй форд дæр нæ дæлбилтæ
И мæйрохсмæ фæлорсæй,

Зур-зур кæнгæ далæ коми
Йе будурмæ ку тундзуй,
Æ гъæр нæмæ и уадусмæ
Медæхсæвæ исхæссуй.

Æ билгони нæ Ирæфæн
Колхозон гъæу æрхустæй,
Кæцæйдæр ма фæсевæдæн
Сæ æрдзæфгъæр игъустæй.

Фæндури гъæр мæ гъостæбæл
Æрнидзæфсуй хаттæй-хатт,
Ма мæ зæрдæ нæ фæллæууй
Хебæраги уæд æнцад.

Рохс гъудитæ мæ мед сæри
Фæззелунцæ кезугай –
Раст цалинмæ и уæлиндзи
Æрфунæй ун сабургай.

И мæйæ дæр рохс мæ сæрмæ
Æнæцохæй нивæндуй,
Цæветтонгæй сабур æрдзи
Ести зæгъун æрфæндуй...

*1938*

## УАЛДЗИГОН СÆУМÆ

Ци зæрдæйесгæй уалдзигон сæумæ!
Ци ма уодзæнæй уомæй дзæбæхдæр!
Ку рафæлгæсун рæсугъд æрдзæмæ,
Деденæг уингæй идзулун æз дæр.

Арви кæронæй æ фæлмæн тунтæ,
Сугъзæрийнау хор ку иснивæндуй,
Мæргъти зарунгъæр нæ гъæдрæбунти
Алли æвзагæй низзæлланг кæнуй.

Сæнт-сурх дзæгæрæг бæласи сæрбæл
И хори тунтæй зингау æрттевуй.
Колхозон фиййау и цъæх зæлдæбæл
Зæрдигъæлдзæгæй æ дзогæ хезуй.

Урух будурæй æфсæн бæхи гъæр
Кæдзос уæлдæфи идардмæ цæуй.
И арф комæй ин нæ цурд Ирæф дæр,
Размæ æнсæндгæй, ниффæрсаг кæнуй.

*1939*



## ГАССИТЫ Георги

*Гасситы Падойы фырт Георги райгуырди 1914 азы Хуссар Иры Сталиниры районы Рустауы хъæуы зæхкусæджы хæдзары. Авдазон скъола каст куы фæцис, уæд ахуыр кæнынмæ бацыди Сталиниры педагогон техникуммæ. Уыйфæстæ ахуыры хайады сæргълæууæгæй кусын райдыдта Рустауы авдазон скъолайы. 1940 азы Георги каст фæци Сталиниры ахуыргæнджыты институт æмæ ссис ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг. Куыста Ксуисы астæуккаг скъолайы.*

*Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Георги дæр ацыдис йæ Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнынмæ. 1943 азы июны Гасситы Георги фæмард знаджы нæмыгæй.*

*Георги фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, пьесæтæ. Йæ пьесæ «Фæдис» æнæхъæнæй мыхуыр уыди чиныг «Джебогъ æмæ сисæй»-ы (Сталинир, 1959). Цы скъуыддзаг дзы уадзæм, уый иуцасдæр æрцыди редакцигонд.*

## ФÆДИС

*(Иу ныв пьесæйæ)*

**Фыццаг цыппар нывы мидис цыбырæй.**

Хадизæт æмæ Сулхан – мæгуыр чызг æмæ лæппу – уарзынц кæрæдзи, хъуамæ саразой чындзæхсæв. Фæлæ бонджын Зауырбег хъавы чызджы йæхирдæм фæкæнынмæ. Афæлвæрдта йе ’мбæлттимæ Хадизæты аскъæфыныл, фæлæ дзы ницы рауади – Сулхан фæзынд, æмæ чызгыскъæфджытæ лидзæг фесты. Фæдисы рæстæг фæмард Хадизæты фыд Мырзахъан. Зауырбег уæддæр йæ кæнон нæ уадзы, архайы чызджы байсыныл. Иуахæмы та Сулхан æмæ Хадизæт уарзондзинады ныхæстæ куыд кодтой, афтæ

сыл ӕрбамбӕлди Зауырбег. Сӕ быцӕу фӕстагмӕ рахызти хъаматӕй хӕстмӕ, фӕлӕ сын Хадизӕты мад Саучызг сӕ астӕу йӕ кӕлмӕрзӕн ӕрӕппӕрста, ӕмӕ лӕппутӕн сӕ хыл ууыл ахицӕн.

Пьесӕйы кӕрон фӕуӕлахиз вӕййынц мӕгуыр рӕстдзӕрӕг адӕм. «Рӕстдзинадыл тох никуы фесӕфдзӕни», – зӕгъы фӕстагмӕ Сулхан.

## ФӔНДЗӔМ НЫВ

*Хӕхбӕстӕ. Къӕдзӕхты рӕбын чысыл фӕз. Айнӕгыл бады фыййау ӕд лӕдзӕг ӕмӕ ӕд хызын.*

**Фыййау**. О, бастъӕлай, мӕ сонт зӕрдӕ. Йӕ ныййарӕджы ӕхсырӕй чи нӕ бафсӕсти. Мӕ хуызӕн мӕгуыр хъӕды халон дӕр нӕу, уый ма, кӕдӕм ӕй фӕфӕнды, уырдӕм атӕхы. Оу, цы фыдбонтӕ ӕрвитын. Ме рагъӕй мын гӕрзытӕ уадзы Зауырбег... Цӕй, кӕд мӕ хуызӕттыл дӕр искуы хур ракӕсид.

*Фӕцыди гӕрах, фыййау рагӕпп кодта, йӕ худ ахауди. Фӕзынди Сулхан.*

**Сулхан**. Сырдтӕ мӕ топпы гӕрахӕй фӕтарстысты, ауылты ӕрбалыгъдысты. Кӕд былӕй фӕкалдысты, уӕддӕр сӕ хӕйрӕг базонӕд. Цы райдзаст бынӕттӕ ис ам! Рӕсугъд сты нӕ хӕхтӕ. Цъӕх кӕрдӕг ӕмӕ дидинӕгӕй дарийау фӕлыст. *(Мидӕгдӕр ӕрбацыди.)* Чи дзы уыди? Кӕй зӕронд худ у? Арт дӕр дзы уыди. Ӕвӕццӕгӕн, цуанонтӕ... Цӕй, кӕд уӕдмӕ исчи дӕр зынид... Айразмӕ мын уыцы джауыр Зауырбегимӕ хыл куыд ацайдагъ Хадизӕты тыххӕй. Уӕдӕй фӕстӕмӕ мӕ зӕрдӕйы цырен арт судзы... Ӕнхъӕлдӕн, чидӕр ӕрбацӕуы. *(Амбӕхст.)*

*Ӕрбацыди* ***Тандыхъ.***

**Тандыхъ** *(кувы)*. О хуыцау, рӕствӕндаг мӕ фӕкӕн ацы хохмӕ! О Ӕфсати, рауадз та нын дӕ нӕл сагтӕй иу!

**Сулхан** *(рауади)*. Тандыхъ, хуыцаумӕ уӕгъды кувыс, дӕ къухты цӕрӕнбон бирӕ куынӕ уа, уӕд.

**Тандыхъ**. Оу, мӕнӕ диссаг! Куыд раджы?

**Сулхан**. Дӕуау фынӕй нӕ кӕнын, Тандыхъ.

**Тандыхъ**. Рацыдтӕ ӕмӕ мӕнӕй уӕлдай цы сарӕзтай?

**Сулхан**. Дыууӕ сычъийы уал сӕумӕрайсом афӕлдӕхтон Сау хохы бын. Куыд иунӕгӕй рацыдтӕ? Ӕмбал дын нӕ уыди?

**Тандыхъ**. Зауырбегимӕ рацыдтӕн ӕмӕ фӕхицӕн стӕм.

**Сулхан**. Ӕмӕ уый куыд не 'рбацыди.

**Тандыхъ.** Ӕнæрбацæугæ йын нæй. Ныхас загътам кæрæдзийæн. Ӕнхъæлмæ йæм кæсдзынæн ам. Нæ зонын, нæ зонын, Сулхан, уæ хъуыддаг цæуыл фæуыдзæни...

**Сулхан.** Цы хабар у?

**Тандыхъ.** Ӕвзæр уынаффæтæ йæм ис.

**Сулхан.** Уагæр цы уынаффæтæ?

**Тандыхъ.** Уынаффæ, фæстаджы уынаффæ Хадизæты тыххæй. Цуаны дæр саджы сыкъаты тыххæй рацыди, къулыл сæ бакæна фидыцæн. Махау цух куынæ у, йæ куыст æй куынæ домы... Ӕнæ фыдбылыз дæ нæ ныууадздзысты. Иунæг дæ, иунæг, æмæ мæ зæрдæ риссы. Фыдбон, фыдцард бирæ баййæфтай. Ма фесаф дæхи, фæлтау Хадизæт...

**Сулхан.** Кæд номæй иунæг дæн, уæддæр мæ хуызæн сау адæмтæ милуантæ сты. Ӕз нæ тæрсын мæлæтæй. Хадизæты уарзондзинадæй мæ ныфс æнæкæрон бирæ у. Кæд хур фæцуда йе 'нусон бынатæй, уæд æз дæр.

**Тандыхъ.** Зын у ахæмтимæ тох расидын. Ницы бакæндзынæ ды уыимæ.

**Сулхан.** Кæд ыл нæ фæтых уон, уæддæр ыл мæ туг ныппырх уыдзæни.

**Тандыхъ.** Сау мигътæ, дам, хохы цъуппыл бадтысты. Сæхицæн цыдæр тæрхæттæ кодтой царды фæдыл. Уалынмæ цæгатаг уазал дымгæ быдырты зыр-зыргæнгæ æрбатæхы фатау. Уыцы иу цæфæй сæ астæу смидæг. Фидар бæргæ фæлæууыдысты цасдæр рæстæджы мигътæ, фæлæ сæ фæйнæрдæм цагъд къуымбилау фæхаста. Арвæн сæ йæ кæрæтты ныппырх кодта бындзыггай.

**Сулхан.** Уымæй дæ цы фæнды зæгъын?

**Тандыхъ.** Уый, æмæ уæ тохы дуг фыдбылыз у. Уыцы джауыримæ тох хорз нæ рауайдзæни.

**Сулхан.** Уæд та мын исты зонд бацамон.

**Тандыхъ.** Цы дын бацамонон ме 'дылы зондæй? Кæд гæнæн нал ис, уæд æрæмбæхс æмæ афтæмæй сараз дæ хъуыддаг.

**Сулхан.** Мæ сæрмæ йæ нæ хæссын. Чъылдымырдыгæй знаджы амарын нæ баззад нæ Ирмæ фæткæн.

**Тандыхъ.** Ууыл гуырысхо ма кæн. Бирæгъы лæппыны кæм баййафай, уым æй амар, адæм ма дын арфæтæ дæр кæндзысты.

**Сулхан.** Хуыцау дын хорз ракæнæд. Хистæрæн, дам, йæ фындз асæрф æмæ йæ зондæй бафæрс.

**Тандыхъ.** Архайдзынæн, цæмæй мын ды дзæбæхæй раирвæзай. Мæ зæрдæ тынг риссы дæуыл. О, хæдæгай... Ацы мæнгард

Зауырбег дысон цалдæр барæгимæ ацыди Хадизæты скъæфынмæ.

**Сулхан.** Сæ къухы исты бафтыди?

**Тандыхъ.** Ницы: Хадизæты Саучызг йæ цæгатмæ акодта.

**Сулхан.** У джауыртæ, кæм мæрдты уыдтæн, кæм!

**Тандыхъ.** Сау адæмæн сæ туг нуазы. Æз цæуын, Сулхан. Уастырджи де 'ххуысгæнæг фæуæд!

**Сулхан.** Стыр дзæбидыр рафæлдах, Тандыхъ! Дæ фæндаг-иу ауылты ракæн.

**Тандыхъ.** Мæ быгъдуан. *(Ацыд.)*

**Сулхан.** Кæд Хадизæты цæстмæ дæ хъал бæхыл бирæ нал фæхæтис, Зауырбег.

*Æрбацæуы фыййау.*

Гъей, хорз лæг, ацырдæм уал раздæх!

**Фыййау.** Нæ, нæ бацæудзынæн, ды мæ сайгæ кæныс.

**Сулхан.** Тæрсгæ ма кæн, æвваxс рацу!

**Фыййау.** Куы ницы гæнæг дæн, мæ худмæ рбацыдтæн.

**Сулхан.** Рацу, мæнæ дæ худ ахæсс!

*Фыййау æрбацыд.*

**Фыййау.** Цы мæ кæныс?

**Сулхан.** Цæмæйдæрты дæ афæрсон?

**Фыййау.** Афæрс, фæлæ уал мын мæ худ куы раттис.

**Сулхан** *(дætты йын йæ худ)*. Дæ худ зæронд, дæхæдæг æвзонг. Цæмæн афтæ у?

**Фыййау.** Афтæ дæр вæййы...

**Сулхан.** Кæй фырт дæ? Кæмæй дæ?

**Фыййау.** Æз Къадзты Бызыкка дæн.

**Сулхан.** Дæ фыды ном?

**Фыййау.** Мæ фыды нæ зыдтон, чысылæй сидзæрæй баззадтæн.

**Сулхан.** Уæддæр æй искæмæй фехъуыстаис.

**Фыййау.** Мæгуырыхъо йæ хонынц хъæубæсты.

**Сулхан.** Кæмæ вæййыс?

**Фыййау.** Бонджын Зауырбегмæ.

**Сулхан.** Хорз фысым дын нæу.

**Фыййау.** Уа-хорз йæ сæры къуыдыр. Бон – кусгæ, æхсæв – кусгæ, æрхуыст мын нæй. Куы 'рхуыссын, уæд уымæн йæ уасæг раджы уасаг у. Цыдæриддæр йæ къухы ис сау адæмæй, усæй, лæгæй – иууылдæр сæ фыдудæй мары. Айразмæ чызг-æххуырстытæй иу хæдзар йæ рæстæгыл нæ ныммарзта. Уый тыххæй

йæ Зауырбеджы мад йæ дзыккутæй къултыл фæхоста. Йæ цæстытæй туг калди, мæ зæрдæ скъуыд йæ тæригъæдæй. Мæ бон ницы баххуыс уыд, æндæра...

**Сулхан.** Бирæгътæ иууылдæр къуыбырхъустæ сты, мæ чысыл æфсымæр, фæлæ ма тæрс, нæ тугкалд дзæгъæлы нæ фæуыдзæни, скæсдзæни махыл дæр сæрибары хур.

**Фыййау.** Нæ царм нын раласта Зауырбег æмæ йæ йæ уæлæ скодта. Нæ быны – лыстæн, нæ хæринаг – хъуына кæрдзын... Мæхицæн фæзæгъын: искæмæн ма исты куы ракæна, уæд ын хъама йæ артæнты аскъæрдзынæн. Хъуамæ æрæмбырд кæнон мæхи хуызætты, æмæ Зауырбеджы хуызæтты ныццæгъдæм...

*Топпы хъæр фæцыди.*

Цæй, æз цæуон. Уæд та мын мæ фос абырджытæ атæлæт кодтой.

**Сулхан.** Ма тæрс, уыдон цуанонтæ уыдзысты.

**Фыййау.** Ды цы мæт кæныс, дæуæн дæ хæдзары дæуæй хистæр нæй, цæмæй хъуамæ фæтæрсай?

**Сулхан.** Æз де 'ххуысгæнæг. *(Къæдзæхмæ æвваxс бацыди.)* Кæсыс далæ уыцы лæгмæ?

**Фыййау.** Кæм и, чи у? *(Кæсы.)*

**Сулхан.** Дæлæ нæзы бæлæсты бын æрбацæуы, йе 'ккой сæгуыты мард.

**Фыййау.** Уый Зауырбег куы у!

**Сулхан.** Калмау сбыры.

**Фыййау.** Мæ куыдзы сæр хæра, дурæй дурмæ хилы æд гæрзтæ, йæ сæгуыты сæрыл уыдон та цы сты?

**Сулхан.** Уыдон йæ сыкъатæ сты.

**Фыййау.** Æз ауайон мæ фосмæ.

**Сулхан.** Фæлæуу! Зауырбегæн зæгъ, чидæр, дам, дæм æнхъæлмæ кæсы. *(Нæмгуытæ систа æмæ сæ топпы æвæры.)*

**Фыййау.** Хорз.

**Сулхан.** Топпы хъæртæ куы фехъусай, уæд-иу æруай!

**Фыййау.** Хорз, хорз! *(Ацыди).*

**Сулхан.** Ныр мын нал аирвæздзынæ, куыдзы фырт. *(Æрæмбæхсти.)*

**Зауырбег** *(æрбацыд).* Ам дæ ныр. Нæ тохы дуг æрцыди. Фæстаджы тох!

*Сулхан рацыд æд хъыримаг. Зауырбег æй фехста. Хохы тигъ æркалди. Зауырбег айнæджы цъуппæй æргæпп кодта æд хъама.*

**Сулхан**. Хъахъхъæн-ма дæхи, бухъзæрдæ Зауырбег! *(Фехста.)*

**Зауырбег** *(йæ риуыл фæхæцыд)*. Æллæх, амардта мæ! *(Фидар лæууы.)* Рацу, рацу! Кæд мæ риуæй мæ уæздан туг кæлы, уæддæр ма хæцын демæ! Ма бамбæхс!

*Сулхан æм æргæпп кодта хъамалвæстæй, кæрæдзимæ лæбурынц, бирæ фæхæцыдысты, стæй Зауырбег мардæй æрхауд. Æрбазгъордта фыййау. Мардæй ауыдта Зауырбеджы, ныттыхсти Сулханыл.*

**Фыййау**. Бузныг, ме 'фсымæр, ды мын баххуыс кодтай мæ тохы!

*Æмбæрзæн*



## ГОДЖИТЫ Виктор

*Годжиты Темырыхъойы фырт Виктор райгуырди 1914 азы Ӕрыдоны. Астæуккаг скъола каст фæци йæ райгуырæн хъæуы. 1933 азы бацыди Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ. Уæд фыссын райдыдта уацтæ историйы æмæ литературæйы фарстатыл. Литературон къорды зæрдиагдæрæй чи архайдта, уыдонæй иу уыди Виктор. 1934 азы литкъорд уадзын райдыдта альманах «Ног талатæ». Йæ дыккаг чиныджы уыдис Годжиты Викторы уац Илас Ӕрнигоны сфæлдыстады тыххæй.*

*Виктор институт каст куы фæци, уæд æй арвыстой аспирантурæмæ. Ныффыста диссертаци «Уæрæсейы паддзах ныгуылæн Кавказ куыд байста», зæгъгæ, ахæм темæйыл. Кандидат суæвыны фадат ын нал фæци – 1939 азы йæм фæсидтысты Сырх Ӕфсадмæ. Йæ диссертаци бахъахъхъæдта афæдзы фæстæ, æфсадæй йæ ракуырдтой æмæ йæм фæдзырдтой Мæскуымæ. 1940 азы йын саккаг кодтой историон наукæты кандидаты ном. Сырх Ӕфсадæй хъуамæ æрыздæхтаид 1941 азы. Фæлæ уæдмæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Виктор уыди ротæйы политикон разамонæг. Фæмард 1941 азы Киевы цур.*

## ӔРНИГОНЫ СФӔЛДЫСТАДЫ МОТИВТӔ

*Цом-ма немæ, кæд æндæр*
*Ног хъæлæс ыссарис.*
***Хъамбердиаты М.***

Илас Ӕрнигон революцийы агъоммæйы фысджыты æхсæн ахсы зынгæ бынат. Ӕрнигоны сфæлдыстады тыххæй нырма æппындæр æрмæг нæма ис, афтæмæй йæ фыстытæ цæуынц адæмы æхсæн, ахуыр сæ кæнынц, стæй ма чи ныффысдзæн, ахæм у Ӕрнигон. Уымæ гæсгæ мах ахсджиагыл нымайæм фыссæджы тыххæй иу дыууæ ныхасы зæгъын. Ӕрнигоны сфæлдыстады мотивтæ цæмæй хуыздæр бамбарæм, цæмæй йын йæ фыстыты æмæ дуджы ‘хсæн комкоммæ бастдзинад ссарæм æмæ литературон фактæн истори-

он æгъдауæй дзуапп раттын нæ бон бауа, уый охыл зæгъын хъæуы, фыссæг литературæйы фæндагыл цы заман æрлæууыд, уый тыххæй.

Уый уыди Ирыстоны капитализмы рæзты дуг. Ирыстон Уæрæсейы колони уæвгæйæ æййæфта карз национ æфхæрд. Фыццаг уырыссаг революцийы басасты фæстæ ралæууыд реакцийы саумылазон дуг. Хæдхæцæг паддзах бæндæн тынгдæр æлвасын байдыдта адæмы хурхыл. Чиновниктæ фæллойгæнджыты æфхæрынæн хъуыды кодтой цыфыддæр мадзæлттæ. Бынæттон буржуази дæр ног революцийы тæссæй арæзта алыхуызон провокацитæ, адæмты ардыдта кæрæдзиуыл, цæмæй сæ хъару асастаид æмæ та сын æнцондæр уыдаид фæллойгæнджыты æккой сбадын.

Мæгуыр æнæзæхх адæм æфхæрд æмæ фыдцардæй сфæлмæцгæйæ уагътой сæ хæдзæрттæ æмæ лыгъдысты Америкмæ, Уæрæсемæ æмæ æндæр рæттæм. Æнамонд Ирыстон зади æвæгæсæгæй, йæ цот хæлиу кæнын байдыдтой æгас дунейыл.

Ахæм социалон уавæры æрбацыд литературæмæ Илас Æрнигон. Йе 'мдзæвгæты лейтмотив – райгуырæн Ирыстоны æфхæрд уавæрыл сагъæс. Æрнигон йæ къухтæ ныттыгъта æмæ арвмæ кæсгæйæ кувы:

*Арфæ ракæн, арв, нæ бæстæн,*
*Арф дæ фарнæй бамбæрз мах.*
*Арв, нæ бæстæм, арв, нæ фæзтæм*
*Амонд арæхдæр ыздах.*
(«Арфæ ракæн»)

Стæй æндæр ран:

*Ракæс нæм рухс цæстæй, ракæс нæ хæхтæй,*
*Д 'арфæ нæ Ирæн æнæвгъау ды зæгъ.*
(«Уастырджи»)

Æрнигон æнувыд у нæ фыдæлты хорз æгъдæуттыл:

*Мæрдты дæ бæхæн уæд нæдæр цæуæн,*
*Нæдæр ын уæд фæндиаг сирæн, –*
*Ды мын нæ хæхты 'хсæн фыртæн*
*Куы нæ сбæззай нæ Ирæн!*
*(«Фыд йæ фыртæн фæдзæхсы»)*

Фæлæ «бæззон фыртæн» алыхуызон æмбарæн ис. Цымæ кæй хоны Æрнигон Ирыстоны аккаг фырт? Байхъусæм ын йæхимæ.

*Ирон цæра, стæ-ма! –*
*Дæ цъæх нымæт фехс, –*
*Куыд фидауы, цæй-ма,*
*Дæ рахизы ехс!*
*(«Фæлмæн у дæ лыстæн»)*

Ахæм у Æрнигоны «бæззон фырты» идеал. Фыссæг зары, «æгъдауæй, æвзагæй нæм чи у ирон», уыдоныл, фæлæ не ‘мбары, ирон адæм къласыл дих кæй сты, се ‘хсæн тох кæй рæзы, уый. Кълассон æгъдауыл дих кæныны бæсты Æрнигон ирон адæмы иу кæны æгъдау, æвзаг æмæ райгуырæн бæстæйы бындурыл. Ахæм цæстæнгасы хицау уæвгæйæ фыссæгæн раст бамбарæн нæй социалон-экономикон змæлдтытæ, нæй раст аргъ скæнæн историон процессæн алы конкретон уавæры дæр. Уацмыстæ дæр уæд идейон æгъдауæй рауайынц лæмæгъ. Æрнигон йæ дуджы ныхмæвæрддзинæдтæ кæй не ‘мбæрста, æфхæрд адæмы ссæрибар кæныны фæндаг кæй нæ уыдта, уымæ гæсгæ йæ фыстыты хъарæгæй бæрзонддæр схизын йæ бон нæ баци:

*Хæрзбон! Хæрзбон! Мæ цард мæ суры,*
*Фæрыст мæ сонт зæрдæ... цæуын...*
*Фæстаг хатт абон æз уæ цуры*
*Лæууын, мæ хæхтæ, ‘мæ кæуын.*

*Мæ Иры сау къæдзæх, дæ риуыл*
*Мæнæн, æвæдза, нæй фæндаг.*
*Уæд та фæкæуон, цæй, мæхиуыл*
*Фæстаг хатт абон æз мæ фаг.*
(«Хæрзбон»)

Æфхæрд адæм реакцийы ехсы бынæй лыгъдысты Уæрæсемæ æмæ æндæр рæттæм хуыздæр цардагур. Æрнигон дæр йæхи бамбал кодта уыцы бæлццæттимæ. Уый цыди «зондагур», хотыхагур. Фæлæ цы ссардта? Уайтагъд йæ ныфс асаст. Йæ фæндтæ ныппырх сты уæззау царды фидар къæдзæхыл. Æрнигон цыди Уæрæсемæ лыстæг идеалтимæ, фидар политикон хахх ын нæ уыди æмæ афтæмæй «уады бын» кæй фæци, уый диссаг нæу. Цард домдта тох, æвæлмæцгæ, арæхстджын тох. Æрнигонæн йæ бон нæ уыд ахæм тохы бацæуын. Йæ бон нæ уыд уыцы тохы йæ бынат ссарын æмæ «йæ фæндтæ нал ысхастой рæз», йæ «ныфс ын сау дымгæ

фæхаста». Цард ыл æруагъта йæ уæззау арм. Йæ райгуырæн бæстæй фæхауæггаг пырх фæндтимæ, саст ныфсимæ, хи æдыхдзинад æмбаргæйæ фыдбонтæ æрвыста, æмæ ма йын цы баззад, уый – йæ райгуырæн Ирыстоны хъизæмарыл катай, йæ хъæу, йæ фыдæлты уæзæг мысын. Уый мидæг сты Æрнигоны пессимизмы уидæгтæ. Кæд Цæгатмæ цæугæйæ фыссæг ныфсджын уыди, кæд йæ зæрдæ рухс уыд Ирыстонæн баххуыс кæныны хъуыдыйæ, кæд ирвæзынгæнæг агуырдта йæ бæстæн, уæд фæстæдæр йæ бон базонгæйæ сагъæс кæнын байдыдта:

*Кæд нæ къæсæрæй*
*Ныр æнæнцойæ*
*Куыдз, нæ дынджыр куыдз,*
*Уым мæнмæ ниуы...*

*Æз Ирыстонæй*
*Дардмæ, дард бæстæм,*
*Ныр цы рацыдтæн*
*Сонтæй цардагур?*

(«Сагъæс»)

Æрнигон цы уавæры бахауд, уырдыгæй рацæуын йæ бон нал уыд. Цардимæ быцæу ын базонын кодта йæ тых, змæнтын байдыдта йæ сæрымагъз, райгуырæн бæстæн æххуысы рæсугъд хъуыдытæ йæ быны кæнгæйæ. Уый у, æхсæнадæй чи аиуварс, царды йæ бынат чи не ссардта, ахæм иунæджы трагеди. Æрнигон нæ уыдта фæндаг, цы къуырцдзæвæнмæ бахауд, уырдыгæй, йæ цæстыты раз цард лæууыд мæйдар æхсæвау. Цы федта хорзæй йæ царды Æрнигон? Зæрдæниз йеддæмæ ницы. Хъæлдзæгдзинад бынтондæр ныууагъта фыссæджы:

*Къулсæрæй ныууагъта*
*Хъæлдзæгдзинад мæн.*
*«Хорз байрай» нæ загъта*
*Ме 'нхъæлцау мæнæн.*

(«Хъæлдзæгдзинад»)

Пессимизм æмæ хъарæджы фæндагыл куы ацæуæм, уæд бахæццæ уыдзыстæм ирвæзынгæнæг фæстаг фæрæзмæ – ингæнмæ. Æрнигон тынгæй-тынгдæр æмбарын байдыдта хи иунæгдзинад. Зæрдæ хъарæг йеддæмæ хъæлдзæгдзинад нал комы, царды цин та мæсты кæны фыссæджы. Цардæй искуыдæм алидзын, сæнттыл

хи бафæдзæхсын – уымæ æркодта фыссæджы уыцы фæндаг. Булæмаргъы рæсугъд зарæг – Æрнигонæн зæрдæниз:

*Ма 'рвит, булæмаргъ, зылангæй*
*Царды цин мæ размæ!*
*Ма зар райсомæй тъæллангæй*
*Рудзынгæй мæ базмæ!*

(«Иунæджы зарæг»)

«Иунæджы зарæг» – Æрнигоны тæссар фæндæгты, бирæ агуырдтыты фæстиуæг. Логикон æгъдауæй фыссæгæн ахæм кæронбæттæнмæ æнæ æрцæугæ нæ уыд. «Цом-ма немæ, кæд æндæр, ног хъæлæс ыссарис» – ахæм хос ын амоны Хъамбердиаты Мысост. Уымæй хуыздæр хос нæй Æрнигоны «низæн».

Мах тырныдтам Илас Æрнигоны сфæлдыстады сæйрагдæр мотивтæ равзарынмæ. Йæ æппæт фыстытыл ныхас кæнын нæ хæс нæ уыди. Хæрзцыбырæй ма зæгъинаг дæн йæ радзырд «Челе»-йы тыххæй. Уым фыссæг тынг дæсны сныв кодта чъынды зæхкусæджы сурæт. Æрнигон зоны æмæ æмбары адæймаджы психологи, аив гыццыл æрмдзæфтæй нын сарæзта хъæууон царды нывтæ: радзырд фыст у рæсугъд æвзагæй. Йæ æвзаг, йæ арæзт æмæ хъуыды равдисыны тыхмæ гæсгæ «Челе»-йы æрæвæрæн ис новеллæйы хуыздæр дæсныты (Мопассаны, Чеховы) фыстыты æмрæнхъ.

Аивадон æгъдауæй Æрнигонæн йæ æмдзæвгæтæ дæр æмæ йæ прозæ дæр сты тынг бæрзонд. Æрнигоны къухы ирон æвзаг тасы алырдæм, стыр аив фыстытæ кæнæн ыл кæй ис, уый æвдисгæйæ. Æрнигон хорз арæхсы классикон æмдзæвгæйы авналæнтæй пайда кæнынмæ, йæ техникæмæ гæсгæ лæууы Къостайы æмрæнхъ. Фæлæ идейон æгъдауæй хатгай бынтон рæвдз нæ рауайынц йæ фыстытæ.

Æрнигоны сфæлдыстад ирон литературæйы историйы у æнæхъæн къæпхæн. Хынцын æмæ зæрдыл дарын хъæуы, цы дуджы фыста, уый. Нæ æрыгон фысджытæн, Æрнигонæй цы райсой, уый ис. Æрмæст ын сбæлвырд кæнын хъæуы йæ рæдыдтæ дæр æмæ йæ хорздзинæдтæ дæр, йæ зондахаст ног социалистон фæндагыл рацаразынмæ йын хъæуы æххуыс.

*1934*



## ГУТНАТЫ Хъанымæт

*Гутнаты Алыксандры фырт Хъанымæт райгуырди 1905 азы Хъæдгæроны рæстæмбисцæрæг зæхкусæджы хæдзары. Ахуыр кодта хъæууон скъолайы. 1928 азы бацыди Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты литературон факультетмæ. Каст æй куы фæци, уæд райдыдта аспирантурæйы ахуыр кæнын. Уыцы иу рæстæг куыста техникумтæ æмæ кусæг факультетты.*

*1940 азы кусын райдыдта Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæг институты хистæр наукон кусæгæй. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы та йæ снысан кодтой институты директорæй. Фашисттæ Ирыстоны зæхмæ куы ‘рбахæццæ сты, уæд Хъанымæты разамындæй институты зынаргъ гæххæттытæ ласт æрцыдысты Хъæдгæронмæ.*

*1942 азы ноябры йæ куысты фæдыл Хъæдгæронæй горæтмæ цæугæйæ Хъанымæт фæмард знаджы бомбæйы схъисæй.*

*Гутнаты Хъанымæт фыста литературæйы фарстатыл уацтæ, æмбырд кодта адæмон сфæлдыстад.*

## УÆ, ЦÆРГÆС, ЧИ ДÆ ФÆНАДТА?

– Уæ, цæргæс, чи дæ фæнадта?
– Иу зæронд лæг.
– Цæмæн дæ фæнадта?
– Сæ цъиу сын бахордтон.
– Афтæ дын хъуыди.
– О карк, чи дæ фæнадта?
– Мæкъуылты хицау.
– Цæмæн дæ фæнадта?
– Йæ хор ын хордтон,
Йæ дон ын нозтон.
– Кæд дæ надта – фыддæр дын хъуыди!
– О къæбыла, чи дæ расырдта?

– Иу зæронд лæг.
– Цæмæн дæ расырдта?
– Сæ доны былты зылдтæн.
– Цæмæн дзы зылдтæ?
– Ыстонджы мын уыди.
– Кæй дын радтам, уый дæ фаг нæ уыд?

## ТЕТЕ

Къæссæ-мæссæ – симæссæ.
Ой, Тете!
Уайгæ, Къæссæ, нæхимæ.
Ой, Тете!
Абырджытæ æрбацæуынц.
Ой, Тете!
Дада дæм сæ не 'рбауадздзæн.
Ой, Тете!
Уый сæ дардмæ фæсурдзæн.
Ой, Тете!
Дæлæ сæм дада фæцæуы.
Ой, Тете!
Дада дуарæй куы федде.
Ой, Тете!
Абырджытæ алыгъдысты.
Ой, Тете!
Къах сæ роны абырджытæн.
Ой, Тете!

## ОЙ, АЛОЛАЙ, АЛОЛАЙ!..

Уæ мæ хъæбул, афынæй у.
Ой, алолай, алолай!
Уæ мæ зæрдæйы уидаг.
Ой, алолай, алолай!
Хуысджытæ æмæ нæрсджытæ.
Ой, алолай, алолай!
Агуысси кæн, афынæй у.
Ой, алолай, алолай!
Фыдцæстæй дæм чи 'ркæса,
Ой, алолай, алолай!

Уымæн айчы хъузг йæ хæдзар.
Ой, алолай, алолай!
Судзины бын йæ дуар.
Ой, алолай, алолай!
Карды ком та йæ фæндыр.
Ой, алолай, алолай!
Афынæй у, мæ хъæбул.
Ой, алолай, алолай!
Дзæбæхæй мын ахъомыл уай.
Ой, алолай, алолай!

## РЕУА

Ой, Реуа, ой, гæды Реуа, кæдæм цæуыс?
Ой, Реуа.
Уый хъæдхидыл кæдæм цæуыс къуылых-къуылых?
Ой, Реуа.
Уæртæ, зæгъы, Гугутæм усгур цæуын.
Ой, Реуа.
Ой, Реуа, ой, гæды Реуа, цытæ хæссыс?
Ой, Реуа.
Мæ иу дзыппы сæрачы муртæ.
Ой, Реуа.
Ме 'ннæ дзыппы фæрачы муртæ.
Ой, Реуа.
Ой, гæды Реуа, кæдæм цæуыс?
Ой, Реуа.
Æмæ сын сæрачы муртæ цæмæн хæссыс?
Ой, Реуа.
Æмæ фæрачы муртæ цæмæн хæссыс?
Ой, Реуа.
Ой, гæды Реуа, кæдæм цæуыс?
Ой, Реуа.
Сæрачы муртæ сæ сывæллæттæн дзабыртæн.
Ой, Реуа.
Фæрачы муртæ сæ цъиутæн холлагæн.
Ой, Реуа.
Ой, гæды Реуа, кæдæм цæуыс?
Ой, Реуа.
Ой, Реуа, Реуа, кæдæм цæуыс?

## ЧЪЕДЕЛА ‘МÆ КЪОБОЛА

Ой, дыг-дыг чи нæ зæгъа.
Ой, дыгоца!
Ой, дыгоца чи нæ зæгъа,
Ой, дыгоца!
Цады бадæг дыгоца.
Ой, дыгоца!
Чъедела ‘мæ Къобола.
Ой, дыгоца!
Дыгоцамæ бадзурут.
Ой, дыгоца!
Раскъæр-ма нын Чъедела,
Æрц-æрц, дыгоца!
Раскъæр-ма мын Къобола.
Ой, дыгоца!
Нæ хуымтæ сæ бакæнæм.
Ой, дыгоца!
Хуымты мæнæу байтауæм.
Ой, дыгоца!
Хуымты мæнæу æрзайдзæн.
Ой, дыгоца!
Сырх мæнæу æрысдзыстæм.
Ой, дыгоца!
Гукку гаги ахæрдзæн.
Ой, дыгоца!
Дыгоца ‘мæ дыгоца.
Ой, дыгоца!
Сызгъæринæй дæ гоцца!
Ой, дыгоца!
Ой, дыгоца чи нæ зæгъа.
Æрц-æрц, дыгоца!



## ГУЫТЪИАТЫ Мамытджери

*Гуытъиаты Саламджерийы фырт Мамытджери райгуырди 1921 азы Бесланыхъæуы. Астæуккаг скъола дæр уым фæци каст. Литературæйы йæ хъарутæ фæлварын райдыдта хæрзæрыгонæй. Æнувыдæй куыста скъолайы литературон къорды. Иуцасдæр ацахуыр кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты. Хæсты размæ йæ уацмыстæй цалдæр фæзынди республикæйы æмæ районы мыхуыры.*

*Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Мамытджери куыста Рахизфарсы районы радиойы: уыди редактор æмæ диктор. Фронтмæ ацыди хæсты фыццаг бонты. Фесæфт æнæбæрæгæй.*

### ХУРЫСКАСТ

Сырх æрттивгæ,
Талынг ивгæ
Рухс хур хъæугæрон ыскаст.
Хуры хъармы
Уæлæ арвыл
Сау мигътæн сæ тых фæсаст.

Дымгæ симы,
Мигъты ссивы,
Хъуысы дæтты хъæлдзæг зард.
Арвгæрæтты
Сау мигъ гæрды,
Хъавы ракъахынмæ загъд.

Мигъ, ды махæй
Загъд куы къахай,
Уæд нæ тых, нæ хъару зон.
Уый дыдзыхур
Нæу – тыхыхур:
Фидæн рухс кæны нæ бон.



## ДАТИТЫ Дзантемыр

*Датиты Муцкайы фырт Дзантемыр райгуырди 1917 азы Хæтæлдоны зæхкусæг бинонты æхсæн. Авдазон скъола каст фæуыны фæстæ бацыди педагогон техникуммæ. Уыйфæстæ куыста ахуыргæнæгæй Хæтæлдоны, стæй та Суададжы скъолайы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тæккæ райдайæны Дзантемыр каст фæци Дзæуджыхъæуы æфсæддон скъола æмæ ацыди хæсты быдырмæ. Фæлæ дзы фæстæмæ нал раздæхти.*

*Дзантемыр фыста æмдзæвгæтæ, цыдысты йын республикæйы газетты æмæ журналты.*

## МÆ РАЙГУЫРÆН БÆСТÆЙÆН

Мæ райгуырæн бæстæ,
Дæуыл у мæ зарæг.
Мæ худт дæр, мæ хъазт дæр
Мæ цин дæр ды дæ.
Мæ уарзон ысхæссæг,
Куы хъæуон – фæдзур мæм.
Æдзухдæр дæ сæрыл
Дæн тохмæ цæттæ.



## ДЕГЪУАТЫ Андрей

*Дегъуаты Мæхæмæты фырт Андрей райгуырди 1921 азы Хохы Дæргъæвсы. Йæ ныййарджытæ уыдысты мæгуыр, æвадат зæхкусджытæ. Хохы цъассæй сын быдырмæ ралидзыны фадат фæцис æрмæстдæр 1924 азы. Æрцардысты Ираны хъæуы. Ам Андрей каст фæци æнæххæст астæуккаг скъола. Дарддæр ахуырмæ бацыд Дербенты политикон рухсады техникуммæ, фæлæ йæм царды фæрæзæн æххуыс кæй никæцæй цыд, уымæ гæсгæ йæ бахъуыд йæ ахуыр ныууадзын. Æмæ кусын райдыдта Джызæлдоны районы газеты. Уырдыгæй ацыд Советон Æфсады рæнхъытæм дæр. Фыдыбæстæйы Стыр хæст æй æрæййæфта Белоруссийы хурныгуылæн арæныл. Йæ бинонтæм ма дзы фæстаг фыстæг уыди 1941 азы 20 майы. Фесæфт æнæбæрæгæй.*

*Андрей фыццаг литературон къахдзæфтæ кæнын райдыдта 1938 азы. Йе 'мдзæвгæтæ цыдысты районы газеты, стæй «Æрыгон большевик»-ы, журналтæ «Пионер» æмæ «Мах дуджы».*

### УÆРÆХ БÆСТÆ

Рæсугъд быдыр, зæлдаг рæгътæ,
Уæрæх бæстæ, цъæх фæз.
Бæрзонд цъити, бæрзонд хæхтæ,
Уæ цинæй рæзын æз.

У рухс бæстæ мæ заринаг,
У рухс Цæдис мæ цин.
Мæ амонд дзы нæу аринаг,
Мæхæдæг ын – æфсин!

Кæсут-ма ныр, нæуæг дуджы
Куыд хъæлдзæг у нæ цард!
Куы азæлы нæ зарæджы
Нæ цинады кой дард...

Æнæкæрон – нæ фæндæгтæ,
Æнæкæрон – нæ бар!
Нæ быдырты – æфсæн бæхтæ,
Ныззар-ма сыл, ныззар!



## ДЖЕЛЫТЫ Хазби

*1941 аз. Раздзоджы хъæуккаг лæппу Джелыты Агуыбечыры фырт Хазбийыл нудæс азы йеддæмæ нæма цыд. Майы мæйы каст фæци педагогон скъола. Хъуамæ райдыдтаид ахуыргæнæгæй кусын, фæлæ йæ къухы нал бафтыди – фашистон Герман æрбабырста нæ Фыдыбæстæмæ, карз хæст райдыдта. Хазби дæр ацыди тохы быдырмæ æмæ дзы фæстæмæ нал раздæхти.*

*Поэзийыл æнувыд уыди Хазби. Йæ уацмысты уый æвдыста фæсивæды хъуыдытæ æмæ бæллицтæ, зарыдис йæ райгуырæн Ирыстоны æрдз æмæ сыгъдæг уарзондзинадыл. Йæ æмдзæвгæтæ арæх цыдысты газет «Æрыгон большевик» æмæ журнал «Пионер»-ы.*

### УАЛДЗÆГ

Мæнæ та ис уалдзæг.  
Зæрдæ цинæй хъазы.  
‘Гас цу, ‘гас, нæ уазæг,  
Абад-ма нæ разы.

Æрдзы риу фæрайдзаст.  
Тауы хур йæ цинтæ.  
Дон та æрхы ракалд.  
Зарынц хъæлдзæг цъиутæ...

О уалдзæг, дæ хæрзтæ  
Мах зæрдæты байтау.  
Мæнæ цингуырд фæлтæр –  
Барæвдау сæ мадау!

* * *

Тындзгæ, мæ зæрдæ, рухс бон агур.
Чызгай, дæ уарзт – мæ царды ‘мбис.
Дæхицæй сау лæппуйы ма сур,
Нæ уарзт хæрамæй, мастæй хиз.
Ыстъалы, мæйыл дæ нæ барын.
Мæ зæрдæ дын – зæххон лæвар.
Цы домы рæстæг царды фарны, –
Сыгъдæгæй сæ дæ риуы дар.
Цæудзысты азтæ, рæстæг ивдзæн, –
Фæлæ мæ уарзтæн ивæн нæй.
Æмæ дæуæй куыд фæуон хицæн?..
Мæнæн нæй ахицæн дæуæй.



# ДЖИОТЫ Грис

*Джиоты Мускъелы фырт Грис райгуырди 1921 азы Хуссар Иры Гуфтайы хъæуы. Дыууæ азы йыл куы рацыди, уæд амард йæ мад. Фондз сывæллоны базадысты фыды æвджид æмæ тыхстæй цардысты хохаг æвадат уавæрты. Грис – цоты кæстæр, уæлдай фæкæсинаг куыд нæ уыди, æмæ йæм иууылдæр сæ хъус дардтой æфсымæртæ æмæ хотæ, уæлдайдæр та сæ хистæр фынддæсаздзыд Мело. 1927 азы Мело чындзы æрцыди Ногиры хъæумæ æмæ йæ чысыл фæкæсинаг æфсымæры йемæ ракодта. Ам Ногиры бахъомыл и Грис, ам фæци каст хъæууон скъола, ардыгæй ацыди Райгуырæн зæхх хъахъхъæнынмæ. Фæстаг гæххæтт ма æрæрвыста Севастополы зæххæй. 1943 азы æбæрæгæй фесæфти хæсты быдыры.*

* * *

Куыд бирæ дæ уарзын, мæ хуры хай Нинæ,
Нæ зонын, куыд æй зæгъон, уый дæр.
Уыди мæм хъуыдытæ æнæкæрон бирæ,
Фæлæ мын нæ бантыст сæ иу дæр.

Мæ зæрдæйы мидæг æвæрд уыдтæ рагæй,
Мæ риуы дын хастон дæ буц ном.
Нæ дæм дзырдтон барæй хуымæтæджы ‘взагæй, –
Нæ дæм хъæцыд дзурын мæ цæсгом.

Фыдыбæсты хæст мæ йæхимæ фæласы, –
Мæ балцыл куыд нæ кæнон катай?
Уæддæр ма дын, Нинæ, мæ фæстæг ныхасы
Фæдзæхсын: мæ мæтæй-иу ма тай.

## УАЛДЗÆГ

Хуры рæсугъд тынтæй
Бæстæ ныррухс и.
Царды рæсугъд фынтæй
Зæрдæ ысбуц и.

Акæс, сæрибарæй
Адæм куыд зарынц.
Уæнгтæ сæхи барæй
Куыстмæ æвналынц.

Иууыл сæ бынæттæм –
Алырдæм акæс, –
Згъорынц сæ куыстуæттæм, –
Цæст-ма сыл ахæсс.

Нæй сæ фæхъыгдарæн
Абон сæ куысты,
Акæс, сæ буц зарæг
Хъуысы ‘мæ хъуысы.

Уыдонæн цардæттæг
Чи у, ды базон:
Уый у нæ буц фæтæг –
Парти, нæ уарзон.

## ДИДИНÆГ

Дидинæг донproblem
Байрæзти цъæх нæууыл.
Ауагъта къабæзтæ даргъ.
Доны фæйлауæнты
Уддзæф ыл сæмбæлы
Базыртæ сисы куыд маргъ.

Зæрдæ йæ фенгæйæ,
Доны был бадгæйæ
Цинæйдзаг фесты æваст.
Уарзæтты зæрдæтæн
Уый у зæрдæрухсæн, –
Йемæ ыскæнынц сæ хъазт.

Уалдзæг рæууон дымгæ
Хъазгæ куы радымы, –
Цадæг ын уигъы йæ сæр.
Зæрдæ йæ цингæнгæ
Риумæ куы ‘рбалвасы
Цæст ма цы фендзæн хуыздæр?!

* * *

Цæй, сыстут, нæ фæсивæд, сыстут.
Нæ Райгуырæн бæстæ нæм сиды.
Нæ лæпputæ, размæ, цы фестут, –
Ызнаг нæм къæлæтæй æвзиды.

Цæй, сыстут, цæмæй та æлдармæ
Нæ раттæм фæстæмæ нæ бартæ.
Нæ фæндаг у рухс фæндаг – цардмæ.
Мах макуы уæм хъуамæ цагъартæ.

Цæй, сыстут, нæ фæлтæртæ, сыстут,
Нæ Фыдыбæстæ нæм куы сиды.
Хъæбатыр хæстонтæ уыдзыстут, –
Уæ уæнгты сыгъдæг туг æхсиды.



## ДЗАДЗАТИ Хусин

*Дзадзати Израилы фырт Хусин райгуырди 1921 азы Цыколайы. Йæ фыд уыди мæгуыр зæхкусæг. Хусин фыццаг ахуыр кодта хъæууон скъолайы, стæй та Николаевскы педагогон скъолайы (Сталинграды область). 1938 азы фæрынчын æмæ йæ ахуыр ныууагъта. Фæстæдæр бацыди Кæсæг-Балхъары педагогон институтмæ, фæлæ уым дæр бирæ нæ ацахуыр кодта. 1941 азы кусын райдыдта газет «Социалистон Дигорæ»-йы. Афæдзы фæстæ йæ арвыстой политразамонджытæ цæттæгæнæг курсытæм. Сси хистæр лейтенант. Арвыстой йæ хæцæг æфсадмæ æмæ фæмард 1942 азы Туапсемæ хæстæг.*

*Дзадзати Хусин фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, фельетонтæ, уыди тæлмацгæнæг дæр.*

* * *

Деденæг куд хонуй æхемæ  
Мудбиндзи, дæтгæй ин æ муд, –  
Гъе уотæ, мæ финст, ду дæхемæ  
Æркæнæ кæсгути æмбурд...

*1937 анз. Чикола*

### РАЗМÆ, ÆМГÆРТТÆ!

Залиаг калм марг таугæ æрбалæст,  
Раст адæмæн тугуарæн кæны.  
Судзы зæхх... Нæры, дзыназы сау хæст,  
Арвмæ пиллон здыхсгæйæ кæлы.

Цом, лæппутæ, калмы ‘взæгтæ сласæм!  
У сæрибар не стырдæр хæзна.  
Размæ, гъей, рæстдзинадуарзаг адæм,  
Риза, уадз, æмризæджы ызнаг!

*1941 азы 7 июль*



## ДЗÆХАТЫ Темырхъан

*Дзæхаты Гадзæгойы фырт Темырхъан райгуырди 1904 азы Цæгат Ирыстоны Тменыхъæуы. Йæ фыд уыди мæгуыр зæххкусæг. Бирæ зынтæ ‘взæрстой Дзæхаты бинонтæ хохы цъассы. Æмæ фæстæдæр ралыгъдысты Джызæлмæ. Ам Темырхъан ахуыр кæнын райдыдта скъолайы. 1926 азы та бацыди Цæгат Ирыстоны педагогон техникуммæ. Æнувыдæй архайдта, номдзыд ахуыргæнæг Гуыриаты Гагуыдз разамынд кæмæн лæвæрдта, уыцы литературон къорды. Темырхъанимæ уыцы къорды уыдысты Мамсыраты Дæбе, Плиты Грис, Бесаты Тазе æмæ Хъайтыхъты Геор.*

*Техникум каст фæуыны фæстæ Темырхъан кусын райдыдта ахуыргæнæгæй.*

*Уæдмæ гитлерон фашисттæ æрбабырстой нæ Райгуырæн бæстæмæ, æмæ Дзæхайы-фырт дæр ацыди тохы цæхæрмæ. Дзгойты Андрей (Темырхъанимæ педтехникумы иу рæстæг ахуыр кодтой) куыд зæгъы, афтæмæй æрыгон поэт фæмард 1943 азы знæгтæй Литвайы зæхх хъахъхъæнгæйæ. Ныгæд æрцыди Литвайы ССР-ы, Моседис, зæгъгæ, уыцы хъæуы цур.*

### ХОСГÆРДÆГ

Ныр кæрдгæ, мæ цæвæг,
Лæгъзыты дзæбæх!
Хосгæрстæн æнæмæнг
Хицау систæм мах.

Зæхджынтæн-иу карстам
Ницæйаг мыздыл.
Кусæг уыд фыдаслам,
Уыд нымад куыдзыл.

Акæрд мын бындзарæй
О мæ цæвæг, цæй!
Кæрдæгыл зæллангæй
Футт кæ ныр фæрнæй!

Дауын дæ цæнгдыхæй,
Риуыгъын тыхджын.
Ног царды мæ куыстæй
Ныр дæн æз ныфсджын.

Уарзын ныр мæ дзаума,
Уарзын ныр мæ куыст.
У мæхи сæ пайда,
Нал дæн зæххыл тыхст.

Цæй, уæдæ, мæ цæвæг,
Дард хæссæм нæ уис!
Хуссары цъæх кæрдæг
Арф, бындзарæй ис!

*1925*

## ТÆРХЪУС

Тæрхъус цъæх мæнæуты
Бонмæ ‘ввахс фæхызт.
Астымы хæмпæлты
Дзагъырæй нымбæхст.

Фегуырд мыст йæ цуры,
Йе ‘ккой абадт цырд.
Тæрхъус фестъæлфт, дугъы
Хъæдбынмæ фæлыгъд.

Иу каст ма фæкодта
Хъæдбынæй æваст:
Чи мæ скъуымбил кодта,
Чи мæ зоны маст?

Сурæг æй нæ уыди,
Бындз нæ уыд æввахс.
Оуу, йæ уд фæцыди,
Ратоны йæ фарс...

«У мæнæн фæстаг бон
Ацы бон бæлвырд.
Цон æмæ цæппарон
Арф доны мæ уд».

Доны былмæ ‘ртахти:
Багæпп дзы кæнон!
Хæфс дын дзы фæтарсти:
Тъупп! – фæци дæлдон.

Хæфс йæ сæр ысдардта
Донастæу, тæрсы,
Тæрхъусмæ ныццавта
Сау дыуулæ цæсты.

«Æ, Хæфси! Хъыр-хъырæг!
М’ амонд ды фæдæ.
Доны бын ныгъуылæг,
Диссаг та ды дæ...

О мæгуыр, мæ тутт сæр!
Сæфтæ, ‘мæ цæуыл? –
Мæнæй ма тæппуддæр
Разынди зæххыл!

*1939*



## ДЗУЦЦАТЫ Æхсарбег

*Дзуццаты Æхсарбег райгуырди 1920 азы Быдыры Дæргъæвсы. Йæ фыд Асæхмæт уыди рæстæмбисцæрæг зæхкусæг. Æхсарбег фыццаг ахуыр кодта йæ райгуырæн хъæуы скъолайы, стæй та Æрыдоны. Уыйфæстæ бацыди Цæгат Ирыстоны педагогон техникуммæ. Каст æй куы фæци, уæд иуцасдæр ахуыргæнæгæй акуыста сæхи хъæуы, стæй та Кировы районы газеты. Уалынмæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ Æхсарбег ацыди тохы цæхæрмæ. Йæ бинонтæ ма дзы фæстаг фыстæг райстой 1942 азы.*

*Æхсарбег фыста æмдзæвгætæ æмæ радзырдтæ. Йæ уацмыстæ цыдысты республикæйы газеттæ æмæ журналты.*

### ÆМБИСÆХСÆВ

Комы бæлæстæ æнцадгай
Доны зарæгæн хъырнынц.
Мæйы рухс цæсты æнгасæй
Разынди уæйыгау рындз.

Хъæуы нал судзы цырæгътæ,
Хъæу æрсабыр и, хуыссы.
Бæрзы уадултæм нæ хæхтæй
Дымгæ мондагæй тындзы.



## ЕДЗИТЫ Цини

*Едзиты Цини уыди номдзыд ирон скульптор Едзиты Сосланбеджы фырт. Цини райгуырди 1916 азы Хъарман-Сындзыхъæуы. Ахуыр кодта Мæскуыйы Аивадты академийы. Дыккаг курсы йæ ахуыр ныууагъта æмæ бацыди Цæгат Ирыстоны педагогон институтмæ. Каст æй фæци 1938 азы. Уыйфæстæ ахуыргæнæгæй кусын райдыдта Цыколайы.*

*1939 азы йæм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Хæст дæр æй уым æрæййæфта. Хæцыди Каунасы, уыди хæдтæхджыты ныхмæ хæцæг артиллерийы. 1942 азы бахауди знаджы къухмæ уацары. Бирæ хъизæмæртты фæстæ амарди концлагеры.*

*Едзиты Цини фыста æмдзæвгæтæ æмæ очерктæ. Йæ уацмыстæ цыдысты газетты æмæ журналты, стæй иумæйаг æмбырдгæндты. 1934 азы педагогон институты литкъорды уæнгтæн цы альманах рацыди, «Ног талатæ», зæгъгæ, уымæн йæ дыккаг чиныджы Цини ныммыхуыр кодта æртæ прозаикон этюды. Ацы чиныгмæ дзы бахастам иу.*

## КЪÆХТЫСÆР

*(Фæндаггоны фыстытæй)*

Цъититæ урс-урсид тинтычъи нымæтхудты хуызæн хæхты цæгæр сæртыл конд кæмыты сты, уырдыгæй рацæуы уазал хæххон дымгæ. Згъоры, асæрфы йæхи стыр къæдзæхты риутыл, йæ хъæбысы акæны бæрзонд тæрс бæлæстæ, сызмæлын сын кæны се ставд цæнгтæ æмæ дарддæр хъазгæ, донимæ ныхасгæнгæ атæхы быдырмæ. Рыг соса фæндаг бæндæнау хилы комы фæхстыл. Кæм йæхи донмæ æрхæстæг кæны, кæм та айнæг къæдзæхты сæрты афардæг вæййы бæрзæндтыл.

Зæронд лæг ныггуыбыр, лæдзæджы æнцæйтты сабыргай арф рыджы йæ къахдзæфтæ уадзгæйæ фæцæуы комы.

– Дæ фæндаг раст, зæронд лæг!

Урс рихитæ. Фæтæн ныхы царм цæхгæрмæ арф нынхъырдтæ ис. Йæ фæллад цæстытæ мæ мæ сæрæй мæ къæхтæм асгæрстытæ кодтой.

– Станцæмæ цæуыс, мæ хур?

– Уæртæ Къæхтысæрмæ мæ зæрды ис бауайын, никуыма дзы уыдтæн, диссаг æй хонынц.

– О, Къæхтысæр диссаг у, фæлæ мæнæ, мæнæ, – лæдзæджы фындз размæ ариуыгъта, – диссæгтæ ам, станцæйы сты.

Фæндаджы сæрмæ йæхи цы хох райвæзта, уый тæккæ былыл джихæй лæууы сау фыдæлтыккон мæсыг. Йæ астæуыл афасти. Хур, къæвдатæ, мит æмæ зымæгон тымыгътæ бирæ сæдæ азты кæй бадомдтой, уыцы фæрстæ ма тыххæй хæцынц кæрæдзиуыл. Фаллаг тигъ æрызгъæлди...

Зæронд лæг хуримæ куы фемдзаст вæййы, уæд йæ цæстытæ доны разилы, йæхинымæр стыхсы, йæ армытъæпæнæй ауон ацаразы.

– Уый, мæ хур, нæ фыдæлты кадджын мæсыг уыди.

Ныр æм нæ кæсыс, куыд ныххæлддзаг ис, чи ма дзы цы кæны, ныр æндæр дуг у. Гъей, лæппу, ам-иу диссæгтæ цыди. Уалæ мæсыджы цъупмæ æввахс цы лыстæг хуынчъытæ зыны, уыдон топпæхсæнтæ уыдысты. Быдырæй-иу тыхгæнджытæ куы æрбацыдысты, уæд сæ-иу уырдыгæй æрурæдтой... Ам бирæ туг акалди фыдæлты заманы...

Стыр лæгæты бакомкоммæ комы фахсы йæ уæхсчытæ бæрзонд систа Джызæлдоны электростанцæ. Цыма барæй конд сты ацы иу ран мæсыг æмæ станцæ. Ам кæрæдзиуыл фембæлдысты дыууæ дуджы.

Дон фынкæйдзаг уылæнтæй айнæг къæйтæм лæбуры, къамбецыйас дзæнхъæдуры лæгъз цæсгом æхсы.

Цъæх-цъæхид арв. Ранæй-рæтты сæхи уæлиау систой Æрфæны фæды хуызæн тæнæг асæстытæ.

Зæронд лæг йæ цæстытæ ауæрста:

– Уый æнхъæл чи уыди, æмæ ам ахæм диссæгтæ фæзындзæн! Нæ хæхты стырдæр диссаг уыди хуымæтæджы кæркдоны хуызæн къада куырой. Сусхъæды цъар-иу бафидæрттæ кæн æмæ дын уый куыройы нук. Донмарæнæй йæм дон рауадз æмæ-иу дзеудзæлæйгæнгæ цалх æрзылди, хъис-хъисæй йæ алыварс ацæуæн нæ уыди. Куырæйттæ аразынмæ дæсныдæр цы лæг уыди, уый ныр станцæйы дуарæй куы бахизид, уæд, мæгуыр, йæ сæр разилид. Мæ хуры чысыл, цард йæхи афтæ ивдтытæ кæны. Ды фыдæбонæй ницы бавзæрстай, фæлæ æз дæу карæнæй бирæ зынтæ федтон. Ам фæндаг нæ уыди уыцы рæстæджы. Хор ласынмæ-иу цыдыстæм быдырмæ. Хæрæджы-иу барæвдзытæ

кæн æмæ раст у. Æцæг фыдæбæттæ та-иу уый уыдта, хæрæг кæмæ нæ уыди. Къæсса дзæбæх бабæстытæ кæн фæсонтæм, байдзаг æй кæн нартхорæй æмæ йæ къæдз-мæдз къахвæндагыл æмпъух. Науæд-иу галуæрдон доны астæу стыр дурмæ куы сбыцæу, уæд дын-иу уый та цæттæ мардæрцыд. Цас фæбаддзынæ доны астæу, кæдмæ хойдзынæ галты фæрсчытæ! Уазал дын у, нæу – рахиз æмæ доны æд дзабыртæ ныллæс, исты амалæй рафтау цæлхыты уыцы заманайæ.

Урс-урсид цъититæ тавынц сæ цæгæр сæртæ хъарм хурмæ, бæрзонд уæлдæгътыл ныллæг бæлæстæ сæхи раивæзтой арвы рухсмæ. Иуæй-иу рæтты къæдзæхты фæрстæй разындысты тъунелы кæрæттæ. Змæлынц адæм. Ферттивынц белты тъæпæнтæ. Дур куы ратулы, уæд суанг кæмтты йæ дзыгъал-мыгъул ссæуы.

Тигъæй æрбазынди ногдзауты бал. Æвзонг хъæлæстæй азæлынц æгомыг къæдзæхтæ. Схæццæ сты мах цурмæ, сæ кæрон нæма аскъуыди. Иу чысыл лæппу йæхи иннæтæй фæиртæста æмæ æрбазгъордта зæронд лæгмæ.

– Баба, мах уæлæ ауæзтмæ цæуæм. Æз дзы уыдтæн, фæлæ мæнæ быдырæй чи ссыд, уыдон æй феной.

– Цу, цу, мæ хур, исты бабайы куынæ фæфæрсыс: – Зæронд лæг йе стыр армытъæпæн æрæвæрдта лæппуйы уæхскыл, бахудти. – Нæ кæсыс, арӕббаджы хуызæн дзæбæх куы ссау хурмæ, дохтыртæ, дам, æй хорз хонынц хурсыгъды.

Лæппу азгъордта, йе ‘мбæлтты аййæфта. Зæронд лæг худæндзастæй кæсы йæ фæдыл. Стæй мæнырдæм разылди:

– Цу, лæппу, дæу дæр Къæхтысæрмæ цæуын куы хъæуы. Æз уал ам мæхи æруадзон. Мæн мæнæ хæстæгмæ цæуын хъæуы.

...Стыр цады бынæй зынынц цъититæ, къæдзæхтæ, бæлæстæ, раст цыма сæхимæ айдæнмæ кæсынц. Комы хъæбысы, цыма армытъæпæны конд у, уыйау æнæзмæлгæйæ лæууы дон. Ауæзтмæ хæстæг доны астæу ставд бетонæй цæджындзтыл æрæнцад чысыл хæдзаргонд. Асинтыл уæлæмæ схиз. Хæдзаргонды бынты стыр æхсæрдзæнæй тъунелы хъæлæсмæ тæхы дон. Уый, турбинты цы дон нæма хъæуы, уый у. Нырма иу турбинæ йеддæмæ нæма кусы. Æртæ дæр куы æрзилой, уæд комæвгæнæнмæ стæм хæттыты йеддæмæ дон нал цæудзæн.



## ЕЛЕХЪОТИ Мурат

*Елехъоти Георгийы фырт Мурат райгуырди 1923 азы Чырыстонхъæуы. Фæстæдæр йæ бинонтæ ралыгъдысты Дзæуджыхъæумæ. Мураты фæндыди литератор суæвын, уымæ гæсгæ астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ бацыди педагогон институтмæ. Хæсты дыккаг бон Мурат курдиат балæвæрдта, цæмæй йæ арвитой фронтмæ. Зноны студент сси хæстон. Мæлæтдзаг хæстытæ Новороссийск, Анапæ æмæ æндæр горæттæ знаджы къухæй ратоныныл. Мураты æмдзæвгæтæ æмæ плакаттæ-иу арæх фæзындысты æфсæддон газетты.*

*1943 азы 7 ноябры Елехъоти Мурат знæгтимæ тохы равдыста стыр хъæбатырдзинад. Фæлæ йæхæдæг дæр бацарæфтыд фашистты къухæй.*

*Мурат æмдзæвгæтæ фыста уырыссаг æвзагыл. Йæ уацмыстæ хицæн чиныгæй рацыдысты 1947 азы Дзæуджыхъæуы, «За Родину», зæгъгæ, ахæм номимæ. Уыцы чиныг ногæй, æххæстдæрæй уагъд æрцыди 1983 азы.*

### 21 ЯНВАРЫ

Тырысаты æгæндæг хъæд нындзыг,
Æгас æрдзыл уæззау æрхæндæг бафтыд.
Цытджын фæтæг фæстаг балцы фæцыд,
Фæлæ нæ зонды нæй йæ номæн рафтæн.

Уынгæджы бон Фыдыбæстыл куы уыд,
Фæйнæрдыгæй ныл тымыгътæ куы ниудтой,
Нывондагæн æрхаста уæд йæ уд, –
Нæ фыдгултæ нæ къæхты бын куыд хитой.

Адзалмæ дæр йæ фæстæ дзыллæ цыд –
Æнкъуысыд зæхх сармадзанты æмбуйæ,
Уæддæр сæ ныфсæн ахуыссæн нæ уыд,
Тæссаг цæлхдур сæм касти мæнæ ‘рдуйау.

Йæ ном мыггагмæ арвы бын нæрдзæн, –
Æгас дунемæ хурзæринау худдзæн.
Нæ фарны зынг æнус-æнус цæрдзæн, –
Хæдхæцæгад, æнæраст митæ судздзæн.

О, уыцы ном у дзыллæйæн йæ цард,
О, уыцы ном – бæрзонд тырыса махæн.
О, уыцы ном нын – хуры тын фæсуард,
О, уыцы ном – фæндагамон цырагъау.

Тырысаты æгæндæг хъæд нындзыг,
Кæд æрдзыл дæр мæнау æрхæндæг бафтыд...
Цытджын фæтæг фæстаг балцы фæцыд,
Фæлæ нæ удты нæй йæ номæн рафтæн.

Кæдæмфæнды куы азилын мæ сæр, –
Æгуыппæг марой, судзгæ катай фенын...
Мæ хъустыл хатгай ауайы уæддæр
Æппæт дзырдтæн сæ тæккæ уаздæр – Ленин.

## ДЫУУÆ ДЗЫРДЫ

Æз ацы дзырдтæ хъулон уарзтæй уарзын:
Сæ иу у «Лæг», у иннæ дзырд та «Цард».
Бæргæ куы уаин Рæстæгыл дæр барджын, –
Æнусты сæрты атæхид мæ зард.

Уæларв æмæ зæххы æмбæхст хæзнатæ
Ирон æвзагау базонин бæстон.
Ыстъалытæн сæ сусæг улæфт хатин,
Мæнæн кусиккой дымгæ æмæ дон.

Кæнин æмдзу фæлтæртимæ æмудæй,
Мæ хæтæн та – Æрфæны фæд уæрæх.
Æрдхæрдтыл уаин Ленинау æнувыд,
Фыдгултæй хизин уый хуызæн мæ зæхх.

Бæргæ, куы уаин Рæстæгыл дæр барджын, –
Æнусты сæрты атæхид мæ зард:
Æз ацы дзырдтæ хъулон уарзтæй уарзын –
Сæ иу у «Лæг», у иннæ дзырд та «Цард».

*1941*

## РАЙСОМ

Ӕрхæндæг тар æхсæвы сатæг
Фæстагмæ – бонырдæм – фæсаст.
Ӕмæ цæхæркалгæ мæ уатмæ
Ӕрбакаст рухсы тын æваст.

Уат айдзаг рог уддзæфæй, хурæй...
Уæлæрвтæ акалдтой тæмæн...
Салам уæздан цъыбар-цъыбурæй
Ӕрвитынц сыфтæртæ мæнæн.

Кæнынц мын зараг мæргътæ арфæ –
Сæ тъæлланг азæлы уæлвонг...
Тæхуды, алы хатт дæр афтæ
Лæгыл æхсæв куы кæнид бон...

*1941*

## СОВЕТОН ХӔСТОНТЫ ЗАРӔГ

Ныннæрыд хæст,
Лæгæвзарæн бон – абон.
Ӕмбу кæнынц
Мæлæтхæссæг тыхтæ.
Ӕмæ цæуæм
Фыдыбæсты сæраппонд,
Ӕмæ цæуæм
Фыдызнаджы ныхмæ.

Уадз не знагмæ
Нæ судзаг додой
Хъуыса.
Нæ уарзон зæхх,
Дзæбæхæй баззай, цæй!
Нæ советон,
Нæ намысы тырыса
Фæхæсдзыстæм
Уæлахизмæ
Фæрнæй!

Цагъары ном нæ райсдзыстæм фæндонæй.
Фæлтау цъæх арты райсдзыстæм адзал.
Тыхджын у знаг, фæлæ куы уа æндонæй,
Уæддæр йæ ныхмæ ссардзыстæм мадзал!

Нæ бавналдзыстæм искæй зæхмæ никæд,
Фæлæ кæд хъавут халынмæ нæ цард –
Нырттивдзæн та Чапаевы фæринк кард,
Æрыздæхдзæн Суворовæн йæ фарн.

Фыдгулы гæнах басгуыхæд болатæй –
Нæ тыхы фæрцы фалгæрон уыдзæн.
Уæдæ, цæй, размæ
Абырсæм хъазуатæй –
Уæлахиз нæм
Æрвгæронæй зындзæн.

Уадз не знагмæ
Нæ тызмæг додой хъуыса!
Нæ уарзон зæхх,
Дзæбæхæй баззай, цæй!
Нæ советон,
Нæ намысы тырыса
Фæхæсдзыстæм
Уæлахизмæ
Фæрнæй!

*1941*

## МÆ ДЫРГЪДОН

Цæй-ма, цы ныджджих дæ тархуызæй?
Бон дæр æнкъард у, ай-гъай...
Æви кæд фæсæврагъ арвыцъæх
Дысон дæ фынты уыдтай?..

Дымгæйы 'внæлдæй цы сызнæт дæ?..
Оххай, кæд уæгъды фæрсын!..
Баууæнд мыл, уалдзæг та 'рыздæхдзæн,
Фестдзынæ дидинæг – зынг...

*1941 азы октябрь*

## ФÆУÆЛАХИЗ УЫДЗЫСТÆМ

Нæрут, хæстон уадындзтæ,
Арвау,
Кæнут, о нæмгуытæ,
Зынг уард!
Зындоны карз тымыгъ,
Ныццарау,
Куыд фæуой удхортæ бындзагъд!
Лæгсырд йæ тугмондаг хъæлæсы
Нæ бæстæмæ æрхаста марг.
Фæлæ йын сау мæлæт фæхæссæм,
Зæххыл дзы нал уыдзæн мыггаг.
Рæстдзинад – мастисæг – нæ фарс у,
Тæрс, не знаг,
Хус сыфтæрау риз.
Кæнынц дæ фыдгæндтæ дæ фарсæй,
Фæуыдзæн авддæлдзæх фашизм.

*1941*

* * *

Хæссы та нæ уынгты фæлдзæгъдæн.
Нынныгъуылди æврæгъты мæй.
Зыдтон æй, чызгай та кæй зæгъдзæн
Йæ ацы фыстæджы дæр «нæй»...

Уæддæр дыл мæ зæрдæ нæ худы, –
Дæ уарзон дæуæн ис хæсты...
Уым быдыр уæззау цæфтæй дуды,
Сырхзынгæй уым уары ызды...

*1942 азы мартъи*

## ФЫСТÆГ ХÆСТЫ БЫДЫРÆЙ

Абон акъоппы кастæн дæ фыстæг,
О мæ уарзон, мæ ныййарæг мад.
Ехх, куы зонис, фырцинæй куыд тыхстæн,
Æмæ Иры зæхх цæстыл куыд уад.

Цыма ме уæнгтыл базыртæ базад,
Уыйау айсæфти иу уысммæ тох.
Лæг Фыдызæхх зæрдæйæ куы уарза,
Уæд йæхи зынтæ авæййынц рох.

Фæлæ сыстад æхситгæнгæ тымыгъ,
Ногæй райста йæ сау кард адзал.
Атылд карз тох уæззау цалхау хуымыл,
Оххай, цалы фæкодта æдзард.

Фæлæ сау фыдгул царæфтыд баци,
Калмау алæсти мах цæфтæй дард.
Ног та хæсты хъæр цадæггай банцад,
Ног та сагъæстыл бафтыд салдат.

Сисын фыстæг, лыстæг æм фæкæсын,
У мын алкæм ныфсы рухс, мæ бон.
О ныййарæг мад, де стыр фæдзæхст дын
Æз тырысайау дарын бæрзонд!



## КАЛОТЫ Къола

*Калоты (Дзегты) Бебейы фырт Къола райгуырди 1922 азы Захъайы. Хæрзчысыл ма уыди, афтæ йæ бинонтæ ралыгъдысты Ногирмæ. Ам Къола бацыди скъоламæ. Каст æй куы фæци, уæд ахуыр кæнын райдыдта Дзæуджыхъæуы кусæг факультеты. Фæстæдæр бацыди æфсæддон скъоламæ. Ссис афицер. Уалынмæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ Къола ацыди фронтмæ. Фæстаг хатт ма дзы хабар уыди 1943 азы.*

*Калоты Къолайы æмдзæвгæтæ мыхуыры цыдысты æртынæм азты ирон газетты, стæй журнал «Пионер»-ы.*

### МÆ БÆСТÆ

Кæм нæ уыди раджы
Мæгуыр лæг нымады,
Кæцæй хъуысти дардмæ
Йæ сагъæссаг хъæр,
Уым, айхъус-ма, зарæг
Ныййазæлыд дардыл,
Æмæ йын зæрдæйæ
Куы хъырнын æз дæр.



## КАЛОТЫ Хазби

*Калоты Алыксандры фырт Хазби райгуырди 1921 азы августы Цæгат Ирыстоны, Захъамæ æввахс чысыл хæххон хъæу Байыкомы. 1934 азы каст фæци Къостайыхъæуы авдазон скъола æмæ бацыди кусæг факультетмæ. Фæстæдæр Хазби ахуыр кодта Калачы паддзахадон университеты, стæй раивта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты литературон хайадмæ. Институт каст фæуын ын нæ бантысти – райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Æфсадмæ ацыд институты фæстаг курсæй. 1941 азы августæй 1942 азы сентябрьмæ ахуыр кодта Сталинграды облæсты Камышины танкистты скъолайы, сси кæстæр лейтенант. Хæцæг æфсадмæ ацыди 1942 азы октябры. Уыди танк Т-34-ы командир.*

*1943 азы афицер Калоты Хазби йæ цард нывондæн æрхаста бæсты сæрвæлтау – Курскы сырхзынг къæлæт кæй хуыдтой, уыцы ран знæгтимæ æвирхъау тох кæнгæйæ басыгъди танчы мидæг. Мæйы фæстæ йыл хъуамæ сæххæст уыдаид дыууæ ‘мæ ссæдз азы. Поэт ныгæд ис Курскы облæсты Обояны районы, Красная Полянæ, зæгъгæ, уыцы хъæуы.*

*Хазби æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Йæ уацмыстæ мыхуыры цæуын байдыдтой ирон газеттæ æмæ журналты 1936 азæй фæстæмæ. Хæсты агъоммæ Хазби ныффыста драмæ «Бæтæйы фырттæ», фронты уæвгæйæ та – пьесæ «Тугджын фæндаг».*

*1956 азы Цæгат Ирыстоны чиныгуадзæны хицæнæй рацыдысты Хазбийы фыстытæ. Чиныджы ном хуынди «Хуры тын». Йæ уацмысты тæккæ æххæстдæр æмбырдгонд джиппы уагъд æрцыди 1976 азы – ис дзы æмдзæвгæтæ, фыстæджытæ, пьесæтæ. Йæ поэзи зындгонд у уырыссаг чиныгкæсæгæн дæр (кæс чиныг «Советские поэты, павшие в Великой Отечественной войне». Сери «Поэты библиотекæ». Чиныгуадзæн «Советон фыссæг», 1965). Чиныгуадзæн «Современник»-ы та йæ фыстытæ рацыдысты Кочысаты Мухарбегимæ иумæ, «Побратимы», зæгъгæ, ахæм номимæ 1973 азы.*

* * *

Охх, цæмæн райгуырдтæн æз æвзæрæй Ирæн!..
Кæнæ амæлын цæуылнæ мæ фæнды.
Уæ фæдæлдзæх уай, мæ ницæйаджы лирæ,
Кæд мæ худинаггæнæг дæ ды!

Уынгмæ рацу – худæгæй фæмæлынц адæм:
«Мæнæ ацы къæбæда – фыссæг.
Иу минут ын нæй йæ хæдзары æрбадæн,
'Хсæв дæр æй нæ фæахсы хуыссæг.

Цырагъ суанг боны 'рбацъæхтæм фæсудзы,
Раст æррайау фехъуысы йæ хъæр...»
Ахæм фаутæм зæрдæ та куыннæ рæмудзы!
Ехх, цæуылнæ асæттын мæ сæр!

Уæвгæ ницы дæн... мæхæдæг дæр æй зонын.
Тагъд ысбаддзæн ме 'мдзæвгæтыл сæг.
Æмæ курын Ирæй: мачи мæ ысхонæд,
Мачи мæ ысхонæд мæн фыссæг.

*1939 азы 4 октябрь*

## ФÆДЗУРЫНЦ МЫН...

Фæдзурынц мын: «Ныууадз дæ фæндыр,
Кæнæ та бацагай дæ бæх.
Поэт уæвын кæй нæ фæфæнды,
Фæлæ нæуæгæй исты зæгъ.

Цард хорз у, уый фыстой ма раздæр...
Лæджы фæзмын æмбисонд нæу.
Кæдæмдæр музæ цалдæр азы
Дзæгъæл быдырты скъæфы дæу».

Æмæ фырадæргæй мæхицæн
Æппындæр нал ф' арын бынат.
Фæбæллын: ехх, кæмæй фæхицæн
Поэтикон лæмæгъдзинад!

*1939*

* * *

Уый федтон æз... Дыууæзæрастæу
Нæ рæзты донгуыронмæ ‘рцыд
Æмæ фæллад цæстыты кастæй
Цæуылдæр сусæгæй хæцыд.

Æз ын йæ сагъæстæ æмбæрстон,
Фæлæ мын ме ‘фсæртæ ныббаст,
Уый хордта низ, йæ туг ын нозта,
Æмæ йæ рæсугъддзинад саст.

Фæлæ фæци... Йæ цард ныууагъта,
Фæтахт фæстаг хуры тынау...
Мæ зæрдæ сау дзæнгæрæг цагъта:
«Куы нæ йæ федтаин фæлтау...»

*1940 азы 21 июль*
*Хъæни*

* * *

Комы уазал сау æхсæв æрхуыссыд,
Арвæй рахауд мигътæм уæлæ мæй...
Цæй, фыссон, æмæ йæм ныр цы фыссон,
Исты йæ, мыййаг, мæ мæт куы нæй.

Дон фæйлауы... дон мæстыйæ ниуы,
Къæйтыл райсом – урс фынкæй тæмæн...
Сауцæст, саудзыкку цæры мæ риуы,
Сауцæст басаста мæ тых мæнæн.

Зæрдæ – сайд, фыдуаг сæнттæ нæ сысынц,
Зæрдæ ацыд, ахицæн мæнæй...
Цæй, фыссон, æмæ йæм ныр цы фыссон,
Исты йæ, мыййаг, мæ мæт куы нæй?

*1940 аз*

## ЗÆХМÆ КУРДИАТ

Гъей, ныхæсты ныфс, мæнæй цæй дард дæ!
Гъей, цæй тыхджын дæ, зæрдæйы рад!..
О нæ зæхх, цæрынæн мæ ныййардтай
Æмæ мын дæ урс æхсырæй ратт!

Мæн дæуыл дунейы уаг ныббаста.
Демæ ахицæн мæ хъару нæу.
Уарзын æз дæ хæхтæ судзгæ уарзтæй,
Уарзын æз дæ фæйлаугæ мæнæу.

Уарзын, о, фæлæ, зæгъ-ма, нæ дуджы
Æз нæртон уæйгуыты ‘хсæн цы дæн!
Курын, бауадз фидар тых мæ туджы.
Ма мæ бамбæхс де ‘рттиваг тæмæн.

Мæн хъæуы дæуæй поэты хъару
Æмæ ‘ндон фæттæ æппæт дзырдтæн.
Гъей, кæм дæ, сæрибар дуджы уари,
Рахæсс-ма дæ базыртæ мæнæн!

*1940 азы 29 июль*
*Елхот*

## РАЙЫ АРВ

Райы арв мæ цинæй иууыл,
Дзуры мæм цыдæр æдзух...
Ахсæв сауæрфыджы риуыл
Æз æвæрын ризгæ къух.

Æмæ судзгæ былтæй нуазын
Хъазгæ цардамонды хай.
Дымгæ сыфтæртыл дзыназы
Æмæ куры уый мæ къай...

Фæлæ буцхаст уæнгты ризын
Æмæ сусæггаг улæфт
Мæн фæлмæст хъуыдытæй хизынц
Ацы цинæйдзаг æхсæв.

Риуы хъарм улæфтæй гуыры
Ног сæнтты сырхзынг рæхыс...
Æмæ цæстытæм лæбуры
Худгæ ног амонды хуыз.

*1940 азы 3 август*

* * *

Тугæхсырæмхæццæ рустыл
Федтон æз сæууон æртæх...
Цæй, цæуыл мыл кæныс бустæ,
О мæ боны рухс, уый зæгъ!..

Æви æз дæуæн нæ бæззын,
Цардæн нæу мæ уд нывонд,
Æмæ сау бæндæн фæлæсы
Де 'взонг риуыл, судзы зонд?

Ма кæ, мауал мыл кæ бустæ,
Асæрф райсомы æртæх.
Æз дæу дæн, дæу дæн æнусмæ, –
Фод мын карз æвдисæн зæхх.

*1940 азы август*

## ДИДИНÆГ ФЕДТОН

Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл...
Дидинæг худти, йæ сæрæй куывта,
Уалдзыгон райсом йæ рæууон æнгасæй
Бæстæн æрвыста йæ цинад, йæ пъа...
Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл...

Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл,
Дидинæгау мæм æркасти мæ цард.
Рæзын æз дæр æмæ хуримæ хъазын,
Быдырты гауыз – мæ хуыздæр хæлар.
Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл...

Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл,
Йе 'рттиваг къуырфы мæ зæрдæ ныххауд.
Йе 'рттиваг цупал мæ былтæм æртасыд,
Бамбæрстон: цард у мæлæтæн æвгъау.
Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл...

*1940 аз*

* * *

Дæ уæнгты ‘нæкæрон ныфс уа,
Сæрибар уартхæссæг æфсад.
Ды та дæ сабыр цард
Ныууагътай...
Æнафоны нæ зæхмæ ‘ртахти
Фыдгулы зилдухгæнæг зынг.
Хæцын у зын.
Фæлæ уæлахиз
Ды дæ, мæ уарзон бæстæ, ды!
Æнцад, куыдз-рыцар,
Размæ ма хиз,
Дæ ных сæтты!..
Æллæх, цæй тæригъæд у зæхх!..
Дæ тугæй чъизи кæны зæхх,
Йæ рухс цæсгом мæйдарæй ивы...
Æгъгъæд!
Ды сахуыр дæ фæливын.
Лæбур, дæ гæндзæхтæ уал цæгъд,
Мæлæты мад, æнаккаг талæу!
Фæзынд нæ фондзтигъон ыстъалы,
Уый фехста сау мигътæм йæ тын,
Налаты цард ыскъуыныæг тын.
Уый зоны: мах ыстæм уæлахиз.
Æнцад, куыдз-рыцар,
Размæ ма хиз,
Дæ ных сæтты!..

*1941 азы 22 июнь*

## ФÆСТАГ САЛАМ

Бæлас йе ‘ртæх тауы зæххыл,
Уады ‘нкъуысынæй фæллайы...
Асæргъыг кæнон мæ бæхы
Æмæ дард быдыртæм уайон.

Нæй мын фæсвæндагмæ здæхæн,
Карз тохы цæры мæ амонд...
Ма мæм хъамбул кæн фыдæхау.
Цæй, дæ фæндырæй æрцамон.

Æз æркъул кæнон мæ саргъыл,
Бæлæсты ныххырхон кардæй...
Гъей, зæгъут-ма, цавæр аргъæй
Балхæндзæн лæг амонд цардыл?

Æз лæгæй лæджыхъæд домын,
Хорзы агурын æмбалæн...
Сау æфсургъы чи уромы!..
Уалæ ‘рхауы боны стъалы...

Ды цæрдзынæ ам нæ фæстæ...
Ратт фæстаг салам ныр махæн...
Ницы мæ хъæуы, æрмæстдæр
Бахуд!..

*1941 азы 15 июль*
*Елхот*

## КАРД

*Балладæ*

Уæд æнафоны цыдысты хæстмæ,
Бæстæ уыд фæлладхуыз æмæ тар.
Мад йæ фыртæн разтыргъы фæдзæхста:
«Ма ныууадз дзæгъæл дæ фыды кард.

Уый дын тохæй рарвыста лæварæн...
Рызт йæ уæлæ хъарм туджы æртах...
Æз дæуыл, мæ хур, мæ зæрдæ дарын,
Ды уæлахизæй кæй раздæхдзынæ тагъд».

Рæстæг уади, рæстæг маргъау тахти,
Æмæ ракалд бутъыро бæлас...
Мæнæ рудзынгыл йæ урс сæр мад æруагъта,
Фæзы даргъивæзт фæндагмæ каст.

Æмæ чидæр бадзуры: «Æвгъау уыд...
Фæлæ кад... Æнæвидигæ кад...
Рухсаг, уæд, æна, дæ фырт, æрхауди
Æмæ рарвыста мæнæн йæ кард».

*1941 аз*

* * *

Карз хæст райдыдта... Арвау ныццæлхъ кодта тохы фыццаг гæрах, арвы цæлхъау нæргæ ацыд хæхты ‘мæ быдырты.

Карз хæст райдыдта... Барызт фатхъæд, барызт хъæды рæсугъд æхсин, ссыбар-сыбур кодта æмæ йæхи бауагъта кокка хæрисыл.

Карз хæст райдыдта... Ныффæйлыдта дидинæгджын зад кæрдæг, ацагъта йæ рæсугъд къуырфытæй райсомы ‘ртæх, æрхуыссыди зæххыл, стæй сыстад æмæ ныгуылæнмæ акъул.

Карз хæст райдыдта... Доны сæрмæ ауыгъд фæлмы бынæй рахъуызыди хъуырдухæнгæнгæ уазал уылæн, йæхи ныццæлхъ кодта дурты цæндтыл æмæ æртахгай баиу иннæ уылæнтимæ.

*1941 (?)*

* * *

Зайриаг калм сыф-сыфгæнгæ ралæсти сау комæй. Стыр фæндаджы был бамбæхсти зайриаг калм, нылхынцъытæ кодта йæ сау буар æмæ марг æмбырд кодта.

Цыд йæ дард балцæй скæсæнмæ фæллад бæлццон, худти райсомы хурау æрдзы рæсугъд æнгасæй æмæ алырдæм æнæфсæдгæ цæстæй касти. Сæуæхсид райтыгъта мигъты бырæгътыл йæ судзгæ гауызтæ æмæ зынг æндæхтæй арвы найфатмæ ласта, тыххæй ласæгау, къæмдзæстыг хуры хæхты фæстæйæ.

Зайриаг калм тынгдæр нылхъывта йæ сау буар æмæ æнхъæлмæ касти. Мæнæ ‘рбацæуы бæлццон.

Гъей, дæхи хъахъхъæ! Дунейы фарн дæ уа!..

Зайриаг калм ныхситт кодта алывзагæй, йæ налат уазал цæстытæ ахаста алырдæм æмæ ‘рбатахт фæндагмæ.

Нæ фæтарсти, нæ алыгъди фæллад бæлццон. Æрбавнæлдта йæ карды сæрмæ, фыдæй-фыртмæ къухæй-къухмæ чи фæцыд, уыцы фæринк карды сæрмæ, фæдзæррæхст æй ласта.

Гъæйтт-мардзæ, уæдæ! Дæлдзæх фæуæд, раздæр чи ‘рхауа, æгады мардæй чи амæла, дæлдзæх фæуæд!..

*1941 (?)*

* * *

Хæрзбон, æнцойдзинад, хæрзбон, мæ къух дыл ауыгътон! Мæлæтон дымгæ сæдæ ‘взагæй ныхситт кодта, атахти быдырты, стыдта фурды уылæнты сæ урс барцытæй æмæ сæ ныццæлхъ кодта айнæджы фидар ныхыл.

Хæрз-бо-он!..

Сау мигътæ ‘рбацæуынц, сау мигътæ бæгъдулæггæнгæ ‘рбассæндынц ныгуылæнæй...

Гъей, уардзæн тагъд. Туджы къæвда ныууардзæн тагъд!.. Фидар лæуут, сæрибар уарзджытæ, мачи фæтæрсæд!

Арв куыд нæры, афтæ нæ цæвы...

Мачи фæ-тæр-сæ-æ-æд!

Уæ гæрзтæм, ног дуджы цæуæт!

Æгас цæуæд фæстаджы хæст,

Мæлæтон хæст æгас цæуæд!..

*1941 (?)*

## ХОРЗÆЙ БАЗЗАЙ, ИР...

Æз цæуын... Цæуын, æмæ, чи зоны, фæстаджы балцы... Гъей, цæй даргъ у, цæй алыхуызон у мæ фæндаг! Хорзæй баззай, мæ райгуырæн Ир!.. Уарзын дæ... Уарзын дæ æмæ курын, ма мæ ферох кæн. Ницы дын радтон хорзæй, нæ уыд рæстæг... Ехх! Фæлæ мæ бон уыд уарзын, бауромæн кæмæн нæй, ахæм уарзондзинадæй.

О цас уарзын!..

Бабын уа, мах чи фæхицæн кодта, нæ цард нын чи сызмæста, уый бын бауа!

Цавæр фæндтæ уыд мæ сæры, цæмæты бæллыдтæн!.. Гъей, бæллиццаг цард!..

Æгъгъæд æнкъарддзинад! Схæц-ма дæхиуыл, мæ хорз æмбал, дæ цæстысыгтæ куы ‘руагътай! Цæй тыххæй уæд?.. Æви дæм кæуинаг кæсы мæ хъысмæт?.. Нæ, рæдийыс... Бауром сæ. Æз нæ уарзын цæстысыгтæ, ма сæ хардз кæн, æвгъау сты... Бахуд фæлтау, бахуд дæ мидбылты æмæ мын мæ цæстытæм кæс. Æз нæ фефсæрмы уыдзынæн... Кæнæ та райс дæ фæндыр, фæндарасты цагъд мын æркæн. Уадз æмæ мæ зæрдæ мауал цæуа мæ риуы, рæдува йæхи æддæмæ, уадз æмæ æхсида мæ туг дæ цагъдмæ!..

Ехх, цы бауромдзæн мæн!

Бауырнæд дæ, ды мæ Батрадзы ныфс бауадздзынæ, мæ тыхæн кæрон нал уыдзæн, ацахсдзынæн мæ уаддымд æфсургъы барц, нынтъухдзынæн æм мæхи æмæ тымыгъау уайдзынæн мæ дард фæндагыл. Циу тугкалæн хæст мænæн? Æз ахæсдзынæн дæ цагъды аив мыртæ мæ риуы, лæбурдзынæн фыранкау, никæцы

тых басæтдзæн мæн. Уырны мæ, иу бон дæм кæй фæзындзынæн, иу бон дын æнæнхъæлæджы дæ рудзынг кæй бахойдзынæн, уый.

Æнхъæлмæ кæс... Ма ферох кæн!..

*1941 (?)*

* * *

*Арын дзы Францы фæллойгæнæг адæмы ном*

Ды басастæ, ды æрхаудтæ... Ой, куыд æрхаудтæ, æнусон бæлас! Зæгъ-ма мын, дæ хорзæхæй, цы кодтай?.. Кæм и дæ хъару, дæ ныфс, фыдæлтæй нырмæ сæрыстыр кæмæй уыдтæ, уыцы рæсугъддзинад?..

Уыдис ахæм рæстæг, ды дæхимæ сайдтай фæндаггонты цæстæнгас. Дæ рæсугъд къалиутæ бæрзонд фæцыдысты æмæ сæфтысты арвы цъæхы. Райсомæй-иу хур куы скасти, уæд-иу йæ фыццаг салам æрвыста дæуæн, йæ фыццаг тынтæ-иу схъазыдысты дæ хихтыл. Æхсæвы æртæх-иу ферттывта æмæ пиллон уадзгæйæ иу сыфæй иннæмæ тагъди.

Ой, цæй рæстæг уыди, цæй рæстæг!..

Æртахтысты-иу дæм мæргътæ. Сауцъиуæй, булæмаргъæй-иу байдзаг сты дæ къалиутыл, æмæ сæ зарынæй ради зæрдæ. Ды сырæзтæ... Ды сфардæг дæ бæрзонд тар хъæды, сæрыстырæй фæлгæсыдтæ. Бахъуыды сахат хъахъхъæдтай дæ цард, никуы ницæмæй фæтарстæ... Сау мигътæ-иу сбадтысты дæ сæрмæ, зилгæдымгæ-иу сфæйлыдта бæлæстæ, арвы нæрдæй æмризæджы рызти зæхх, æмæ къæдзæхтæ фæлдæхтысты. Елийайы рæхыс-иу ферттывта цæхæркалгæ æмæ-иу цъæл фатау зилдухгæнгæ йæхи дæуыл ныццавта. Ды йæ хъуыды дæр нæ кодтай, дæ сæр-иу бæрзонд систай, фæстæмæ-иу атасыдтæ æмæ титаны худтæй худтæ де знæгтыл.

Ой, цæй рæстæг уыди, цæй рæстæг!..

Ныр та æрхаудтæ, æрфæлдæхтæ бындзарæй æмæ мæрдон сабырдзинадимæ мысыс дæ ивгъуыд бонтæ. Нынкъард дæ, ныссабыр дæ... Уæ де 'гæр фæкалай, де 'гæр фæкалай, кæд куыд æруагътай дæхи!..

Гъæйтт, готлекк, бахуд-ма! Бахуд-ма æмæ схæц дæхиуыл! Чи загъта, фæци дæ цард? Цавæр сусу-бусугæнæг æвзаг дæ бафхæрдта? Ма ма 'нкъард кæн! Уалæ-ма скæс дæ цъупмæ. Уым царди халон. Халоны къухы уыдысты дæ царды рохтæ, уый дæ тардта сæрсæфæнмæ æмæ дын худинаг кодта дæ кадджын сæр.

Ма тæрс, гормойнаг! Ды та сыстдзынæ. Зæхх хъысмæт кæмæн радта, уыцы уидæгтæ нæ фæиппæрд сты сæ бынатæй. Уыдон цъирынц зæххы хъаймагъ æмæ дæ уадзынц фидардзинад. Уыдон руаджы та сыстдзынæ ды, æрбафæлынддзынæ та дæхи, дуне рæсугъддæрæн цы дарæс сфæлыста, уымæй æмæ та цардуарзаг цæстæнгасæй акæсдзынæ тар хъæдмæ. Æртæхдзысты та дæм мæргътæ, нытътъæлланг та кæндзысты сæ бæллиццаджы хъæлæстæй. Ды сулæфдзынæ, ды ныххуддзынæ дæ хъæлæсы дзаг æмæ æнусон дидинæг æфтаудзынæ.

О, ма тæрс, ма тæрс, æфхæрд бæлас!..

*1941 азы сентябрь*
*Камышин*

* * *

Уый уыд уагъылыйы дидинæгау рæсугъд æмæ фæлыст. Лæуyыди доны был æмæ уылæнты æнцад фæлгъуыдмæ касти. Уыдон фынæй уыдысты нырма, фæлæ уæддæр ратас-батас кодтой, хъуызæгау цыдысты былмæ, æмбæхстысты дурты бынты æмæ, цыма боны рухсæй тарстысты, уыйау каст адæймагмæ.

Кæцæй фæци ацы æвзонг чызг? Цæмæн æдзынæгæй кæсы донмæ? Кæд хæлæг кæны, мыййаг, уылæнтæм æмæ йæ доны рæсуг буарыл асимын фæнды...

Ды рæсугъддæр дæ уылæнтæй!..

Уый йæ риуы дзаг сулæфыд, йæ сæр бæрзонд систа æмæ цæф сæгуытау ныууынæргъыдта æмæ дард, арвы цъæх, стæй хъæды фæлмхуыз дарæс кæм иу кодтой, уырдæм йæ цæстæнгас арвыста.

О зонын, зонын æз... Ды бæлццон дæ, дæу бафхæрдта знаг æмæ ныууагътай дæ сабыр цард. Фæхицæн дæ, зынаргъдæр дын чи уыд, уыдонæй, æмæ дæ фæззæджы фыдуаг дымгæ æрыскъæфта æнæзонгæ ранмæ.

О æнкъард чызг! Цæмæй дын баххуыс кæнон? Мæ бон куы ницы у... Æри уæд та дæ хъыгдзинады ‘рдæг. Æз æй ныввæрдзынæн мæ риуы æмæ, цалынмæ дæ былтæ худæндзаст рызт бакæной, уæдмæ йæ хæсдзынæн мемæ.

«О дæлдзæх фæуай, калмы зæрдæ, дæлдзæх фæуай!..» – ныууынæргъыдта та уый æмæ уылæнтыл йæ мылазон цæстæнгас æрæвæрдта.

Уыдон райхъал сты, систой сæ урс базыртæ æмæ цæстысыг калгæ дуртæм тахтысты.

Ӕз мæ къухтæ стымбыл кодтон, ныттынг сты мæ нуæрттæ, æмæ цалдæр дзырды сæхи атыдтой ме 'лхъывд дæндæгты 'хсæнæй:

«Тæхуды, куы бафидин мæ хæс мæ бæсты раз æмæ куы 'рхауин, кæнæ сымахау, о мæстыгæр уылæнтæ, куы ныппырх уаин!..»

*1941 азы сентябрь*
*Камышин*

* * *

Ӕхсæв дæ дзыккутау куы 'рхауы,
Йæ тарф фынтыл куы вæййы зæхх,
Ӕмæ фæлмæсты цæстыхаутау
Куы суымæл кæны хъæды 'ртæх,

Уæд æз мæхинымæр фæзæгъын:
«Тæхуды, фен ма дæ æрмæст,
Ӕрбад дæ уæлрудзынг æртæхау,
Ӕртæхау рудзынгыл æрлæс!..»

*1941 азы сентябрь*
*Камышин*

* * *

Ӕз мæ цард нæ нымайын æвгъауыл:
Цард цæуы,
æхсæрдзæнтæй кæлы.
Мæн хъæуы
фæстаджы тохы 'рхауын,
Мæн хъæуы
сæрыстырæй мæлын...
Цæй, мæ фæндыр,
дзæгъæл дæ ныууагътон,
Нал мысын, мæ хорз хæлар, дæ уынд...
Ӕз, ныфсхаст цæргæс,
мæ базыртæ ысцагътон
Ӕмæ тымыгъмæ
æнхъæлмæгæс лæууын.

*1941 азы сентябрь*
*Камышин*

* * *

Ды дзырдтай:
«Нæма уыдтæн Кавказы,
Никуы ахæтыд йæ цъититыл мæ цæст.
Æз уыдтон тыгъд быдыртæ мæ разы,
Уыдон уарзгæйæ фæцардтæн æз...»
Ды дзырдтай...
Фæлæ дæм æз нæ хъуыстон,
Мæйы бур æрфыгмæ уыд мæ каст.
Дымгæ уæд бæгънæг бæрзы æнкъуыста,
Сидзæрау уыд къулбæрзæй бæлас...
Ды дзырдтай...
Фæгуырысхо дæ уайтагъд...
Азылдтæ æмæ ныууагътай мæн...
Зæрдæ мæимæ кæдæмдæр атахт.
Зæрдæ атахт саудзыкку чызгмæ...

*1941 азы октябрь*
*Камышин*

* * *

Идыл рæдзæ-мæдзæ кæны...
Йæ уылæнтæ ма узы,
Фæлæ сын уддзæф дары ронг...
Мæй доны ферттывта
сызгъæрин къусау,
Æмæ ныттынг йæ налхъуыт рон.
Идыл,
фæлас-ма мæ, цæй, демæ,
Дæ цины цæстысыг мыл тау...
Æз дæн хæларзæрдæджын Демон,
Мæстыгæр сонт,
дæ уылæнтау.
Фыдуаг дымгæ цæры мæ риуы,
Сабыр – мæ бакаст та, мæ уынд.
Мæнæн æхсызгон у фæхудын,
Кæнæ æгомыгæй лæууын.
Идыл!
Фæнды мæ дуне фенын,
Æмæ мæ лас,
æмæ мæ лас...

Æз кувдзынæн дæуæн
        æхсæвæй-бонæй,
Куыд кувы дымгæйæн бæлас...

*1941 (?)*

* * *

Ыстыр хæстæй æрцæугæйæ
Фæбадтæн æз нæ ныхасы.
Ыстыр хæстæй æрцæугæйæ
Фæмысыдтæн мæ тухитæ...
Ехх, мæ ныййарæг мад,
Нал уыди мæ бон!..

Иннабонæй-иннабонмæ
Фæцыдыстæм кæйдæр зæххыл.
Иннабонæй-иннабонмæ
Хæцыдыстæм кæйдæр зæххыл.
Фыдызнагимæ карз тохы
Нæ басасти нæ тых...

Æхсæв-иу мæй куы сцæйтылди, –
Мæхи-иу ыл ныффæдзæхстон,
Нылхъывтон-иу мæ дæндæгтæ,
Æд кард-иу размæ атахтæн...
Ехх, мæ ныййарæг мад,
Нал уыди мæ бон!..

Лæгæн тæригъæд чи кодта!
Лæджы цард ма кæмæ цы каст!..
Уæддæр фæстæмæ ‘рцыдыстæм
Сæрæгасæй нæ хъæубæстæм...
Фыдызнагимæ карз тохы
Нæ басасти нæ тых...

Ыстыр хæстæй æрцæугæйæ
Фæбадтæн æз нæ ныхасы.
Ыстыр хæстæй æрцæугæйæ
Фæмысыдтæн мæ тухитæ...
Ехх, мæ ныййарæг мад,
Нал уыди мæ бон!..

*1941 азы октябрь*
*Камышин*

* * *

Тымыгъ даргъ уынгты хæты...
Æхсæв салд рудзгуытæй хъусы...
Цымæ афонмæ цы кусыс ды?..
О, цæмæй зонын, цы кусыс!
‘Фхæрыс, чи зоны, дæхи:
«Радтон уымæн сомы карз æз...»
Хин дæ ды, мæ хъоппæг, хин.
Уарзыс, о!
            Æмæ куыд уарзыс?..
Зонын æз, мæ хорз хæлар,
Тыхст, уырыд кæй дæ рæстæгмæ...
Дард дæ, дард мæнмæ, хæрз дард.
Фæлæ мæм
            уæддæр
            хæстæг дæ!..

*1942 азы февраль*
*Камышин*

## ТЫХГÆНДЖЫТÆН – МÆЛÆТ!..

Йæ тарф фынæйæ æрæгмæ хъал кодта бон. Æгæр зынæй иста йæ уд æрвхуыздзыкку æхсæв. Зыр-зыргæнгæ æрцауындзæг æдзард быдыры сæрмæ. Иунæг стъалы ма фидиуæгау лæууыди арвы бæстастæу æмæ дунейæн æмбарын кодта, æхсæв йæ бартæ бынтон кæй нæма радта, уый. Стæй æваст йæ бынатæй расхъиудта æмæ æрбадæлдзæх. Хаугæ-хауыны ма йæ зынг къæдзилæй æхсаргардау иу дзæхст фæласта, æмæ арв йæ астæуыл дыууæ дихы фæци. Цыма сæуæхсиды фæзындыл цин кодтой, уыйау нæрыдысты сармадзантæ, сæ хъæрахст, се ‘рдиагæй не ‘нцадысты æфсæнбырынкъ уаритæ. Бон æрбасырх æфсæрмдзæстыг чызгау, мидбылты худти æмæ дунейæн рæдауæй хаста рухс.

Æгас цæуай, цард!..

Дæуæй адджындæр ницы ис хæстоны удæн, цæсты гагуыйау дæ хъахъхъæны зындоны сау тыхтæй, бындзарæй сафы, дæ фæндагыл цы цæлхдуртæ ис, дæ алыварс цы хъылма æрæмбырд, уыдон. Ды дæ, хæхты къæйтыл чи æрзад, ахæм уагъылыйы дидинæгау. Дæхимæ ивазыс хуры тынтæй нывæст арвы сызгъæрин фæдджи. Ды тæрсыс фыдбоны тымыгътæй, мылазон

мигътæй, фæлæ æнцон басæттæн нæ дæ, сындзджын уагъылыйы дидинæг æнцон æртонæн куыд нæу, афтæ.

Нæ!.. Дæуæй раскъуынæн нæй махæн!
Зын у дæуæй фæхицæн уæвын...
Тыхгæнджытæн – мæлæт!..

* * *

Куы сæтты тымыгъ
даргъ бæлæсты.
Уый хъæпæн фæндагыл куы 'рхуыссыд...
Кæй бон уыдзæни, кæ,
нæ фæстæ
Зæххы зæрдæйы маст
ныффыссын!..
Æз федтон
хъарм туджы суадон,
Лæджы буарæй æмбæрзт астым...
Гъей, сахъ нæртон,
æри дæ уадындз,
Нынкъусон зæхх æз
ризгæ уастæй!
Æри!
Мæн у дунейы арфæ,
Æз цард дæуæй
хуыздæр æмбарын...
Дæлдзæхы тымыгъ
фемæхст
арвæй, –
Сызгъæрин хуры тынты
уарын.

*1943*
*Ленинграды фронт*

* * *

Зымæг...
Иу хъæмпын хæдзар –
фысым..
Цырагъ амарди...
Адджын фынтæ...

Бадын иунæг æз...
Мæнæ фыссын
Чъизи сыфыл
мæ судзгæ хъыгтæ.
Зæрдæ дзуры:
тæхуды, нынцъух
Тохы размæ
нæхимæ «сæнæй»!
Адон, ацы хъахбайтæ ‘дзух...
Адон аккаг
фыдæбæттæ нæй!
Райсом – туджы пырхæнтыл
нæ цыд.
Бирæ нал баззад бонрухсмæ, нал.
Уæ, нæ зæхх, æз дæу тыххæй хæцын!
Уæ, фæу мын тыхст сахаты ‘мбал;
Суазæг мæ кæн,
айс мæ,
мыййаг...
Нæй хъысмæтыл æууæндæн, нæй...
Ой, сæдæ царды ратдзæни знаг
Ацы сæры былдыхъы тыххæй!

*1943*

*Калинины фронт*

* * *

Бон нæма фæзынд
сæууон æртæхы,
Фесæфт хъамылы
æххормаг сынт.
Æз кæуын...
Æрзоныг кодтон зæххыл
Æмæ йын йæ риуæн
пъа кæнын.
Ма хъæрз, зæхх,
мæ уд фæрыст дæ мастæй!
Базæронд мæ лæппуйы буар...
Тугæй нал зыны
дæ фæтæн астым.

Судзгæ ‘мбисæндтæ –
　　　　нæмгуыты уард!..
Ма хъæрз, зæхх...
　　　　О бафæраз бæллæхы!
Уалæ скæсæны сырхдзыкку бон фæзынд.
Дымгæ тадзы
　　　　райсомы æртæхы...
Худы туджы ‘ртæхты
　　　　хуры тын...

*1943*
*Калинины фронт*

* * *

Митыл мæйы æртхутджытæ хъазынц,
Зæхмæ ивæзы бæлæсты фист.
Уæ мæ пыхцыл сæр! Быдыр – дæ уазæг.
Нал та уромын
　　　　зæрдæйы рис...
Ниуы бæстæ
　　　　зындоны цæхæры.
Лентау сау уадздзаг –
　　　　фæндаджы тар...
Мигъты уæлæ
　　　　зынг æвзæгтæй сдæры
Хъæуы сæрмæ
　　　　æнæрмынæг арт.
Æз цæуын
　　　　мæлæты фыддæрадæн.
Немыцаджы туг
　　　　мæ джебогъæй фæтагъд...
Мæн цæрын фæнды,
　　　　фæуром-ма дæ тахт,
Сау нæмыг!..
　　　　Æрра дæн...
*1943*
*Калинины фронт*



## КОКАЙТЫ Алыксандр

*Кокайты Бечийы фырт Алыксандр райгуырди 1916 азы Хуымæллæджы. Йæ мад æмæ йæ фыд уыдысты хуымæтæджы зæхкусджытæ. Хæрз сабийæ Алыксандр баззади сидзæрæй. Ахуыр кодта хъæууон скъолайы, стæй та Цæгат Ирыстоны педагогон техникумы. Скъолайы дæр æмæ техникумы дæр нымад уыди хуыздæр ахуырдзаутæй иуыл.*

*Техникум каст фæуыны фæстæ куыста Раздзоджыхъæуы скъолайы, стæй раивта Хуымæллæгмæ.*

*Алыксандр æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта техникумы ахуыр кæнгæйæ. Йæ уацмыстæ цыдысты Ирыстоны журналтæ æмæ газетты.*

*1939 азы Кокайты Алыксандрмæ фæсидтысты Сырх Æфсады рæнхъытæм. Ахуыр кодта Ригæйы хæстон-политикон скъолайы. Ацы ран æй æрæййæфта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Алыксандр бахауди йæ тæккæ тъыфылмæ.*

*Куыста политикон разамонæгæй. Фæмард хæсты фыццаг бонты.*

### ЦÆЛЫКК

Зæлдагау нæм йæ рухс тынтæ
Æруагъта арвæй хур...
Цæлыккæн та йæ мæнæутæ,
Кæс-ма, куы дарынц бур!
Мæ райгуырæн фæтæн быдыр,
Æрдзур-ма мын дæ маст.
Ды цал хатты æрыхъуыстай
Ыскъæфт чызджы цъæхахст?
Йе цал хатты сæумæцъæхыл
Æрыхъуыстай фæдис?..
Ныр уыцы дуг æрбадæлдзæх.
Ныр уыцы дуг фæцис.
Æндæр рæстæг, æндæр адæм...
Йæ хуыз ыскалдта цард.
Дæ фæтæнтæй æрбайхъуысы
Фæндырдзагъд æмæ зард.
Уæвгæйæ дæр куыннæ зарæм,
Куыннæ кæнæм мах цин?
Æнусбонтæм куы уыдзыстæм
Дæуæн, Цæлыкк, æфсин...



## КОЧЫСАТЫ Мухарбег

*Кочысаты Георгийы фырт Мухарбег райгуырди 1920 азы Олгинскæйы. Авдазон скъола каст куы фæци, уæд ахуыр кæнынмæ бацыди педагогон техникуммæ. Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ йæ каст фæцис, æмæ йæ райстой Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ. Ам дæр ахуыр кодта иттæг хорз, иста Къостайы стипенди. Хæст куы райдыдта, уæд Мухарбег уыд фæстаг курсы. Фæлæ йын институт фæуын нæ бантысти – 1941 азы ацыди Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау тохы быдырмæ, уыдис афицер. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй йын саккаг кодтой Сырх Стъалыйы орден æмæ майдан «Хъæбатырдзинады тыххæй». Фæмард 1944 азы украинаг горæт Ямпол знæгтæй хъахъхъæнгæйæ.*

*Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæтæ мыхуыры цыдысты 1937 азæй фæстæмæ. Йæ уацмысты тæккæ æххæстдæр рауагъд рацыди 1977 азы Дзæуджыхъæуы. Уырыссаг чиныгкæсæг дæр зонгæ у йæ фыстытимæ (кæс чиныг: «Х. Калоев, М. Кочисов, Побратимы». Издательство «Современник». М. 1973).*

### МÆ ФÆНДЫРМÆ

Зар ды дæр, мæ хъисфæндыр, зæллангæй!
Цардæн мах дæр бафидæм йæ хæс.
Зон, дæуæн мæ зæрдæйæн йæ тагтæй
Хъистæ скодтон, фидар хъистæ, æз.

О мæ фæндыр, уарзын дæ æз, уарзын!
Демæ ‘рвитын алы бон мæ цард.
Демæ æз зындзинадæн фæразын,
Демæ æз нæ фæкæнын æнкъард.

Ды мæнæн мæ царды ‘мбал – æнусмæ,
Махæн нæй фæцух уæвæн зæххыл.
Æз дæуимæ никуы кодтон бустæ,
Æз дæуимæ никуы кодтон хыл.

Уарз мæ, уарз, мæ хъисфæндыр, мыггагмæ!
Æз сæрыстыр, бузныг дæн дæуæй.
Æз дæу никуы ‘руадздзынæн æгадмæ,
Æз дæу никуы акæндзынæн уæй!..

*1939*

## САУ ЦÆСТЫТÆ

Æз уарзтон сау цæстытæ, уарзтон,
Рæсугъддæр уыдонæй кæм уыд?!
Æхсæв сæ стъалытимæ барстон,
Уыдтæн сæ алы бон рæвдыд.

Фæлæ мæ иунæгæй ныууагътой,
Мæнæй фæлыгъдысты тæргай,
Æмæ мын афтæ дæр нæ загътой:
«Хæрзæбон! Хорз амонд дæ хай!»

Æмæ кæд уыдонæй фæцух дæн,
Æмæ кæд ферох кодтой мæн,
Уæддæр сæ райдзаст хуыз рæсугъдæй
Мæ зæрды баззади мæнæн.

Тæхуды, абон та кæй тавынц
Сæ хъармæй рухс хурау фæлмæн,
Тæхуды, афтæ тынг кæй уарзынц,
Куыд уарзтой цард-уалдзæджы мæн!..

*1938 азы 22 июль*
*Орджоникидзе*

## ЦÆРГÆС

Ды хохы айнæгыл цæрыс,
Ды арвы бæрзæндты тæхыс.
Ды арвы хæтæнты хæтыс.
Ды дуне, дард рæттæ уыныс.
Цыфæнды дымгæ æмæ уад,
Цыфæнды тымыгъты зынад
Дæуæн нæ асæтдзæн дæ ныфс.
Ды уадæн акæныс хъæбыс.

Ды ‘хсар дæ базыртыл хæссыс.
Ды мигътæй арвы ‘хсæн вæййыс.
Бæллын дæ сахъдзинадмæ æз,
Хæххон æндонзæрдæ цæргæс.

*1939 азы 19 апрель*

* * *

Дæ сусæг каст,
Дæ мидбылхудт
Æхст фатау раст
Ныццæвынц уд.

Цыфæнды кæн,
Уæддæр дын нæй
Фæцух уæвæн
Зæххыл мæнæй.

Æфсис мын нæй
Дæ уындæй, зон:
Æхсæв – мæ мæй,
Мæ рухс хур – бон.

*1939 азы 21 июль*

## ФÆЗЗÆДЖЫ НЫВТÆЙ

Фæззæг ралæууыд йæ рады,
Бон фæлладхуызæй кæсы.
Дымгæ сау мигътæ цæгатæй
Хуссармæ хæссы.
Дон ныссабыр и, ыстæнæг,
Комæй нал хъуысы йæ сидт.
Халас быдыртыл хæрзтæнæг
Байтауы æвзист.
Хъæд йæ бур сыфтæр ызгъалы,
Хъæды булæмаргъ ныхъхъус.
Кæрдæг бур-бурид зæлдагау
Къуылдымтыл ныххус.
Фæлæ акæс, хуымтæ – райдзаст,
Хуымтæ – сой æмæ бæркад.
Фынг бæрæчет уыдзæн ац’ аз.
Хъæлдзæг та – нæ цард.

*1939 азы август*

## КЪОСТА ХЕРСОНЫ

*Плачь! – я в грядущее наше поверю,*
*Слушая плач твой, родимый Кавказ!*

***Коста***

Æхсæв бæстыл сау нымæт æмбæрзы.
Кæс Херсонмæ, тарф фынæй хуыссы.
Ам Тарас Шевченкойы цъæх фæзты
Днепр хъазгæ, абухгæ бырсы.
Бæстæ сабыр. Стъалытæ нæ зынынц.
Æрдз ныссабыр, ног чындзау ныхъхъус.
Фæлмы иууыл хæдзæрттæ ныгъуылынц,
Фæлæ ‘рттивы иу хæдзарæй рухс.
Уат – хуымæтæг. Рудзынджы зыхъхъырæй
Рухс æддæмæ хъуызæгау кæны...
Стъол, сынтæг, зæронд сынтæг рæбынæй.
Къулыл ауыгъд сау цухъхъа зыны.
Æмæ бады стъолы раз æнкъардæй
Иры номдзыд, сахъ поэт. Йæ сæр
Къухмæ ‘руагъта. Сау æрфгуыты тарæй
Сау цæстытæ нал калынц цæхæр.
Цард-цæрæнбон фидарæй кæй хъардта
Уый йæ уд сæрибарыл рæстæй,
Ардæм уымæн паддзахы лæгмартæ
Уый фæсырдтой райгуырæн бæстæй.
Æмæ бады цырагъы мæнг рухсмæ,
Хуыссæг дард йæ цæстытæй фæлыгъд.
Цæсгом бахус. Бур мыдадзау – рустæ.
Сау рихитыл халас дæр фæзынд.
Уасæг уасы... Сæр нæ комы базмæ.
Бонмæ бирæ нал баззади, нал.
Зæрдæ ‘хсайы райгуырæн Кавказмæ,
Цæстыл уайы райгуырæн хъæу Нар:
Арф уынгæг ком. Сау айнæджы фахсæй
Нар бынмæ æргъæвст цъиуау кæсы.
Уад нынниуы стонг сырдау, йæ разæй
Сисы мит, фæлдзæгъдæнæй хæссы.
Уад дзыназы, уад æнцой нæ зоны,
Коммæ ‘фцæгæй рацæйхæссы мит.
Куы бындзарæй къæйдуртæ ыстоны,

Куы ныккæны сау калмау æхситт.
Хъустыл уайы сидзæрты дзыназын
Тар ыскъæты стонг æмæ сыдæй.
Мад йæ цæссыг цуайнагмæ ызгъалы,
Зæрдæ риссы сабиты мæтæй.
О Ирыстон! О мæ мæгуыр адæм!
Хъусын, хъусын дардмæ дæр дæ хъæр.
Æмæ абон æз дæумæ кæд дард дæн,
У уæддæр дæ сæрвæлтау мæ сæр.
Ку уал, ку, мæ райгуырæн хæхбæстæ?
Кæс æнхъæлмæ, райгуырæн хъæу Нар!
Мæн уырны, кæй уыдзыстут мæ фæстæ
Смах æнæмæнг рухс æмæ хæдбар.

*1939 азы 27 октябрь*

## ХЪÆМÆ

Мæ уарзон хъæубæстæ,
Мæ райгуырæн хъæу,
Æнæхъæн дæс азы
Æз нал федтон дæу.

Мæ цæстытыл уайы
Нæ ныллæг хæдзар,
Йæ сæгæйдзаг къултæ,
Йæ сæгæйдзаг цар.

Мæ цæстытыл уайыс,
Ныййарæг, ды дæр,
Цыма та мын сæрдмæ
Æмпъузыс цыдæр.

Куы ‘рбайхъуысы уынгæй
Къæхтыхъæр, ныхас,
«Æрхæццæ мæ хъæбул», –
Фенхъæлыс æваст.

О уарзон ныййарæг,
О ме схæссæг мад,
Кæд арæх æнæ мæн
Фæкæныс æнкъард.

Кæд фæндагмæ арæх
Фæцæуыс уынæг,
«Кæд искæцæй уаид
Мæ хъæбул зынæг», –

Фæзæгъыс, фæлæ та
Æнкъардæй хъæмæ
Æрцæуыс, дæ зæрдæ
Æхсайы мæнмæ.

О, ма тыхс, ныййарæг,
О, ма кæн æнкъард.
Æнæ дæу мæнæн дæр
Нæу адджын мæ цард.

Дæ сау гуырд дæр, ма тæрс,
Нæ фесæфт кæмдæр.
Зындзынæн та иу бон
Нæхимæ æз дæр.

Зындзынæн та ногæй,
Æмæ та, мæ мад,
Æрвитдзыстæм хъæлдзæг
Мах иумæ нæ цард.

*1940*

## ХЪАМА

Гъей, фыдæлты сау хъама,
Гъей, фыдæлты ныфс!
Цалдæр азы ауыгъдæй
Къулыл ды лæууыс.

О, зæгъ-ма, дæ хорзæхæй,
Зæгъ, кæцы ран, кæд,
Цал сонт риуыл акодтай
Хъарм тугæй ды фæд?

Цал хатты мæйдар æхсæв
Калдтай ды тæмæн?
Цал туджджыны барвыстай
Цардхъуагæй мæрдтæм?

Абон рæстæг аивта,
Аивта дæ дуг.
Бафидыдтой туджджынтæ,
Нал кæлы сæ туг.

Фæлæ, баууæнд, не сивта
Абон дæр дæ ныфс,
Фидæн тохы, карз тохы
Ды, мæ хур, хъæуыс.

Гъей, фыдæлты сау хъама!
Адджын дæ мæнæн.
Ды ныфс дæ, хъæбатыр ныфс,
Карз тохы лæгæн.

Знагæн ды цæстысындз дæ,
Ме 'рттиваг хæзна!
Ехх, цæй тынг дæ бауарзтон
Дæу, мæ сау хъама!

Айдæнау æрттив, мæ ныфс,
Хуры рухсмæ хъаз,
Знаг куыд риза 'мризæджы
Хус сыфтæрау раст.

Æз дæуæй зæрдæрухс дæн,
Дæн дæуæй ныфсхаст.
Макуы æруадз худинаг
Ды мæ сæрмæ 'васт.

Гъей, фыдæлты сау хъама,
Адджын дæ мæнæн.
Ды ныфс дæ, хъæбатыр ныфс,
Карз тохы лæгæн.

*1941 азы 3 май*

## АДÆМЫ МАСТ

Мæ мастæн æрæнцайæн нæй.
Мæ фæндтæн тызмæг у сæ ахаст.
Зæгъут-ма, æмбæлттæ, цæмæй,
Цы карздæр, цы фыддæр дзырдтæй
Зæгъон æз мæ зæрдæйы сау маст!

Мæстæлгъæд фыдхорты æрдонг
Æрбабырста абон нæ бæстæм.
Æгъгъæд сын нæ уыди ныронг
Æмæ та сæ бафæндыд ног
Ысфæлварын тохы нæ гæрзтæ.

Знаг йе сæфт æдзухдæр уыдта
Нæ сæрибар адæмты цардæй,
Æмæ нæм кæд худгæ дзырдта,
Уæддæр æй мах тынг хорз зыдтам,
Кæй ныл цæудзæн иу бон мæнгардæй.

Нæ фыдæлтæм иу ныхас уыд,
Цæргæйæ сæдæ азты баззад,
Ыстыр раст ныхас у, бæлвырд:
Мæлдзыгæн, дам, йæ сæфт æрцыд
Æмæ, дам, ыл базыртæ разад.

Цы кæны, кæд афтæ у – хорз.
Кæд сæрра сты абон лæгмартæ,
Уæд сын мах ыссардзыстæм хос –
Ызды æмæ сау топпыхос,
Куыд никуал ысдзæбæх уой, афтæ,

Æмбæлттæ! Æрцыди рæстæг! –
Йæ фæстаг бон тугдзых лæгмарæн.
Нæ къухмæ, цæй, райсæм гæрзтæ.
Куыд уарзæм нæ Фыдыбæстæ,
Уый равдисæм абон ызнагæн!

Æмбæлттæ! Мæ дзырд у рæстмæ:
Фыдгулæн йæ бæрзæй сæтдзæнис.
Йæ сау рыг ыскæлдзæн хæрдмæ.
Рæстдзинад у мах фарс, æмæ
Уæлахиз дæр мах фарс уыдзæнис!

*1941 азы 23 июль*

## ЦÆЙ, ХÆРЗБОН, МÆ УАРЗОН!

Цæй, хæрзбон, мæ уарзон!
Æз фæцæуын балцы,
Ма-иу кæ мæ фæстæ
Иунæгæй æнкъард.
Диссагау дæм абон
Ма фæкæсæд м' ацыд, –
Сиды мæм нæ бæстæ
Тохы фæзмæ тагъд...
Фидар лæуу, мæ дуне:
Æз цæссыг нæ уарзын,
Ма-иу ку мæ фæстæ
Тар æхсæв æдзух.
Фидæнмæ та ногæй
Фестдзынæн дæ разы
Æмæ та дын худгæ
Райсдзынæн дæ къух.
Акса, мæ хур, уæлæ
'Нкъард зарæг кæнгæйæ
Мæргътæ дæр куы кæнынц
Хъарм бæстырдæм тагъд.
Фæлæ та фæстæмæ
Уалдзæгмæ бæлгæйæ
Райгуырæн бæстæмæ,
Зон, уыдзæн сæ тахт.

*1941 азы 10 декабрь*
*Ростовы область, Слепихины хутор*

## ФЫДЫБÆСТÆ

Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййынц
Йæ бинонтæ, йæ мад!
Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййы
Йæ рæзгæ бонты цард!
Фæлæ уæддæр, ныййарæг зæхх,
Дæуæн æмбал кæм и!
Дæуæй зæрдæйæн адджындæр,
Зæгъ-ма мын, чи у, чи?!

Нæ урс хæхтæ, нæ тар хъæдтæ,
Нæ хъал дæтты хъæлæс,
Нæ зад хуымтæ, нæ быдыртæ,
Нæ дидинæгджын фæз,
Кæм хъазыдтæн æз сабийæ,
Кæм рæзыдтæн æдас, –
Мыггагмæ дæр сымахимæ
Мæ зæрдæ баст у, баст.
Нæ фыдæлтæ сæ хъарм тугæй
Дæу балхæдтой, мæ зæхх,
Нæ бæркадджын фæллойæ дæ
Ысбуц кодтам дзæбæх.
Ды дæ мæ цин, мæ цардамонд,
Фыдыбæстæ, дæуæй
Мæнæн зынаргъдæр, адджындæр
Нæ уыдис æмæ нæй.
Æрмæст дæ кой, дæ буц ном дæр
Ыстыр ныфс у лæгæн.
У суанг дæ сыгъдæг уæлдæф дæр
Æвдадзы хос мæнæн.
Æмæ дæ никуы ратдзынæн
Ызнагæн, зон уый ды.
Фæлтау мæлæт ыссардзынæн
Дæ сæрвæлтау хæсты!

*1942*

## ФÆСТАГ САЛАМ

Мыййаг, хæсты быдыры искуы
Куы фæуон мард
Æмæ куы аскъуыйа æмбисыл
Мæ рæзгæ цард...

Мыййаг, куы нал фæуон кæронмæ
Мæ зарæг æз
Æмæ куы бамыр уа быинтондæр
Мæ сонт хъæлæс...

Мыййаг, куы фæсыкк уой мæ фæндтæ,
Мæ рухс фæндаг...
О, курын уæ, зынаргъ æмгæрттæ,
Æз иу хъуыддаг.

Зæгъут-иу мын мæ зæронд мадæн,
Куы фæуа хæст:
Хæсты быдыры, зæгъ, фæмард дæн
Цытимæ æз.

Зæгъут-иу ноджыдæр Кавказæн
Салам мæнæй.
Æцæг хъæбулау дæ, зæгъ, уарзтон
Зæрдæбынæй.

*1942 азы 11 январь*
*Ростовы область, Слепихины хутор*

## МÆ ФÆДЗÆХСТ

Фыдыбæсты сæраппонд тохы,
Мыййаг, куы фæмард уон рæстæй,
Уæд-иу мæ мард фæласут хохмæ,
Мæ Ир, мæ фыдæлты бæстæм.

Æмæ-иу бавæрут, æмгæрттæ,
Мæн рагон сау къæдзæхты 'хсæн,
Цæмæй æхсырхуыз цъитидæттæ
Рæвдауой с' аив зардæй мæн.

Цæмæй мæ ингæнмæ мæ уарзон
Фæсивæд хъазынмæ цæуой
Æмæ тæгæр бæласы ауон
Фыдæлты зарджытæ кæной.

*1942 азы 13 январь*
*Ростовы область, Слепихины хутор*

## МА КÆН ХЪЫГ

Хæрзбон, хæрзбон, мæ уарзон,
Æз дард балцы цæуын.
У а дуджы фæразон,
Ныууадз, мæ хур, кæуын.
Цæуын, цæуын æз абон
Хæсты быдырмæ раст,
Цæмæй уа рухс дæ амонд,
Дæ рæзгæ цард – æдас.
Цæмæй цагъарау бастæй
Ног ма ‘рвитæм нæ цард,
Гъе уый тыххæй мæ фарсыл
Æз бабастон мæ кард.
Фыцы мæ уæнгты ног тых.
Æхсарæй мæ фæрсыс?!
Дæ цардамонд – мæ хотых,
Дæ уарзонад – мæ ныфс.
Æмæ хæсты фыдафон
Ызнаджы сау нæмыг
Мæн ку’ амара, мæ уарзон,
Уæд-иу мыл ма кæн хъыг.
Нæ райсдзынæн хæдбарæй
Цагъайраджы къæлæт, –
Хуыздæр æгады цардæй –
Сæрибарыл мæлæт!

*1942 азы 27 февраль*
*Сталинграды область, Суровикинойы станицæ*

* * *

Кæм дæ, кæм дæ, мæ райгуырæн хæхбæстæ,
Цы фæдæ, цы, мæ ивгъуыд бонты цард?
Кæмдæр кæугæйæ ихсийут мæ фæстæ,
Нæ сæгдзыд къæс, мæ иунæг хо, мæ мад.

Цы ран ыстут, мæ рагбонты лымæнтæ,
Кæдæм фæлыгъд уæ хъæлдзæг худт, уæ хъазт?
Тæрсын, æваст куы фæсыкк уой мæ фæндтæ,
Æмæ æууилы ме ‘взонг зæрдæ маст.

Мæ фæстæ-иу зæрдырай ут уæ цардæй,
Фæсурæд фарн уæ зын, уæ рынтæ дард.
Æз цалынмæ нæ амæлон нæ бартыл,
Уæдмæ æлвæстæй дардзынæн мæ кард!

*1942 азы 8 мартъи*
*Сталинграды область, Суровикинойы станицæ*

## МÆ ХÆС

Ирыстон, зын бонтæ æрвыстай,
Зын уавæрты бахауд Кавказ.
Дæ сæрмæ хæсты уад æртыхсти,
Æрбадти бæзджын мигъау раст.

Фæлæ нын нæ байста нæ амонд –
Раст айнæгау разынд нæ тых.
Æркодта йыл ацы ран сау бон.
Ныссаста йæ тугæйдзаг ных.

Ныр дæр ма мæ цæстытыл уайы
Гъе уыцы уæззау бонты таг,
Ирыстон, мæ уарзон ныййарæг,
Нæ хæхтæм куыд бырста ызнаг.

Кæйдæртау нæ фæлыгътæн тохæй,
Нæ бамбæхстон пыхсы мæ сæр.
Дæ хъахъхъæнæг сау айнæг хохау
Æрлæууыдтæн фидар æз дæр.

Фæуагътон уæд фæндыр рæстæгмæ,
Рæстæгмæ фæуагътон мæ зард, –
Мæ къухмæ æз райстон мæ гæрзтæ,
Æз райстон мæ топп æмæ кард.

Гъе уый тыххæй абон, Ирыстон,
Дæ разы мæ цæсгом у рухс.
Гъе уымæн дæн афтæ сæрыстыр,
Гъе, уымæн дæн афтæ хъал æз.

*1942*

## КАВКАЗ

Мæ уарзон райгуырæн Кавказ,
Мæнæн зынаргъ дæ ды.
Мæн демæ акæнын ныхас
Зæрдиагæй фæнды.
Ды дæ ныййарæг мад мæнæн,
Дæ хъарм хъæбысы æз
Ысхастон хъæлдзæгæй, фæрнæй
Сывæллонæй мæ рæз.
Зымæг дæ тымыгътæ, дæ уад
Мæ авдæн-иу уызтой,
Сæрд та дæ хъал дæттæн сæ зард
Æз хъæлдзæгæй хъуыстон.
Æз уарзтон сау айнæг хæхтæн
Сæ къуылдымтыл хæтын,
Сæ зарджытæ нæ хъал мæргътæн
Мæ зæрдæмæ хæссын.
Ды радтай царды цин фæрнæй,
Æнæвгъауæй мæнæн.
Æмæ, гъе уый тыххæй дæуæй,
Кавказ, æз бузныг дæн.
Кæрон мæ уарзонадæн нæй,
Зынаргъ мын дæ, зынаргъ!
Тæхуды, чи скæны дзырдтæй
Дæ конд, дæ уындæн аргъ!
Дæ сонт, æрра дæттæн сæ хъазт,
Уынгæг кæмтты сæ дугъ,
Дæ урссæр цъититæн сæ каст –
Сæрыстырæй æдзух.
Æнусон тар хъæдты уынæр,
Дæ хъал мæргъты хъæлæс,
Кæнæ æхсæрдзæнты сæр-сæр
Куыд нæ уарзон, куы, æз!..
О, курын, сахуыр кæ мæн дæр,
Цæмæй æмбарон æз
Дæ диссаджы рæсугъд дæттæн
Сæ диссаджы хъæлæс.
Цæмæй хæххон донау рæсуг
Мæнæн мæ зæрдæ уа.

Цæмæй йæ зарæгау рæсугъд
        Мæнæн мæ зард цæуа.
Цæмæй уа айнæг хохау раст
        Æндон мæнæн мæ зард,
Цæмæй æхсæрдзæнау мæ хъазт
        Зæрдæйы хиза арф.
Цæмæй кæддæриддæр æз уон
        Нæ хъал Теркау ныфсхаст.
Цæмæй мæ зæрдæмæ хæссон
        Хæстæг дæ цин, дæ маст.
Цæмæй ды искæд бон, Кавказ,
        Мæнæй зæгъай рæстмæ:
«Уый уарзта уарзон мадау раст
        Йæ райгуырæн бæстæ».

*1943*

## ХÆРЗБОН

*Б-йæн*

Цæуын хæсты тыгъд быдырмæ,
Кæм судзы артау зæхх.
Хæрзбонтæ ут. Дæ хъæбулæн,
Мæ Ир, фæндараст зæгъ.

О, ма ку, ма, ныййарæг мад,
Мæ фæстæ ма кæн хъыг.
Нана, лæгæн уынгæг сахат
Зæрдæныфс нæу цæссыг.

Мæ рухс дуне, мæ удлæууæн,
Ды та цы 'руагътай сæр?
Ныууадз, ныууадз дæ сусæг куыд,
Дæхиуыл схæц уæлдæр.

Фæлтау мын ратт мæ фæндагмæ
Дæ уарзондзинад ды,
Цæмæй мын уа ныфсы суадон
Лæгæвзарæн хæсты.

*1943 азы 7 октябрь*

## ФЫСТÆГ МÆ МАДМÆ

Мæ фын фæлыгъди. Хуыссæг та мæ н ‘ахсы.
Хæстæг у бон, æвæццæгæн, хæстæг...
Уæдæмæ, цæй, мæ райгуырæн Кавказмæ
Ныффыссон æз, гъе ацы ‘хсæв фыстæг.

Ыссыгътон цырагъ ныккæнды æдæрсгæ.
Мæ чысыл пецы бафу кодтон арт...
Салам дæуæн, мæ райгуырæн хæхбæстæ,
Æнæниз у, мæ ныййарæг, мæ мад!

Æрвитын дын хæсты быдырæй абон,
Æрвитын дард Украинæй салам! –
Дæ буц хъæбул, дæ иунæг фырт, дæ уарзон
Нæ рох кæны дæу иу минут дæр ам.

Мæ цæстыл уайы райгуырæн хъæубæстæ,
Нæ хъæдынкъул, нæ æлыгбын хæдзар,
Дæ дæлбазыр кæм рæзыдтæн æдæрсгæ,
Кæм æрвыстон мæ рæзгæ бонты цард.

Мæ цæстыл уайыс алы бон, ныййарæг,
Цыма та бадыс рудзынджы раз ныр, –
Кæсыс æнхъæлмæ: «Искæцæй, мыййаг, кæд, –
Фæзæгъыс ды, – æрбазынид мæ фырт...»

Æз зонын хорз дæ хъуыдытæ, дæ фæндтæ,
Кæй у дæуæн æнæ мæн, нана, зын.
Æмбарын æз, кæй мыл риссы дæ зæрдæ,
Кæй дæм фæзыны хаттæй-хатт цæссыг...

Нана, дæ зæрдæ ма дзурæд мæнимæ,
Дзæгъæлы ма кæ, ма, нана, æнкъард, –
Куыд нæ дæн æз хæсты быдыры иунæг,
Нæ дæ ды дæр гъе афтæ иу, мæ мад.

Фæуыдзæн хæст! Нæ рæстдзинады кардæй
Ызнаг æрцæудзæн тагъд рæстæджы саст.
Æмæ дæм уæд, ныййарæг мад, æз дардæй
Фæзындзынæн сæрæгасæй æваст.

*1943*
*Хæцæг æфсад*

# ФЫССÆДЖЫ БЛОКНОТÆЙ

*6-IX-1941.* 12 сахаты бæрц фæлæууыдыстæм иу чысыл станцæйы. Арæх тахтысты знаджы хæдтæхджытæ. Амбæхстыстæмиу нартхоры хуымы æмæ мæкъуылты. Зæрдæ ницæмæй рухс кæны. Поездмæ хæстæг мæ сæрты атахти цалдæр немыцаг хæдтæхæджы. Тынг сцымыдис дæн: хъусæй хорз чи у, уый немыцаг хæдтæхджыты маторты уынæр махонтæй æнцонæй раиртасдзæни. Уыдонæн сæ хъæр æмыр æмæ ферхæц-ферхæцгæнаг у, махонтæн та – æмвæтæнæг æмæ лæгъз. Федтам, зениткæтæ сæ куыд æхстой, уый.

*7-IX-1941.* Æрбацыдыстæм станцæ Ног Санжартæм. Уырдыгæй фистæгæй абалц кодтам, Зæронд Санжартæ, зæгъгæ, уыцы хъæумæ. Кременчугмæ хæстæг. Фронт æввахс у. Хорз хъуысы сармадзанты хъæр. Нæ сæрмæ арæх тæхынц немыцаг хæдтæхджытæ. 3 боны ницы бахордтам. Бирæ адæм.

*8-IX-1941.* Нæ фæллад уагътам, зылдыстæм бæхдæттæм – къазарматæм.

*9–10-IX-1941.* Ницы кусæм. Æнхъæлмæ кæсæм ног уынаффæтæм. Белтæ, дам, нæй. Дзул нын радтой.

*11-IX-1941.* Изæрæй ацыдыстæм стыр фæндагмæ. Цæуын нæ бахъуыдис æхсæз километры бæрц. Изæрмилтæ. Æнхъæлмæ кастыстæм уынаффæмæ. Бирæ чызджытæ Полтавæйæ. Хæстмæ кæй ракодтой, ахæмтæ. Чызджытæ кодтой зарджытæ. Иуæн дзы дзæбæх хъæлæс. Йемæ æхсызгонæй аныхæстæ кæнин. Чи зоны, студенткæ у. Лæппутæ дæр зарын райдыдтой. Фæстæмæ здæхæм. Уарын æрбацæуы. Тæрккъæвда. Ныддонласт стæм. Уазал. Фæндаг нал арæм нæ бынатмæ. Куырмæджы агурæм мæкъуылтæ. Уарын æмæ дымгæ буары иннæрдæм хизынц. Бынтыбыны æргъæвст бакодтам. Райсомраджы æрбаздæхтыстæм нæ бынатмæ. Æрмæстдæр сихорафонтæм схъарм стæм æмæ нæхи бахус кодтам.

*12–15-IX-1941.* Райсомæй 6 сахатыл фестæм. Ахoдæн. Цæуæм стыр фæндагмæ. Кусæм. Æрбаздæхæм изæрæй.

*13-IX-1941.* Немæ ныхас кодта управленийы хицау. Знаг, дам, Ленинграды æмæ Киевы цурæй цалдæр километры æддæдæрмæ тард æрцыди. Кременчугы бынмæ, дам, знагыл æртыхстысты. Ауылты, дам, Буденный фæцæйцыди. Немыц, дам, Днепры былгæрæтты сæ мæлæт ссардзысты. Цæмæндæр мæ нæ уырны.

*14-IX-1941.* Райсомæй нæ райхъал кодта зениткæты хъæр.

Нæ сæрты атахти немыцаг хæдтæхæг. Нæ цуры бомбæ æрæппæрста. Зæхх нынкъуысти. Бомбæ уæлиауæй тæхгæйæ кæны, зæрдæйæн хъыг чи у, адæймаджы психикæйыл фыдырдæм чи зыны, ахæм æнахъинон æхситт. Фæндагыл цæуы бирæ автомашинæтæ. Танктæ. Фронт æввахсæй-æввахсдæр кæны...

*15-IX-1941.* Сармадзанты уынæр хъуысы арæхæй-арæхдæр, стæй хъæрдæрæй. Æхсæв-бонмæ уарын нæ банцади. Райсомраджы араст стæм фæндагмæ. Лехъа. Фæстæмæ чи цæуы, уыцы машинæтæ æмæ хæстонтæй уынгты азмæлæн нæй. Машинæтæ нынныхсынц цъыфы. Зынтæй сæ сæфтауынц. Дзурынц, трассæмæ, дам, цæуæн нæй. Сырхæфсæддон патрультæ. Мах уæддæр цæуæм. Цымæ нæ командиртæ цæуыл хъуыды кæнынц. Æппынфæстаг нæ фæстæмæ тæрын райдыдтой.

*16-IX-1941.* Нæ алыварс цы сындзтелтæ уагъд уыди, немыц уыдон алыварс æрзылдысты. Сындзтел кæронмæ уагъд дæр нæ уыди. Немыц базыдтой, нæ фронты фаллаг хайы танктæ кæй нæй, уый. Фронт æрбатыдтой. Нæхиуæттæй та, дам, чидæр гадзрахатæй рацыди. Сармадзантæ немыцæн баззадысты. 4 сахатыл ныуагътам З. Санжартæ. Куыддæр хъæуæй рацыдыстæм, афтæ нæ фæдыл бафтыди немыцаг хæдтæхæг. Æхсын нæ райдыдта пулеметæй. Мах – хъæдмæ. Æрæппæрста 4 бомбæйы. Зиантæ ныл не 'рцыди. Дзуттаг кæуы. Цыдыстæм æнæхъæн æхсæв-бонмæ. Сармадзантæ нæрыдысты. Прожектортæ хæсгæрдтау лыгтæ кодтой арв. Нæ цуры фехæлди цалдæр бомбæйы. Иу хæдзар ныккалди. Лехъа... Æхсæв Машевкæйы. Иууылдæр куыдзы фæллад бакодтам. Æлгъитынц командиры. Мæхи бон дæр цæуын нал у. Æхсæв районы æнæниздзинады хайады.

*17-IX-1941.* Красноград. Горæты хуызæнæй ма дзы цыдæртæ аззади. Персайнæгтæ цырыхъсæрфджытæ. Базары балхæдтам бедрайы 'рдæг фæткъуытæ æмæ дыууæ чысыл харбызы. Фæндаг цæуы дыргъдзæхæрадæтты æмæ хъæды сæрты. Арæх тæхынц хæдтæхджытæ. Кæцæйдæр æхсынц, нæ сæрмæ ныллæджыты чи тæхы, ахæм немыцаг хæдтæхæджы. Æз та йæ нæхион æнхъæлдтои. Федтам цалдæр пырх хæдтæхæджы, æнхъæлдæн, З. Куыд рабæрæг, афтæмæй сыл æндон цъар нæй.

Ахызтыстæм, æфсæнвæндаджы сæрты цы хид ис, ууыл. Станцæ – æввахс. Галиуырдыгæй, садзгæ кæй ныччынд, ахæм æрыгон хъæд. Изæрмилтæ. Ныллæджыты æрбатахтысты æртæ хæдтæхæджы. Æваст нæ 'хсын байдыдтой рухс фæд уадзæг нæмгуытæй. Мах нæхи баппæрстæм хъæдмæ. Æз æрхуыссыдтæн

къалиуы аууон. Æвваxс Мойсей дæр. Æвæццæгæн нæ бафиппайдтой æмæ ныл пулеметтæй ралæууыдысты. Мæ тæккæ фындзы рæзты асенк кодта судзгæ нæмгуыты сырх къæвда. Æз мæ цæстытæ бацъынд кодтон. Фервæзтыстæм. Базгъордтам конд хуыммæ æмæ уым ныxxуыссыдыстæм.

*19-IX-1941.* Зæронд Водолагтæ. Хæсты фæсчъылдыммæ кæй тæрынц, уыцы фосæй фæндæгтыл ацæуæн нæй. Чи сæ скъæры, уыдон разы сты сæ фосæй махæн раттыныл, æрмæст сын гæххæтт ныффысс, фос сæ кæй райстай, уый тыххæй. Дыууæ боны дзул нæ цæстæй нæ федтам. Слæмæгъ стæм. Нæ хæринаг – æрмæст пъамидортæ æмæ уырыдзытæ.

Цæуæм дарддæр. 6 боны дæргъы фыццаг хатт нæхи хорз ныхсадтам цады. Йæ ран – къуылдымджын. Дымгæйы ныхмæ æрлæууæнтæ нæй. Тæрккъæвда. Бадын телыхъæды бын. Лидзæг адæм æд уæргътæ. Сæ уындæй зæрдæ уынгæг кæны. Фæлæ нæхæдæг дæр хуыздæр уавæры не стæм.

Иу-æртæ сахатыл бахæццæ стæм Черемушнаямæ. Æвæццæгæн дзы тыхджын дымгæтæ вæййы. Хæдзæртты сæртæ гом. Бахсæвиуат кодтам хуыдоны. Талф-тулфæй сихор кæнæм. Фронтæй чи раздæхт, уыцы æфсæддонтæ дисæй мæлынц: «Нæ бронетанкон хæйттæ ныридæгæн Харьковы куы сты, уæд сымах та хæйрæг чердæм хæссы?»

Талф-тулфæй цæуæм фæстæмæ. Дыккаг бон та ногæй Зæронд Водолагты балæууыдыстæм.

*22-IX-1941.* Батардтой нæ нæзыйы къохмæ. Йæ фарсмæ ремесленнон скъолайы агъуыст – цъиуызмæлæг дзы нæй.

*23-IX-1941.* Не ‘фсæддон хай нын рацарæзтытæ кодтой. Ног командæгæнынад. Комиссар у æдылыйы ‘нгæс. Ноджы ма расыг дæр. Бынтон буцхаст чи уыд, ахæм. Хъæды – æртытæ. Нартхоры æфсиртæ, фыдызгъæл æмæ æндæр ахæмтæ. Знаджы хæдтæхджытæ...

## ФЫСТÆДЖЫТÆ

### Нигермæ

Дæ бон хорз, зынаргъ Иван!

Фыссын дæм, фæлæ нæ зонын, мæ фыстæг дæм фæхæццæ уыдзæн æви нæ. Куы йæ райсай, уæд, æвæццæгæн, дис дæр кæндзынæ, уымæн æмæ дæм никуыма ныффыстон, цы хорз зæрдæ мæм дардтай, уый кæд рагæй æмбарын, уæддæр. Тагъд 18 мæйы аивгъуыйдзæн, Иры зæххæн хæрзбон куы загътон,

уæдæй нырмæ. Æвæццæгæн дæ нæ бауырндзæн, æз уæдæй ардæм иунæг æмдзæвгæ дæр кæй нæ ныффыстон, уый. Мыййаг, удæгасæй куы баззайон, уæд мæ бон нывыл исты ныффыссын куы нæуал суа, уымæй дæр тæрсын. Фæлæ мын кæд литературæйы ницы бантысти (уæвгæ та мæхицæн стыр ныфсытæ æвæрдтон), уæд уыйхыгъд не ‘фсæддон хайы нымад дæн дзæбæх хæстоныл. Æрæджы мын уый тыххæй саккаг кодтой майдан «Хъæбатырдзинады тыххæй», стæй мæ бавдыстой дыккаг хицауадон хæрзиуæгмæ. Цыбырдзырдæй, иугæр куы мæлон, уæд – кадимæ, ирон дзыллæйы намыс нæ фæчъизи кæндзынæн.

Мæ зæрдæ дын зæгъы, зынаргъ Иван, цæмæй нæ адæмы фарнæн бирæ азты æнæнизæй фæцæрай. Мæ зæрдиаг саламтæ ратт, уым ма дæ цуры чи баззад, уыдонæн – Тæтæрийæн, Созырыхъойæн, Хадзыбатырæн, Хъазыбегæн æмæ иннæтæн[1].

Зæрдæбынæй дын аргъ чи кæны, уыцы

**_Кочысаты Мухарбег_**

*15.03.43 аз. 2194 хæстон посты станцæ, 240 хай*

## Йæ бинонтæм

Уæ бон хорз, мæ ахсджиæгтæ!

Хъусын уын кæнын: дæн сæрæгас æмæ æнæниз, сымахæн дæр уый зæгъы мæ зæрдæ. Цалдæр боны рацыди, ногæй фронты куы дæн, ууыл. Санчъехгай цæуæм ныгуылæнырдæм, сæрибар кæнæм нæ райгуырæн зæхх. Ног хабарæй мæм ницы ис, уæхæдæг кæй хъусут, уыдонæй дарддæр. Бацыдтæн ÆК(б)П-йы рæнхъытæм, тагъд хъуамæ мæ партбилет райсон. Уæхи хъуыддæгтæ куыд сты, ногæй уæм цы ис? Куыд у Надайы[2] æнæниздзинад? Кæм и Зойæ?[3] Мæ аттестатæй ницыма уайы. Куы йæ райсон, уæд уын цалдæр мæйæн æхца арвитдзынæн. Æндæр гæнæн нæй. Цæй уал. Фыст фæдæн. Мæ зæрдæ уын зæгъы бирæ хæрзтæ.

Быдырон пост 25771 «Л», Кочысаты Георгийы фырт Мухарбегмæ, 30-1-44[4].

[1] Ирон фысджытæ Епхиты Тæтæри, Брытъиаты Созырыхъо, Ардасенты Хадзыбатыр, Хъазыбегти Хъазыбег.

[2] Нада – Мухарбеджы фыдыхо.

[3] Зойæ – Мухарбеджы хо.

[4] Фыстæгыл цы мыхуыр ис, уый датæ.



## КУЧИТЫ Владимир

*Кучиты Дафимы фырт Владимир райгуырди Къостайыхъæуы 1922 азы. Авд къласы каст куы фæци, уæд ахуыр кæнынмæ бацыди педагогон техникуммæ. 1941 азы сси Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологон факультеты студент. Хæст куы райдыдта, уæд цалдæр хатты курдиат балæвæрдта, цæмæй йæ арвитой тохы быдырмæ, фæлæ йæ цæстытæ сахъат кæй уыдысты, уымæ гæсгæ йæ нæ уагътой. Æппынфæстаг ын бантысти фронтмæ ацæуын. Уыди минææхсджыты взводы командæгæнæг. 1942 азы Владимир фæмард хæсты быдыры. Ныгæд æрцыд æфсымæрон ингæны Ростовы облæсты хутор Рубашкинойы.*

*Владимир литературон куыстыл фæцалх хæрз æрыгонæй. Йе 'мдзæвгæтæ цыдысты республикæйы газеттæ, журналтæ æмæ иумæйаг æмбырдгæндты.*

### ПАРИЖЫ КОММУНАРТÆН

Кæд уын нæ бантысти фылдæр,
Кæд раджы асасти уæ хъару,
Уæддæр уæлахизау ныр дæр,
Уæ тох нæ зæрдæты куы хъары.
Уæ рæстæг кæд уыди цыбыр,
Уæддæр фæллойгæнæгæн загътат:
– Сæрибар уарз æмæ ныббырс,
Æлгъыстаг царды къæлæт аппар!
Уæ фæзынд хурау уыди раст,
Уæ хъуыддаг н' амæлдзæни никуы!
Хæсдзæн фæллойгæнæг йæ маст
Æфхæрæг бонджынтæн йæ риуы.
Сымахау сыстдзæни уæндон,
Йæ рæхыс атондзæн йæ цæнгтæй,
Ныр уымæн бауыдзæн йæ бон –
Æнусмæ фервæздзæн ызнæгтæй.

Хуыздæр у кадимæ мæлæт
Ægад, æнæ намысы цардæй,
Сымахæн баззади уæ фæд,
Сымах æнæ хай не стут цардæй.

## УАЛДЗЫГОН НЫВТÆЙ

Сабитæ сæ дæлæртты
Фескъæфынц сæ фæллæйттæ.
Схылдысты та бæлæстæм.
Сидынц та сæ хæлæрттæм:

«Ратæхут-ма, ратæхут,
Ам уал махмæ ацæрут!»

Цъиу кæм нæ у амондджын, –
Саби уымæй – «хъалонджын»...
Хъæлдзæгæй æрбатахти,
Ахстоны был абадти.

*1940 (?)*

## ФÆЗЗЫГОН ЗАРÆГ

Сыфтæртæ бæлæстыл
Бурæй лæууынц.
Мæргътæ æндæр бæстæм
Къордтæй тæхынц.

Дæттæ æхсæрдзæнтæй
Нал кæлынц ныр.
Быдыр æдзæрæгæй
Бандзыг – æмыр.

Арвыл бæзджын мигъты
Дымгæ тæры,
Бæлæсты гом хихты
Уигъы, сæтты.

Хæхтæй нæм тымыгътæ
Ниугæ цæуынц.
Хъæндилтæ, бындзытæ
Тарфæй хуыссынц.

Уадз æмæ зымæг дæр
Ралæууæд ныр, –
Махæн нæ фæллæйттæ
Фесты æмбырд.

*1940 (?)*

## КЪОГЪОТЫ ЗАРÆГ

*(Соловьевмæ гæсгæ)*

Мах – зæрдæрухс æмæ хъæлдзæг,
Кодтам уæлдæфы нæ тахт.
Фæлæ ралæууыди фæззæг,
Æмæ банкъард ыстæм мах.

Дымгæ алы бон дæр ниуы...
Хъызтæй, уазалæй мæлæм.
Хъазын нал фæнды нæ иуы,
Удхар, тухитæ кæнæм.

Бур кæрдæджы, сыфтæрты бын
Мæгуыр къогъотæ мæлынц.
Бæлæстæн сæ цъæртты рæбын
Уыдон тарф фынæй кæнынц.

Тымыгъ рахæссы сæлфынæг,
Дымгæ бауигъы сыфтæр...
Мысынц къогъотæ сæ фыны
Хъæлдзæг уалдзыгон изæр.

*1940 (?)*

## ЗÆРВАТЫКК

Уæлæ нæ цары
Зарджытæ зары
    Хъæлдзæг зæрватыкк.
Ахстоны дуарæй

Лæппынтæн дары
    Буцæй хæринаг.
Бирæ сæ уарзы,
Семæ фæхъазы
    Урсхъуыр зæрватыкк.
Айрæзут тагъддæр.
Райсом сымах дæр
    Зилдзыстут арвыл.
Хур дæр уæ судздзæн,
Дымгæ фæрсудздзæн
    Базырты ‘хсæнты.

* * *

Тыхсы, тыхсы мæ зæрдæ алцæуыл,
Æз ме ‘ппæт тыхтæ адæмæн дæттын.
Мæн ныр фæнды æнустыл ацæуын
Æмæ сын хурау зарджытæ хæссын.

*1940*

* * *

Куы сæмбæлы рог уылæн дурыл æваст, –
Йæ пырхæнтæ дардмæ фæхауынц.
Куы сиу вæййы уылæнтæн иумæ сæ маст,
Уæд айнæг-хох дардмæ фæласынц.

Æнæ дæу, о адæм, æз – иунæг, æдых,
Дæуимæ нæртон у мæ хъуыды, мæ тых.

*1941*

## ХÆСТОН ДЗЫРДТА

Фæрсут мæ ныр сымах мæ цæфæй,
Фæлæ ныууадзæм уый фæлтау.
Æрмæст цы федтон хæсты арты,
Гъе уый зæгъын мын нæу æвгъау.
Бырстам... Цыди нæ фæстæ иу чызг,
Йæ фарсыл стыр хызын уыд баст.
Уый размæ тохмæ кодта не ‘мцыд,
Уæндон, сæрыстыр уыд йæ каст.
Нæ зонын... Никуы федтон ахæм:

Нæ тарсти карз хæсты хъæрæй.
Зæхх рызт сармадзанты гæрахæй,
Уæддæр нæ фæстæ уад рæвдзæй.
Æваст æз урс митыл æрхаудтæн,
Мæ зонд, мæ цæстæнгас фæтар.
Мæ туг æнæвгъау митмæ калди,
Мæ хъару нал уыди мæ бар...
Мæн чидæр тагъд йæхимæ ‘рбайста,
Мæ цæф мын асгæрста уырзæй,
Ыстæй йæ бинтытæй æрбаста
Æмæ мæм бахудти фæлмæн.
Æз дæр æм уæд æргом ыскастæн.
(Йæ уынд мæ зæрдæйы ныххызт).
Кæм уыдис аргъ йæ цæстæнгасæн, –
Æвиппайд’ айрох и мæ рыст.
Йæ хызын уыд йæ уæхскыл ауыгъд,
Йæ рустыл мидбылхудт хъуызыд.
Ныр дæр йæ хуыз мæ цæстыл хъазы:
Бæрзонд, мыддзаст æмæ хæрзуынд.
Куы фена исчи уый сымахæй,
Уæд ын мæ номæй-иу зæгъæд
Салам мæ зæрдæйы хæрз арфæй,
Цæрæд æнæнизæй, цæрæд!
Цæрæд фашистыты фыдæнæн,
Цæрæд сæрибарыл хæстæн!
Цæрæд мæ фидæны æмбæлдæн,
Цæрæд нæ бæстæйы цытæн!

*1941*

## ФÆДЗÆХСТ

Дæуимæ арæх зæрдæ дзуры,
Нæ заман кæд тыхст у, уæддæр.
Æхсæв æдзухæй дæр мæ цуры
Мæ фыны февзæрыс, рæсугъд.

Ды зоныс, тохы нæрдмæ дардæй
Æз дæр нæ кæсдзынæн уыгау,
Æз дæр йæ уылæнтыл фæйлаугæ
Бырсдзынæн сахъ лæджы фыртау.

Хæсдзынæн дæу мæ риуы размæ,
Мысдзынæн тохы фæстæ дæу.
Куы хæла сау нæмыг мæ фарсмæ,
Уæддæр дын ферохгæнæн нæй.

Фæлæ цъаммар фашисттæм уацар
Цæфæй куы бахауон, мыййаг,
Куы нæмой уистæй мын мæ рагъдзарм,
Мæ риумæ мын куы дарой кард,

Уæд æз нытту кæндзынæн знагыл,
Мæ сæр æз сисдзынæн бæрзонд.
Зæгъдзынæн удхортæн сæ разы,
Хъæрдæр куыд дзурын уа мæ бон:

«Нæй, никуы байсдзыстут, цъаммартæ,
Мæнæн мæ райгуырæн сымах,
Æрцыд кæрон уæ æлгъыст царддæн,
Мæлæт уæм рудзынг хойдзæн тагъд!»

Мæнæн та уым мæ бæстæ худы,
Уым и хæстон цытджын фæтæг.
Уым и ныййарæг мад мæнæн дæр,
Уым и мæ царды ныфсдæттæг!

*1942 азы январь*



## КЪÆБУЛТЫ Елиоз

*Къæбулты Бибойы фырт Елиоз райгуырди 1919 азы Хуссар Иры Ортъеуы хъæуы. Ахуыр кодта астæуккаг скъолайы, стæй та педагогон институты. Уыйфæстæ куыста Громы хъæуы астæуккаг скъолайы директорæй.*

*Куыддæр хæст райдыдта, афтæ ацыди æфсадмæ æмæ фæмард Украинæ знæгтæй хъахъхъæнгæйæ.*

*Æмдзæвгæтæй уæлдай ма Елиоз фыста радзырдтæ дæр.*

### ЗЫМÆГ

Арф кæмтты дымгæ ныууасы,
Уазалриу айнæг ныджджих.
Тар хъæды зæхмæ æртасы
Зазы бæласæн йæ хих.

Фæтæнты зæйтæ æрдасынц,
Баззайы айнæг гæмттæй.
Сау æхсæв сырдтæ ныууасынц
Мигъдзаст æгомыг кæмттæй.

Талынг, æдзæрæг лæгæтты
Айнæг къæдзæхтæ хуыссынц.
Рагон æхсæрдзæнтæ хохæй
Таурæгътæ дардыл хæссынц.



## КЪИБИРТИ Тазæрет

*Къибирти Иласы фырт Тазæрет райгуырди 1914 азы Дыгургомы, Гуылæры хъæуы, зæхкусæджы хæдзары. Ахуыр кодта Дзынагъайы скъолайы. 1930 азы йæ бинонтæ ралыгъдысты быдырмæ, Сырх Дыгуры хъæумæ. Ардыгæй Тазæрет ахуыр кæнынмæ ацыди Мæскуымæ – кусæг факультетмæ. Каст æй фæци æмæ йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты. Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ ацыди фæстаг курсæй. Сахуыр кодта танкистты скъолайы, æмæ йæ арвыстой Курскы сырхзынг къæлæтмæ. 1943 азы кæстæр лейтенант Къибирти Тазæрет цы танкты бригады уыд, уый хъазуатон тохы бацыди фашисттимæ Орелы областы, Нижнее Муханово, зæгъгæ, уыцы хъæумæ хæстæг. Уыцы тохы йе 'мбæлттимæ танчы басыгъд æрыгон поэт æмæ хъæбатыр хæстон.*

*Сырхдыгуйрæгтæ се 'мхъæуккæгты мысынæн цы цырт сæвæрдтой, ууыл иннæ сгуыхт хæстонты фарсмæ сызгъæрин дамгъæтæй фыст у Къибирти Тазæреты рухс ном дæр.*

### К. МАРКСÆН

Дæ бакастæй лæги цардмæ
Идзаг цæстæй, циргъзундæй
Ирд æстæфтæ, ирд, идардмæ
Царди нæдтæ бæлвурдæй.

Кæдæй зелуй нæ зæнхи цалх,
Кæдæй зелуй дæндаггай, –
И дзамæнттæ фурталингæй
Фæллигъдæнцæ фæлтæргай.

Рагон фæлтæр базæронд æй,
Мах æ нихмæ ниллæудтан.
Дæу тухгин цорк æ бунгарди
Нур не тухæй никъкъуæрдтан.

Цæфсуй дуйне, ду ма тæрсæ,
Цæфсуй дуйне сурх зингау.
Дæу загъд кæнæн – «ма уодæнсæ,
Æзнаги цæвæ лæгау».

Дæ туруса мах нæ зæнхи
Лæгдзийнадæй æрсагътан,
Æ фелаунмæ нæ зæнхи
Царди нивтæ искарстан.

Бонæй-бонмæ бæрзонддæр
Нæ туруса мах есæн.
Анзæй-анзмæ цитгиндæр
Дæ устур ном мах хæссæн.

Кæд ма кæнуй уарунгартæ,
Æрхæстæг æй кæд ивулд,
Уæд сау коммæ зæнхи рунтæ
Ракалдзинан мах бæлвурд.

*1937*

## Э. ТЕЛЬМАНÆН

Ду райгурдтæ зин рæстæги,
Тохи хæццæ фазонæй.
Минкъийæй дæр дæ авдæнæй
Ку рахизтæ хецонæй.

Сувæллонæй дæ баргъонмæ
Рохси цъита нæ зудтай.
Дæ баргъонæй дæ абонмæ
Берæ зинтæ фæууидтай.

Мæтъæл сагъæстæ кæнисæ
Саби уогæй дæ цардбæл.
Куд мæгурæй ивæрисæ
Дæ фæндитæ сæ надбæл.

Фал уайтагъддæр ку базудтай:
Еске хъиамæт кæбæл ес, –
Æгириддæр дæуæн уонæй
Дæ ахийлаг неке ес.

Уæд де ‘нсувæр и косгутæн
Æд туруса сæ разæй
Над амонгæй нифси хæццæ
Ку ниллæудтæй æд кадæй.

Нур гъавунцæ суд кæнунмæ,
Рæстбæл цæуæг, дæуæн дæр,
Фал дæу цардмæ æвзедунмæ
Нæ ерунцæ гага дæр.

Дæхуæдæг æй хуарз ку зонис:
Æррæдистæй и дуйне,
‘Ма фæшисттæн а зæнхæбæл
Берæ цæрæн нæбал е.

Кæд бадис нур ахæстони, –
Æ ном хуннуй Маобит,
Уæддæр зонæн: ду Германи
Исаразтай федар бид.

Æрветис ду сау æхсæвтæ
Ахæст хуæнхаг цæргæсау.
Гитлербæл дæр уорс базуртæ
Æрзадæнцæ мулдзугау.

Косæг адæм кæмидæр ес,
Хе хъиамæтæй ка цæруй, –
Дæ туруса хæрдмæ есгæй
Æ къох дæмæ даргъ кæнуй.

*1937*

## ФÆСЕВÆД – ДЕДЕНÆГ

Мах фæсевæд – деденæг,
Тухгин хуми ирæзæн.
Нæ фиддæлтæн номхæссæг
Ке уодзинан – дзурд дæттæн.
Уотæ ‘й, уотæ ‘й, нæ фæсевæд,
Рæстдзийнадæй ку зæгъæн,
Мах гъæуамæ нæ хуæрзеуæг
Рохс дуйнебæл итауæн.

Мах райгурдан рæсугъд доги,
Ӕлдари цæф нæ зонæн.
Некебал æй æгомугæй
Цирагъдарæг æлдарæн.
Уотæ ‘й, уотæ ‘й, нæ фæсевæд,
Рæстдзийнадæй ку зæгъæн,
Цидæриддæр – нæ менеуæг
Мах бавдесæн Цæдесæн!

Нæ фидтæлтæ кæд гъæстонцæ
Уони зæнхæ сæ хедæй,
Уæддæр еубон истухтæнцæ
Сæ бартæбæл æмуодæй.
Уотæ ‘й, уотæ ‘й, нæ фæсевæд,
Рæстдзийнадæй ку зæгъæн,
Ивæрæн æй мах нæ зæрди,
Иронх дæр æй нæ кæнæн.

Нæ цардæрæг – лæгдзийнадæ –
Махæй æртæст макæд уа,
Нæ цардхæссæг – ахурадæ,
Куд нæ тоги æхседа!
Уотæ ‘й, уотæ ‘й, нæ фæсевæд,
Рæстдзийнадæй ку зæгъæн,
Ниццæгъдæн мах нæ дзæнгæрæг,
Рохс кæмттæмæ удзæлæн.

Мах будуртæ искæндзинан
Сурх-зæрийнæ дарийау,
Нæ горæттæ исцæгъддзинан
Уорс æрттевгæ айдæнау.
Уотæ ‘й, уотæ ‘й, нæ фæсевæд,
Рæстдзийнадæй ку зæгъæн,
Муггагмæ ном нæ лæгеуæг,
Уой иронхи макæд уæн.

Гъей, фæсевæд, цурд февналæн
Цæдес кустмæ цæрдæгдæр.
Цæй, бавдесæн зæрдигъалæй
Лæгдзийнадæ куд хуæздæр.

Уотæ ‘й, уотæ ‘й, нæ фæсевæд,
Рæстдзийнадæй ку зæгъæн,
Цийнæ гæнгæй хуарздзийнади
Игъæлдзæгæй æркафæн.

*1937*

## АХÆСТ

*(М. Ю. Лермонтовæй)*

Рауадзетæ мæн къундæгæй,
Раттетæ мин бони цъæх,
Сау цæститæ рæсугъд кизгæ,
Сæнтсау барцæ хъалсæр бæх.
Фиццагау æз и рæсугъдæн
Нибба кæнинæ дзæбæх,
Сонт дунгау уæдта будурмæ
Фæддунд уайнæ æз æд бæх.

Фал бæрзонд ку æй къæразгæ,
Æфсæн дуар мæбæл æхгæд.
Сауцæстæ кизгæ идарди
Æй æ уати игъæлдзæг,
И цъæх будури хъалсæр бæх
Игъæлдзæгæй æвæсмон
Фæццæйгъазуй, фæццæйкафуй
Æн’ идонæ æ фæндон...

Еунæг дæн æз, мæтъæлзæрдæ,
Ревæд фæрстæ зилдæгæй,
Мæрдон цæфст кæнуй цирагъ дæр
Хусгæ-хусгæ, таргæнгæй.
Æнафони ‘рмæст фегъусуй
Гъузгæ къахгъæр æндегæй:
Даруй уоми, цид, гъæуайгæс
Топп æ къохи ефтигъдæй.

*1941*



## КЪУБАЛТЫ Дмитри

*Къубалты Аслæнбеджы фырт Дмитри райгуырди 1923 азы Джызæлы. Йæ фыд уыди зæхкусæг лæг. 1931 азы Дмитри бацыди Джызæлы астæуккаг скъоламæ æмæ йæ каст фæци 1941 азы. Уыйфæстæ ахуыр кæнын райдыдта Цæгат Ирыстоны медицинон институты. Немыцаг фашисттæ нæ райгуырæн бæстæмæ куы 'рбалæбурдтой, уæд Дмитри дæр ацыди тохы быдырмæ. Хæцыди Сталинграды фронты. 1943 азы Къубалты Дмитри фæмард фыдгулы нæмыгæй.*

*Дмитри фыста æмдзæвгæтæ. Уыдонæй цалдæр рацыди хæсты размæ ирон газетты.*

### НОГБОН

Нæ æвзонг зæрдæты
Егъау цин æнхъæвзы.
Уый ногбон æрцыд.
Æдзухдæр йæ хуынтæй
Нæ сæрибар царды
Вæййæм мах рæвдыд.

Нæ бæстæ домбай у,
Йæ сахъ фырттæ – бирæ,
У фидар сæ тых.
Цы знаг нæм æвнала, –
Нæ дзыллæйы 'хсарæй
Æрцæудзæни пырх.



## МАГКАТЫ Алихан

*Магкаты Тимофейы фырт Алихан райгуырди Гуырдзыстоны Хъазыбеджы районы Цоцолты хъæуы зæхкусæджы хæдзары. 1918 азы Магкаты бинонтæ алыгъдысты Дзæуджыхъæумæ. Уым Алихан ахуыр кæнын райдыдта скъолайы. 1931 азы ацыди Хуссар Ирыстонмæ, куыста паддзахадон театры актерæй. 1937 азы бацыди Ленинграды театралон институтмæ. Каст дзы фæцис иу курс. Уыйфæстæ сыздæхти Сталинирмæ. Куыста Къостайы номыл паддзахадон театры актерæй, стæй та режиссерæй. Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ дæр уырдыгæй ацыди. Капитан Магкаты Алихан фæмард 1944 азы нæ адæмы сæрибарыл тохы.*

*Алихан ныффыста цалдæр пьесæйы. Пьесæ «Тохы бонтæ» систам, «Джебогъ æмæ сисæй», зæгъгæ, уыцы чиныгæй (Сталинир, 1959). Ам æй мыхуыр кæнæм иуцасдæр редакцигондæй.*

## ТОХЫ БОНТÆ

Æртæактон драмæ

*Архайджытæ:*

**Токарев.**
**Токарева,** йæ ус.
**Тотырбег,** зæронд лæг.
**Сæлимæт,** йæ ус.
**Коки,** сæ фырт.
**Гайто.**
**Дауыт.**
**Дзамболат.**
**Тасолтан,** Хатуйы ‘рвад, революционер.
**Бибо,** Дауыты фыд, зæронд лæг.
**Хъауырбег,** Хатуйы фыд, хъæууон хъæздыг.

**Хату**, Деникины æфсады афицер.
**Капитан.**
**Тъарас**, урс æфсады службæгæнæг.
**Муссæ.**
**Степан.**
**Поручик.**
**Инæлар.**
**Гандз**, хъæуыхицау.
**Дзырдхæссæг.**
**Аксютæ**, хæтаг сылгоймаг.
**Хъызмыдæ**, хъæууон сылгоймаг.

## ФЫЦЦАГ НЫВ

*Дзæуджыхъæу. Урсыты штаб. Галиуырдыгæй стыр хæдзары верандæ, йæ ных авгæй æвæрд. Верандæйы галиуырдæм дуар, хæдзармæ бацæуæн. Йæ рудзынг кæртырдæм, зыны дзы уат. Верандæйы стъол, йæ уæлæ тилифон æмæ гæххæттытæ. Кæрт æмæхгæд у дурын быруйæ. Рахизырдыгæй кæронæй скъæт, йæ фарсмæ кæрты дуар. Дуаргæрон лæууынц хъахъхъæнæг æмæ* ***Степан.*** *Верандæйы стъолы фарсмæ бады вахмистр* ***Тъарас.*** *Телефоны дзæнгæрæг ныццагъта.* ***Тъарас*** *хæтæл райста.*

**Тъарас.** Хъусын. О, штаб. Чи? Хату? Нæма. Хорз... *(Æрцаузыгъта хæтæл.)*

*Тагъдгомау æрбауад* ***Хату****, асиныл уæлæмæ суад.*

*(Йæ размæ фæци, æфсæддон салам ын дæтты.)* Уæ бæрзонддзинад! Ныртæккæ уæм сидтысты сæйраг штабæй. Куыддæр æрбацæуа, афтæ, дам, нын фехъусын кæнæд.

**Хату.** Хорз! *(Райста телефоны хæтæл.)* Алло! Раттут мын капитан Сверчковы кусæнбынат! О. Дзуры адъютант. О... Æз дæн! Хъусын дæм. Хорз, хорз. Ацы тæккæ минут! *(Æрæвæрдта хæтæл. Ногæй та цæгъды телефон.)* Алло! Раттут мын Хавæты Бетъайы кусæнуат. Бетъа дæ? Цы? Рацыди? Хорз! И? А-а... Акъæрцц æй кодтам. Бузныг! *(Æрæвæрдта хæтæл. Тъарасæн.)* Цæттæ дарут бæхтæ! Фондз минуты фæстæ цæуæм. Бардзырд ис булкъонæй.

**Тъарас.** Хъусын дæм! *(Фæцæуы скъæтырдæм.)*

**Хату** *(тагъдгомау асинæй æрызгъоры, ауыдта Муссæйы скъæты раз. Уый йын нæ сыстад, æфсæддон салам ын нæ радта).* Смирно! Æз дын цы ми бакæндзынæн, уый зоныс! Кæм ис æфсæддон æгъдау!?

**Муссæ** *(Хатуйæн æфсæддон салам дæтгæйæ).* Нæ дæ федтон, дæ бæрзонддзинад!

**Хату** *(ехсæй йæ æрцавта).* Æз дæ сахуыр кæндзынæн! Смирно! Кругом! Марш! Ацы тæккæ минут бæхтæ цæттæ куыд уой, афтæ! *(Фæстæмæ верандæмæ схызт.)*

***Муссæ** бацыди скъæтмæ.*

**Степан** *(топп фелвасгæйæ).* Чи дæ?

**Тасолтан** *(дуарæй).* Мæн фæнды Хатуйы фенын. Ме 'рвад у.

**Хату**. Рауадз æй!

**Степан.** Хъусын дæм!

**Хату** *(Тасолтанмæ).* Мидæмæ!

**Тасолтан** *(æрбауад, йæ къухы ехс).* Дæ бон хорз! Ныр дæ æнæхъæн дыууæ сахаты агурын.

**Хату**. Кæцæй фæдæ? Цы хабæрттæ дæм ис?

**Тасолтан.** Дзæбæхæй уæлдай ницы.

**Хату**. Фæстæмæ кæд здæхыс?

**Тасолтан**! Абон. Нæ хъæуыхицау Гандз дæр мемæ ис, цæугæ дæр дæм уый тыххæй æрбакодтон, иумæ хъуамæ аздæхæм. Ам нæма уыди? Æрбацæуинаг дæм уыди, тынг æхсызгон хъуыддаг, дам, мæ ис.

**Хату**. Æрбауайæд-иу.

**Тасолтан.** Уæдæ уал æз цæуын, рацагурон æй. Изæры та дæм æрбауайдзынæн. *(Фæцæуы.)*

**Тъарас** *(тагъдгомау æрбауайгæйæ).* Дæ бæрзонддзинад, булкъон дæм сиды йæхимæ!

**Хату**. Ме 'рбацыдмæ цæттæ куыд уат, афтæ! *(Ацыд.)*

**Муссæ** *(Степанæн).* Мæлæт! Мæлæт хуыздæр у, Степан!.. Нæ хъуыддаг ма мæ уромы, кæд...

**Степан.** Сабыр. Мæнæ базонæм, кæдæм цæуынмæ хъавы, уый æмæ афардæг уæм...

**Муссæ.** Æнæмæнг! Тæккæ абон! Науæд æй æз амардзынæн ацы куыдзы хъæвдыны...

*Дуарæй æрбайхъуыст автомобилы хъæр.*

Уæдæ абон!

**Степан.** Æрбацыдысты, цæугæ! Абон.

**Поручик** *(тагъдгомау æрбауад, командæ дæтты).* Смирно!

*Æрбацыди **капитан**, агъуыстæй йæ размæ рауади **Хату**.*

**Хату.** Штабы алцыдæр æнæзæрдæхсайгæ у, господин капитан!

**Капитан** *(йæ къух ын исы).* Уый хорз! Ныфс мæ ис дæуæй, адъютант.

*Схызтысты верандæмæ.*

Уымæй уæлдай дæ зæрдæ кæмæ ‘хсайы, гуырысхойаг чидæриддæр у, уыдон *(амоны йæ хурхмæ)* ауындзгæ!

**Хату.** Хъусын дæм, дæ бæрзонддзинад!

**Капитан.** Ир, мæхъхъæл æмæ хъазахъы ‘хсæн фыдæхдзинад байтауын хъæуы, кæрæдзимæ туджджыны цæстæй куыд кæсой. Куыйтау сын стæг аппарын хъæуы, кæрæдзи йыл куыд ныттоной, стæй уæд махæн... Æмбарыс?

**Хату.** Æмбарын, господин капитан!

**Капитан.** Дæуæн, адъютант, хæсгонд цæуы, цæмæй...

*Дуарæй æрбазынди* ***дзырдхæссæг.***

**Степан.** Чи дæ?

**Дзырдхæссæг.** Бар мын раттут мидæмæ бацæуынæн.

**Хату.** Уый мæ сусæг кусджытæй у. *(Степанæн.)* Æрбауадз æй. Цы хабар у?

**Дзырдхæссæг.** Æхсызгон хъуыддаг. Зынгæ большевик Токаревы хæдзармæ бацыд иу чидæр.

**Хату** *(хъазахъхъæгтæн).* Муссæ, Степан, тагъд райсут хæцæнгæрзтæ æмæ цæттæ ут!

**Капитан** *(дзырдхæссæгæн).* Ды дæхæдæг чи дæ?

**Дзырдхæссæг.** Æз... Æз дæн, дæ бæрзонддзинад, нæ райгуырæн бæстæ большевизмы маргæй хъахъхъæнæг. Мæнæн мæ фыды фехстой большевиктæ...

**Капитан.** Арфæ дын кæнын! Мах хæс у большевизм бындзарæй стонын, нæ фыдыбæстæ æнæхуыцæуттæй фервæзын кæнын.

**Дзырдхæссæг.** Архайын, дæ бæрзонддзинад!

**Поручик.** Муссæ!..

**Хату.** Поручик, Муссæйы уадз! Мæнæ Тъарасы акæн!

**Поручик.** Тъарас! Савели! Мæ фæдыл!

*Азгъордтой,* ***дзырдхæссæг*** *дæр сæ фæдыл.*

**Муссæ** *(Степанæн).* Стыр æхсызгонæй йын аскъæрин нæмыг йæ сæрымагъзы!

**Степан.** Сабыр. Чи зоны æмæ йæ не ‘рцахсой...

**Муссæ.** Тъарас куынæ ацыдаид. Уый нæ æвыдæй нæ ныуадздзæн.

**Капитан** *(гæххæттытимæ архайгæйæ).* Уæддæр нæма сыскъуыд сæ мыггаг.

**Хату.** Сыскъуыйдзæни, господин капитан.

**Степан** *(Муссæйæн).* Хъусыс? Фендзыстæм!

*Чидæр хойы.*

Чи дæ?

**Гандз.** Мæн фæнды хистæры фенын.

**Хату** *(Гандзы ауыдта).* Мидæмæ, Гандз. *(Капитанмæ.)* Уый нæ хъæуыхицау у.

**Гандз.** Дæ бон хорз, Хату. Комкоммæ дæумæ æрбацыдтæн. *(Иуварс æй ракодта)* Нæ хъæуы змæнтынц. Фæсивæд коммæ нал кæсынц. Æфсадмæ нал цæуынц. Уымæй уæлдай ма нæ хъæуы æмбæхсынц цавæрдæр лыгъд большевичы. Тæккæ дысон дæ фыд Хъуырбеджы фæрцы раргом, нæ хъæуы цы большевикон организаци ис, уый. Адæмы сызмæстой. Кæмдæр сын цыдæр бастдзинад ис большевикты сæйраг комитетимæ, Орджоникидзеимæ.

**Хату.** Цы? Орджоникидзеимæ?

*Ссыдысты верандæмæ.*

Господин капитан! Нæ хъæуыхицау хъусын кæны, йæ адæм кæй нал коммæ кæсынц. Раргом кодтой большевикты организаци. Цавæрдæр зынгæ большевик кусы се 'хсæн.

**Гандз.** Тынг тасы мидæг ис æнæхъæн зылд, дæ бæрзонддзинад!

**Капитан.** Адъютант! Уыцы хъуыддаг дын æз дæ бæрны кæнын! Бындзарæй стон уыцы æвзæр хæмпæлгæрдæджы губакк! Сараз хъæуæн йæ тæккæ астæу ауындзæн! Макæуыл бацауæрд суанг сылгоймаджы онг!

**Гандз.** Мæнæ сæ раздзæуджытæ. *(Дæтты йæм гæххæтт.)* Иу цалдæры дзы æрцахсын кодтон къуырийы размæ, фæлæ та фæфылдæр сты.

*Тилефоны дзæнгæрæг.*

**Капитан** *(систа хæтæл).* Хъусын. О. Æз дæн. Цы? Полкъ сызмæста? Фельдфебелы амардтой? Цалынмæ уæм æххуыс цæуа, уæдмæ уал фидар фæлæуут! *(Хæтæл æрæвæрдта.)* Фистæг æфсады полкъ сызмæст. Салдæттæ амардтой фельдфебелы.

**Гандз** *(йæхицæн).* Æнхъæлдæн æфсады дæр уавæр хуыздæр нæу.

**Капитан.** Адъютант! Цæугæ ацы сахат фистæг полкъмæ! Ныфс мæ ис, цæсгомджынæй кæй сæххæст кæндзынæ мæ бардзырд.

**Хату.** Бацархайдзынæн, господин капитан!

***Хату** æмæ **Гандз** ацыдысты.*

**Степан.** Цымæ чи у, кæмæ сæ акодта, уыцы цъаммар?

*Æрбакодтой **Тасолтаны** ахстæй. Разæй **поручик**, стæй – **Тасолтан**, **Тъарас** æмæ хъазахъхъаг. **Поручик** бацыд уатмæ, чысыл фæстæдæр фæзынди **капитанимæ**.*

**Поручик.** Господин капитан! Дзуапп нæ дæтты фарстатæн. Ссардтам æм фондз дамбацайы, фондз сæдæйы гилдзытæ æмæ аст бомбæйы.

**Капитан.** Ардæм æй ракæнут!

**Тъарас** *(Тасолтаны фæсонтæ дамбацайæ цæвы)*. Размæ!

**Тасолтан.** Кæс-ма ацы æнæхсадмæ!

**Капитан** *(цæвы Тасолтаны æхсæрфарс)*. Ды чи дæ?

**Тасолтан.** Баст лæджы цæвын æнцон у.

**Капитан** *(хъазахъхъæгтæн)*. Сæрибар стут. *(Тасолтанмæ.)* Æз дæ булæмаргъ фестын кæндзынæн!

**Тасолтан.** Дарддæр...

**Капитан.** Дарддæр та ауындзæн, чи дæ, уый куынæ зæгъай, уæд! Дзур! Чи дæ? Кæдæм хастай адон? *(Амоны хордзенмæ.)*

**Тасолтан.** Кæм хъуыдысты, уырдæм!

**Капитан.** Куыд! Хъæбатыр лæппу дæ! Фендзыстæм, цымæ ауындзæныл дæр афтæ хъæбатыр уаис! Дæ ном?

**Тасолтан.** Ды мæнæй ницы фехъусдзынæ.

**Капитан.** Ницы?! Дæуæн ауындзæн цæттæ у!

**Тасолтан.** Æз æй æнæ дæу зæгъгæйæ дæр зонын. Æрмæст ма фесаф уыцы бæндæн – дæхи дæр бахъæудзæн а дыууæ боны.

**Капитан.** Поручик! Уыцы ахст сылгоймаджы ардæм ракæнут!

**Поручик.** Хъусын, господин! *(Азгъордта.)*

**Капитан**, Фæстаг хатт ма дæ фæрсын. Зæгъ, чи дæ? Де 'мбæлттæ кæм сты, уый зæгъ æмæ уыдзынæ сæрибар.

**Тасолтан.** Сæрибар мын дæу дæтгæйæ нæу. Мæн куы амарат, уæд ме 'мбæлттæ ноджы хъæбатырдæрæй тох кæндзысты...

***Поручик** æрбакодта **Токаревайы.***

**Капитан** *(Тасолтанмæ)*. Нæ йæ базыдтай?

**Тасолтан.** Æз ацы сылгоймаджы нæ зонын.

**Капитан.** М-м. Нæ йæ зоныс? *(Токаревамæ.)* Ды та? Зоныс æй?

**Токарева** *(æдзынæгæй фæкасти Тасолтанмæ)*.Никуы йæ федтон.

**Капитан.** Поручик! Кæм æрцахстат ацы лæджы?

**Поручик.** Мæнæ уыдон хæдзары раз.

**Тасолтан.** Гæды зæгъыс. Уынгты сцæйцыдтæн, æмæ мыл æвиппайды куыйтау сæхи ныццавтой.

**Капитан.** Токарев йæхæдæг кæм и?

**Тасолтан.** Кусы, кусы, уый зонут. Афтæ ‘нхъæл ма ут, æмæ...

**Капитан.** Кæм?

**Тасолтан.** Сæрхъæн фарст.

**Муссæ** *(Степанæн)*. Исты амал хъæуы йæ фервæзын кæнынæн.

**Капитан.** Поручик! Акæнут сылгоймаджы æмæ йæ фæстæмæ ныккæнды ныппарут.

***Дыууæ хъазахъхъаджы** акодтой **Токаревайы.***

Мæнæ уый та акæнут æмæ йæ ныртæккæ æрцауындзут!

***Поручик Тасолтаны** ракæны. Æрбазгъордта **Хату!***

**Хату.** Фистæг полчъы æппæтдæр сабыр у, господин капитан. *(Фæкомкоммæ Тасолтанмæ.)* Ай та цы хабар у?

**Поручик.** Большевик у, господин адъютант. Бардзырд ис йе ‘рцауындзынæн.

**Хату.** Фæлæуу! Цы хабар у уый, лæппу?

**Капитан.** Зоныс æй?

**Хату.** Мæ фыды ‘фсымæры лæппу у.

**Капитан.** Дæ фыды ‘фсымæры лæппу? Большевик? Уый æнхъæл нæ уыдтæн.

**Хату** *(ехсæй йæ æрцавта)*. Куыдзы хъæвдын, уæдæ адæмы ды змæнтыс!

**Тасолтан.** Иуварс, скъæтмæрзæг!

**Хату.** Дæ дзыхыл хæц! Господин капитан! Бар мын раттут, æмæ йæ мæхæдæг мæхи къухтæй æрцауындзон! Сæрибар стут, мæхи бар æй уадзут. Большевик! Сæрибарыл тохгæнæг! Æрбакæс-ма мын мæ риумæ, мæ цонгмæ, æмæ нын кæд ныронг нæ тыхтæ нæ зыдтай, уæд сæ ныр бæстонæй базондзынæ!

**Тасолтан.** Зонын сæ. Сымах стут адæймаджы фыдхортæ!

**Хату.** Банцай! Мах уæ бындзарæй срæдувдзыстæм, сау фæнык уæ фестын кæндзыстæм! Тъарас! Рахæсс-ма сын сæ рекламæ! Цалдæр минуты размæ ма мемæ ныхас кодтай, æмæ дыл æз æуууæндыдтæн, фæлæ ныр раргом и дæ цъаммар цæсгом. Æз дæ æрцауындздзынæн æмæ дæ бæндæныл бахус кæндзынæн.

***Тъарас** рахаста фæйнæджы гæбаз. Фыст ыл: «Большевик»*

Дæ риуыл дын ацы фыст ауыгъдæй чи уына, уый дын зондзæни дæ цъаммар цæсгом. *(Æрцауыгъта йыл фæйнæджы гæбаз.)*

**Тъарас.** Дæ бæрзонддзинад, булкъон дæм сиды.

**Хату.** Муссæ, уæ цæст æм фæдарут! *(Ацыди.)*

**Тасолтан** *(æркасти фыстмæ)*. О, цъаммар куыйтæ, æз большевик дæн! *(Хъазахъхъæгтæм.)* Сымах та, сымах, мæгуыр уæ бон! Абон уын мæн марын кæнынц, райсом та уын уæхи амардзысты.

**Муссæ** *(цыдæр ын амоны, барæй хъæр кæны)*. Дæ дзыхыл хæц!

***Степан** ын йæ къухтæ халы.*

Цæугæ! *(Азгъордта уынгмæ, цалдæр гæрахы фæкодта.)* Æрлæуу! Æрлæуу!

***Капитан, поручик, Хату, Тъарас** разгъордтой уатæй.*

**Капитан.** Цы ‘рцыди?

**Степан.** Ахст алыгъд, уæ бæрзонддзинад!

***Степанæй** фæстæмæ иууылдæр азгъордтой уынгмæ. **Муссæ** фæстæмæ æрбазгъордта, **Тасолтаны** сисы сæрты ахизын кодта.*

**Поручик** *(æрбазгъордта)*. Макæй ауадз ауылты!

*Фæзындысты **Тъарас, Степан.***

**Тъарас.** Цы фæци Муссæ?

**Муссæ** *(æрбацыди)*. Мæнæ дæн.

**Хату** *(æрбазгъордта)*. Куыд æй ауагътай?

**Муссæ.** Талынджы æвиппайды фæтары и, дæ бæрзонддзинад!

**Хату.** Æз дæ фæтары кæндзынæн, куыдзы фырт! *(Цæвы йæ ехсæй.)* Йæ хæцæнгарз ын байсут! Ахæстонмæ!

***Тъарас** хъазахъхъæгтæм фæдзырдта, **Муссæйæн** йæ хæцæнгарз байстой æмæ йæ акодтой, фæлæ сын алыгъди.*

**Капитан** *(æрбауад)*. Ауагътат æй, ауагътат. Тагъд бæхтыл бадгæут æмæ – йæ фæдыл!

**Хату.** Зæххы бынæй дæр æй скъахдзынæн, господин капитан!

*Æмбæрзæн*

## ДЫККАГ НЫВ

*Хъæу. **Тотырбеджы** хæдзар. Ирон арæзт. Сценæйы бадынц **Дауыт, Гайто** æмæ кæмæдæр æнхъæлмæ кæсынц. **Сæлимæт** пецы раз цыдæртæ архайы. Фæссценæйæ цыдæр уынæр ссыди.*

**Дауыт**. Æрбацыдысты.

**Гайто**. Уыдон не сты, æгæр хъæр кæнынц.

**Сæлимæт**. Уый нæ лæг у, æвæццæгæн. Æз æм акæсон.

**Гайто**. Фæлæуу. Мах уал мæнæ скъæтырдæм ахизæм, æцæгæлонæй йемæ мачи уæд. *(Ацыдысты скъæтмæ.)*

*Хъуысы **Тотырбеджы** зарын: «Гъей, Сатана, уазæг дæм фæцæуы!»*

**Сæлимæт**. О ме сфæлдисæг, ныххырхта та кæмдæр. *(Дуар сын кæны.)*

***Тотырбег** æмæ **Хъауырбег** æрбацыдысты.*

**Хъауырбег**. Де 'хсæв хорз, Сæлимæт! Бадгæ ма куы кæныс. *(Йæ цæстытæ ахаста хæдзары къуымты джигулгæнæгау.)* Уæллæй, Сæлимæт, ахсæв, бæлæстæ бындзарæй чи афæлдаха, ахæм дымгæ кæны.

**Тотырбег**. Сбад, Хъауырбег. Æфсин, исты-ма нын фен.

**Хъауырбег**. Нæ, нæ, мæ фыдыстæн. Нозгхъуаг нал стæм. Æмæ уын Коки та кæм ис?

**Сæлимæт**. Нæ зонын. Кæд Хадзымуссæтæм суадис. Уыдонимæ, дам, хъуамæ сифтындзон мæ бæх уалдзыгæнды.

**Тотырбег**. Цы, дам? Цæй Хадзымуссæтæ сты, цæ? Æз мæнæ Хъауырбегимæ сифтындздзынæн.

**Хъауырбег**. Мæ фыдыстæн, æз стыр цинимæ разы дæн. Тотырбег хуыцауы сконд лæг у, сырдтимæ дæр фæцæрдзæни, бафидаудзæни.

**Сæлимæт**. Æмæ дæхæдæг дыууæ æххуырсты куы дарыс, хæдгутон куы дæ.

**Тотырбег**. Бирæ ма дзур, æфсин! Æз мæхæдæг хуыздæр зонын мæ хæдзары уынаффæ.

**Хъауырбег**. Уæдæ, уæдæ. Цæй, æз цæуын.

**Тотырбег**. Фæлæуу, дæ хорзæхæй.

**Хъауырбег**. Нæ, мæ мард фен. Хæрзæхсæв, Сæлимæт! Цæй, Тотырбег! Æрмæст дын куыд загътон, афтæ бакæн. *(Ацыд.)*

**Тотырбег** *(йæ фæдыл)*. Æнаккаг абырæг! Йæ ныхтæ мæ ныссагъта. «Тотырбег сырдтимæ дæр фæцæрдзæн». О, фæлæ

сырдтæ Тотырбегимæ нæ фæцæрдзысты! Ничи йæм кæсы! Нæ, мæ хур, мах иумæ нæ сифтындздзыстæм.

**Сæлимæт**. Цы хуыцау æй æрцавта, ацы хатт дæм йæхи куы схæлар кодта ацы кæрæф мæрдкъах?

**Тотырбег**. Ма кæ, дам, зæгъ дæ фыртæн. Мæ фырт Хатумæ, дам, кæсыс, стыр лæг, дам, ссис. Паддзахы та, дам, йæ бынаты æвæрынц. Большевиктæ фыдмитæ кæнынц, цæгъдын, дам, сæ хъæуы. *(Йæ худ мæсты ист фæкодта, баппæрста йæ, сбадти.)* Абырæг, лæгмар! Къахгæ мæ кодта, чи, дам, дæм вæййы? Дæхимæ, дам, хæстæг макæй уадз. Нæ тæрсын æз æппындæр. Мæ сабийы бонтæй фæстæмæ æдзух тæрсгæ кодтон, фæлæ ныр нал тæрсын, нал!

**Сæлимæт**. Цы, дам? *(Йæ къухæй амоны скъæтырдæм.)*

**Тотырбег** *(бæхы кой æнхъæлæй)*. Базылдтæн æм.

**Сæлимæт**. Лæппутæ уым сты.

**Тотырбег** *(фестади)*. Цы? Гъо. Уый æндæр хъуыддаг у. *(Дуар фегом кодта.)* Ам куы стут, ам.

**Гайто**. Бахатыр кæн, Тотырбег!

**Дауыт**. Де 'хсæв хорз!

**Тотырбег**. Фехъуыстат, лæппутæ, дардыл мын уынаффæтæ кæнын байдыдта. Дæ фыртæн, дам, ма кæ зæгъ. Дæуæй дæр мæ фарста, Гайто. Дæ цæст-ма, дам, æм фæдар.

**Гайто**. Арфæгонд уæд! Æгайтма нæ нæ рох кæны. Дуар æрбахостæуыди.

**Тотырбег**. Уæртæ уал уырдæм уæхи айсут. *(Дуары цурмæ бацыд.)* Чи дæ?

***Гайто** æмæ **Дауыт** сæхи хотыхрæвдз æркодтой, скъæтырдæм фæцæуынц.*

**Коки** *(æдде)*. Дада!

**Тотырбег**. Нæ лæппу у. *(Дуар бакодта.)*

**Коки** *(тагъдгомау хæдзары фæмидæг, йæ уæлæ нымæт, гæрзифтонг)*. Уе 'хсæв хорз! *(Нымæт систа.)*

**Гайто**. Æгас нæм цу!

**Дауыт**. Æгас цу!

**Гайто**. Куыд у хабар? Токарев кæм ис?

**Коки**. Æрбакодтам æй. Тыхтæй бафтыд нæ къухы. Хæрхæмбæлд фестæм урсыты бæрæгдзаутимæ. Чысыл ма бахъæуа, байрæджы кæнæм. Иу фондз минуты фæстæ уым смидæг сты. Æнхъæлдæн, Майрæмы хæдзар ныппырх кодтой.

**Сæлимæт.** М' арт бауазал!

**Дауыт.** Ау, æмæ иунæгæй куыд ныууагътат Майрæмы?

**Гайто.** Ныртæккæ кæм ис, кæмæ ацыдыстут, уый?

**Коки.** Уæртæ ададжы. Абæрæг кæныны тыххæй æрбауадтæн разæй.

**Тотырбег.** Ау, æмæ йæ уæдæй нырмæ уым дарыс! Цæут, ракæнут æй. Адæмы сæрыл йæхи чи хæссы, уый фæхъхъау мæ сæр фæуæд!

**Коки** *(йæ фыдæн ахъæбыс кæнгæйæ)*. Бузныг, дада, бузныг. Гыцци, рудзынг бамбæрз! *(Ацыди.)*

**Сæлимæт** *(рудзынг бамбæрзынæн рахаста нымæт æмæ йæ дæтты Дауытмæ)*. Ныр хуры тынау æрбакæсынмæ кæмæ æнхъæлмæ кæсут, уый чи у, кæцон у?

**Гайто.** Уый стыр лæг у, зынгæ большевик. Дзæуджыхъæу урсытæ куы бацахстой, уæд æй æмбæхстæй кусын бахъуыди.

**Дауыт.** Рæстæгмæ?

**Гайто.** О. Дыууæ 'хсæвы Уæллагхъæуы уыд æмбæхст. Парти йын бахæс кодта, цæмæй фæллойгæнæг адæмæн бамбарын кæна Советон хицауады уынаффætæ. Йæ мыггаг – Токарев.

*Дуар æрбахостæуыди.*

**Тотырбег.** Нæхионтæ...

**Токарев** *(æрбацыд, йæ уæлæ нымæт, ирон уæлдзарм худ, йæ роныл дамбаца)*. Уе 'хсæв хорз! *(Се ппæты къухтæ дæр исы.)*

**Тотырбег.** Æгас нæм цу, уазæг, æгас!

**Коки** *(тыхсгæйæ)*. Исты ныхас уæм уыди? Рудзынгæй уæм чидæр хъуыста, мах куы ауыдта, уæд цæхæрадонырдæм йæхи аппæрста.

**Дауыт.** Ау, æмæ чи уыдаид?

**Гайто.** Хъауырбеджы цъаммар ма уа!

**Коки.** Æмбал Токарев, æз цæуын, базонон æй. Æддæмæ уæ мачи ракæсæд. *(Ацыд.)*

**Гайто.** Арæхстгай ацу, хъахъхъæнгæйæ.

**Тотырбег.** Ехх, лæппутæ уæ фæхъхъау фæуон, æнаккаг адæмтæ бирæ ис... *(Токаревæн.)* Бадгæ скæн, фæллад уыдзынæ.

**Токарев.** Нæ, фæллад нæ дæн, бузныг. *(Æрбадти.)*

**Тотырбег.** Æфсин, исты-ма нын фен.

**Дауыт.** Æз Хъауырбеджы абæрæг кæнон.

**Гайто.** Фæлæуу! Коки уал æрбацæуа.

**Коки** *(æрбацыд)*. Уæллæгъи, никæй суыдтон, тынг мæйдар æхсæв у.

**Токарев.** Æмбæлттæ, æппын уæдæ Тасолтанæй ницы бæрæг ис?

**Гайто.** Нæй. Нæхи зæрдæ дæр æм тынг æхсайы.

**Токарев.** Стыр диссаг у... Мацы фыдбылыз ыл æрцæуæд. Знон æй Дзæуджыхъæумæ арвыстам, æмæ никуыцæй зыны. Мах, æмбæлттæ, иучысыл аныхас кæнын хъæудзæн.

**Гайто.** Иттæг хорз. Мобилизацийы тыххæй дæр нæ бакусын хъæудзæн.

**Токарев.** Æнæмæнг. Бамбарын кæнын хъæуы адæмæн, цæмæй иунæг лæджы фырт дæр ма акома урс æфсадмæ. Уæхæдæг зонут, мæгуыр адæмы куыд пырх кæнынц, уый.

**Гайто.** Æмбал Токарев, Деникины æфсæдтæ ма Дзæуджыхъæуы хъуамæ бирæ фæуой, куыд æнхъæл дæ, афон нæма у сæ...

**Токарев.** Уый тыххæй нын большевикты парти фехъусын кæндзæн. Цæгатæй нын Сырх Æфсад баххуыс кæндзæни. Серго Орджоникидзе æмæ нæ Киров нæ ферох кæндзысты. Уæрæсейы зæхджынтæ, бонджынтæ пырхгонд æрцыдысты. Мах дæр ам бацархайын хъæуы, цæмæй отряд саразæм. Нæ бон бауыдзæни, Гайто?

**Гайто.** Куыннæ!

**Токарев.** Иттæг хорз. Сиу кæндзыстæм нæ тыхтæ мæхъхъæл, цæцæн, кæсæг, хъазахъхъ æмæ иннæ фæллойгæнæг адæмы революцион тыхтимæ. Нæхи сбæтдзыстæм большевикты крайы Комитетимæ. Фæскавказы большевиктæ нын хæцæнгæрзтæ самал кодтой. Саша Гегечкори аразы къорд мæхъхъæлы. Фæллойгæнæг адæмы тых æнæбасæтгæ у.

**Дзамболат** *(æрбауади).* Чидæртæ ‘рбацæуы.

**Коки.** Сабыр ут, лæппутæ, æз сæм акæсон. *(Ацыд.)*

**Тотырбег.** Уыцы цъаммар Хъауырбег та ма уæд.

*Æрбацыдысты **Коки** æмæ **Тасолтан**.*

**Тасолтан.** Уе ‘хсæв хорз!

**Гайто.** Алæбон æгас цу!

*Иууылдæр ыл цин кæнынц.*

Хабæрттæ?

**Тасолтан.** Хабæрттæ бирæ. Сæ къухты бахаудтæн. Хъуамæ мæ фехстаиккой, фæлæ мæ иу мæхъхъæлон æмбал фервæзын кодта.

**Токарев.** Йæ цæрæнбон бирæ!

**Тасолтан.** Ме ‘рвад Хатуйы къухмæ бахаудтæн. *(Йæ дзыппæй пакет систа.)* Большевикон организаци дæм æй æрбарвыста. *(Дæтты йæ Токаревмæ.)*

**Токарев** *(кæсы фыстæгмæ).* Æмбæлттæ, байхъусут-ма: 11-æм Сырх Æфсады хæйттæ æрбахæстæг кæнынц Пятигорскмæ. Крайком нæм фыссы, цæмæй цæттæ уæм.

**Дзамболат** *(тагъд æрбауад).* Æмбæлттæ! Цавæрдæр зæрдæхсайгæ лæг ацырдæм æрбацæуы.

**Гайто**. Æмбал Токарев, дæуæн ахсæв ам баззайæн нæй.

**Коки**. Дæуæн дæр афтæ, Тасолтан. Мæнæ уыцы дуарыл ахизут.

*Фæсивæд **Токаревимæ** ацыдысты скъæтырдæм. Уаты ма – **Тотырбег, Сæлимæт** æмæ **Коки.** Сæлимæт уат кæны. Æрбахостæуыди.*

**Коки**. Кæцы дæ? *(Дуар æрбакодта æмæ Хъауырбеджы ауыдта.)* А-а, Хъауырбег куы дæ.

**Тотырбег** *(йæхицæн).* Мæ сайды фæу, хæрæджы сæфтæг!

**Хъауырбег**. Де ‘хсæв хорз, Тотырбег!

**Тотырбег**. Абад нæм, Хъауырбег, абад.

**Хъауырбег** *(Кокимæ).* Цы бадæ? Дæумæ ма æрбауадтæн. Кæимæ сифтыгътай дæ бæх?

**Коки**. Хадзымуссæимæ. Бадгæ скæн, Хъауырбег, æхсæвæр нæм бахæр.

**Хъауырбег**. Нæ, нæ, бадгæ нæ кæнын. *(Къуымты йæ цæстытæ ахæсгæйæ фæцæуы.)* Мах Тотырбегимæ нæхи хорз федтам.

**Коки** дæр йæ фæстæ ахызти.

**Тотырбег**. О хуыцау, цæй æнаккаг адæмтæ цæры дæ быны!

*Æмбæрзæн*

## ÆРТЫККАГ НЫВ

***Инæлары** хæдзар. Гауызтæ, дивантæ æмæ а. д. Фынгтыл алыхуызон хæринæгтæ. Бадынц афицертæ, сылгоймæгтæ. Æмбæрзæн куы байгом вæййы, уæд æрбалидзы иу сылгоймаг, йæ фæдыл **афицер**, дыууæйæ дæр æрхауынц диваныл. **Капитан** заргæ рацæуы иу сылгоймагимæ.*

**Капитан** *(ауыдта Аксютæйы Хатуйы уæрагыл бадгæ, йæхимæ йæ ласы, Аксютæ йын нæ комы).* Аксютæ, мæ зынаргъ.

**Инæлар** *(расыгæй æрбацыди).* Мæ бæлæттæ, мæ зæрватыччытæ, ардæм, мæнмæ. *(Йæ дзыппæй æхцайы тыхтон систа, сылгоймæгтæ йæм бауадысты, йæ къухтæй йын æхца скъæфынмæ хъавынц, инæлар сæ уæлæмæ сæппæрста, æмæ сæ сылгоймæгтæ*

*уидзынц, инæлар та æхцайы дыккаг тыхтон систа)* Мæ бæдултæ, хъусут-ма. Мæ сæры астæуæн мын чи апъа кæна, уымæн ацы æхца.

*Сылгоймæгтæ гæппытæ кæнынц, худынц, йæ къухтæй йын раскъæфтой æхцатæ æмæ йæ сæ къухтыл систой. Афицертæ дæр сын æххуыс кæнынц, бахастой йæ æмæ йæ диваныл слæууын кодтой.* ***Хату*** *йæ хъæбысы æрбахæссы* ***Аксютæйы,*** *лæууын æй кæны инæлары раз.*

**Хату.** Шампайнаг! Браво. Браво, господин адъютант!

***Лæггадгæнæг*** *æрбахаста шампайнаг, дæтты се 'ппæтмæ дæр.*

**Инæлар.** Господа, ацы нуазæнæй æз нуазын нæ зæрдæйы уидаг, нæ дидинæг Аксютæйы уадултæ æмæ фæлмæн былты тыххæй.

**Капитан.** Браво, Браво!

*Нуазынц.*

**Инæлар.** Ацы нуазæнæй та нуазын æппæт зæрдæмæдзæугæ сылгоймæгты тыххæй! Ур-ра!

**Аксютæ** *(йæ агуывзæ бæрзонд сисгæйæ).* Æз та ацы нуазæнæй нуазын ахæм нæлгоймаджы тыххæй, кæцыйæн æхсиды йæ туг!

*Хъæртæ: «Браво! Ура!»*

**Инæлар.** Аксютæ! Мæ боцъойæн мын апъа кæн!

***Аксютæ*** *йын пъа кæны.*

Мæ ныхæн! Мæ фындзæн дæр. *(Сыстад, Аксютæйæн пъа кæны.)* Уый та дæуæн.

**Капитан.** Де стыр бæрзонддзинад, браво, браво!

**Инæлар.** Æз нырма, Аксютæ... Дæ дзабыр-ма ралас æмæ йæ ардæм æри.

**Аксютæ.** Дæхæдæг æй ралас. *(Йæ къах æм радаргъ кодта.)*

**Инæлар.** Браво! *(Æрзоныгыл кодта, йæ дзабыр ын ласы.)*

**Аксютæ.** Мæ дзабыр мын бауарзта йæ бæрзонддзинад.

**Инæлар** *(йæ къухы дзабыр, афтæмæй).* Шампайнаг! Мæнæма дзы ам æркæнут!

*Дзабыры шампайнаг æркодтой.*

Господа! Сылгоймаджы хъуамæ хæссиккат уæ уæхсчытыл, уыйбæрц цин уын чи дæтты. Сылгоймаджы дзабыр у сызгъæрин нуазæн, зæххыл чи нæй, ахæм. Гъемæ ацы рæсугъд нуазæнæй

æз нуазын нæ хъайтар урсгвардионты тыххæй. Нуазын йæ бæрзонддзинад Деникины тыххæй!

*Хъуысы «Ур-а-а!»*

Деникины фæрцы мах нæ бæстæйы æрæвæрдтам уаг. Фæстæмæ та райстам рохтæ нæ къухтæм æмæ та цæрдзыстæм æнцад-æнцойæ, нæ иу къах не 'ннæуыл æвæрдæй. Уæдæ Деникины цæрæнбоны тыххæй – ур-ра!

*Хъуысы: «Ура».*

**Аксютæ** *(сыстад, йæ къæхтыл тыххæй лæууы).* Господа, æз уын радтон уæ къухтæм большевиктæ Кабановы, Дудкины, Тауголовы æд ус. Æрцахсын кодтон æртæ кусæджы – большевикты. Æз сымахæй ницыуал хæсджын дæн, фæлæ сымах мæнæй хæсджын стут. Мæнæн хъуамæ уа сæрмагонд дыууадæс уаты, абон йæхи большевик чи хоны, уыдонæй лæггадгæнджытæ, бæхтæрджытæ, дзабырласджытæ. Афтæ схъомыл и мæ мад, афтæ хъуамæ цæрон мæхæдæг дæр.

**Капитан.** Браво, браво, Аксютæ! *(Йæ къухæн ын пъа кæны.)*

**Инæлар.** Ныр та кафгæ! Гопак!

**Хату** *(музыканттæн).* Йæ бæрзонддзинадæн гопак!

*Музыкæ цæгъды, **инæлар** кафын райдыдта, фæцудыдта, **капитан** ыл фæхæцыд.*

**Капитан.** Дæ бæрзонддзинад, дæ фæнык фезгъæлди.

***Инæлар** æй нæ фехъуыста. Иууылдæр худынц.*

**Хату.** Господа, вальсмæ уæ хонынц!

*Афицертæ сæ къæйттыл ныххæцгæйæ кафынц, афтæмæй ацæуынц сценæйæ. Æрбауади **Тъарас.***

**Тъарас** *(Хатумæ).* Дæ бæрзонддзинад, Гандз дæм тагъд хъуыддаджы тыххæй æрбацыди!

**Хату.** Ардæм æм фæдзур!

***Тъарас** ацыд, æрбацыди **Гандз.***

**Гандз** *(Хатуйæн сусæгæй).* Хату! Тасолтан фæзынди.

**Хату.** Куыд? Фæлæуу! *(Капитанмæ.)* Господин капитан, цæуын хъæуы штабмæ.

**Инæлар**. Господин капитан, ды ахсæв хъуамæ баззайай ам!

**Капитан**. Хъусын дæм, дæ бæрзонддзинад!

**Инæлар**. Господа, иууылдæр ардæм рацæут!

*Музыкæ фæсабыр, иууылдæр бацыдысты инæлары цурмæ.*

Господа афицертæ! *(Амоны Хатумæ.)* Мæнæ уын ирон адæмы хъæбул! Змæнтджытæ йæ уындæй кæмæн тæрсынц. Хатуйы хуызæтты руаджы нæ бон баци цагъарты æрсабыр кæнын. Дæттын дын мæ нуазæн, господин адъютант!

*Æмдзæгъд.*

**Хату** *(нуазæн бæрзонд сисгæйæ)*. Господа, ныфс мæ ис, мæ хæс цæсгомджынæй кæй сæххæст кæндзынæн! Ирыстоны дæр æмæ æппæт Кавказы дæр æз ахæм бынат нал ныууадздзынæн æнæбасгæрст, сау адæмы чъизи большевикон тæваг ма кæм ис, æмæ сæ бындзарæй скуынæг кæндзынæн. Мæ кард цыргъ у, мæ дамбаца – æргъæвд! Æз дæн, господа, паддзахæн лæггадгæнæг! *(Гандзæн.)* Баназæм, Гандз, ацы уæздæтты цæрæнбоны тыххæй! *(Нуазы.)*

**Гандз** *(нуазæнимæ)*. Сымах æххуысæй та нæ цард нæ къухы бафтыд, уæздæттæ! Рагæй фæстæмæ дæр æз архайын ууыл, цæмæй уаг æмæ ‘гъдау уа нæ бæстæйы, цæмæй нæ Иры уæздæттæн сæ зæххытæ, сæ фæллой уæрст ма ‘рцæуой не ‘ххуырстыты, нæ лæггадгæнджыты ‘хсæн. Ныр дæр уæм æрбацыдтæн æххуысмæ – асыгъдæг нын кæнут нæ хъæу змæнтджытæй – большевиктæй, уæ бæрзонддзинад инæлар.

**Инæлар** *(зары)*. «Кæндзæни лидзгæ знаг нæ разæй. Хъазуатæй цæудзыстæм хæсты... Ала-верди, ала-верди...»

**Аксютæ** *(размæ рацæугæйæ дзуры иу афицермæ)*. Цом-ма мемæ. Мæн фæнды...

*Афицертæ сылгоймæгтимæ къæйттæ-къæйттæй ацыдысты.*

**Инæлар** *(йæхинымæр зары)*. Шампайнаг, господа? Господин капитан, мæ уазджытæ та цы фесты?

**Капитан**. Сæхи айстой сæ уарзæтты хъæбыстæм. Дæ бæрзонддзинад, дæуæн дæр æрцæттæ кодтам сюрприз. Поручик!

**Поручик** *(æрбацыди)*. Хъусын дæм, господин капитан!

**Капитан**. Ракæн уыцы сылгоймаджы!

*Поручик ацыди.*

**Хату.** Бар мын раттут, уæ бæрзонддзинад, æмæ мæ фæндаг кæнон.

**Инæлар** *(Хатуйæн).* Ды, мæ хæлар, хъуамæ царды асины къæхтыл уæлиау схизай, суанг инæлары онг.

**Хату.** Æз дæ лæггадгæнæг дæн, дæ бæрзонддзинад!

**Поручик.** Æрбакодтон æй, господин капитан.

**Капитан.** Ардæм æй ракæн!

*Поручик ацыди.*

Ахæм минасы фæстæ, дæ бæрзонддзинад, рæстæг æнæмæнг æрвитын хъæуы...

*Поручик æрбакодта Токаревайы.*

**Инæлар** *(иудзæвгар фæкасти Токаревамæ).* Фæуадзут нæ иунæгæй! *(Йæхи баласта сылгоймагмæ.)* Зæгъ-ма мын, цы хуыздæр дæм кæсы: 50 цæфы райсын æви мæ хъæбысы бафынæй кæнын?

**Токарева.** Зæронд куыдз! Мин нæмыджы топпы дзыхæй! Фæлæ уæддæр революци фæуæлахиз уыдзæни!

**Инæлар.** Браво, браво! Фæлæ уæддæр ды хъуамæ мæн уай! Ныртæккæ ралас дæ дзаума!

> ***Токарева*** *йæхи дард ласы.* ***Инæлар*** *æм лæбурдтытæ кæны, къуыммæ йæ батардта, фæлæбурдта йæм.* ***Токарева*** *йын йе ‘хсæрфарс цæвы.* ***Инæлар*** *диваныл бахауди.*

Капитан! *(Сыстынмæ хъавы.)*

> ***Токарева*** *афтид авг фелвæста. Инæлары ныццæвынмæ куыд хъавыд, афтæ капитан фæзынд, йæ авг ын байста.*

Капитан! Йæ дзаумæттæ йын ралас æмæ йын ратт 50 цæфы топпы фатæй!

**Капитан** *(фæцæуы Токаревамæ).* Уæдæ ссæрибар уай, уый дæ нæ фæнды? *(Йæхи йыл æппары, хъуырдухæн кæнынц.)*

**Токарева.** Иуварс, æнаккаг!

> *Æрбахъуызыди* ***Муссæ,*** *æрцавта* ***капитаны*** *хъамайæ,* ***капитан*** *мæлы.* ***Муссæ Токаревайы*** *къухыл фæхæцыди.*

**Муссæ.** Лидзгæ тагъд!

*Æмбæрзæн*

## ЦЫППÆРÆМ НЫВ

*Хатуйы уат.*

**Хату**. Гъе, уæууæй, гъе, Хату. Къæбæда Тасолтан аирвæзт дæ къухæй. Нæ, мæ карды ком хъуамæ тугæй ахуырст уа. Æрмæст афтæмæй схиздзынæн бæрзонд.

*Æрбахостæуыди.*

Чи дæ?

**Гандз** *(æрбацыд)*. Æз дæн. Де 'хсæв хорз! Хъуыддаг хорз нæу, Хату. Де 'рцыды хабар хъæуыл айхъуысти.

**Хату**. Цы? Чи йæ айхъуысын кодта?

**Гандз**. Нæ зонын. Ныр та дæм хъаст кæнынмæ цæудзысты. Цæйдæр сидты кой кæнынц.

**Хату**. Куы дæ фæрсой, уæд сын-иу зæгъ, улæфынмæ æрцыди, зæгъгæ. Тасолтанæн ничи ницы зоны?

**Гандз**. Нæй. Æвæццæгæн, хъæдмæ алыгъди.

**Хату**. Бирæ нæ фæхиздзæни. Мæ къухтæм æй хъæуы. Кæнæ уый, кæнæ æз...

**Хъызмыдæ** *(æдде)*. Йæ фæхъхъау фæуон Хатуйæн, æз ын балæгъстæ кæнон.

**Хату** *(Гандзæн)*. Акæс-ма, чи у?

**Гандз** *(ацыд, æдде)*. Фæлæуу-ма, Хъызмыдæ, нæ йæ вдæлы, улæфгæ кæны.

**Хъызмыдæ** *(æрбабырста, Гандз дæр йæ фæдыл)*. Хату, дæ фæхъхъау фæуон. Мæ иунæг хъæбулы мын ма акæнут, уый нæ дары зæронд ус æмæ лæгæй. *(Кæугæйæ.)* Мæ иу лæппуйы мын амардтой хæсты, сæ сау туг фæкалой! Ныр та мын ме 'ннæ хъæбулы...

**Хату**. Фæлæуу-ма, Хъызмыдæ! Чи дын загъта, æфсадмæ йæ кæнæм, зæгъгæ?

**Хъызмыдæ**. Адæм æй дзурынц. Нæ зæронд мын лæгъстæ кодта, æнæ дарæг, дам, нæ ма фæкæн...

**Хату**. Ацу, ацу, фендзыстæм. *(Гандзæн.)* Адде йæ кæн!

**Гандз**. Цæугæ, цæугæ, хорз ус! *(Хъызмыдæйы арвыста.)*

**Хату** *(Гандзæн)*. Тæккæ райсоммæ мын сцæттæ кæн æрсидтонты номхыгъдтæ. Стæй, чи нæ цæуа, уый фендзыстæм.

**Дзамболат** *(æрбауад)*. Хату! Дуармæ уазджытæ.

**Хату** *(Гандзæн)*. Акæс-ма сæм.

*__Гандз__ æмæ __Дзамболат__ ацыдысты. Æрбацыдысты __поручик__, __Тъарас__, сæ уæлæ нымæттæ, __Гандз__ дæр сæ фæдыл æрбацыди.*

*Поручик* ***Хатумæ*** *радта пакет.*

*(Бакасти фыстæг, стæй поручикæн.)* Цæмæн афтæ чысыл сты хъазахъхъæгтæ? Фынддæс бæхджыны цъус уыдзысты. Пулеметтæ дыууæ, цæмæн афтæ?

**Поручик.** Господин капитаны уынаффæ афтæ уыди.

**Хату.** Хорз, æгъгъæд фæуæд. Ды цы бадæ, Тъарас?

**Тъарас.** Æппæтдæр хорз. Æрцыдтæн дæ фæндонмæ гæсгæ.

**Хату.** Гандз! Ныртæккæ цæуын хъæуы. *(Поручикмæ.)* Отряд кæм ис?

**Поручик.** Хъæуæй чысыл æддæдæр хъæды.

**Хату.** Хорз! Раст фæсæмбисæхсæв дыууæ сахатыл... Мæнæ ацы объектмæ гæсгæ. *(Дæтты йæм гæххæтт.)* Цæут!

***Поручик*** *æмæ* ***Тъарас*** *ацыдысты.*

**Гандз.** Тотырбеджы фырт Коки æрдæбон кæдæмдæр фæцæйцыд.

**Хату.** Нæ аирвæздзæн уый дæр.

**Хъæуырбег** *(æдде)*. Дæ зæронд сæр дын ныммур кæндзынæн, хæрæг! Фесæф ардыгæй! *(Æрбацыд.)*

**Гандз.** Кæимæ хæцыс, дæ хорзæхæй?

**Хъæуырбег.** Мæнæ иу зæронд хæрæг, не ‘ххуырсты фыдимæ. Хор ын дæттын æмæ йæ нæ комы, æмбыд, дам, у... Хату, сбæлвырд сæ кодтон. Ахсæв сын Тотырбеджы хæдзары æмбырд уыдзæни. Мæ зæххытæ мын хъуамæ ныкъкъабæзтæ кæной, кæм цы гæвзыкк ис, уыдон. Мæ уд йæ фæхъхъау Деникинæн, фæстæмæ та мын мæ хуымтæ, мæ уыгæрдæнтæ мæхи чи бакодта!

**Бибо** *(æдде)*. Хъуамæ хъæуыхицаумæ бахъаст кæнон.

*Æрбахостæуыд.*

Æмбæлы уæм?

**Хату.** Рацу.

**Бибо** *(йæ худ истæй)*. Мæ сæр уæ фæхъхъау, мæ хуртæ!

**Хату.** Мæ куыдзæн сфæхъхъау кæн дæ сæр! Зæгъ-ма, зæронд, цы дæ хъæуы?

**Бибо.** Ницы, мæ хур, ницы, мæ хъæбулы куысты мызд.

**Хату.** Æмæ дын сæ нæ радта мæ фыд?

**Бибо.** Æмбыд хор. Фосæн раттынæн дæр нæ бæззы. *(Гандзæн.)* Мæ хъуыддаг-ма мын равзар, дæ хорзæхæй.

**Гандз.** Ацу, зæронд, кæннод дæ æмбыд хор дæр нал фæуыдзæн!

**Хъæуырбег.** Фесæф ардыгæй, хæрæг!

**Бибо**. Ærбакæс-ма мын мæ зачъетæм. Дæхи кадджын ирон лæг куы хоныс, уæд мæм уыцы дзыхæй цæмæн дзурыс?

**Хъауырбег.** Æндæр аккаг нæ дæ!

**Бибо**. Уæ хъал бон ныккалут! Æниу уын, чи зоны, ацы цард бирæ нал ахæсса...

**Хату**. Дæ дзыхыл хæц! Чи нал ахæсдзæни бирæ?

**Бибо**. Мæ хуызæн æдых зæрондыл хъæртæ кæнын дæуæн кады хъуыддаг нæу.

**Гандз**. Ай большевик куы разынди!

**Хату**. Кад? Уый та дын кады хъуыддаг! *(Æрцавта йæ ехсæй, стæй йын йе 'фцæгыл фæхæцыд æмæ йæ æддæмæ раппæрста.)*

**Бибо**. Æнаккаджы номимæ фæцæр дæ дунейыл!

**Хату** *(Гандзæн)*. Ацу æмæ йæ уазал скъæты бантъæр!

**Хъауырбег**. Афтæ сын хъæуы гæвзыкк, æххормаг гуыбынтæн! *(Фæцæуы.)*

**Хату**. Баба, фæлæуу-ма. Дæхи срæвдз кæн мемæ цæуынмæ. Æвзист æмæ сызгъæрин дзаума самал кодтон æмæ сæ æрбалас. Мæнæ дын цы сахат æрбахастон лæварæн. *(Дæтты йын æй.)*.

***Хъауырбег*** *ацыд.*

**Дзамболат** *(фæссценæйæ)*. Дауыт, дæ зæронд фыды дын æрцахстой!

**Дауыт**. Мæ фыды? *(Мæстыйæ бауади хæдзармæ.)* Хату, цæмæн мын æрцахстой мæ зæронд фыды?

**Хату**. Айс дæхи ардыгæй!

**Дауыт**. Æртæ азы мын мæ туг баныстат. Ныр та мын мæ зæронд фыды снадтат æмæ йæ ныккæнды ныппæрстат? Зæгъ сын, æмæ йæ рауадзой.

**Хату**. Æз сын зæгъдзынæн, æмæ дæу дæр дæ фыды цур бакæндзысты! Айс дæхи дзæбæхæй!

**Дауыт**. Зæронд лæгыл, мыййаг, куынæ хъæртæ кæныс, Хату. Ардæм мæгуыр адæмы хурхы уæрдæх сласынмæ æрцыдтæ? Æнаккагæй гуырд! *(Хъамайыл фæхæцыд.)*

**Хату**. Æз дæ хуызæтты бирæ æрсабыр кодтон!

**Дауыт**. Уæдæ лæг ма фæхуыйн, удæгасæй мæ куы ауадзай!

*Хъама æмæ æхсаргардæй хæцынц,* ***Хату*** *æрхаудта цæфæй.*

**Дзамболат**. Лидзгæ, Дауыт, лæг амардтай! Бæхтæ цæттæ сты!

*Дауыт Хатуйы нымæт æмæ хæцæнгæрзтæ аскъæфта æмæ алыгъд, Дзамболат дæр –йæ фæдыл.*

*Æмбæрзæн*

## ФÆНДЗÆМ НЫВ

*Дыккаг нывы декорацитæ.* ***Коки*** *цæфæй хуыссы.*

**Тотырбег** *(æрбацыд, йæ хъæбысы сугтæ).* Мæ уд йæ фæхъхъау Дауытæн, Хатуйы цъаммарæн йæ сæры фахс чи æрцавта. Фæлæ сæ æвыдæй нæ ныууадздзæни æнаккаг Хату.

**Сæлимæт.** Цымæ адæм сæ кæрæдзийы цæуыл цæгъдынц?

**Гайто** *(Кокийы дæлфæдтæм бады).* Нæй æмæ нæй, Сæлимæт. Мæн уыцы чындзæхсæв цæмæн хъæуы, иу кафты рад мæм кæм не 'рхауа?

**Сæлимæт.** Кæрæдзийы цæгъдын хорз чындзæхсæв нæу.

**Гайто.** Хъуамæ тутыр-гуыппытæй ахъазæм, Сæлимæт, тутыр-гуыппытæй! Тотырбег, ды тутыр-гуыппытæй никуы ахъазыдтæ?

**Тотырбег.** Куыд нæ, куы!.. Мæнæ-ма ракæс... *(Йæ цонг æвдисы, зынынц ыл ностæ.)* Хъамайæ цæф у. Уый фæцæф, сабийы бонтæй фæстæмæ кæимæ схъомыл дæн, уыцы æмгары сæрыл хæцгæйæ. Балцы уыдыстæм, æмæ йæ куы 'фхæрдтой, уæд æз дæр мæхи нал баурæдтон æмæ лæджы амардтон.

**Гайто.** Кæсыс, Коки, фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы.

**Тотырбег.** Дæ фарн бирæ уæд, фæлæ мын Кокийы низ уадиссаг ницы кæны, æгайтма йе 'мгары сæрыл хæцгæйæ фæцæф ис. Дæ сæрмæ худинаг макуы 'рхæсс! Де 'мбалы тыхст заманы ма ферох кæн! Адæмы уарз! Знаг дын чи у, уый дæр зон, æмæ дын хæлар чи у, уый дæр!

**Коки** *(хъæрзгæйæ).* Гыцци, дон-ма мын авæр. Баба, бæхæн исты бахæрын кæн.

**Сæлимæт** ацыди донмæ.

**Тотырбег.** Уæууа, æрбайрох мæ ис. *(Ацыди.)*

**Сæлимæт** *(дон æрбахаста).* Аназ, дæ фæхъхъау фæуон. *(Дон ын дары.)* Æз хъуг радуцон. *(Ацыд.)*

*Дуар æрбахостæуыди.*

**Гайто.** Чи дæ? *(Дуар бакодта.)*

**Дауыт** *(æрбацыди тагъдгомау).* Байрйат! Цы хабар у, Коки, хуыссынмæ дæ 'вдæлы! Куыд дæ?

**Коки.** Ницы мын у. Куыдз къуылыхæй нæ мæлы.

**Дауыт.** Ам ныууадзæн дын нæй. Токарев мæнмæ æнхъæлмæ кæсы, æмæ уал æз цæуын. Фæсивæд æмбырд кæнынц хъæды дымæгмæ, мæн та гилдзытæм рарвыстой.

**Коки.** Æз ам баззайдзынæн. Кæд нын ницы тас уаид. Гайто, гилдзытæ уæртæ бæхы кæвдæсы æмæ сæ рахæсс.

*Гайто ацыди.*

Уæууа, Дауыт, фæцæй мæ рох кодта. *(Систа йæ нывæрзæнæй гæххæттытæ.)* Токаревмæ-иу сæ раттут. Тасолтан загъта.

**Гайто** *(æрбахаста гилдзыты асыкк)*. Фаг уыдзысты, Дауыт?

**Дауыт**. Фаг та кæцæй уыдзысты, фæлæ... Цæй, фенынмæ. *(Асыкк йæ дæларм акодта, Гайтойæн.)* Æнхъæлмæ дæм кæсдзыстæм. Æнæниз у, Коки. *(Ацыд.)*

*Дардæй топпы хъæртæ фæцыди.*

**Коки**. Сæ разы ма бабадæнт.

*Æдде хъæр: «Тотырбег!»*

**Гайто**. Уыдон дзæгъæл гæрæхтæ нæ уыдаиккой.

**Коки**. Гайто, тагъд бæхтæ!

**Гайто**. Ныртæккæ. *(Азгъордта.)*

**Дзамболат** *(æрбазгъордта)*. Тагъддæр! Правленийы раз барæгæй байдзаг. **Хату** хъазахъхъы æркæнын кодта.

**Коки**. У, цъаммар, цъаммар Хату! Æвæстиатæй цæуын хъæуы.

**Дзамболат**. Цом, æз Мысырбийы бафæдзæхсон. Тæтæримæ уыдтæн, уый афонмæ адымдта!

**Коки**. Цæугæ, ма дæ фенæнт.

**Тотырбег**. Мæнæ фæстæты ацу.

**Дзамболат**. Уæхи тагъддæр бафснайут. *(Азгъордта.)*

**Гайто** *(æрбауади)*. Фæстиатгæнæн нал и. Цом, бæхтæ цæттæ сты.

**Коки** *(сыстынмæ хъавыди, фæстæмæ æрхаудта)*. Цæугæ уал ды, Гайто.

**Гайто**. Æнæ дæу нæ ацæудзынæн.

**Тотырбег**. Цæугæ, Гайто, дæхи ма фесаф.

**Коки** сыстынмæ хъавы.

**Сæлимæт**. Мæ хъæбул, куыд цæуыс афтæ цæфæй? *(Йæхи йыл баппæрста.)*

**Коки**. Ма тæрс, Гыцци. Мæ дзабыртæ мын.

**Гайто**. Æри-ма, æз ын сæ скæнон. Тотырбег, дуар æрæхгæн. *(Кæны Кокийæн йæ дзабыртæ.)*

**Сæлимæт**. Уыцы топпы хъæртæ кæцæй уыдысты уæдæ?

**Гайто**. Цæттæ стæм. *(Хæцæнгарз райста.)* Кæд хъæуæй аирвæзæм, уæд хорз.

*Æвиппайды дуæрттæ æмæ рудзынг æрбатыдтой. Скъæтырдыгæй фæзынди* ***Гандз****, йæ къухы – дамбаца, йæ фæдыл* ***хъазахъхъæгтæ****, рудзынгæй топпытæ æрбадардтой.*

**Гандз.** Уæ къухтæ сдарут!

**Сæлимæт** *(ныцъцъæхахст кодта).* Мæ хъæбултæ!

**Коки.** Уый ды дæ, Гандз?

**Гандз** Æз дæн, æз, мæ фыдыстæн.

**Хату** *(фæмидæг уаты, гæрзифтонг, йæ къухы – ехс).*

А-а-а, ам стут? *(Гайтойæн.)* Кæм сты, ам чи уыд, уыдон? *(Тотырбегæн.)* Зæронд хæрæг, æз дæ афæрстытæ кæндзынæн. Ахст стут иууылдæр!

**Сæлимæт.** Мæ хъæбул! *(Хатумæ.)* Цæмæн нын нæ хæдзар халыс? Мæхи хъæбулы хуызæн дæ куы уарзын! Мæ дзидзи мын куы бададтай.

**Хату.** Дæ дзыхыл хæц! Рафæлдахут хæдзар! *(Кокийæн.)* Кæм сты уæ иннæ ‘мбæлттæ?

*Хъазахъхъæгтæ хæдзар сызмæстой.*

**Коки.** Цæй æмбæлттæ дæ хъæуы, Хату? Цæмæн пырх кæныс хæдзар?

**Тотырбег** *(Гандзыл æрхæцгæйæ).* Ма кæн, Гандз.

**Гандз.** Иуварс! Ды фырт не схъомыл кодтай, фæлæ калм.

**Хату** *(хъазахъхъæгтæм).* Сбæттут сæ!

***Хъазахъхъæгтæ** бæттынц **Гайто** æмæ **Кокийы. Коки** схъæрзыдта. Тотырбег балæбурдта хъазахъхъæгтæм.*

**Тотырбег** *(Хатумæ).* Мах дæ мад, дæ фыды уазæг, ныууадз рынчын лæппуйы. Мæ худ исын дæ разы...

**Хату.** Дæ дзыхыл хæц! *(Хъазахъхъæгтæм.)* Сбæттут сæ!

**Тотырбег.** Æз дæ разы мæ сæр не ‘ркъул кæндзынæн, уый зон. Акæн мын мæ хъæбулы, фæлæ йæ зон: дзуапп ратдзынæ! Æз бузныг дæн, мæ фырт давгæйæ кæй нæ мæлы, уымæй. О, Хъауырбеджы хаст фырт!

**Хату.** Сбæттут æй уый дæр!

**Тотырбег** *(йæхи ныццавта Хатуйыл).* Æз дын дæ хурхы сæртæ стондзынæн мæ зæронд къухтæй!

*Хъуырдухæн кæнынц, **хъазахъхъæгтæ** сæ фæхицæн кодтой.*

**Хату.** Штабмæ йæ аласут!

**Хъауырбег** *(хъуызгæ йæм æрбацыд).* Нæ дын дзырдтон, зæронд, ма кæн, зæгъгæ.

**Тотырбег** *(бату йыл кодта).* Уæйгæнæг!

*Хъазахъхъæгтæ йæ æддæмæ аластой. Фæцыд гæрах. Хъазахъхъæгтæй иу æрбаздæхт, топпæй иу хус гилдз раппæрста.*

**Сæлимæт**. Мæ хæдзар фехæлди. *(Нырдиаг кодта.)*

**Коки** *(йæ цæссыг æркалди)*. Мæ зæронд фыд... Ныббарут мын, мæ ныййарджытæ...

*Æрбацыдысты* ***поручик*** *æмæ* ***Тъарас***.

**Хату**. Цы фесты?

**Поручик**. Аирвæзтысты, господин адъютант.

**Гайто**. Аирвæзтысты? Сæ цæрæнбон бирæ!

**Хату** *(Гайтойæн)*. Ныртæккæ ды мæ разæй ацæудзынæ, де 'мбæлттæ кæм сты, уырдæм.

**Гайто**. Нæ ацæудзынæн!

**Поручик** *(Хатуйæн)*. Фæстиат мауал кæнæм, господин адъютант!

**Хату** *(Тъарасæн)*. Бæхтæ! Уынджы кæуылдæриддæр сæмбæлат, сбæлвырд æй кæнут! Адон акæн! Дзуапп мын дæттыс дæ сæрæй!

*Поручик акодта се 'ппæты дæр,* ***Сæлимæтæй*** *фæстæмæ.*

Хæдзарыл арт бафтаут!

**Хъауырбег** *(æрбауад Хатумæ, йæ хъусы йын цыдæр адзырдта)*. Æмæ йæ фæдæлдон кæнæм, и?

**Хату**. Æнæмæнг. *(Фæцæуы.)* Тъарас, мæ фæдыл!

***Тъарас*** *цæугæ-цæуын цæуыл хæст кодта, уыдон йæ дæлармы акодта. Иннæтæ дæр ацыдысты. Сценæйы* ***Сæлимæт***. *Рудзынгæй сзынд арт æмæ фæздæг, ус йæхи баппары куы иу дуармæ, куы иннæмæ, фæлæ уыдон ииуылдæр сты æхгæд.*

**Сæлимæт** *(æрдиаг кæны)*. Хорз адæм! Ма ныббарут ацы фыдмитæ!

*Æмбæрзæн*

## ÆХСÆЗÆМ НЫВ

*Хъæд. Сæумæрайсом, æххæст нæма æрбабон ис.*

**Муссæ** *(хъахъхъæнгæ 'рбацыд, стæй фæстæмæ аздæхт æмæ Токареваимæ æрбацыд)*. Ам хæстæг хъуамæ уой.

**Токарева** *(æрбадти)*. Мæ зæнгтæ фæрыстысты... Уæддæр цæй

тыххӕй лӕвӕрдтай дӕ сӕр мӕлӕтмӕ мӕн ирвӕзынгӕнгӕйӕ?

**Муссӕ** *(бахудти).* Цӕй тыххӕй? *(Йӕ дзыппӕй гӕххӕтт систа ӕмӕ йӕм ӕй дӕтты.)* Бакӕс-ма йӕ. Ӕз дӕн мӕхъхъӕлон. Ленин ӕмӕ мын Советон хицауад зӕхх радтой. Ныр та мын ӕй Шкуро фӕстӕмӕ байста, мӕгуыр адӕмы удхарӕй мары.

**Токарева.** Кӕцон дӕ? Ды, моллойы фырт уӕвгӕйӕ...

**Муссӕ.** Ацы гӕххӕтт мӕн нӕу. Йӕ хицау хӕсты быдыры фӕмард, ӕмӕ йын ӕй ӕз йӕ дзыппӕй систон. Уый куынӕ уыдаид, уӕд мӕн уыцы куыстмӕ дӕр нӕ бауагътаиккой. Иуӕй-иу хатт моллойы гӕххӕтт дӕр баххуыс кӕны лӕгӕн. Зӕрдӕйӕ та уыдтӕн большевик. *(Ахъахъхъӕдта.)* Чидӕр ӕрбацӕуы. Цом.

***Муссӕитӕ** хъӕды фӕауушон сты. Ӕрбауади **Дауыт,** ахъахъхъӕдта, йӕ фӕдыл ӕрбацыдысты **Токарев** ӕмӕ **партизантӕ.***

**Токарев.** Куыд у хабар, Дауыт? Ничима зыны?

**Дауыт.** Нӕй, ӕмбал Токарев.

**Токарев.** Ма нӕ фӕсайӕнт. Ӕндӕр фӕндагыл сӕ ма акӕнӕд. Ныббаринаг не сты Гайтойӕн йӕ митӕ.

*Ӕхситт фӕцыди.*

Сабыр! Уӕ бынӕттӕ ӕрцахсут!

***Партизантӕ** ӕрбадтысты алы рӕтты.*

**Дауыт.** Уӕртӕ лӕнчы ныхыл чидӕр лӕууы. Ӕз цӕуын, ӕхситт кӕцӕй фӕцыд, уырдӕм.

**Токарев.** Арӕхстгай ацу! Фӕлӕуу-ма, уый Тасолтан куы у!

**Тасолтан** *(ӕрбацыди).* Байрйат! Зынӕг нӕма и?

**Токарев.** Нӕй. Цырд фӕлӕуут, лӕппутӕ. Коки ӕмӕ Гайто куыддӕр не 'хсӕнӕй аирвӕзой, афтӕ сӕ нал фендзыстӕм: амардзысты сӕ.

*Къудзиты чидӕр фӕхъуызы.*

**Токарев.** Уӕ бынӕттӕм! Дауыт, мӕнӕ демӕ искӕй акӕн ӕмӕ сӕ размӕ фӕу. Ӕрмӕст, хъусыс, удӕгасӕй сӕ ӕрцахс!

***Дауытитӕ** азгъордтой.*

**Дауыт** *(фӕссценӕйӕ).* Чи стут! Кӕс-ма, иу дзы сылгоймаг у!

*Ӕрбакодта **Токарева** ӕмӕ **Муссӕйы.***

**Токарев** *(ӕдзынӕгӕй цасдӕр фӕкасти Токаревамӕ).* Машӕ!

**Токарева** *(йæхи йæм баппæрста).* Сережæ!

**Тасолтан.** Мария! Кæцæй? Куыд æгъдауæй. Æмбæлттæ, мæнæ, гъе, мæ мæхъхъæлон æфсымæр, мæ ирвæзынгæнæг!

**Муссæ** *(æфсæрмхуызæй йæ къух дæтты Тасолтанмæ).* Сæмбæлдыстæм?!

**Тасолтан** *(ныхъхъæбыс æй кодта).* Уæлахизæй!

**Токарева** *(Муссæмæ амонгæйæ).* Мæнæ уый у, знаджы цъаммар къухтæй мæ чи байста, уый. Хъæбатыр.

**Токарев.** Стыр бузныг, æмбал! Цæй, фæстæдæр баныхас кæндзыстæм. Цæут, баулæфут уал. Дауыт, искæй арвит адонимæ.

***Токарева, Муссæ** æмæ **партизан** ацыдысты. Æхситт та фæцыд, æмæ **партизантæ** сæ бынæтты æрæмбæхстысты.*

Уый Дзамболат уыдзæн. Уæхи æрцæттæ кæнут!

**Дзамболат** *(æрбацыд æд фæрæт, йæ астæуыл бæндæн тыхт).* Цы фестут? Æрбацæуынц. Коки æмæ Гайтойы сæ разæй ракæнынц. Стыр цъаммар митæ бакодтой. Хату Кокийы фыд Тотырбеджы амардта. Хæдзæрттæ ныппырх кодтой, ехсæй фæнадтой зæрæдты. Мæ хъустыл æрцыди, зæгъгæ, сæ горæтмæ дæр нæ бахæццæ кæндзысты Коки æмæ Гайтойы.

**Токарев.** Бирæ сты?

**Дзамболат.** Иу фондз æмæ ссæдзы бæрц.

**Тасолтан.** Цы ми сын бакæнæм? Ам бабадæм сæ размæ?

**Токарев.** Амæй хуыздæр ран нæй. Æрмæст тæссаг у, нæхиontæй искæй куы фæцæф кæнæм фехсгæйæ.

**Тасолтан.** Уæдæ цы бачындæуа?

**Токарев.** Дыууæ дихы сæ фæкæнын хъæуы. Исчи уыдзæни семæ фæндагамонæг, æндæра мæм иу фæнд ис.

**Дзамболат.** Хъауырбег семæ ис.

**Токарев.** Нæ загътон. Уыцы цъаммар. Фæлæуу-ма. Исты хиндзинад нæ æрымысын хъæуы. Дзамболат, сæр дæ бахъуыди. Афтæ бакæнæм: дыууæ бомбæйы дæм ратдзыстæм, бæласыл дæ бабæтдзыстæм, æмæ куы ‘рбацæйхæстæг кæной, уæд сын зæгъдзынæ, цъаммар большевиктæ мæ судзынмæ хъавыдысты, зæгъгæ.

**Дзамболат.** Иттæг хорз.

**Токарев.** Мах хæрзхæстæг æрæмбæхсдзыстæм. Сæ бон ницыуал бауыдзæни, бомбæтæ сæм куы сæлваса, уæд. Мах та сыл æвиппайды æртыхсдзыстæм.

***Партизантæ** бæттынц **Дзамболаты** бæласмæ.*

**Дзамболат**. *Ǽ*нхъæлдæн, æрбацæуынц...

**Токарев**. Уæ бынæттæ æрцахсут! Тасолтан, пулемет æрцæттæ кæн!

*Æрбацæуынц* ***Хъауырбег*** *æмæ* ***Тъарас.***

**Дзамболат**. Баххуыс кæнут, хорз адæм! Мæлын!

**Хъауырбег** *(æвиппайды фæлæууыди, хæцæнгарз сцæттæ кодта)*. Чи дæ уый?

**Дзамболат**. Фервæзын мæ кæнут! Чи уыдысты, ницы сын базыдтон. Сбастой мæ æмæ мæ хъуамæ басыгътаикккой.

**Хъауырбег**. Цавæр адæм уыдысты?

**Дзамболат**. Большевиктæ, æнхъæлдæн. Сæ худтыл сырх хæцъилтæ.

**Тъарас**. Цал уыдысты?

**Дзамболат**. Дыууæ.

**Хъауырбег**. Тъарас, ауай размæ, фæндаг фен. Кæцырдæм алыгъдысты?

**Дзамболат**. Ам дæлæмæ.

***Хатуитæ Коки*** *æмæ* ***Гайто****йы æрбакодтой.*

**Хату**. Уый Дзамболат куы у.

**Тъарас**. Большевиктæ йæ судзынмæ хъавыдысты, фæлæ мах куы ауыдтой, уæд лидзæг фесты. Дыууæ сырх абырæджы.

**Хату**. Тъарас, дыууæ хъазахъхъаджы демæ акæн æмæ фæндаг сбæрæг кæн! Науæд фæлæууут! Цæугæ æмæ поручикæн зæгъ, бæхтæ хæстæгдæр æрбакæнæд.

***Тъараситæ*** *ацыдысты.*

**Дзамболат** *(амоны Гайто æмæ Кокимæ)*. Дæ бæрзонддзинад, бар мын ратт æмæ ацы куыйтæй мæ маст райсон.

**Хату**. Багъæц! *(Гайтойæн.)* Уыныс, цытæ кæнынц уæ большевиктæ! Хъæды зилут бирæгътау æмæ адæмы цæгъдут.

***Коки*** *фырфæлладæй æрхауди.*

**Гайто**. Æмæ ды уыныс, цы митæ кæныс, уый! Мæлæтдзаг адæймагæн цытæ æвзарын кæныс?

**Хату**. Бæхы къæдзилыл бæттинаг у. Уæвгæ уын уыцы цин дæр Хату фенын кæндзæни!

*Æрбацыдысты* ***поручик, Тъарас*** *æмæ* ***хъазахъхъаг.***

Тамако уал бадымут. *(Дзамболатæн.)* Дæуæн дæр бар ратдзынæн мæнæ адонæй дæ маст райсынæн. Тъарас! Дæ дамбаца-ма йæм ратт, ацы хатт дын дæ бартæ уæртæ уымæ дæттын! Ха-ха-ха!

*__Тъарас__ йæ дамбаца __Дзамболатмæ__ радта. Дзамболатæн йæ къухы дамбаца, ноджы йæ ронæй систа бомбæ.*

**Дзамболат.** Уæ къухтæ уæлæмæ сисут!

*Партизантæ гæрзифтонгæй сæ уæлхъус алæууыдысты.*

**Токарев.** Уæ къухтæ! Дауыт, Коки æмæ Гайтойы суæгъд кæнут!

*__Дауыт__ ахстыты суæгъд кодта,*
*__партизантæ__ урсыты æрфистæг кодтой.*

**Тасолтан.** Цы зæгъдзынæ, Хату? Нæ дын загътон, сæмбæлдзыстæм ма, зæгъгæ! Ныр дæр дæ нæма уырнынц адæмы тых æмæ ‘хсар?

**Муссæ.** Гъеныр æй æрæмбар, Хату, дæ бæрзонддзинад, адæмæн се рагъæй ехс куынæ исай, уæд куыд вæййы, уый!

*__Хату__ фæлæбурдта __Муссæйы__ топмæ, фæлæ __Тасолтан__ фæразæй. Дамбаца __Хатуйыл__ ныццавта. __Хату__ мардæй æрхауди.*

**Токарев.** Сбæттут сæ! Дзамболат, акæн сæ, фæстæдæр æркæсдзыстæм сæ хъуыддагмæ. Лæппутæй исчи акæнæд Коки æмæ Гайтойы, баулæфæнт. *(Хъазахъхъæгтæм.)* Сымах та цæуыл уæ туг калут мæнæ ацы куыйты тыххæй. Уæ бæхтыл сбадут æмæ уæ хæдзæрттæм ацæут. Адæмы ныхмæ сдзурынвæнд уæ мачиуал скæнæд!

*Фæзынди __фæдисон.__*

**Фæдисон** *(гæххæтт систа, Токаревмæ).* Мæнæ уæм фыстæг.

**Токарев** *(гæххæтт кæсы, стæй партизантæм).* Æмбæлттæ! Цины хабар! Сырх Æфсад Пятигорск байста! Киров æмæ Орджоникидзейы разамындæй тагъд ам уыдзысты!

*Хъуысы партизанты «Ура».*

Æмбæлттæ! Махæй дæр курынц æхххуыс, цæмæй урсгвардионтæн алыг кæнæм сæ фæндаг. Уыдон хъавынц Гуырдзыстонырдæм ахизынмæ. Дауыт, ды дæ къордимæ тæккæ абон ахиздзынæ Терчы фалемæ æмæ æрцахсдзынæ Арвыкомы фæндаг. Тасолтан, ды та дæ къордимæ Уæрæх комыл бацу, цæмæй Арвыкомы Дауытимæ баиу уай! Иннæтимæ та æз ацæудзынæн комкоммæ сæ ныхмæ. Уæдæ æппæт Кавказы фæллойгæнæг адæмы ссæрибар кæныны сæрыл тохмæ!

*Ацыдысты тохы зарæг кæнгæйæ.*

*Æмбæрзæн*



## МÆРГЪИТЫ Ясон

*Мæргъиты Дзиндзолы фырт Ясон райгуырди 1919 азы Хуссар Иры Тлийы хъæуы. Чысыл сабийæ баззади сидзæрæй, бавзæрста бирæ фыдæбæттæ.*

*1939 азы Ясон каст фæци Цхинвалы педагогон скъола æмæ кусын райдыдта ахуыргæнæгæй Дуаныхъæуы. Хæсты агъоммæ йæм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ.*

*1943 азы фæмард Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау тохы. Уыди лейтенант.*

*Мæргъиты Ясоны æмдзæвгæтæ мыхуыры цыдысты хæсты размæ ирон газеттæ æмæ журнал «Фидиуæджы». Йæ уацмыстæй иукъорд рацыди чиныг «Джебогъ æмæ сисæй», зæгъгæ, уым дæр (Сталинир, 1959 аз).*

### УАЛДЗÆГ

Арт сирвæзт æврæгътыл,
Ысулæфыд зæхх.
Нæ митхъулон хæхтыл
Хъæдабæ фæцъæх.

Æгас цæуай, уалдзæг,
Нæ царды фæдон,
Нæ дарæг, нæ уазæг –
Зæрдæйы фæндон.

Дæ судзгæ цырæгътæй
Ныррухс и нæ рындз.
Дæ фæдыл нæм мæргътæ
Тыгуыртæй тæхынц.

Ды сарæзтай фæзты
Хæрзаив нывтæ.
Мæ фыдæлты бæстæ
Æфтауы сыфтæр.

*1938*

## ÆРСИДТОНТÆМ

Мæнæ цард нæ разы ‘хсиды,
О нæ амондджын фæлтæр.
Абон нæм уый цинмæ сиды.
Цом! Æмбал уын дæн æз дæр.

Мах фæхаста ауал азы
Хорз ныййарæгæй хуыздæр.
Ныр хæстонтæй стæм йæ разы.
Сисут тохы арц уæлдæр!

*1939*



## НАНИТЫ Васо

*Наниты Васо райгуырди 1911 азы Хуссар Ирыстоны чысыл хæххон хъæу Начърепайы. Йæ фыд Тимофей уыди мæгуыр зæхкусæг. 1923 азы Наниты бинонтæ ралыгъдысты Цæгат Ирмæ æмæ æрцардысты Ногиры. 1937 азы Васо бацыди Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ æмæ йæ каст фæци 1941 азы. Æрмæст ын ахуыргæнæгæй бакусын нал бантысти. Нæ бæстæйыл уынгæджы бон куы ныккодта, уæд ацыди хæсты быдырмæ. Уыди пулеметæйæхсæг. Фæмард 1944 азы 1 февралы Днепропетровскы областы Николай-Мойсеевкæйы цур.*

*Васойы æмдзæвгæтæй цалдæр бацыди чиныг «Бæсты сæрвæлтау»-мæ (1958).*

* * *

Мæ лирæ
Ныр сонтæй къуызгæйæ ныккодта йæ зард,
Йæ цин у уæлахизы цард.
Æз бирæ
Куы уарзын фæллойы бæрæчет-бæркад,
Нæ уæйыг фæлтæрты æфсад.
Нæ бæстæ
Дунейыл ныфсдæттæгæй калдзæн цæхæр,
Фæлтæрдзынæн тохы æз дæр,
Мæ хæстæ
Нæ рухс дуджы зонын бæстон
Æмæ йын уыдзынæн хæстон!

*1937*

## УАЛДЗÆГ

Акæс-ма, быдыртæ, фæзтæ
Аивтой абон сæ хуыз.
Мæргъты æхсызгон хъæлæстæй
Байдзаг и æрдзы хъæбыс.

Донгæрон дидинæг зайы,
Тилы йæ сырх-сырхид сæр.
Бæлццæтты химæ фæсайы,
Къабæзтæ сисы уæлдæр.

Зæххы æрттиваг фæлыстмæ
Ничи æрхæсдзæни фау.
Уалдзæг, мыггагау дæ хуызтæ
Дунейыл тау æмæ тау!

* * *

Куы зонис ды фæлмæн зæрдæйы
Хъазт,
Æдзух дæ уарзтæй риу куыд вæййы
Баст!
Æвзонг азты рæсугъд æрттивы
Цард.
Фæдзурын: «Макуы афæливон
Ард».
Тæхуды, æз дæ хуыз куы зарин,
Зæд,
Мæ хъуырыл дæ фæрдыгæн дарин
Уæд!

*1938*

## ТÆХУДЫ!..

Тæхуды, дæ царды уылæнты
Дæ цинад, дæ уарзондзинад,
Дæ зæрдæйы ахсджиаг фæндты
Нæ адæмæн иууылдæр ратт!

Тæхуды ‘мæ бафид дæ хæстæ
Дæ Райгуырæн бæстæйы раз.
Йæ уарзон хъæбултæн сæ фæстæ
Йæ фидæнмæ уайын фæраз!..

Тæхуды, дæ дзыллæйы кадæн
Дæ тыхтæ нывондæн æрхæсс!..
Нæ сыгъдæг сæрибардзинадæн
Куы нæрид мæ фæрнджын хъæлæс!

Тæхуды, кæй зарды фæхъуысынц
Нæ адæмы цин æмæ маст,
Æнусты йæ дзыллæ кæй мысынц,
Кæй кæнынц сæ хъæбулы уарзт!

*1939*

## ЦÆМÆ БÆЛЛЫН

Мæ лæппуйы дзæбæхдæр азтæ
Куыд тагъд фæтары сты фынау!..
Цымæ йæ хъæбултæй кæй хаста
Ныййарæг уарзон мад мæнау?

Мæ зæрдæ мын æдзух фæзæгъы:
Куы фæци де 'взонгдзинад, ау,
Уæддæр ма адæмæн сæ рæгъы
Куы никуы разындтæ лæгау!

Цы кæнон, сонт зæрдæ? Дзыназын.
Цы уыдзæн сомыбон? Тыхсын.
Æууæнк, гуырысхо æмæ азым
Мæн судзынц... Чи хаты мæ зын?..

## УАРЗЫН ХУРИМÆ ФÆХЪАЗЫН

Уарзын хуримæ фæхъазын, –
Хурæн дзаг цæстæй йæ каст.
Царды цинимæ – мæ зарын,
Æрдз – мæ удлæууæн, мæ уарзт.

Хъазгæ, худгæ райсом раджы
Дардыл ахæссын мæ цæст.
Æз мæ царды рухс фæндаджы
Зарын хъæлдзæгæй æрмæст.

Дунемæ кæсын зынгцæстæй,
Царды цинæй дæн æфсæст.
Зонын мады ад мæ бæстæй, –
У йæ хъæбысы мæ рæзт.

## МÆ МАДМÆ

Чысыл нæ фæрæвдыдтай мæн,
Ныр та рæвдауы мæн мæ бæстæ,
Цæмæй æз бафидон дæуæн
Хъæбулау иуулдæр дæ хæстæ.

Мæ баз уыдис дæ фæлмæн къух,
Мæ чиныг та – дæ фæлмæн дзырдтæ,
Æмæ мæ сыræзтмæ æдзух
Ды судзгæ тухиты бæллыдтæ.

Мæхи æмбарынхъом фæдæн,
Ныййарæг мад, ныр дæн дæ дарæг...
Æмæ сæрибар адæмæн
Ныр æз нывонд кæнын мæ зарæг.

*1940*

## ЦЪИУ

– Тæхгæ! – мæ базырджын цагъарæн
Æз байгом кодтон й' ахæстон.
Æз радтон хъæдтæн ног сæ зарæг,
Йæ уæлныхты йæ уддзæф ахаста.

Уый фервæзт цъысымæй, æмæ йæ
Цъæхдзаст райсом уæлæрвтæм систа.
Уый зары, бæрзæндтæм тæхгæйæ.
Мæ къухы та – йæ тугдзæст систæ.

*1941 азы 14 апрель*

## ЛЫМÆНМÆ

Ма мын дзур дæхи амондыл,
Не 'мист кæн дæ къах!..
Бафæдзæхсæм тохы бонтыл
Ныр нæ тыхтæ мах!

Адæмы сæрыл хæцынмæ
Ма фæкæ фæсмон!
Цом-ма не знæгты сæттынмæ,
Скæнæм сын кæрон!

Кæд нæ бафидæм нæ хæстæ,
Уæд уыдзыстæм рох, –
Ног фæлтæрты та нæ фæстæ
Бахъæудзæни тох...

## УÆЙГУЫТЫ ÆФСАД

Хæрзбон! Дæу мысдзынæн æз дардæй.
Кæд-иу æрыхъусон дæ хъæр,
Хæсты быдыры-иу дæ уарзтæй
Кæндзæн лæппуйы ныфс дывæр.

Дæуæн мæ зæрдæйы ныхæстæ
Фæуæнт ныфсæн! Хæрын дын ард...
Уыныс, уæйгуыты ‘фсад – мæ фæстæ.
О, курын, ма мыл кæн æнкъард!

*1941 азы 5 июль*



## ПЛИТЫ Зауыр

*Плиты Алыксандры фырт Зауыр райгуырди 1916 азы Ручъы хъæуы. 1920 азы йæ ныййарджытимæ ралыгъди Цæгат Ирмæ. Уыцы аз йæ мад æмæ йæ фыд амардысты, æмæ Зауыр баззади сидзæрæй. Фыццаг ахуыр кодта Ногиры скъолайы, стæй та Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты. Уыйфæстæ бацыди Мæскуыйы ССР Цæдисы Наукæты Академийы æвзагзонынады институты аспирантурæмæ. Сси филологон наукæты кандидат. Фыдыбæстæйы Стыр хæст æй æрæййæфта Мæскуыйы. Уырдыгæй ацыд хæцæг æфсадмæ æмæ фæмард, знæгтæй нæ райгуырæн бæстæйы столицæ хъахъхъæнгæйæ, Уыди батальоны комиссар.*

*Литературон куыст райдыдта 1931 азы. Фыста æмдзæвгæтæ, стæй ирон æвзагмæ тæлмац кодта уырыссаг классикты уацмыстæ. Йæ фыстытæ цыдысты ирон газеттæ æмæ журналты. Иукъорд æмдзæвгæйы йын уыди чиныг «Бæсты сæрвæлтау»-ы (Орджоникидзе, 1958 аз).*

### ДИДИНÆГ

Дидинæг зайы,  
Фондз сыфтæрон,  
Дон æй фаг найы  
Былы кæрон...

Æртæхæй нуазы,  
У дзы æфсæст.  
Базмæлы, хъазы,  
Бархи – йæ рæзт.

Цæст химæ сайы  
Дардмæ йæ уынд;  
Зæрдæ йæм райы,  
У дзы рæвдыд.

Ма йæ ‘ртон, ма кæ! –  
Уадз æмæ уа,  
Æмæ йын пъатæ  
Уддзæф кæна!..

*1934*

## БУЛÆМАРГЪÆН

Булæмаргъ, дæ зарды хъæр
Адджын у, æмбарын...
Уымæ хъусгæйæ æз дæр
Зарыныл фæлварын...

Зарыс уарзондзинадыл,
Ирхæфсыс дæ къайы...
О, тæхуды, тæхуды,
Æз дæуæй куы уаин!..

Ахæм диссаджы хъæлæс
Искæд бон куы ссарин,
Уæд æз дæр мæ дуджы хæс
Барджынæй ныззарин!

*1934*

## РАЙГУЫРÆН БÆСТÆ

Ыссыдтæн дæм ногæй,
Рæвдауыс та мæн.
Æз уарзын дæ уалдзæджы
Хуры тæмæн,

Нæ комы рæбынæй
Æрра доны хъæр...
Нæ рæгъты цъæх-цъæхид
Кæрдæджы сæр-сæр...

Ыстъалы ыссудзы
Уæларвы къуырфæй...
Æз уарзын, тынуафгæ
Куы ратулы мæй,

Нæ дурын хæдзæрттыл
Куы байзæры ‘взист...
Æмбисонды нывтæй
Нæ зонын æфсис...

Мæ райгуырæн бæстæ,
Мæ фыдæлты хай,
Æнусмæ æвзыгъдæй
Æрттив æмæ рай!..

*1939*

* * *

Айнæгыл бамынæг хуры тын...
Нал хъуысы хохы уынæр...
Уæтæры фыййауы хæд фарсмæ
Уæрыкк ысцагъта сынæр.

Рог дымгæ аныгъуылд арф комы,
Цъити лæдæрсы кæмдæр...
Рагъæй цъæх хосы тæф ракæлы,
Базмæлы хъæды сыфтæр.

Мæй дæр та худæгæй бакъæцæл,
Тавы йæ арвы цæхæр...
Уæнгтæн сæ фæллад æрбайсæфы
Ахæм сæрдыгон изæр.

*1939*

* * *

Дымгæ сау мигъты фæтæры,
Арв нынннæрыди кæмдæр.
Мæнæ сау денджыз уынæргъы,
Хæхтыл азæлы йæ хъæр...

Хойы стыр уылæнтæ дурыл,
Раст цæф домбайау хъырны...
Уылæн уылæны фæсуры,
Уылæн айнæгмæ тырны.

Денджыз абухы, дзыназы,
Скъуыры айнæгыл йæ сæр.
Фæлæ сау айнæг йæ разы
У æнæцудгæ, хъæбæр.

Дымгæ сау мигъты фæтæры,
Арв нынннæрыди кæмдæр...
Денджыз абухы, уынæргъы,
Хæхтыл азæлы йæ хъæр.

*1939*

## ХЪЫРЫМАГ ИЗÆР

Цы рæсугъд, цы хорз дæ,
Хъырымаг изæр!..
Мæй денджызы гуылфæй
Ысдардта йæ сæр...

Фæлмæн уырзæй тауы
Зæлдаг тынтæ фаг...
Уый сарæзта доныл
Сыгъзæрин фæндаг...

Уый змæлы, æрттивы...
Арв – ирд æмæ цъæх!..
Æрæнцади донбыл
Кæсагахс-бæлæгъ...

Сыбар-сыбур систа
Хæристы сыфтæр...
Цы рæсугъд, цы хорз дæ,
Хъырымаг изæр!..

*1939 аз. Коктебель*

## ДЕНДЖЫЗМÆ

Кæддæр-иу лæппуйæ
Дæ донбыл зылдтæн...
Йæхимæ-иу сайдта
Дæ цъæх фæтæн мæн.

Ам бауарзта саби
Дæ уылæнты хъæр...
Нæртон доны хъæзтмæ
Куы зылди мæ сæр.

Ныр дæр та фæйлауы
Мæ разы фæрнæй,
Æвзист ыссад тауы,
Ныззары хъæрæй.

Йæ тыхджын гуылф-гуылфмæ
Ыскафы зæрдæ...
Сæрибары денджыз,
Цæй рæсугъд дæ, цæ!..

*1939*
*Хъырым*

* * *

Гъей, æрттив, ыстъалы,
Арвы риуæй фаг!..
Амон мын мæйдары
Сау чызгмæ фæндаг!..

Гъæйтт-мардзæ, мæ сау бæх,
Бахъуыди дæ сæр!..
Уарийау мын атæх
Ацы хорз изæр!

Æз цæуын мæйдары,
Бакæнон хъуыддаг!..
Гъей, æрттив, ыстъалы,
Амон мын фæндаг!..

*1940*

* * *

Уайсадæг чындзау та дымгæ мæ хъусы
Сусу-бусу кæнын систа куыддæр...
Ногдзыд кæрдæджы сывæллонау узы,
Комæй æрбадавы суадоны хъæр...

Арвыл фæстаг мигъ мæ сæрмæ фæтайы...
Стъалытæй сæрттывта арвæн йæ тыл...
Ахæм изæры кæй зæрдæ нæ райы
Ахæтын фæндыры амонæнтыл!..

*1940*



## САУКУЙТИ Хасан

*Саукуйти Хамбийы фырт Хасан райгуырди 1921 азы Ӕрæфы районы Лескены хъæуы. Скъолайы нымад уыди хуыздæр ахуырдзаутæй иуыл. Зæрдæбынæй архайдта пионерты къорды куысты, иттæг дæсны уыди фæндырæй цæгъдынмæ, йæ арæхстдзинад арæх æвдыста скъолайы хихъæппæрисады концертты. Авд къласы каст куы фæци, уæд иуцасдæр акуыста колхозы.*

*1939 азы ацыди Сырх Ӕфсадмæ. Уыдис 231-æм бастдзинады хицæн батальоны, 116-æм æхсæг дивизийы. Уалынмæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ Хасанæн знæгтимæ тохы йæ зынг бахуыссыд.*

### МЕ 'ХСИРФМÆ

Гъей, ме 'хсирф, зарæ мæ къохи,
Исзæлланг кæнæ цæрдæг.
Бацудан нур кусти тохи –
Ӕрæфснайæн нæ тиллæг!

Ехх, тиллæг, тиллæг... Фурзадæй
Нæ будур бунмæ тонуй.
Ӕ нæмуг дæр куд иставд æй!
Е мах фарнæ амонуй.

Гъей, æхсирф, зарæ мæ къохи.
Дессаги рæстæг хæссуй.
Ма фæллайæ кусти тохи.
Уæхæн рæстæг ка хуссуй?

## УАРЗОНДЗИЙНАДÆ

Ци уæззау дæ, ци тухгин дæ,
Ци федар дæ, ци къæдзæх!
Ци рæуæг дæ, ци фæлмæн дæ,
Ци хæлар дæ, ци дзæбæх!

Ехх, ци маст дæ, ехх, ци марг дæ! –
Арти содзун – æнцондæр...
Ци адгин дæ, ци сатæг дæ!
Уоди хуасæ – дæ уæлдæф...

*1938 азы декабрь*



## ТАБОЛТЫ Хадзымырзæ

*Таболты Бучкайы фырт Хадзымырзæ райгуырди 1921 азы Салыгæрдæны зæхкусæг бинонты астæу. Ахуыр кодта авдазон скъолайы, стæй та Дзæуджыхъæуы кусæг факультеты. Фæстæдæр бацыди педагогон институтмæ. Фыццаг курсы уыди, афтæ йæм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Ахуыр кодта артиллеристты скъолайы Киевы. Уалынмæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ Хадзымырзæ ацыди хæцæг æфсадмæ. Фесæфт æнæбæрæгæй.*

*Таболты Хадзымырзæ фыста æмдзæвгæтæ. Ноджы ирон æвзагмæ тæлмац кодта уырыссаг æмæ дунейы литературæйы классикты уацмыстæ. Йæ фыстытæ мыхуыргонд цыдысты Цæгат Ирыстоны журналтæ æмæ газетты. Хадзымырзæйы æмдзæвгæ «Цин»-мæ гæсгæ композитор Алыккаты Ахболат ныффыста зарæг æмæ йæ арæх лæвæрдтой радиойæ.*

### ЦИН

Цинæй зæрдæ кафы,
Цинæй – дзаг мæ риу.
Цинимæ мæ зарæг
Ныр бынтон куы сиу.

Хъæлдзæг бæстæ зары.
Арвмæ хъуысы хъазт.
Цæй-ма, ахæм дуджы
Чи базондзæн маст!

Худы, зары хъæлдзæг
Ног дуджы фæлтæр.
Уыдонимæ абон
Цин кæнын æз дæр.

Чи бауæнддзæн абон
Махимæ хæцын!
Уаритау цъæх арвыл
Арæхсæм тæхын!

## ÆРЦУ МÆМ ДЫ...

*(А. Кольцовмæ гæсгæ)*

Æрцу мæм ды, сæууон æртæх
Куы байсыса уæрæх быдырты,
Æмæ йæ рухс цæсгом нæ зæхх
Куы найа худгæ хуры тынты.

Æрцу мæм ды, куы лидза рыст,
Хур мах зæлдаг тынтæй куы хынца,
Фæтæн бæркадджын хуымты куыст
Хъазуат, æхсидгæйæ куы фыца.

Æрцу мæм, рухс хуры тынтæ
Куы 'рцæйхуыссой нæ хæхты фæстæ
Æмæ куы 'рсабыр уой сындæг
Фæндыр-мæргъты цъæхснаг хъæлæстæ...

Æрцу мæм ды, сыгъзæрин мæй
Куы срухс кæна йæ дард хæтæнтæ...
Æвзист ыстъалытæ æмткæй
Куы скалой ирд арвыл тæмæнтæ...

Æрцу мæм, о мæ хур, ды-иу
Мæ цуры зæгъ дæ цин æппæтæй, –
Куыд байдзаг уа æвзонджы риу
Æхсидгæ уарзоны цæхæртæй.

## АРД

Фыдрæстæг, сау тухи нæ федтон.
Æхсарджын риуы фаг у цин.
Мæ ном хъæздыг царды: советон,
Сæрыстыр, барджын гражданин!

Уæрæх колхозон дзаг быдыртыл
Хур тауы рухс тынтæй цæхæр.
Домбай хъæбатыртæн сæ цытыл
Ныззарын хъæлдзæгæй æз дæр.

Нæуæг хъæздыг царды гуылфæнты
Æз аккаг тохгæнджытæй дæн.
Мæн дæр Октябыры уылæнты
Ныййардта ‘хсидгæ дуг фыртæн.

Фæйлау, мæ райгуырæн, мæ бæстæ –
Уадз хауа тугдзыхтæн сæ цæст?
Дæ размæ сау лæппу йæ хæстæ
Цытимæ скæндзæнис æххæст.

Сæ амондыл уæрæх дзыллæтæн
Мæ хъæлæс сисдзынæн бæрзонд.
О райгуырæн! Дæ сæрыл тохæн
Мæнæн мæ рæзгæ цард – нывонд!

*1939 (?)*



## ТАУИТТИ Дзегут

*Тауитти Дзегут райгуырди 1921 азы Дыгургомы Тауитты хъæуы. Йæ фыд Дрис уыди зæхкусæг. 1927 азы ралыгъди Сындзыхъæумæ. Скъолайы ахуыр кæнгæйæ Дзегут газеттæм арæх æрвыста уацхъуыдтæ, фæцалх æмдзæвгæтæ фыссыныл дæр. Йæ уацмыстæ-иу арæх фæзындысты журнал «Пионер»-ы.*

*Дзегут астæуккаг скъола каст куы фæци, уæд æм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæст æй æрæййæфта нæ бæстæйы хурныгуылæн арæныл. Хæсты фыццаг бонты хабæрттæ Дзегут фæфыста йæ боныджы. Хъыгаг у, боныг æххæстæй нæ баззади. Нæ къухы дзы цы скъуыддзæгтæ бафтыд, уыдон мыхуыр кæнæм ацы чиныджы.*

*1944 азы Дзегуты мæлæтдзаг цæфтæй æрбаластой æфсæддон рынчындонмæ. Дохтырты бон ын ницыуал бацис, амарди 23-аздзыдæй.*

## ФЫЦЦАГ НЫХАС

Мæ уарзон, мæ бæстæ,
Мæ ныййарæг мад,
Бæркадджын – дæ фæзтæ,
Сæрыстыр – дæ кад.

Мæ фыццаг ныхас дын
Зæрдæйæ зæгъын:
Дæ сæрвæлтау тохмæ
Цæттæйæ лæууын.

*1939*
*Сындзыхъæу*

## АРТИЛЛЕРИСТЫ БОНЫГÆЙ

*1941 азы 21 июнь.* Æмбисæхсæв. Иу ефрейторимæ мын бахæс кодтой нæ хæстон лагерь хъахъхъæнын. Нæ лагерь уыдис горæт П-йæ ссæдз километры скæсæнырдæмдæр. Махæй паддзахадон арæны æхсæн уыдаид фондз километры бæрц. Не ‘мбæлттæ нæ

раивтой, ӕмӕ нӕ фӕллад уадзынмӕ ацыдыстӕм. Иу дыууӕ сахаты бӕрц афынӕй кодтам, афтӕ райхъал стӕм хӕстон фӕдисмӕ. Нӕхи арӕвдз кодтам. Раст уыцы сахат фашистты хӕдтӕхджытӕ фӕзындысты нӕ тӕккӕ сӕрмӕ, пулеметтӕй нӕ ӕхсын байдыдтой. Бӕрзонд кӕмдӕр та гуыв-гуыв кодта «Рамӕ». Мах бамбӕрстам, уый иннӕ хӕдтӕхджытӕн фӕндагамонӕг кӕй уыди. Знагимӕ не схӕцыдыстӕм, афтӕмӕй хурыскӕсӕнырдӕм ацыдыстӕм иуцасдӕр. 22 июны ӕхсӕвӕй фӕстӕмӕ хурныгуылӕнмӕ цӕуын райдыдтам. Райсомӕй авд сахатыл бахӕццӕ стӕм горӕт Р-мӕ. Арӕнмӕ ма дыууӕ километры ӕмӕ ӕрдӕг хъуыди, уым нӕхи ӕрфидар кодтам.

Ӕмбисбон уыдаид, афтӕ бардзырд райстам: «Ӕхсын райдайут фашистон батарейты». Цыппар сахаты дӕргъы нӕмгуытӕ ихуарӕгау кодтой немыцыл. Фӕстӕмӕ сӕхи айстой, ӕмӕ мах дӕр не 'хсын ныууагътам. Уырдыгӕй изӕрмӕ бӕстӕ уыди сабыр.

Иуафон хуссарырдыгӕй фӕзынди авд фашистон бомбӕппарӕджы ӕмӕ дыууӕ «мессершмитты». Кӕд быгъдӕг ран лӕууыдыстӕм, уӕддӕр ныл бомбӕтӕ не 'рӕппӕрстой, ӕрмӕст нӕ истребительтӕ ӕхстой пулеметтӕй.

*1941 азы 5 июль.* Хӕст та стынг. Знаджы фистӕг ӕфсӕдтӕ размӕ лӕгӕрстой. Сармадзантӕй сӕ ӕхстам ӕнӕрӕнцойӕ. Бирӕ дзы фӕцагъды. Чи ма дзы баззад, уыдон сӕхи фӕстӕмӕ айстой. Уыцы хӕсты нӕ фӕхъуыди иу дыууадӕс хӕстоны ӕмӕ дыууӕ сармадзаны. Нӕ мидбынаты лӕууын нын пайда нӕ уыди ӕмӕ цалдӕр километры фӕстӕмӕ рацыдыстӕм. Дарддӕр цы хабӕрттӕ уыди, уыдон бӕстон фыссынӕн мын фадат нӕй, фӕлӕ радзурынмӕ хъавын, знаг нӕ алыварс куыд ӕртыхст, 18 боны дӕргъы цы мӕлӕтдзаг тох фӕкодтам, фӕлӕ уӕддӕр нӕ къухы кӕй ницы бафтыд, уый тыххӕй.

*1941 азы 2 август.* Фехъусын нын кодтой, Гитлер, дам, йӕ хӕстонтӕн бардзырд радта Ӕхсӕзӕм ӕмӕ Дыууадӕсӕм советон ӕфсӕдты бындзагъд ныккӕнын. Ноджы сын зӕрдӕ бавӕрдта, уыйфӕстӕ сын дыууӕ мӕйы баулӕфыны фадат кӕй ратдзӕн, уымӕй.

Ӕхсӕзӕм ӕмӕ Дыууадӕсӕм ӕфсӕдты ныхмӕ немыц ӕрӕвӕрдтой ӕвзаргӕ ӕфсӕдтӕ. Алы бон дӕр згъӕлдтой бомбӕтӕ. Уыцы «Рамӕ» нӕ уӕгъд никуы суагъта. Бахаудтам тынг зын уавӕры, ӕртӕ хатты ныл знӕгтӕ алырдыгӕй ӕртыхстысты. Фашисттыл дӕр ӕмӕ махыл дӕр стыр зиантӕ ӕрцыд, афтӕмӕй-иу тыхамӕлттӕй атыдтам знаджы рӕхыс. Гитлеронтӕ нымӕцӕй уыдысты дыууӕ хатты фылдӕр. Хӕлц ӕмӕ нӕм тех-

никæ æппындæр нал хæццæ кодтой. Мæлæтдзаг тох бацайдагъ, иу дæр нæ йæ хъарутыл нæ ауæрста. Фæстагмæ нæм æппындæр хæцæнгарз нал баззади. Хæцæнгарз нæм уыд, фæлæ цæмæй æхстаиккам – гилдзытæ фесты!

*1941 азы 5 август.* Сæрмагонд бронемашинæты нæм æрбацыдысты немыцы минæвæрттæ æмæ нын уырыссагау бамбарын кодтой: ирвæзæн уын никæдæмуал ис. Сæйраг фронт сымахæй ис 150 километры æддæдæр, уæ алыварс та æртыхстысты SS-ы æвзаргæ æфсæдтæ. Уæхи уацары раттын йеддæмæ уын хос нал ис.

Уыцы ныхæстæм йæ хъус ничи æрдардта. Уæдмæ æрбахæццæ бардзырд: «Не 'фсæддонтæй 200 хъуамæ сусæгæй бацагурой нæхиуæтты. Иннæтæ хъуамæ сæхи бафæсвæд кæной бæрзонд хæххон хъæдты, сæдæ та хъуамæ сæ дарæс раивой æмæ сæхи айсой хутортæм, сæ хæс циу, уый сын фæстæдæр бамбарын кæндзынæн. Æхсæзæм æмæ Дыууадæсæм æфсæдты командæгæнæг!..»

*1941 азы 12 август.* Мах, ома 22-æм артиллеристон полчъы 99-æм æхсæг дивизи, нæхи æрфидар кодтам иу хъæуы цур. Бонизæрмæ æхстам знаджы æфсæдты. Уыдон размæ æфсæрстой æмæ æфсæрстой. Изæрырдæм нæ сæхæдæг дæр сармадзантæй æмæ минометтæй æхсын райдыдтой, иутæ хурныгуылæнæй, иннæтæ – хурыскæсæнæй. Иу немыцаг салдат мотоциклыл æвваxс æрбацыд махырдæм æмæ ныл къуххыхæсгæ миномет рауагъта. Сармадзанæй фехсæн ын нæ уыди, уымæн æмæ æгæр æрбаввахс. Иу дæс минуты фæстæ немыцаг йæхи айста.

*1941 азы 13 август.* Аходæны хæд фæстæ фæлгæсæн бынатæй фехъусын кодтой: «Иууылдæр уæхи бафснайут акъоппыты!»

Рацыдаид фондз-авд минуты, афтæ ныл нæмгуытæ ихуарæгау ныккодтой. Æхстой нæ минометтæй æртæрдыгæй. Фæлгæсæн бынатæй та батарейы командæгæнæг бардзырд радта, цæмæй знаджы механизацигонд фистæг æфсадыл нæмгуытæ иууылдæр ауадзæм. Минометтæй нæ немыц афтæ тынг æхстой, æмæ акъоппæй рацæуынмæ иу дæр йæ ныфс нæ бахаста.

Хъуамæ, раст цы у, уый зæгъон. Мæхинымæр ахъуыды кодтон, уæддæр ардыгæй удæгасæй аирвæзæн нал и, мæ зæрдыл æрбалæууыдысты ме 'фсымæртæ, мæ хæлæрттæ, мæ къабæзтæ, фашистты къухæй йæ зынг кæмæн бахуыссыди, уыдон. «Тугмæ – туг», – загътон мæхинымæр, рагæпп кодтон акъоппæй. Радыгай æхстон æртæ сармадзанæй. Гилдзытæ куы нал уыди, уæд бауадтæн цыппæрæммæ. Раст уыцы сахат мæ размæ разгъордта хайады командæгæнæг æмæ иумæ æхсын райдыдтам, чи ма

нæм баззад, уыцы цыппар сармадзанæй. Фашисттæ къордгæйттæй уæлдæфмæ куыд тахтысты, уый уыдтам, æмæ нæ зæрдæтæ барухс сты. Æхстам, нæ хъæлæсыдзаг хъæр кодтам, цæмæй нæм акъоппытæй исчи æххуысмæ рацæуа, фæлæ нæ цæст никæуыл æрхæцыд...

Ноджы ма иу хабар радзурын ис мæ зæрды, знаджы æрхъулайы дæр нæ хæстонтæ сæхи куыд хъæбатырæй равдыстой, уый тыххæй. Авд танчы (иу – егъау, фондз – рæстæмбистæ æмæ иу – чысыл) атакæ сарæзтой нæ ныхмæ. Нæ 76-миллиметрон сармадзанты фыццаг батарей сыл нæмгуытæ куы ауагъта, уæд дзы дыууæ рæстæмбис танкæн уайтагъд сæ пиллон скалди. Егъау танк дæр хæсты быдыры цавддурау лæугæйæ баззад. Иннæтæн иу гæрах фæкæнын дæр нæ бантыст, афтæмæй лидзæг фесты. Тынг хъæбатыр разындысты уыцы тохы нæ сармадзанæйæхсджытæ.

Рацыди фондз æмæ ссæдз минуты бæрц, афтæ авд немыцаг танчы галиуырдыгæй æрбацыд, дæс та – рахизырдыгæй. Æхсын райдыдтой. Нæ полчъы штабы хицау, батарейы политикон разамонæджы хæдивæг æмæ къорд сырхæфсæддоны фæмард сты. Командæгæнджытæ æмæ салдæттæ сæхи æрауuон кодтой акъоппыты. Æрмæст дыккаг сармадзаны командæгæнæг фæхъæр кодта: «Сармадзантæй йæхи иуварс чи айса, уый æнæ уæлдай ныхасæй мæхи къухæй фехсдзынæн». Нæрынц нæ сармадзантæ, фашистты танктæн радыгай сæ пиллон скæлы. Советон артиллеристты домбай цæфты фæстæ знæгтæ сæхи айстой.

Иуафон æрбазгъордта иу булкъон æмæ цæмæйдæр фæрсы сармадзаны кæстæр командæгæнæджы. Уый йын афтæ: «Ацу, æмбал булкъон, æмæ батарейы командæгæнæджы фæрс, мæнмæ цы ‘рбацыдтæ?» Афтæ дзæвгар фæбыцæу кодтой. Булкъон бацагуырдта батарейы командæгæнæджы, фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй уый акъоппы фæмард. Ноджы ма дзы мæрдтæ æмæ цæфтæ разынди 45 адæймаджы. Сармадзаны кæстæр командæгæнæджы æфсæддонтæй фæмард æрмæст иу. Куыд уынут, афтæмæй иунæг 76-миллиметрон сармадзан знаджы 17 танчы атакæ баурæдта! Ахъуыды-ма кæнут, уый кæуылты лæгдзинад у...

Мæ зæрдыл ма лæууы ноджы иу хабар. Фистæг æфсæддонтæм гилдз нал уыд. Мах дæсæй бавдæлдыстæм, æмæ уынгты æмæ цæхæрадæтты æмбырд кæнын байдыдтам гилдзытæ æмæ сæ хастам къухыхæсгæ пулеметæй æхсæгмæ. Уый бæласмæ схызт, йæхи баауuон кодта æмæ уырдыгæй «нымадта» фашистты. Уый фæрцы хутор байсыныл знæгты тох кæнын бахъуыд дыууæ боны.



## ТЫДЖЫТЫ Ефим

*Тыджыты Сачинойы фырт Ефим райгуырди 1916 азы Хуссар Иры Рустауы хъæуы. Йæ ныййарджытæ уыдысты мæгуыр зæхкусджытæ. 1932 азы Ефим каст фæци авдазон скъола. Æхсæрдæсаздзыд лæппуйæ сси фæскомцæдисон. Куыста ахуыргæнæгæй, стæй районы газет «Ленинон»-ы.*

*Фашистон Герман нæ Райгуырæн бæстæмæ куы ‘рбалæбурдта, уæд Ефим ацыди фронтмæ, сси лейтенант. Фæмард 1944 азы.*

*Æмдзæвгæтæй дарддæр Тыджыты Ефим фыста радзырдтæ, очерктæ. Йе ‘мдзæвгæтæй цалдæр уыдысты чиныг «Джебогъ æмæ сисæй»-ы (Сталинир, 1969).*

### ÆФСÆДДОН

Хъæбатыр, æндонриу, цæхæрцæст æфсæддон,
Дæ кадæй у кадджын нæ Райгуырæн зæхх.
Кæм бахъæуы тохы лæджыхъæд æвдисын,
Гъе уырдæм цæттæ дæ, хæстифтонг дæ бæх.

Æхсæв æмæ бонæй ды хъахъхъæныс арæн,
Болат кард дæ къухæй куы калы цæхæр.
Ды тоныс дæ риуæй цъæх айнæг къæдзæхтæ,
Ызнæгтæн ды судзыс цъæх арты сæ сæр.

Хъæддагау дæ ныхмæ лæбурынц фыдгултæ,
Уæддæр ды дæ тохы æнæсæттон дæ.
О, бузныг, æфсæддон! Дæ хъæбатыр тохæй
Æнæкæрон буц у Советон бæстæ.



## ТЪЕХТЫ Барис

*Тъехты Читъейы фырт Барис райгуырди 1920 азы Цхинвалы районы Тъбетыхъæуы.*

*1937 азы Барис авдазон скъола каст фæци Цхинвалы горæты. Уыцы аз ахуыр кæнынмæ бацыд нывгæнджыты скъоламæ. Цыппæрæм курсмæ куы бахызт, уæд æм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ.*

*1943 азы Барис фæмард Фыдыбæстæйы Стыр хæсты.*

*Фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, пьесæтæ. Йæ уацмыстæ цыдысты журнал «Фидиуæджы» æмæ газетты. Йæ радзырд «Дыууæ ‘фсиры» цалдæр хатты уыдис иумæйаг æмбырдгæндты.*

### КАВКАЗМÆ

Дыккаг аз æфсæры налат ызнаг размæ,
Нæ райгуырæн зæххыл фæхоста йæ сæр.
Йæ тугвæдтæ уадзгæ æрхæццæ Кавказмæ,
Йæ сау рондзæй сахуырст Кавказы къæсæр.

О райгуырæн бæстæ, æфсымæрон адæм,
Дæ сæрмæ ды ма ‘рхæсс цагъары къæлæт!
Нæ тохы тырыса бæрзонддæр ысдарæм,
Знаг тугæн туг фидæд, мæлæтæн – мæлæт!

*1942*

### ДЫУУÆ ‘ФСИРЫ

*(Зæронд цардæй)*

Уыди фæззыгон асæст райсом. Мигътæ хæхты тигътыл сæхи æруагътой, æнцадысты дæлæмæ, тырныдтой кæмтты сæрибарæй аленк кæнынмæ. Уым, хæхты хъæбысы, хуыссыд æвадат хъæу. Хъæмпæй æмбæрзт чысыл хæдзæрттæ кæрæдзиуыл калдæй æрныгъуылдысты хохы фæхстыл. Хæдзæрттæ ныххæлддзаг сты æмхуызон, цыма æмвæнд бакодтой, сæ уæлхæдзæртты хъæмп

бамбыди, ранæй-рæтты рахъил сты сæ сисамад къултæй иугай дуртæ, дуæрттæй зындысты мæгуыр хæдзары хæххон мигæнæнтæ: донхæссæн, тæбæгъ, къæрта, арынг, къустæ...

Ахæм райсом ацы хъæу уæлдай змæлд кæны: адæм цæуынц сæ хоры гæппæлтæ ‘фснайынмæ. Тæрсынц митуарынæй, миты бын фæуынæй.

Мæнæ байгом кодта йæ чысыл хæдзары дуар Бибо дæр. Йæ рахиз къух мæллæг тар цæсгомыл æруадзгæйæ хæдзары фисынæй райста бæндæн, райхæлдта йæ, лыстæггай йæм æркаст æмæ йæ сабыргай йæ астæуыл ронбаст æрбакодта. Райста йе ‘хсырф дæр æмæ мидæмæ бахъæр кодта йæ иунæг фырт Таймуразмæ. Таймураз дæр уадидæгæн рауад, йæ бурхуыз хæдоны скъуыдтæ æрбатыхта, æмæ сæ дыуувæ дæр фæраст сты. Сæ фæдыл та къæсæрæй касти Бибойы ус, æмæ, йæ мой æмæ йæ хъæбул фæзилæны куы фæауuон сты, уæд уый дæр хæдзармæ фæстæмæ баздæхти.

Цæуынц Бибо æмæ Таймураз, тындзынц, сæ хоры гæппæл цы хохы тигъыл ис, уырдæм. Бибо кæсы размæ къæдз-мæдзы фæндагмæ æнкъардхуызæй, Таймураз дæр йæ гом къæхтæ цыргъ дуртæй хизгæйæ тындзы йæ фыды фæдыл, йæ къах дурыл куы ныццæвы, уæд æргуыбыр кæны, йæ мæллæг къухæй йæ æрсæрфтытæ кæны æмæ та азгъоры дарддæр.

Мæнæ æрбахæццæ сты, сæ хор цы тигъыл уыд, уыцы къæдзæхы бынмæ. Ныр райдыдтой хæрдмæ цæуын. Сæ мæллæг къухтæй дуртыл хæцгæйæ размæ гуыбырæй хилынц. Æдас ранмæ сæ иу куы сирвæзы, уæд аххуыс кæны иннæмæн. Афтæ тыхамæлттæй сирвæзтысты сæ чысыл хуымы кæронмæ. Ам дæр кæд чысыл фæздæр уыд, уæддæр сын æдасдæр нæ уыд. Æцæг чысыл æнарæхст фæзылдæй тас уыдис арф æнæбын комы смидæгæй.

Бибо йæ астæуæй бæндæн райхæлдта, йæ иу кæрон ын йæ астæуыл æрбаста, иннæ кæрон та, бæлас дзы кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ хъилдурыл æрæвæрдта. Бибойы бæсты æндæр афтæ нæ бакодтаид – уанцон тас нæу! Фæлæ, мæгуыр лæджы дур хæрдмæ фæсуры, фæдзурынц. Фыдбылызæй цы нæ ис! Йæ кæддæры домбай цæнгтæй ма баззад æрмæст царм æмæ стджытæ, йæ уæрджытæ та йæ быны дыдæгътæ кæнынц. Райдыдта кæрдын. Таймураз дæр чысыл аулæфты фæстæ сыстад æмæ райдыдта тонын йе стæгджын æдых къухтæй.

Бибо фæкарста æнæ исты сдзургæйæ, æнкъардæй. Кæд бирæ нæ ныккарста, уæддæр кæрдинаг ныллæг уыд, æмæ йæм иудадзыг гуыбыр кæнын кæй хъуыд, уый тыххæй тынг бафæллад. Йæ астæу сраст кæнын дæр йæ бон нал уыд. Йæ хид ставд

æнцъылдтæ цæсгомыл донау уади. Ныххуылыдз йæ буар иууылдæр. Гæзæмæ ма æлхъывта æхсырфы хъæд. Бибо йæ зæххы æрсагъта, сыхæлдта бæндæны кæрон йæ астæуæй, иннæ кæрон та – дурæй, кæрдинагмæ кæй нал æххæст, уый тыххæй æмæ уæззау ныуулæфгæйæ бакасти Таймуразмæ, цыма йæхинымæр дзырдта, ныр та дæ рад у, зæгъгæ...

Таймураз дæр уадидæгæн йæ фыды уæлхъус æрбалæууыди, бæндæны кæрон астæуыл æрбабаста, систа æхсырф æмæ арæхстгай райдыдта кæрдын. Æмæ цæй кæрдын, æвæдза, уыйбæрц та кæм арæхст æмæ кæм зыдта, фæлæ уæддæр кæрдын æнцондæр у тонынæй, æмæ цинаудæр касти лæппумæ.

Бибо дæр ма йæ фыртмæ цалдæр касты скодта, дæ къух ма алыг кæн, зæгъгæ, æмæ куырисы фарсмæ йæхи ‘руагъта хъæбæр къул зæххыл. Уадидæгæн ыл йæ фæллад æртыхст, æмæ йæ хъæрзын ссыди. Бафынæй, фæлæ уæддæр йæ хъæрзынæй нæ банцад. Йæ мидфынæймæ йæ цæстытыл ауади, цыма Таймураз йæ къух алыг кодта æмæ æваст фæхъæр кодта: «Дæхи цæуылнæ бахызтай, гормон, стыр лыг у?»

Хъæрмæ Таймураз дæр йæ кæрдын фæуагъта, фæкаст йæ фыдмæ, фæлæ куы базыдта, фынæй у, уый, уæд та кæрдын райдыдта. Кæрды, йæ бон цы у, уымæй. Бæндæн кæрдгæ-кæрдын змæлыд, æмæ дурыл баст хæрдмæ сбырыди. Чысыл ма хæцыди, фæлæ йæ Таймураз нæ базыдта. Йæ зæрдæ диссаджы рад кодта, фæллад дæр нал зыдта. Уалынмæ кæсы æмæ хуымы кæрон къæдзæхы сæр иу стыр дуры зыхъхъыры дыууæ хоры зæнджы бæрзонд сфардæг сты æмæ лæууынц. Æвæццæгæн, таугæ-тауын нæмгуытæ уырдæм асхъиудтой æмæ дуры цъассы сзадысты.

Таймураз йæ кæрдын фæуагъта æмæ кæсы хоры æфсиртæм. Уыдон фырнарстæй æркув-æркув кодтой ставд зæнгтыл. Таймураз ахъуыды кодта, цы ‘гъдауæй сæ ратыдтаид, ууыл, æхсырфæй та сæм æххæсгæ нæ кодта.

Æхсырф æрæвæрдта, фæлæ нæй, не ‘ххæссы. Ныууагъта сæ, йе ‘хсырф та систа æмæ та дарддæр райдыдта кæрдын, фæлæ та йæ зæрдæ нæ фæлæуууыд æмæ, карст куы фæцис, уæд ахъуыды кодта: цæй, æмæ сæм къухæй исчердæм нывналон, уый хуызæн нарст æфсиртæ куыд ныууадзон? Йе ‘хсырф иуварс æрæвæрдта æмæ зæххыл æрхуыссыд. Йæ къух ныддардта æфсиртæм, фæлæ сæм нæ ныххæссыд. Архайдта æппæт амæлттæй, фæлæ ницы уади. Сабыр дымгæ æнкъуыста æфсирты æмæ-иу сæ Таймуразы къухтæм куы дарддæр акодта, куы та æввахсдæр. Æввахсдæр-иу сæ куы æрбафæйлыдта, уæд-иу

сцин кодта Таймураз, ныр сыл ныххæцдзынæн, зæгъгæ.

Бибо æвзæр фынтимæ архайгæйæ фехъал, йæ цæст ахаста йæ фыртыл æмæ йæ куынæ ауыдта, уæд æррайау фæгæпп ласта, йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта, фæлæ йын йæ хъæрæн дзуапп ничи радта комæй дарддæр. Æрмæст уый нынннæрыд.

Æруад хуымы былмæ Бибо, æфсиртæ цы ран уыдысты, уырдæм. Ныккасти дæлæмæ æмæ дуртыл ауыдта туджы ‘ртæхтæ. Йæ зæрдæ бауазал фыртæссæй, йæ сæрыл балæууыд æмæ нырдиаг кодта. Йæ мæллæг æдых уæрджытæ йæ нал баурæдтой æмæ йæ фырты фæдыл ахауди. Нал зыны фыд Бибо, нал зыны йæ иунæг хъæбул Таймураз дæр – арф комы хъæбыс сæ йæ тары атыхта. Æрмæст ма сæ уагыл уыдысты уыцы дыууæ дисsaджы ‘фсиры, раздæрау сæ дымгæ сабыргай дыууæрдæм узта.

## МÆГУЫРГУРТÆ

Зымæджы бонтæ бæлвырд фæтызмæгдæр сты. Бонæй-бон уазалдæр кæнын райдыдта. Дымгæйы ниуын æнкъард æфтауы адæмыл. Фæндæгтыл змæлæг нал ис, уадтымыгъ сæхгæдта ацæуæнтæ. Миты стыр хъæпæнтæ сæхи дардыл айтыгътой. Дунайы доны былтыл, стыр фæндагыл, ныр æнæхъæн къуыри змæлæг нæ уыди. Митæй дзы фæндагбæрæг дæр нал и. Æрмæст ранæйрæтты дымгæ мит фæхаста, æмæ уымыты фæндаг æрттивы цъæхцъæхидæй.

Нæй бæлццон... Ничи хæссы йæ ныфс уый хуызæн уазалы ацæуын. Фæлæ ныр дæлæ фæзынди фæндагыл дыууæ мæгуырхуыз бæлццоны, сæ уæлæ – бынтон бызгъуыртæ дарæс, сæ иуæй се ‘ннæ тæригъæддагдæр. Цæуынц размæ. Тымыгъ сын хойы сæ ихсыд фæрстæ, ихуазал ахъардта сæ гом буары.

Чи сты ацы мæгуыр бæлццæттæ? Цы сæ рахаста айхуызæн хъызты æдзæуæн фæндагмæ? Уыдон сты, æрæджы немыцаг салдæттæ кæй акодтой, иу ахæм руминаг Отто Челусийы бинойнаг Цинæ æмæ йе ‘нахъом фырт Отто Виндз. Æртæ къуырийы рацыди, Челусимæ хъæумæ сидты гæххæтт куы схастой, уæдæй ардæм. «Ныууадзут, ма нын акæнут нæ иунæг дарæджы, науæд сыдæй амæлдзыстæм», – сниудта Цинæ йæхи бакъултæ кæнгæйæ. Мады кæуынмæ скуыдтой сывæллæттæ дæр, фæлæ сын æнæхатыр пъæлицæйаг цырыхъхъæй сæ фæрстæ басхуыстытæ кодта, æмæ уæд банцадысты. Æмæ, æцæгдæр, къуырийы размæ амардысты стонгæй йæ дыууæ нахъом фаззон чызджы. Баззад ма Цинæ Виндзимæ, æмæ мæнæ кæрдзынгур

разил-базил кæиынц уæзгуытыл. Афтæмæй æрбахаудысты ацы стыр фæндагмæ дæр. Тымыгъ сын æхгæны сæ развæндаг, фæлæ уæддæр хилынц, кæд къæбæр ссариккам, зæгъгæ. Цæуынц, мит сæ къæхты бын хъыррыст кæны, куы та сын дымгæ сæ цæсгæмттыл скалы рыгмит. Тымыгъ куы фæлæууы, уæд сæ цыд фæтагъддæр кæнынц, фæлæ никуы зыны хъæу. Сæ фæндаг кæны дардæй-дарддæр, æнæкæрон быдыр зыны урс-урсидæй, уый сын сæ зæрдæты æфтауы æнахуыр тас...

– Дарддæр мæ бон нал у, æрулæфæм, – кæуынхъæлæсæй загъта Виндз.

– Цом, цом, дæ ныводн æрбауон, – йæ къухтæ йæ тарæй раласгæйæ загъта Цинæ. – Тагъд бахæццæ уыдзыстæм хъæумæ, уым нын ратдзысты бирæ баппатæ, уым ссардзыстæм бынат тымыгъы банцайынмæ. – Фæлæ Виндз ахаудта митыл, æцæгдæр йæ бон нал уыди цæуын, иуæй æххормагæй, иннæмæй та уазалæй.

Цинæ йæм æргуыбыр кодта æмæ йæ йæ хъæбысы æрбатыхта.

– О, де 'рымысæг йæ фæндты фæтыхса, ацы хæст, махæн нæ дарæджы кæй тыххæй акодтой! – ныдздзынæзта ус.

– Хæст куы фæуа, уæд баба æрыздæхдзæн? – афарста йæ Виндз.

– Кæд ма æгасæй баззайа, уæд нæм зындзæни, дæ нывонд æрбауон.

– Æмæ махуæтты дæр маргæ кæнынц? Афтæ куы дзурынц, махуæттæй, дам, ничи мæлы.

– Уыдон мæнг ныхæстæ сты, мæнг, мæ хур, мæ сæр ын уый куы фестид æмæ ма куы раздæхид дзæбæхæй.

– Уæдæ нал раздæхдзæн? – йæ зæрдæ суынгæг Виндзæн æмæ кæуын райдыдта. Йæ кæуынмæ скуыдта Цинæ дæр. Кæуынæй куы сфæлмæцыдысты, уæд та сæ фæндаджы кой бакодтой. Цæуынц, фæлæ кæдæм? Сæхæдæг дæр æй нæ зонынц. Æрмæст сæ стонг кæны кæдæмдæр, уый сæтты уазал дæр æмæ фæллад дæр.

Тымыгъ фæтынгдæр, мæсты футтытæ райдыдта. Рыг-мит зилгæ-зилгæ асиры æдзæрæг быдырты. Бæлццæттæн нал у сæ бон, никуы ис хъæу, сæ фæндагæй раджы фæиртæстысты. Тымыгъ афтæ сыстад, æмæ адæймаг йæ развæндаг нал уыдта, цæстытæ дзаг кодтой митæй. Мæлæты тас сын айрох кодта се стонг. Æрлæууыдысты иу ран, сæ чъылдымтæ тымыгъырдæм ратгæйæ æмæ райдыдтой хъæр кæнын, фæлæ сæ чи фехъуыстаид, чи сын раттаид дзуапп тымыгъæй дарддæр! Уад ныхситт кæны цавæрдæр æнкъард хъæлæсæй æмæ та асæтты мæгуыр

бæлццæтты фæстаг ныфс. Сæ бон куынæуал уыди кæуын, уæд иу ран æрбадтысты. Уадидæгæн сыл мит хъæпæн авæрдта.

– Уæуу, уынгæджы бон мæ мæгуыр сæрыл куыд æркодта, кæрдзыны муры тыххæй æд хъæбул чи сæфы... Нæ мæрдтæ ма нын уæддæр исчи куы ссарид...

Хъарæг кодта Цинæ. Виндзæн дæр хъуыст йæ цъæхснаг ниуын. Нал уыди сæ бон кæуын дæр. Цинæ йæ хъæбысы бакодта Виндзы æмæ фергъуыйау, хъуыста уады ниуынмæ. Виндз дæр аныгъуылди чысыл сывæллонау йæ мады хъæбысы, йæ уазал цæсгом балхъывта йæ мады мæллæг риумæ, фæстаг тæвд ма чи дардта. Фæстæдæр ыл йæ мады хус цæнгтæ куы ‘руæз кодтой, йæ цыргъ æфсæрæй йыл куы ‘рæнцади, уæд базыдта, кæй фæцис йæ уарзон мадæн йæ цард.

– Уæуу, уæуу, цы ми ма бакæнон, нана?! – æвиппайды нынниудта тæригъæддаг сидзæр лæппу. Æвæццæгæн, дур дæр фехæлдаид уый тæригъæдæй, фæлæ йæ мад нал æмбæрста, кæд ма йын уый батæ кодта йæ уазал мæрдон рустæн, уæддæр. – Уæуу! – ныхъхъæбыс ма йæ кодта, атыхсти ма йæ чысыл къухтæй йæ мады уазал буарыл æмæ афтæмæй баззадис. Аскъуыд уымæн дæр йæ чысыл царды уидаг.

Уадтымыгъ æй цыма зыдта, кæй сыл ничи скæудзæни, кæй сæ ничи баныгæндзæн, уыйау сыл æвæрдта миты фæлтæртæ æмæ сыл куыдта æнкъард хъæлæсæй.



## ХАЙМАНТИ Георги

*Хайманти Георги уыди, хæсты агъоммæ нæ фæсивæдæй литературон куыстмæ зæрдиагæй чи бавнæлдта, уыдонæй иу. Райгуырди 1924 азы Сырх Дыгуры. Ахуыр кодта хъæууон скъолайы. 1939 азы йæ каст фæци иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ æмæ бацыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институмæ. Фæлæ йæ каст фæуын йæ къухы нал бафтыд – райдыдта хæст. Æстдæсаздзыд афицер знæгты ныхмæ тохы йæхи равдыста хъæбатырæй æмæ йын 1942 азы саккаг кодтой Сырх Стъалыйы орден. 1943 азы иу карз тохы фæмард и.*

*Хайманти Георгийы фыццаг радзырд «Солтанбег» рацыд 1939 азы журнал «Пионер»-ы. Радзырдтæй уæлдай ма Георги фыста æмдзæвгæтæ дæр. Ацы чиныгмæ йын цы радзырд бахастам, уым æвдыст цæуынц 20–30-æм азты цаутæ.*

## ДЗАФИ

### I

Хур хæхты фæстæ æххæст нæма аныгуылд. Скæсæнæй æхсæвы сау æндæрг фæзынди. Хохаг хъæуы чындзæхсæв йæ тæмæны уыдис. Чызджыты æмæ лæппуты къухæмдзæгъд зæлы. Дзафи уæрæх айвазы фæндыры тæнтæ, фæсивæд хъусынæй не 'фсæдынц. Чызгæн йе 'взонг зæрдæ рухс у. Рæстæгæй-рæстæгмæ йæ мыдхуыз цæстытæй бахуды йæ уарзон Сослæнбегмæ æмæ та тынгдæр айвазы фæндыры тæнтæ. Лæппу дæр æй æмбары æмæ йын дзуапп дæтты уарзон цæстæнгасæй.

Лæппутæ сæ цæстытæ æрæвæрдтой Дзафийыл.

– Цæй, Бидолæ, ус курыны фæнд дæм нæма ис? – загъта Дыле йæ дынджыр сæр батилгæйæ.

– Ницыма, уæллæгъи, – дзуапп радта Бидолæ, – æз кæй уарзын уый æндæры уарзы.

Ныр Бидолæйæн йæ каст у Дзафийырдæм. Тæхуды, иунæг хатт уæддæр куы фемдзаст уаиккой – зæрдиагæй йæм æрныкъулид йæ цæст æмæ йын бамбарын кæнид йæ уарзондзинад.

– Гъæйтт! Æмдзæгъд, лæппутæ, нæ хорз æмгарæн! – Бидолæйы хъустыл ауад чегъырейы хъæлæс.

Лæппу йæ цæстытыл нæ бауæндыд. Асæрфта сæ æмæ ногæй бакаст хъазты астæумæ: «Диссаг, ныртæккæ дæр ма Дзафи фæндырæй куы цагъта, уæд Сослæнбегимæ куыд тагъд ракафыд!»

Сослæнбег æлвæст лæппу, зæххыл нал хæцы, Дзафийы алыварс цъилау зилы. Йæ донхуыз цухъхъайы фæдджитæ змæлгæ дæр нæ кæнынц – афтæ аив у йæ къахайст, йæ фезмæлд.

Сослæнбег кафт фæцис, йæ худ фелвæста, Дзафийæн йæ сæрæй акуывта æмæ лæппуты æмрæнхъ алæууыд. Дзафи дæр къæмдзæстыгхуызæй бацыд йе мбал чызджытæм.

Ногæй та къухæмдзæгъд стынг. Кафынмæ рахызтысты æндæр лæппу æмæ чызг. Бидолæ лæппуты рæнхъыл йæ цæст ахаста, йæ рад ма дард уыдис æмæ йæхи Сослæнбеджырдæм азылдта, æнæбарыгомау бахудтис, йæ сæрæй Дзафимæ ацамыдта æмæ загъта:

– Æнхъæлдæн, уыцы чызгимæ кæрæдзийы хорз æмбарут?

– Цæмæн мæ фæрсыс, Бидолæ, – хъазгæмхасæнты загъта Сослæнбег, – æви мын æй дæ цæст нæ уарзы?

Ацы ныхæсты фæстæ та Сослæнбег йæхи азылдта чызджытырдæм, æмæ та уарзæттæ кæрæдзимæ бахудтысты.

Бидолæйы зæрдæ æнцой нал зоны, цыма йыл тæфсæг сагъуыди, уыйау ризынц йæ уæнгтæ, йæ зæрдæ сæлхысчъытæ кæны.

Раст æм уыцы рæстæг æрхауд кафты рад. «Кæд мæ амондæн Дзафи ракафид...» – зæгъы йæхинымæр.

– Цæй, Дзафи! Лæппу дæумæ кæсы! – фехъуыстис чегъырейы хъæр. Фæлæ чызджы рад нæ уыд æмæ тарæрфыгæй каст Бидолæмæ. Кафынмæ рахызт æндæр чызг.

Куыд æмæ цыхуызы кафт фæци Бидолæ, уый дæр хорз нал бамбæрста, афтæмæй æнкъардæй æрлæууыди йе ʻмгæртты æмрæнхъ. Йæ цæстæнгас сабыргай ахаста хъазты фæсивæдыл æмæ алкæй цæсгомыл дæр федта циндзинад. Хъæлдзæг нæ уыд уый æрмæст йæхæдæг. Цæуылнæ йæ уарзы?! Цæмæн хъуамæ уа Дзафийæ æнæ хай!

– Чысыл-ма мæм байхъус, Цæппо, – загъта Бидолæ иуварсмæ рацæугæйæ. Цæппо дæр йæ фæдыл рацыд.

– Цы кæныс, мæ хæлар? Цы маст кæннод дæ цы уæззау хабар бадомдта?

– Дæхæдæг зоныс, уарзондзинад адæймаджы зæрдæ куыд сæнкъуысын кæны, уый. Иуахæмы мæ зæрдæ аскъуыйдзæн...

– Уанцон нæу, Бидолæ?

– Афтæ, мæ хур, æмæ цæмæй уый ма æрцæуа, уый тыххæй мæ де ʻххуыс хъæуы, – загъта Бидолæ.

– Хорз дæ не ‘мбарын, мæ хæлар.

– Ныхас, Цæппо, Дзафийы тыххæй цæуы.

– Дзафийы тыххæй?..

– О. Ныууадзæн ын нал ис. Скъæфгæ! – загъта фидарæй Бидолæ. Цæппо исдугмæ зæхмæ кæсгæйæ аззад, стæй арф ныуулæфыд æмæ загъта:

– На-а-а!.. Уымæн уæвæн нæй! Æрра сдæ? Скъæфгæ цæмæн, æгъдауыл араз хъуыддаг, æмæ дын уæд æз минæварæн – цæттæ. Куыд схаудта дæ дзыхæй скъæфыны кой!

– Æз дæ, Цæппо, мæ хорз хæларыл нымадтон æмæ дын мæ сусæгдзинад, мæ зæрдæйы маст уымæ гæсгæ раргом кодтон! Ды та?

– Æз та цы? – афарста Цæппо.

– Цы? Ницы! Нæ фæлæ тæппуд дæ, тæппуд! – мæстыйæ загъта Бидолæ æмæ сабыргай араст хъазтæй.

Уынджы иудзæвгар куы ауадис, уæд æй æрбаййæфтой Дыле æмæ дыууæ лæппуйы.

– Бидолæ, Цæппоимæ уын уæ ныхас фехъуыстам, – загъта Дыле.– Тæрсгæ ма кæ, æз æмæ дын мæнæ нæ хæлæрттæ æгас куы уæм, уæд Дзафи дæ къухы стæлфдзæнис! Сослæнбег æй йæ цæсты кæронæй дæр нæ фендзæнис!

– Æз афтæ æихъæл дæн, æмæ сымах мæн нæ фæсайдзыстут, – загъта Бидолæ дæр.

– Ард хæрæм! Нæ дæ фæсайдзыстæм!

– Уæдæ мæнæ цы мæсыгмæ æрбахæццæ стæм, уый нæ фыдæлты кады фидар у, – дзырдта дарддæр Бидолæ, – æмæ рахæссæм бæлвырд уынаффæ. Ацы ран нын нæ ныхæстæ ничи фехъусдзæн Хуыцауæй фæстæмæ, æмæ уый та нæ рæстмæгæнæг фæуæд.

Æмбæлттæ бахызтысты, мæсыгæн йæ хурыскæсæн фарс цы чысыл сапп уыди, уырдæм æмæ æрбадтысты фæлмæн цъæх кæрдæгыл.

Бæстæ уыд сабыр, дард кæцæйдæр хъуыстис куыйты рæйын. Рог уæлдæф хаста хæххон доны мынæг сыр-сыр. Мæй скаст, стъалытæ мингæйттæй тыбар-тыбур кодтой æнæкæрон цъæх арвыл.

Бирæ фæныхас кодтой æмбæлттæ, сæ зæрдæты ницыуал баззадис æмбæхстæй.

Боныцъæхтыл кæрчытæ уасын куы байдыдтой уæд ахицæн кодтой сæ уынаффæ: сомæхсæв Бидолæйæн аскъæфын хъæуы Дзафийы.

II

Тар мигъ комы йæхи æруагъта, ахстæтты хуызæн хæдзæрттæ æрæмбæрзта. Æхсæв у æнцад. Арвæй нæ зынынц мæй æмæ стъалытæ. «Æвæджиауы хорз æхсæв!» – хъуыды кæны Бидолæ. Йæ бæхæй рог æргæпп кодта æмæ йын йæ идон кæстæрмæ авæрдта, йæхæдæг æнцад къахдзæфтæй бараст йе 'мбæлтты фæстæ Дзафийы уатырдæм.

Скъæфджытæ схызтысты дурын асинтыл. Давынмæ æвзыгъд уыд Дыле. Йæ хъус дуарыл авæрдта æмæ, дохтыр рынчынмæ куыд фæхъусы, афтæ хъусы.

– Фынæй сты бинонтæ, – сусæгæй йе 'мбæлттæн бамбарын кодта Дыле, йæхæдæг дуарыл бахæцыд. Дынджыр хъама кæрддзæмæй сласта, дуары зыхъхъыры йæ арæхстгай батъыста æмæ æхгæнæн цæг æнæуынæрæй байгом кодта...

Бæхтæ сæ барджыты бын стæлтæг сты. Сæ мидбынаты кафынц. Хуыррытт кæнынц.

Бидолæ йæхи баппæрста йæ бур дугъон бæхыл. Йе 'мбæлттæ йæм Дзафийы бæстытæй слæвæрдтой. Барджытæ сæ бæхты фæцагайдтой. Сæ хъустыл ма æрцыд куыйты рæйын æмæ сылгоймаджы цъæхахст...

Скъæфджытæ хъæуæй дзæвгар куы рауадысты, уæд се згъорд фæсабырдæр кодтой. Дзафи йе 'муд æрцыд, йæ хъустыл уайы знæт Æрæфы уынæр, мигъты скъуыдтæй йæм æнкъардæй кæсынц стъалытæ...

Барджытæ цæуылдæр сусæг ныхас кæнынц. Хъусы сæ Дзафи, æмæ йæ зæрдæ фæйнæрдæм тоны...

Иу ран барджытæ сæ бæхтæ баурæдтой. Æвæджиауы ран у ам, хорз æй сфæлыста æрдз: даргъ къабузджын нæзы бæлæстæ æрæмбæрзтой хохы тигъ, иннæ фарсæй та бæрзонд цъититæй дурæй дурмæ, къæйæ къæймæ хауы æхсæрдзæн æмæ йæ фынк калгæ, уынæргъгæ уайы Æрæфмæ.

Скъæфджытæ сæ бæхтæ бабастой бæлæстыл. Дзафийы нымæты бастæй æрæвæрдтой кæрдæгджын æрдузы æмæ йæ алыварс æрлæууыдысты. Ныллæг хъæлæсæй цыдæртæ адзырдтой, стæй иуварс ацыдысты. Бидолæ та йæхи æрбахæстæг кодта Дзафимæ æмæ йын райдыдта йæ зæрдæйы ныхæстæ кæнын.

– Рæсугъд Дзафи, цæмæн мыл дæхи тигъ кæныс, цæмæн мæ æнамонд кæныс, æз мæ хуры рухс дæу цæсгомы куы уынын, мæ амонд та – дæ зæрдæйы. Сæууон рог уæлдæф мæм æнæ дæу æнуд куы кæсы...

Нæ хъарынц Дзафийы зæрдæмæ, нæ йын агайынц йе 'нкъарæнтæ Бидолæйы ныхæстæ æмæ фыццагау йæ судзгæ цæстысыгтæ йæ рустыл лæсæнтæ кæнынц. Йæ сусæг кæуын рахизы хъæрæй, хæкъуырццæй дзынæзтмæ.

– Мæ къухтæ мын суадз! – куры Дзафи, йæ хæкъуырцц нæ уромгæйæ.

– Дæ къухтæ дын суадздзынæн! – фæхъæлдзæгдæр Бидолæ. – Ахъуыды кæн! Дæттын ма дын рæстæг! Ферох кæн Сослæнбеджы. Хуыцауæй дын ард хæрын: рæсугъдæй цæрдзыстæм!..

Ницы сдзырдта чызг. Цыма йын зæххы хъæбæр йæ фарс риссын кодта, уый хуызæн йæ галиу къухæй цыдæр асгæрста. Йæ къухы цыргъ къæйдур бафтыд...

Цъæх-цъæхид арвы кæмдæр дард ныгъуылынц стъалытæ, мæй дæр фæлурсæй, тарстхуызæй кæсы. Архайы Бидолæ чызджы зæрдæ басæттыныл. Фæлæ ницы.

– Уæдæ дын æз фенын кæндзынæн! – йæ дæндæггæ скъæс-къæс кодтой, афтæмæй ацахста чызджы йæ дыуузæ дзыккуйæ.

– Иуварс, калмзæрдæ! – йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта Дзафи. Йæхи ратыдта. Æхсæры къутæрты бынмæ багæпп ласта.

– Нæ мын аирвæздзынæ, мæ къухы дæ ныр! – сонт хъæр фæкодта Бидолæ дæр æмæ йыл йæхи ныццавта.

Ацахста йын йæ хурх. Дзафийы цъæхахстæй ныццарыдта тар хъæд... Стæй æваст хæхтæ ныййазæлыдысты Бидолæйы хъæрæй:

– Æл-лæх! Амардта мæ!..

Скъæфджыты хъустыл æрцыд Бидолæйы фæдисы хъæр, фæлæ сæ райсомы адджын хуыссæг исдугмæ стын нæ бауагъта. Æрæджиау фæгæппытæ кодтой. Базгъордтой се 'мбалмæ. Кæсынц æмæ Бидолæ мардæй лæууы сау нымæтыл.

Уæдмæ Дзафи зæйцæуæн хохы тигъæй ахызт. Скъæфджытæ бамбæрстой хъуыддаг, йæ фæдыл ма акастысты... Кæдæм ма йæ сырдтаикккой! Цæмæн? Исдугмæ сагъдауæй баззадысты.

– Иу дæр уæ йæ бынатæй ма фезмæлæд! – кæйдæр тыхджын хъæлæс сæ хæрдмæ фæхауын кодта.

Фæзылдысты, æмæ сæ уæлхъус лæууыдысты Сослæнбег, Цæппо æмæ хъæуы фæсивæдæй цалдæр...



## ХÆМЫЦАТЫ Георги

*Хæмыцаты Иваны фырт Георги райгуырди 1920 азы Хуссар Иры Ерманы хъæуы. Авд къласы каст фæуыны фæстæ бацыди педагогон техникуммæ, фæлæ йын дзы кæронмæ сахуыр кæнын нæ бантысти – дыккаг курсмæ куы бахызт, уæд æм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. 1941 азы фæмард тохы тынджы.*

*Георгийы уацмыстæ мыхуыры цыдысты хæсты размæ газеттæ æмæ журналты. 1959 азы Хуссар Ирыстоны чиныгуадзæн рауагъта, ирон фысджытæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, уыдоны иумæйаг чиныг. Уым уыдысты Хæмыцаты Георгийы фыстытæ дæр.*

### СЫРХ ÆФСАДÆН

О тохы хъайтартæ бæгъатыр цæргæстæ,
Уæ кады бæрæгбон нæ бæстыл нæры.
Уæ арцы рæхуыстæй нæ тугцъир ызнæгтæн
Сæ сау туг сæ фæрстæй пырхæнтæй кæлы.

Сырх нæмыг – рæстдзæвин, хæцæнгарз – уæ къухы,
Уæ койæ æмризæджы ризы ызнаг.
Уæ саулохаг бæхтæ тымыгъты нæ цудынц,
Фыдтохты, зын рæтты стут фидар, уæндаг.

Уæ кады ныфс хурау цæхæр калы дардыл,
Кæд ракъаха исчи мæгуыргæнæг хæст, –
Ныммæлдзæн æгадæй нæ фæринк, нæ кардыл,
Нæ арцы бырынкъ ын æскъахдзæн йæ цæст.

## БАДТÆН РЫНДЗЫЛ

Бадтæн рындзыл, кастæн коммæ,
Дон хæл-хæлгæнгæ цыди,
Уый хæрдгæбыдау æрттивгæ
Дуртыл, къæдзæхтыл хылди.

Мæргътæн – диссаджы хъæлæстæ,
Æрдзæн – хъæйлахуыз йæ уынд.
Ахстой алы зард мæ хъустæ,
Дуджы хуыз мæм хурау худт.



## ХОДТЫ Хазби

*Ходты Петройы фырт Хазби райгуырди 1922 азы Цхинвалы районы Гудисы хъæуы. Фараст къласы каст куы фæци, уæд куыста сæ хъæуы колхозы. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд барвæндонæй ацыди тохы цæхæрмæ æмæ нудæсаздзыдæй йæ цард нывондæн æрхаста Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау.*

*Хазбийы уацмыстæ мыхуыргонд цыдысты Хуссар Ирыстоны газетты æмæ журнал «Фидиуæджы», стæй иумæйаг чингуыты. Йæ фыстытæй иукъорд уыдысты, «Джебогъ æмæ сисæй», зæгъгæ, уыцы чиныджы (Сталинир. 1959 аз).*

### ХÆХБÆСТÆ

Рæсугъд тигъыл уæлæмæ
Тæлтæг сæгуыт фæцæуы.
Цъæх кæрдæгæй сæумæйæ
Ыстыр минас фæкæны.

Йæ риуыдзаг рæууæлдæф
Зæрдæрухсæй улæфы.
Йæ хъазæнтæ – лæгъз фæтæн,
Хæххон æрдз ыл узæлы.

У сау къæдзæх æнусон,
Хæххон мæргътæй у йедзаг.
Сæ зарæгæй рæсугъд бон
Куы фестади мæлгъæвзаг.

Куыд хъæлдзæг дæ, хæхбæстæ,
Хур дыл тауы йæ тынтæ.
Дæ арф кæмттæ, дæ дæттæ
Фестадысты фæндыртæ.

*1939*

## ÆХСÆРДЗÆН

Бон æмæ æхсæв дæр
Комы нарæджы
Ахсы хъус æрмæстдæр
Доны зарæджы.

Уыцы ран-иу арæх
Фосы дзуг хызтон.
Хъугдзармы йас арвæй
Иу гæбаз уыдтон.

Фугæнгæ æхсæрдзæн
Айнæгæй тæхы.
Раст цыма фыдæнæн
Сырдтыл хъæр кæны.

Салд цъититы дымгæ
Йемæ уый хæссы.
Гомыгæй йæ ахстмæ
Джермугъ дæр кæсы.

Фыййау сæгъ æрдыгъта,
Ходæн хæры.
Чи та фосы сæрмæ
Уадындзæй цæгъды.

Сау дурты æууæрдгæ,
Къæдзæхтæ сæтгæ
Абухы æхсæрдзæн,
Дзуры диссæгтæ:

«Фос-иу ам æнкъардæй
Фыййæуттæ хызтой.
Стонг æмæ фæлладæй
Царды хæс фыстой.

Сидзæргæс-иу хъоло
Сидзæртæн тыдта,
Йе та-иу æхсæвæр
Къозотæ хуыдта.

Ног фæсалы ‘ргъæмттæ
Зымæгмæ тыдта,
Сугхæссæн бæндæнтæ
Тамайæ быдта.

Тарф фыны æнхъæлын
Абон æз мæхи.
Дзыллæтæн сæ хъæрзын
Цинмæ рацыди.

Раивтон ныр зардæй
Рагон хъарæджы» –
Афтæ зары ‘хсæрдзæн
Комы нарæджы.

*1940*

## ЦÆВÆМ

Кæс-ма, уæларвæн уый йæ цъæх
Ыссыгъди... йе стъæлфæн кæлы.
Бынæй та – туджы денджыз. Зæхх,
Æхсиды... Дзыллæ дзы мæцы.

Уый сыстад сау фашизм, мæнгард,
Нæ зæхмæ рагæй у йæ хъавд.
Йæ зæрдæ калм у, йе ‘взаг – марг,
Æмæ йыл бафтыдтам цъæх арт.

Бырсы нæм уый, фæлæ йæ сæр
Нæ цыргъ кардæй æрцæудзæн лыг.
Йæ цæфæн исы цæф дывæр,
Уый фестдзæн сау æртхутæг, рыг!

* * *

Уым сæфынæй нæу тас лæгæн,
Йæ уд сæрибарæй кæм ræза,
Кæм уа йæ фезмæлæн фæтæн,
Цы ран ыл царды цин æнхъæвза.

У ахæм раст нæ ран, нæ рæстæг.
Цы ма хъæуы уæд ам лæджы?
Хъæуы ма тох, цæмæй фыдгæнæг
Йæ хинты басудза рæхджы!

## КАВКАЗÆН

Æз зонын зæхх, æз зонын арв, –
Мæ хæтæнтæ – уæрæх, уынут.
Фæлæ уæддæр Кавказ – зынаргъ,
Дæуæн нывонд фæуа мæ уд.

Дæ фарны кой – мæнæн æнцой.
Мæ фæндаг – рухс, рæсугъд – мæ фæнд.
Дæ рухс къуымтæй лæдæрсы сой,
Сæ уындæй дæр куы дæн æлгъæд.

Дæумæ тырнын – кæм фæнды уон,
Æнæ дæу нæй мæ цардæн ад.
О рухсзæрдæ Кавказ, мæ бон,
Дæ риуы ‘хсыр мæнæн у тад.

Егъау, егъау – мæ ран – дæ фарн,
Æмæ мæ риу дæ цинæй – дзаг.
Мæнæн дæ цыты ном дæр – фаг,
Мæ мæлæт дæр æрцæуæд ам!



## ХОЗИТЫ Зауырбег

*Хозиты Ясоны фырт Зауырбег уыди зынгæ ирон поэт Хозиты Яковы кæстæр æфсымæр. Райгуырди 1925 азы Кировыхъæуы. Ахуыр кодта сæ хъæуы астæуккаг скъолайы. Фарæстæм кълас каст куы фæцис, уæд уыциу рæстæг иттæг хорз бæрæггæнæнтæ райста дæсæм къласы программæйæ дæр, æмæ йæ æнæ экзаментæй райстой Хъæууонхæдзарадон институтмæ. Уый уыди 1941 азы.*

*Уалынмæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ Зауырбег 1942 азы ацыди фыдæлты зæхх фашистон знæгтæй бахъахъхъæнынмæ.*

*1943 азы йæ бинонтæм ссыди сау гæххæтт. Фыст дзы уыди: «Уæ хъæбул... хъæбатырæй фæмард Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау тохы...»*

## САБИЙЫ ЗАРÆГ

Хур йæ тынтæ райгæ тауы
Стыр бæстæн йæ фæзтыл.
Цин йæ буц зæлтæ æфтауы
Сабиты хъæлæстыл.

Сабиты цъæхснаг хъæлæстæй
Зæрдæтæ куыд райынц!
Хæхтæ, дæттæ, хъал бæлæстæ
Ирд тæмæнтæ калынц.

Буц хъæбулæй мæн рæвдауы
Ме 'цæг мад – ныййарæг,
Дзаг хъæлæсæй ныр æз зарын,
Арвмæ хъуысы зарæг!

*1939 аз*

## ХЪÆБУЛЫ НЫХАС

Æрбайхъус-ма, мæ Райгуырæн,
Мæ ныхас у дæумæ!
Дæ риуыл æз куы сырæзтæн,
Мæ Райгуырæн бæстæ.

Кæс-ма, мæ мад, дæ хъæбулмæ,
Куыд хъæлдзæг у йæ цард.
Уый йе знагмæ, йæ фыдгулмæ
Фæдардзæни цыргъ кард.

Мæ фыстытæй марг дардзынæн
Фашизмы ‘взæр куыйтæн.
Мæ цард дæу тыххæй ратдзынæн,
Мæ уарзон Райгуырæн.



## ХУАДОНТИ Иссæ

*1933 азы Ленинграды уырыссаг æвзагыл рацыди чиныг «Гибель Корана». Йæ редактор М. Чумандрин фыста разныхасы: «Ацы чиныг æвдисы, мингай дзыллæты тугцъир паддзахы дзæмбытæй чи ратыдта æмæ сæ социализмы фæндагыл чи хоны, уыцы пролетарон революцийы стыр хъару æмæ намыс».*

*Чиныджы автор уыд ирон фыссæг Хуадонти Иссæ. Зын æмæ вазыгджын фæндæгтыл рацыд уый. Бирæ тухитæ, бирæ хъизæмæрттæ бавзæрста йе 'взонджы бонты. Уыцы хабæрттæ ирд ахорæнтæй равдыста йæ чиныг «Гибель Корана»-йы. Адæм æй кастысты æхсызгонæй, уымæн æмæ сæйраг архайæджы хъысмæт уыди сæхи хъысмæты хуызæн.*

*Хуадонти Басиаты фырт Иссæ райгуырди 1910 азы Цыколайы. Йæ фыд уыди хуымæтæджы зæхкусæг. Мидхæсты рæстæджы Иссæ – хæрз саби, фæлæ-иу æй йæ фыд арæх арвыста хъæдмæ Дыгуры партизантæн хойраг ласынмæ.*

*Цыколайы æвзонг фæсивæдæй фыццагдæр ногдзауы дарæс чи скодта, уыдонæй иу уыд Иссæ. 1925 азы та сси фæскомцæдисон.*

*Хъæууон скъола каст фæуыны фæстæ лæппу бацыди Ленинграды кусæг факультетмæ æмæ йæ каст фæци 1934 азы. Фæстæдæр ахуыр кодта Ленинграды электротехникон институты. Æнувыдæй кодта литературон куыст дæр. Йæ уацмыстæ цыдысты ленинградаг æмæ дзæуджыхъæуккаг газетты æмæ журналты.*

*1935 азы Иссæйы арвыстой Туркменимæ. Уыди СЦТА-йы уацхæссæг. Дыууæ азы фæстæ æрыздæхт Ирыстонмæ æмæ кусын райдыдта «Рæстдзинад»-ы.*

*1937 азы Иссæмæ фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Фыццаг куыста нæ республикæйы хæстон комиссарады, стæй та Елхоты. Уыйфæстæ йæ арвыстой Краснодары креймæ. Ноджы куыста Сталинграды облæсты æфсæддон газеты редакторæй. Хæсты размæ ахуыр кæнын райдыдта Мæскуыйы Куйбышевы номыл хæстон-инженерон академийы. Хæсты фыццаг бонты ацыди*

*фронтмæ. Уыди топпæйæхсæг полчъы штабы хицау. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй йын лæвæрд æрцыди Сырх Тырысайы ордентæ дыууæ. 1942 азы 10 октябры гвардийы майор Хуадонти Иссæ æхсарджынæй фæмард йæ Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау.*

## ХЪУЫРАНЫ ДУГ ФÆЦИ*

### 1

Комы ныййиугæйттæ сты чысыл хохаг хъæутæ. Дардæй кæсгæйæ сыл цæст хæцгæ дæр не 'ркæны, уымæн æмæ хæдзæрттæн ис тъæпæн сæртæ, къæдзæхы фæхстыл нынныхæстысты æмæ сын нæ дуар бæрæг ис, нæ – рудзынг.

Уæлдæр – сæрдыгон хизæнтæ. Сæрд быдыры æнуд кæм нæу, къогъо сарæх вæййы Хæресы, Тæторсы æмæ Тæгæры. Уыцы сæрвæттæ раздæр Дыгуры æлдæртты – бадилаты уыдысты. Хæресы хызтысты Тугъанты фосы дзугтæ. Сæрддæргъыиу фыййæуттæ фосы фæдыл фæрахау-бахау кодтой. Сæ буцдæр хæринаг – хъæбæр кæрдзын. Сæ уæлæйыдарæс – хи уæфт фæсмын хъуымацæй. Мидæггаг дзаума фæдарынц, уый зонгæ кодтой, фæлæ йæ сæ фыны дæр никуы федтой. Миттиу куы ныууарыд, æмæ-иу, фос зæххæй цы стыдтаиккой, уый куынæуал уыди, уæд-иу сæ фыййæуттæ быдырмæ раскъæрдтой.

Зæлланг кодтой Тугъанты цæрæн хæдзæрттæ, сæ чъырæйцагъд къултæ тæмæнтæ калдтой, сæ кæрты сын хæснагæн тихалæг ничи ссардтаид. Сæ уæлæйыдарæс – сыгъдæг, итувæрд, æмпъузæн цы у, уый нæ зыдтой. Фыййæутты мидæмæ, хæдзæрттæм чи бауагътаид, æмæ сæм афтæ каст, цыма аргъæутты кæй кой фæкæнынц, Тугъантæ ахæм хъæздыг сты.

Сæрвæттæ бадилаты куыд баисты, уыцы хабæрттæм хъусгæйæ адæймаг мæстæлгъæдæй бахуды.

Цæвиттон, дыгур сфæнд кодтой паддзахмæ лæг арвитын, æмæ йын уый хъуамæ æргом бакой кодтаид, дыгурæтты мауал хурхæй мар, зæгъгæ. Бадилатæ атауыс кодтой, зæгъгæ, дам, Бетъырбухмæ чи ацæуа, уый доны къусы сæфт фæкæндзæн. Цæвиттон, дыгуры сæраппонд чидæр йæ цард хъуамæ нывондæн æрхастаид. Паддзахмæ фæцæуыныл сразы Тугъантæй иу инæлар.

* Лæвæрд цæуы цыбыртæгондæй.

Æрмæст, дам мын алы хæдзар дæр истæмæй баххуыс кæнæд. Дыгур та фосдарæг уыдысты, æмæ йын йæ кæртмæ чи стур батардта, чи гал, чи бæх, чи та дæс фысы. Удæй зынаргъдæр ницы ис, зæгъгæ, ницæуыл бацауæрстой. Æмæ Тугъаны-фырт фæцыди Бетъырбухмæ.

Уæд ма, дыгурæттæ хæхты цы зæххы гæппæлтæ ныссыгъдæг кодтой, уыдонмæ ничи ницы бар дардта. Быдырмæ дæр-иу бæргæ рауадысты, фæлæ сæм бонджын хъазахъхъæгтæ æнæ фæныхилгæ кæм лæууыдысты! Дыгурæттæ æххæстæй нæма бахаудысты хæдхæцæг паддзахы дæлбар, сæ цард арæзтой, адæмæн сæхи æхсæн чи сфидар, уыцы æгъдæуттæм гæсгæ. Уавæр хорз æмбæрста Тугъанты инæлар, æмæ Бетъырбухы йæ хъуыдытæ куы раргом кодта, уæд ын æппæт фадæттæ дæр сарæзтой, æмæ бацархайдта, цæмæй сæрибар цæрæг дыгурæттæ уырыссаг паддзахы дæлбар фæуой, ууыл. Инæлары зæрдæ истæмæй балхæнын хъуыди, æмæ йын Дыгургомы сæрвæттæй дуне балæвар кодтой.

Инæлар Бетъырбухæй куы сыздæхт, уæд адæмæн фехъусын кодта, хæхтæ æмæ быдыртæ æгасæй дæр мæхи сты, зæгъгæ. Бетъырбухæй йын сæрвыстой гæххæттытæ, æмæ йæм уæдæй фæстæмæ сдзурын ничиуал бафæрæзта. Зæхх адихтæ кодтой се ʻхсæн – алы мыггагæн дæр сæрмагонд хай.

Фыййæуттæ сæрдæй, зымæгæй зылдысты Тугъанты фосмæ. Фыййæуттæн сæхиуыл сæ бар нæ цыдис, уымæн æмæ сын сæ ныййарджыты дæр кæцæйдæрты æрластой, æлхæд уыдысты. Ахæм хъысмæт сын хуыцау кæй саккаг кодта, дины кусджытæ дæр сæ ууыл æуууæндын кодтой.

Комдарæнты рæстæг-иу бадилатæн, уæдæ æз фылдæр хойраг, æз карздæр нозт скæнон, зæгъгæ, æххуырстытæ сæ удæй арт цагътой. Се ʻлдæрттыл куыд æнувыд сты, уый равдисыны фадат сын-иу фæци. Хорз саргъы бæх дæм фæзынд æмæ бадилатæй искæйы зæрдæмæ фæцыд, уæд æй ауæлдай кæн. Бæх-иу йæ къæхтыл лæууынæн куы нал уыди, уæд-иу сæмбæлди йæ хицауыл. Хохæгтæ-иу бамæстæлгъæд сты æмæ-иу, чи зоны, сæ бартыл сдзырдтаиккой, фæлæ та-иу сæ молло акуырм кодта. Молло-иу фынгыл бадти бадилатимæ, хорз зыдта пысылмон дин æмæ-иу хъуыраны ссардта, уæздæтты митæ растыл чи нымадта, ахæм фыстытæ.

Дыгурæттæй бирæтæм нæдæр галтæ уыди, нæдæр бæхтæ. Цы фæуыдаиккой æмæ-иу Тугъантæм æххуысагур бацыдысты. Тугъантæ-иу кусынмæ лæвæрдтой галтæ дæр, бæхтæ дæр, уæлдайдæр хуымгæнæнты. Тыхст адæм-иу сæ куыстытæ бæргæ

бакодтой, фæлæ-иу бирæ рæстæджы дæргъы сæ хæстæ бафидынæн ницуал хъомыс ардтой.

Нæ сыхæгтæ, асийæгтæ, фосдарæг уыдысты. Дыгур сæм-иу æххуырсты бацыдысты. Мæнæн мæхи фыд аст азы фæцыди асийаджы фосы фæстæ æмæ æрбатардта сæдæ фысы. Фысты баивтам дыуукæ галыл. Тугъантæм куы бацыдаид æххуырсты, уæд æй уæхскуæзæй фæкусын кодтаиккой æмæ та йын исты æфсæнттæй йæ мызд баурæдтаиккой. Мæ фыд Асийæ куы æрбаздæхт, уæд хъæды куыст кæнын райдыдта, фæлæ уæддæр нæ бинонтæ нæ бахъыртхъом сты.

Уыцы рæстæг Дыгурæй Америкмæ æхца кусынмæ бирæ адæм аивылд. Ацыди мæ хистæр æфсымæр дæр. «Кусын штатты. Нæхимæйæ цанæбæрæг хуыздæр у, фæлæ мæм уæддæр цыдæр капеччытæ аззайы», – фыста ме 'фсымæр йæ иу фыстæджы. Иу æртæ хатты нын æхца æрбарвыста, фæлæ хæстæ бирæ дардтам, æмæ-иу ницы сахадыдтой.

Мæ мады цæстыбынтæ нал æмæ нал сур кодтой. Ныккатайиу кодта:

– О мæ хъæбул, кæд мын исты фыдбылызы бахаудтæ...

– Дзыцца, гъер-иу цытæ фæдзурыс? – лæгъстæ йын-иу кодтой мæ хотæ, афтæмæй-иу сæхæдæг дæр сæ кæуын нал урæдтой.

– Дæдæдæй, мæ хъæбулы куы нал фенон, афтæмæй мæрдтæм куы бацæуон! – бахъарæг-иу кодта мæ мад.

## 2

Бонтæ бонты фæстæ хылдысты, сæ иуæй иннæ æнкъарддæр.

Иуахæмы та ме 'фсымæрæй райстам фыстæг. Писыр нын йæ фыстытæ дыгуронау радзырдта, æмæ нæ бинонтæ хорзау нал фесты. Цæвиттон нын Алыбег фехъусын кодта, америкаг æфсадмæ салдатæй бацыдтæн, зæгъгæ. Уыцы бонты хæсты койæ дарддæр ницы уыди Дыгуры. Ныхасы адæмæй иутæ дзырдтой: «Уæрæсе фæуæлахиз уыдзæн». Иннæтæ дзырдтой: «Турк тыхджындæр у».

Адæм хæстон куыстытæм ныххæррæтт ластой. Иуæй, фронтмæ сæ куы акæной, уымæй тарстысты, иннæмæй та, кæд исты капеччытæ акусиккам, зæгъгæ, сæ зæрдæ ууыл дардтой. Алыбегæй ме 'хсæн цы дыууæ æфсымæры уыди, уыдон Фæскавказмæ фæндаджы куыстмæ ацыдысты.

Мæ фыд ма-иу кæд хæдзары цыдæртæ базмæлыди, æндæр

йæ бон ницуал уыди – базæронд, ноджы мæзджытæй æддæмæ нал цыди. Хъуыранмæ гæсгæ бон фондз хатты хъуыди ламаз кæнын, æмæ дзы иу дæр æнæ кондæй нæ уагъта. Хуыцау ын цыдæр хæрзтæ кæй ракæндзæн, ууыл æууæндыди, æмæ-иу, хъæмæ куы æрбацыд, уæд-иу афтæ бакодта:

– Стыр иунæг хуыцау, мах стæм дæ цагъартæ, æмæ нын цы саккаг кæнай, ууыл цингæнгæйæ сæмбæлдзыстæм. Мулк дæлимонты холы у, æмæ йæм хъуамæ адæймаг ма бæлла. Уæлæуыл лæг фæзыны рæстæгмæ, æцæг дуне ис мæрдты. Мах хъуамæ уырдæм сыгъдæгзæрдæйæ бацæуæм æмæ зындоны арты нæ судздзыстæм.

Мæ фыд уыцы ныхæстыл æууæндын кодта нæ бинонты дæр.

Хæстон фæндæгтæ аразынмæ чи ацыди, мæ уыцы æфсымæртæй иу фæстæмæ æрыздæхт. Йæ хабæрттæ нын фæдзырдта: фыдгул дæр, дам, макуы бавзарæд, æз кæй бавзæрстон, уыцы тухæнтæ.

– Уым дæр та, йæ арм дзаг кæмæн уыд, уыдон бакуыстой стыр æхцатæ, – дзырдта ме 'фсымæр. – Сæ бæхтæ раттынц, æмæ сыл æхца кæлæгау кæны. Мах та нæ гуыбыны хардз дæр тыххæй куыстам. Иуахæмы нæ Калакæй Дзæуджыхъæумæ Арвыкомыл ссад ласынмæ рарвыстой. Иуæндæсгай сомтæй нын зæрдæ бавæрдтой. Дзæуджыхъæумæ æрцыдыстæм, фæлæ ссад нæ къухы нæ бафтыди. Аздæхтыстæм фæстæмæ. Чи нæ рарвыста, уыдон нæ фæивар кодтой – бæхты, дам, хурхæй амардтат. Æмæ нæ цалдæр боны лæвар кусын бахъуыди.

Ме 'фсымæр бирæ тухитæ кæй бавзæрста, уый йæ хуызыл дæр бæрæг уыди, йæ сæдæ зæбулы иу æндахыл хæцыдысты.

– Ма тыхс, – зæрдæтæ йын авæрдта мæ фыд. – Цард дыууæ боны йеддæмæ нæу, æмæ мах хъуамæ сыгъдæгзæрдæйæ базайæм. Мæхæмæт-пехуымпар афтæ загъта: «Адæм хъуамæ мулкмæ ма бæллой, цас хæдæфсармдæр уой æмæ мæгуырдæрæй фæцæрой, уыйбæрц дзæнæтмæ тагъддæр бацæудзысты». – Стæй ма йæ ныхæстыл бафтыдта. – Хуыцау иунæг у, мах та – йæ цагъартæ.

Сыстади æмæ æвдæз систа. Байтыдта ламаздыхъ æмæ ламаз кæнын райдыдта. Æз æм цымыдисæй кастæн. Йæ ныхæстыл ын æууæндыдтæн. Мæ фондз азы мæхи фесты, æмæ мын мæ фыд скъоламæ арвитынæй зæрдæтæ бавæрдта. Цинæй мардтæн. Бæгънæг, бæгъæввад кæй уыдтæн, уый мæм нымады дæр нæ уыди. Дины скъоламæ мæ тагъддæр куы арвыстаиккой æмæ Хъуыраны ахуыр кæнын куы райдыдтаин, уымæ бæллыдтæн. Хъуыран кæсын бирæтæ зыдтой. Хъуыран кæсгæйæ-иу куыд зарыдысты, уый мæм хорз касти.

Нæ хъæу сафтид. Æфсадмæ аивылдысты хæдзардарджытæ. Сарæзтой сæ ирон эскадрон. Эскадрон аивгъуыдта дард хурныгуылæнмæ, рауади цасдæр рæстæг, æмæ хæдзæрттæм хæссын райдыдтой «сау гæххæттытæ» – чи йæ хъæбултæй бавдæлон, чи йе 'фсымæртæй, чи йæ мойæ.

Раст уыцы рæстæг мæхъхъæл æмæ ир кæрæдзимæ фесты. Фæрсæй-фæрстæм цардысты. Мæхъхъæлæттæ – пысылмæттæ, ирæттæ – чырыстæттæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, мах моллотæ фесты мæхъхъæлы фарс. Кæд ирæтты зæххытæ байсиккой, зæгъгæ, сфæнд кодтой мæхъхъæлæн баххуыс кæнын, ома дыгурæттæ хъуамæ сæ фарсмæ æрлæууыдаиккой. Моллойы фæндоныл не сразы хъæуыхицау. Уæдæ кæд фронтмæ фылдæр адæм арвитин, зæгъгæ, уымæн та ууыл уыди йæ сагъæс. Хъæуыхицау цы нæ фæкодта, уæддæр фылдæр адæм ацыдысты моллойы фæдыл. Дыгурæтты мæхъхъæлæн баххуыс кæнынмæ чи сразæнгард кодта, уыцы молло писырæн дзырдта фыстæджы ныхæстæ: «Не 'мдингæнæг мæхъхъæлон адæм! Фыццаджыдæр уал айсут нæ саламтæ! Уæлладжы бон бирæ у, æмæ нын кæд бар ратта (уый та йæ табугæнджытæн бар æнæмæнг ратдзæн, цæмæй йын лæггад кæнæм), уæд мах цæттæ стæм уæ сæрыл сдзурынмæ...»

Фыстæг æрвыст æрцыди, фæлæ моллойы фæндæй ницыуал рауади.

## 3

Тугъантæ нæм ныронджы зæрдæ нал дардтой. Æлхынцъæрфгуыты бынæй нæм кастысты. Фæзындысты нæм-иу сæ пъагонджынтæ гæрзифтонгæй. Адæм сæ-иу æмризæджы барызтысты. Цыбыр æмæ-иу карз уыдысты сæ домæнтæ: ахæм æмæ нын ахæм æмгъуыдмæ уал сæдæ фысы, уал æмæ уал стуры куыд самал кæнат, афтæ!

Иубон мæ фыд мæзджытæй нæхимæ æрбацыди æмæ дын æнкъардæй афтæ: «Гæнæн нæй, нæ галтæй нæ иу ауæлдай кæнын хъæуы». Мæ мад бакатай кодта: «Цæмæн? Кæмæн æй дæттыс?» Ахæм стыр лæвар кæмæн кодта, уымæн фыд йæхæдæг дæр ницы зыдта æмæ йын цы загътаид?

Дыккаг бон нын нæ галы нæ кæртæй аластой.

– Цы бачындæуа! – загъта мæ фыд. – Иууылдæр уæлладжы фæндтæ сты.

Мæ хистæр æфсымæртæ йын йæ ныхæстæ ницæмæ æрдардтой. Амырхан хъæуыхицаумæ бацыд æмæ йын загъта: «Нæ галы

фæстæмæ нæхимæ тæрын». Хъæуыхицау æй кой дæр не суагъта. Ме ‘фсымæрты мын куыстмæ ничиуал иста. Нæ хæдзары кусæг фосæй ницыуал баззад æмæ нын сыдæй амæлынæй дарддæр хос нал уыди. Амырхан та фæцыди нæ гал ласынмæ, фæлæ та йын хъæуыхицау ницы ком радта, фæхыл сты, æмæ Амырханы ахæстоны бакодтой.

Уый уыди раст хосгæрдæнты размæ. Æрлæууыд æнтæф рæстæг. Адæм ныхасы æмбырдтæ кодтой æмæ, хæсты тыххæй чи цы зыдта, уый дзырдта. Бæлццæттæй ницы хабар хъуысти æмæ тыхстысты.

– Цымæ ацы хæст кæй хъæуы? – фарстой кæрæдзи, фæлæ дзуапп раттын никæйы бон уыди. Адæмы Германы хæстмæ кæнынц, уый зыдтой, фæлæ цæй сæраппонд кæлы туг, уымæн ничи ницы æмбæрста. Уæвгæ сæ дæрдтыл хъуыды кæнынмæ дæр нал æвдæлди, уымæн æмæ комдарæнтæ ралæууыдысты, æмæ-иу адæм сæумæцъæхæй изæрдалынгтæм хойраджы хъæстæ нæ фесты. Цалынмæ фыццаг стъалы фæзындаид, уæдмæ комдзаг йæ дзыхмæ ничи хаста.

Амырхан та ахæстоны дардта ком. Мæ мад хæринæгтæ скодта, дзæкъулы сæ нывæрдта æмæ йæ мæнмæ радта. Ацыдтæн ахæстонмæ, фæлæ мæ ме ‘фсымæрмæ нæ бауагътой, æмæ фæстæмæ нæхимæ æнкъардæй æрцыдтæн. Мæ мад ныккуыдта. Уæд хæринæгтæ ахаста мæ фыд æмæ сæ цыдæр амæлттæй Амырханыл сæмбæлын кодта. Уыйфæстæ изæр дæр та хæринаг ахаста мæ фыд, фæлæ Амырхан ахæстоны нал разынди æмæ йын йæхи æрцахстой. Мæ фыд нæхимæ æрæгмæ куы зынди, уæд æм ме ‘ннæ æфсымæр агурæг ацыди. Ахæстоны йын æргом загътой: «Де ‘фсымæр куы нæ фæзына, уæд дын дæ фыды нæ ауадздзыстæм». Амырхан, цыма зæххы скъуыды ныххауди, уыйау æрбадæлдзæх. Кæм æй агурын хъæуы, уымæн нæхæдæг дæр ницы зыдтам.

Иубон нæм æрбацыди Тугъанты Буцу. Нæ лæджы нын рауадзын кæн, зæгъгæ, мæ мад йæ цуры йæ зонгуытыл æрхауди, фæлæ уый йæхи ныммæгуырхуыз кодта, цыма йæ бон ницы у. Фæстæдæр куыд базыдтам, афтæмæй нæм, Амырхан кæд нæхимæ ис, зæгъгæ, аивæй æрбауади.

Мæ фыды мын дзырдæй рауадзын кодта нæ сыхаг Бечыр. Бечырæн-иу хъæдæрмæг ласыны заманты мæ фыд хорз æххуыстæ фæци. Комуадзæнты Амырхан кæцæйдæр фæзынди. Йæ фæдыл цæстдард кæй уыд, уый зыдтам, æмæ уал йæхи бафæсвæд кодта.

Мæзджыты уæрæх кæрты арæхæй-арæхдæр аразын райдыдтой æмбырдтæ. Уым-иу æнæрадзургæ никуы фæци булкъон Тугъанты Сланбег, афтæмæй мах хъæуккаг дæр нæ уыди. Уый зæрдиагæй архайдта, цæмæй нæ хъæу æмæ нæ сыхаг хъæу кæрæдзимæ фæуой. Сыхаг хъæуы дæр бæлвырд чидæр мах ныхмæ амидин кодта. Адæм сызнæт сты, пысылмæттæ æмæ чырыстæттæ кæрæдзимæ топпы кæсæнæй акастаиккой, æмæ туг ныккалдаид. Иу хъæуы цæрджытæ иннæ хъæуы зæххытæм æрбацыдысты. Цалдæр боны дæргъы сыхæгтæ кæрæдзимæ гæппæввонгæй фæлæууыдысты, фæлæ фæзындысты керменисттæ, бафидауын сæ кодтой, æмæ Тугъанты булкъоны фæндтæ фæсыкк сты. Нæ хъæуы уæд кæй скъахтой, уыцы акъоппытæ ма ныр дæр бæрæг дарынц.

## 4

Адæм хæсты быдырæй здæхын байдыдтой. Сæрæгасæй чи баззад, уыдон сæргуыбырæй дзырдтой се ‘дзард æмбæлтты хабæрттæ.

Ралæууыдысты хосгæрдæнтæ. Уыгæрдæнтæм рацыдысты æнæбон зæрæдтæ æмæ æнахъом сабитæ. Ацы хатт дæр та Тугъантæ нæ батыхстысты. Адæмы хæстмæ сæхæдæг æрвыстой, æмæ сæ чи хъуыди, уыдоны ныуурæдтой.

Хæстæй чи здæхти, уыдонæн сæ зондахаст аивта, фыццагау къæрцхъусæй нал хъуыстой моллоты æмæ зæрæдты ныхæстæм. Иу иннæйы цы закъонтæм гæсгæ дæлбар кодта, уыдон сафинаг кæй сты, уый æмбарын байдыдтой.

*1916 аз.* Хæст æгæр кæй ныддæргъвæтин, бадилатæ уый æмбæрстой æмæ дыгурæтты разæнгард кæнын райдыдтой службæмæ ацæуыныл. Дзырдтой сын: «Уæ къонаты рæбын бадгæйæ уыл худинаджы гакк сбадти, æмæ уын ныр уæхи равдисыны фадат фæци». Фæлæ дыгурæттæй хæстмæ цæуынмæ ничи бацыбæл. Службæйы рæстæг уырыссаг салдаты дарæстæ кæй фæдарынц, уый дæр зыдтой æмæ уымæй та сæ удхæссæг уыдтой. Воздвиженскæй ардæм æркодтой Æртыккаг фистæг гæрзифтонг полкъ. Уый дæрæнгæнгæ æрзылди Ирыстоныл, ныххъуырддæттæг сын никуы фæци. Цы гæнæн ма уыди мæгуыр адæмæн æмæ службæмæ цæуыныл сразы сты. 1887 азы кæй саразтой, уыцы ирон эскадрон дæр æгъгъæд нал уыди.

Дзæуджыхъæуы хицау тел телы фæстæ цавта Бетъырбухмæ,

ирæттæ фæстаг лæджы онг цæттæ сты службæмæ цæуыныл, зæгъгæ. Уый афтæ æнхъæл уыд, æмæ-иу хæлттæм гæсгæ афæдзы дæргъы цы сæдæ лæджы акодтой, уыдоны бæсты хæстмæ кæй ацæудзæн мин лæджы. Æмæ сæйраг командæгæнæгæй куырдта, цæмæй йын радта ирон эскадронæй бæхджынты полкъ саразыны бар. Ард хордта, сомытæ кодта, ирæттæ иннæ адæмтæй паддзахыл иузæрдиондæр кæй сты, уый тыххæй. Бадилатæ фæдылдзог къæбылатау силлæг сты, горæты хицауæн йæ алы дзырд дæр æххæст кодтой. Дыгурæтты раз сæ мæлгъæвзаг ауагътой, паддзахыл сæхи æнувыдæй куы равдисой, уæд сæм цы стыр фидæн æнхъæлмæ кæсы, уый сын сæ цæстытыл уайын кодтой. Революцийы рæстæг та бадилаты сæйраг хæцæнгарз сси дин, дзырдтой фыдæлтыккон æгъдæутты сæрыл, райгуырæн бæстæйы сæраппонд сидтысты хæстмæ. Адæм ма уæд æууæндыдысты диныл, æмæ сæ фылдæр хай бадилаты фæстæ ацыдысты. Фæлæ уалынмæ адæм иугай-дыгай фронтæй лидзын байдыдтой. 1905 азы хаст чи уыд, уыдонæй дæр чидæртæ æрыздæхтысты.

Фылдæрæй-фылдæр кодта Кермены партийы уæнгты нымæц. Уыдон та тынг хорз зыдтой, мæгуыр адæмы хæстмæ хъæздгуыты пайдайæн кæй тæрынц, уый.

Нæ хъæуы партизанты сæргъы лæууыди Мурбег. 1905 азы уый дæр змæнтджытыл нымад уыди, æмæ йæ Сыбырмæ ахастой. Адæмы-иу дуканигæстыл ардыдта, сыгъта дуканитæ, сæ товартæ сын-иу доны бакалдта. Дуканигæстæй чидæртæ фæтарстысты æмæ-иу сæ товартæ мæгуыртыл байуæрстой. Хъæздгуыты дуг фæци, зæгъгæ, æнхъæлдта Мурбег æмæ йæ зæрды уыди Тугъанты ныффалгæрон кæнын, фæлæ йæ уайтагъд æрцахстой.

Ныр сыздæхти Сыбырæй, æмæ, йæ цардæй чи сфæлмæцыд, уыдоны æрæмбырд кодта, ахуыдта сæ хъæдмæ æмæ уал уым бафæсвæд сты. Мурбеджы фæдыл ацыдысты, урс æфсадмæ акæнынæй тас кæмæн уыди, уыдон дæр. Дзырд «партизан» уымæй размæ дыгурæттæ никуы фехъуыстой. Зæрæдтæй бирæтæ афтæ æнхъæл уыдысты, цыма партизантæй – абырджытæй уæлдай нæй, æмæ сæ койæ дæр æмризæджы рызтысты.

Партизантæн разамынд лæвæрдтой кермениcттæ. Уыдон нырма чысыл уыдысты, фæлæ цыфæндыйæ дæр архайдтой, цæмæй дзыллæтæ сæ фæдыл ацæуой, ууыл.

Амырханы фæзындыл бирæ рæстæг нæ рауад, афтæ нæм баджигул кодтой. Амырхан сæ къухы бафтыди, акодтой йæ

æмæ йæ фæнадтой. Цæрæнбонты ностæ кæмæй баззайы, ахæм цæфтæ æруади йæ сæрыл. Ныр та йæ, урсыты æфсадмæ кæй нæ акуымдта, уый тыххæй ахæстоны бакодтой.

Хъæуты бадтысты æфхæрæг къордтæ. Сæ иуы сæргъы лæууыди Дзиго. Куыд дзырдтой, афтæмæй йын хæсты рæстæг хæрзцыбыр æмгъуыдмæ радтой афицеры цин. Дзиго тынг æгъатыр уыди. Йæ къорды уæнгтæм-иу радта сидтонты номхыгъд, коммæ чи нæ касти, уыдоны-иу мæлæтдзаг над фæкодтой, стæй-иу ын сæ йæ размæ батардтой.

Амырханы дæр Дзигойы къорд æрцахста.

## 6

Амырхан йæ хъахъхъæнæджы афистæг ласта æмæ партизантæм алыгъд. Мæ фыд-иу æнафонты йæ уæрдон баифтыгъта æмæ сын-иу хъæдмæ кæрдзын аласта. Иубон дын фыд мæ мадæн комкоммæ афтæ: «Сыдæй куы мæлой, уæддæр сын ницыуал аласдзынæн». Моллойы зæрдæ, дам, мыл фæкъæпп кодта, æмæ, дам, мæн та мæзджыты разæй партизантæ дæр нæ хъæуынц æмæ мæ фырт дæр. Уыцы ныхæстыл бирæ нæ рацыд, афтæ мæ иуахæмы мæ сынтæгæй хуыссæнæй раскъæфта: «Рæвдз, дæ дзауматæ акæн!» Кæртмæ йæ фæдыл ауадтæн. Уæрдон ифтыгъдæй лæууыди. Сбадтыстæм, æмæ мæ фыд галты æрцæфтæ кодта. Кæдæм цыдыстæм, уымæн ницы зыдтон. Суг ласынмæ-иу куы цыдыстæм, уæд нæм-иу кæм фæрæт уыди, кæм бæндæн. Ныр та гуыффæйы уыди голлаг, асгæрстон æй, æмæ дзы – кæрдзынтæ.

Талынг уынгты иу цъиуызмæлæг нæ разынд. Хъæуæй куы ахызтыстæм, уæд мæ фыд галты тынгдæр æрцæфтæ кодта. Мæнæ суадыстæм Тымбыл хъæды сæрмæ, бахæццæ стæм Сырхбæрзонды рæбынмæ. Тымбыл хъæды уымæй бæрзонддæр ран нæ разындаид. Мæ фыд галты хизынмæ ауагъта æмæ мæнæн бафæдзæхста, дæ цæст сæм фæдар, зæгъгæ, йæхæдæг голлаг йе ‘ккоймæ сæппæрста æмæ уайтагъд фæауууон. Цанæбæрæг рауади, афтæ фæстæмæ фæзылд:

– Фæндагмæ дæ цæст дзæбæх дар. Иунæгæй цæуын дæ куы бахъæуа, уæд фæдзæгъæл уыдзынæ.

Лæнкаумæ хъæдбынты ныуuадыстæм,ноджыдæр ма цасдæр ауадыстæм, фæцæхгæр кодтам, стæй хæрды суадыстæм, æмæ æваст нæ размæ фæци стыр лæгæт. Æддозæй цæст ницæуыл хæцыд, фæлæ куы бахæстæг стæм, уæд адæмы æхсæн Амырханы ауыдтон. Тæккæ бацæуæны гæрзифтонгæй лæууыди. Мæ

фыд æй цæмæйдæр афæрсинаг уыд, фæлæ йæ уый дзурын дæр не суагъта, мидæмæ ацу, зæгъгæ, йын ацамыдта.

Бахызтыстæм мидæмæ. Уæрæх лæгæты астæу – цырен арт, йæ алыварс цалдæрæй бадтысты, иннæтæй чи кæм æрфынæй, чи кæм. Арты цур чи бадти, уыдонæн мæ фыд салам радта. Амырханы бæсты æндæр чидæр бахизæны слæууыд, æмæ ме 'фсымæр нæ цурмæ æрбацыд. Мæ фыд æмæ ме 'фсымæры ныхæстæй ницы бамбæрстон, уæвгæ цыдæр тæссаг хъуыддагыл кæй дзырдтой, уый гуырысхойаг нæ уыди.

Нæхимæ здæхтыстæм уыйфæстæ æхсæв. Мæ фыд мын кæм стыр бæлæстæм амыдта, кæм къуылдымтæм, кæм лæнкаутæм.

Уæдæй фæстæмæ партизантæн кæрдзын ластон мæхæдæг иунæгæй. Фыццаг цыдæн нæ, фæлæ дыккаг цыдæн дæр фæдзæгъæл уыдаин, фæлæ-иу галтæ дыууæрдæм дæр сæ фæдсæ фæд ацыдысты, æмæ та-иу бынатыл сæмбæлдтæн. Партизантæ мæ-иу фарстой хъæуы хабæрттæй, æмæ сын-иу, мæ фыд мын куыд амыдта, афтæ дзуапп лæвæрдтон.

Иуахæмы Амырханмæ фæфæдис дæн: «Афæхъойы нын урсыты æфсадмæ акодтой!» Афæхъойæн службæмæ цæуын афон нæма уыди, æмæ йæ Амырханы бæсты атардтой.

...Нæ бинонтæ сæ тæккæ тарф фынæйæ уыдысты, афтæ нæм цалдæрæй фæзындысты, ссыгътой фæтæгены цырагъ. Уый Амырхан йе 'мбæлттимæ фæдисы æрбацыд.

Мынæг хъæлæсæй дзырдтой, уæддæр сæ бамбæрстон – Афæхъо æмæ йе 'мбæлтты суæгъд кæнынмæ фæфæдис сты.

Æгæр сын айрæджы – Афæхъо æмæ йе 'мбæлтты хъæуæй акодтой.

Нæ хъæуккæгтæ Тугъанты Гигойы æгъатыр митæй сæ сæрæн нал уыдысты. «Цы джауыр разынди! – сæ сæртæ-иу ныттылдтой зæрæдтæ. – Мах та ма йæ æрæджы дæр нæхионыл нымадтам. Уымæй уæлдай йæ митæ куы нæ уадза, уæд нæ раны стæм». Дыгурæттæй бирæты хæдзæрттæ сафтид кодтой. Адæм мæзджытмæ нал цыдысты. Мæзджытмæ нал æфтыди молло дæр – æндæр цыдæр хъуыддæгтæй йæ нал æвдæлди.

Ахæстоны иу уæгъд бынат нал разындаид. Ныронг-иу сылгоймæгтæ уынгмæ рацæуын дæр нæ уæндыдысты, ныр-иу Гигойы цур æрбалæууыдысты, лæгъстæтæ йын кодтой – чи йæ мойы уæгъд кæнын кодта, чи йæ хъæбулы. Гиго сыл-иу йæхи сцагъта æмæ сæ-иу феддæдуар кодта.

Афæхъойæ-иу кæд искæдæй-искæдмæ фыстæг райстам, уæд

хорз. Иу хатт нын хъусын кодта, мæ къух фæцæф, зæгъгæ, фæлæ мæ мад æмæ мæ хойы уыцы хабар нæ уырныдта, сайгæ, дам, нæ кæнут, фæмарди æмæ, дам æй махæй æмбæхсут. Мæ мад æмæ мæ хо сæ дзыхмæ хойраг нал хастой, сæхи сæ цæссыгæй æхсадтой.

### 6

Ахæм хъызт зымæг стæм хатт скæны. Хордæттæ сафтид сты. Хæрæгхæлмаг кæуыл нæ фæзынд, хъæуы, æвæццæгæн, ахæм адæймаг нал разындаид. Адæм Уæлладжыры коммæ сондонгуырæнтæм ныххæррæтт ластой. Мæн дæр мæ фыд йемæ аласта. Хæрæгхæлмаг мыл афтæ стыхджын, æмæ мæ буарæй, уырз кæм æрæвæрай, ахæм æгас бынат нал баззад. Æвæццæгæн, мыл нæ бæхæй бахæцыд – нæ бæх царм æмæ стджытæ сси, ныллæгуын. Уæлладжыры комы сондонгуырæнтæм куы бахæццæ стæм, уæд мæ фыд дисæй амарди – кæсы æмæ сондонæн йæ кой-йæ хъæр дæр нал уыди. Куыд дзырдтой, афтæмæй, дам, æрæджы зæхх нынкъуысти, æмæ сондон æрбайсæфт. Нæ акомкоммæ – къæдзæхы скъуыд. Мæ фыдæн дзы йæ бон бабырын нæ уыди æмæ лалым мæнмæ радта. Бабырыдтæн скъуыды. Фыртæссæй мæ ныхы хид рахъардта: къæдзæх чысылдæр куы фенкъуыстаид, уæд мын мæ рацæуæнтæ ахгæдтаид. Мемæ рахастон лалымы дзаг сондон. Нартхоры ссад доны куы азмæнтай, уый хуызæн уыди. Æрыздæхтыстæм нæхимæ. Мæ фыд сондонæй байсæрста нæ бæхы. Бæх кæртæй астъæлфыд, гъемæ уынджы ныййарц. Хайуан кæмæн нæ бафæрæзта, уыцы рыстæн æз кæм бафæраздзынæн, зæгъгæ, нæхицæй алыгътæн. Æрбаздæхтæн æнафонты. Хæдзары рудзынгæй бакастæн æмæ мынæг рухсмæ федтон: мæ фыд, æрдæгæй уæлæмæ фистæг, афтæмæй пецы цур бадти. Йæ разы – сондонæй йедзаг тас. Мæ хо дзы-иу йæ армы фелвæста æмæ дзы-иу фыды фæсонтæ айсæрста. Фыд-иу хъæрзæгау скодта, йæ мидбынаты-иу стæлфыди. Гæнæн мын нал уыди æмæ хæдзармæ бацыдтæн.

– Мæн ма байсæрдут, – загътон æз.– Æнæуи дæр сдзæбæх уыдзынæн.

– Ардыгæй райсоммæ «нæгъ-нæгъ» куы фæкæнай, уæддæр дæм ничи байхъусдзæн, – йæ хъæрзын нæ урæдта, афтæмæй мын загъта мæ фыд. Хистæрты ныхасы сæрты ма мын цæй ахизæн уыди æмæ мæхи мадард бæгънæг скодтон. Пецы раз æрлæууыдтæн, æмæ мæ сæрдын райдыдта мæ фыд. Райдианы

ницы ӕнкъардтон, фӕлӕ мӕ арт куы ӕрӕндӕвта ӕмӕ сондон мӕ буары куы ахъардта, уӕд фыррыстӕй мӕ уд сцӕйхауди. Скуыдтон. Мӕ фыд мӕ сабыртӕ кодта, цӕф дӕр мыл-иу ӕруади, фӕлӕ мӕнмӕ ницыуал хъардта. Стӕй зӕххыл атылдтӕн ӕмӕ мӕ хъӕлӕсыдзаг нырдиаг ластон.

– Гъер ма дӕ ӕртӕ хатты байсӕрддзыстӕм, ӕмӕ дӕ буар цӕхӕртӕ скалдзӕн, – загъта мын мӕ фыд.

Цалдӕр бонмӕ мӕ буар асыгъдӕг. Нӕ бинонтӕ ииуылдӕр сдзӕбӕх сты. Сыхӕгтӕ нын нӕ сондоны уӕлдӕйттӕ ракуырдтой ӕмӕ нӕ-иу арфӕты бын фӕкодтой.

## 7

Партизанты нымӕц бонӕй-бон фылдӕр кодта. Хъӕуӕй атардтой урсыты. Иу сӕумӕрайсом дын мах, цалдӕр лӕппуйӕ, хызтам нӕ бӕхты. Хуры тынтӕм ӕртӕх тӕмӕнтӕ калдта. Ӕрӕфы фаллаг фарс уыдысты бадилаты цӕрӕнтӕ. Бадтыстӕм ӕмӕ кастыстӕм уыцы хъӕуы зӕппӕдзтӕм. Ныхӕстӕ кодтам:

– Зӕппадзы рудзынгӕй чи бакӕса, уый, дам, фынтӕ уындзӕни, фӕлӕ сӕ никуы бахъуыды кӕндзӕн.

Уыцы ныхӕстӕ хистӕртӕй ӕрыхъуыстам.

Ӕрӕфыл цӕхгӕрмӕ ӕрбауадысты цалдӕр барӕджы. Уырыссагау нын цъӕррӕмыгъдтытӕй адзырдтой:

– Сечас ждес воеват!

Уӕ фос, дам, рӕвдздӕр тӕргӕут, ӕмӕ уӕ нӕ цӕсты кӕронӕй дӕр куыд нӕуал фенӕм, афтӕ. Нӕ бӕхты нӕ разӕй айстам, уӕвгӕ та нӕ, «воеват» цы нысан кӕны, уый ничи зыдта. Бирӕ рӕстӕг нӕма рауади, афтӕ айхъуыстам гӕрӕхтӕ. Ӕваст нӕ цӕст никӕуыл ӕрхӕцыди, фӕлӕ чысыл фӕстӕдӕр ауыдтам: Ӕрӕфырдыгӕй фӕцӕйтындзыдтой дунейы барджытӕ. Уыйбӕрц уыдысты, ӕмӕ сӕ нӕ бон банымайын дӕр нӕ баци. Алӕууыдаиккам ма, фӕлӕ, чидӕр бадилаты хъӕуӕй махмӕ кӕй хъавы, уый нӕ бауырныдта: нӕ бӕхтӕй иуыл нӕмыг сӕмбӕлди ӕмӕ йӕ мидбынат цъилау ныззылди. Хъуамӕ лидзынмӕ фӕуыдаиккам, фӕлӕ нӕ хистӕр ӕмбӕлтты нӕ бафӕндыд – пыхсыты, дам, бамбӕхсӕм ӕмӕ, цы уыдзӕн, уымӕ кӕсӕм. Тыгъд быдыры азгъоргӕйӕ дыл нӕмыг тагъддӕр суайдзӕн. Пыхсыты ауон нынныгъуылдыстӕм. Ӕппынӕрӕджиау гӕрӕхтӕ фенцадысты. Фӕдисӕттӕ цадӕггай нӕ цурты фӕстӕмӕ здӕхтысты. Дыууӕйы дзы базыдтон: мӕ фыдимӕ «Тымбыл хъӕдмӕ» хӕринаг куы баластам, уӕд сӕ

федтон. Бирæ нæ рауад, афтæ хъæуы цæрджытæ къордтæ-къордтæй цæуын райдыдтой. Куы-иу чи рахъæр кодта, куы чи:

– Мурбег кæм ис? Чи амардта Мурбеджы?

Мурбег Æрæфы был хуысгæйæ баззад. Цалдæр нæмыджы суади йæ сæрыл, æмæ йæ сæры магъз йæ цæсгомыл æрсаха. Баныгæдтой йæ. Уыцы бонты нæ хъæуккæгтæ сæ ахсджиаг хъæбултæй бирæты бавæрдтой æмæ Мурбеджы зиан диссаг никæмæ фæкасти.

8

Банцади мидхæст. Фронтæй нæхимæ раздæр сыздæхти Амырхан, уый фæстæ – Афæхъо. Хъæу æдзæрæгхуыз сси. Фосы мыггаг скуынæг ис. Нæ хъæуы фæзындысты цыдæр æнахуыр адæмтæ – уырыссæгтæ, тæтæйрæгтæ... уынгты къæбæргур зылдысты сылгоймæгтæ, нæлгоймæгтæ, сывæллæттæ, фæлæ адæмы къæбицтæ сафтид сты, æмæ сын чи цы раттаид?

Базармæ тардтой дунейы фос. Асы æмæ, дам, сæ Стъараполæй тæрынц. Фыццаг-иу галы аргъ хызти дыууæсæдæ путæй цыппарсæдæ путмæ. Ныр галæн балхæнæн уыди нартхоры иу путæй. Хуыздæр нæй, зæгъгæ, ахæм саргъыбæхæн пут æмæ æрдæгæй фылдæр ничи лæвæрдта. Мæ зæрдыл ма лæууы: Афæхъо дзæкъулы дзаг нартхор ахаста æмæ бæх æрбаласта.

Стыр цины хабар ныл сæмбæлди – мæ хистæр æфсымæр йæ фыстæджы хъусын кодта, Мæскуымæ кæй æрбахæццæ æмæ рæхджы нæхимæ кæй фæзындзæн, уый.

– Йæ рынтæ йын ахæрон, – æнцой нал зыдта мæ мад. – Мæ хъæбул дæс азы нæхимæ нæ уыди, æмæ йæ истæмæйты суазæг кæнын хъæудзæни... Æмæ нæ рæбыны куы ницы ис...

Амырхан ацыди Мæздæгмæ, сысджы дзы сласта, æмæ дзы мæ мад кæрдзынтæ кодта...

Уалдзæг æрцыди. Æххормаг фос цъæх кæрдæгæй æфсис нал зыдтой. Цъымарабынты кæрдæг дзадджджындæр уыди, æмæ-иу фос уырдæм барæдыдисты. Цъымарайы-иу афтæ арф аныгъуылдысты, æмæ ма-иу сæ сыкъатæ зындысты.

Иухатт цалдæр лæппуйæ нæ хъомты цъымаратырдæм баздæхтам, нæхæдæг Æрæфы был дурæхсынтæй хъазыдыстæм. Фæстæмæ цæугæйæ дын кæсæм, æмæ иу стур цъымарайæ рабырыныл йæ быцъынæг тоны. Базгъордтам, æмæ дын нæхи стур куы разынид. Æз ныккуыдтон. Куыд æй раластаиккам, нæ бон ын ницы баци, æмæ нæхимæ фæфæдис дæн. Фæндагыл Афæхъо

мæ размæ фæци – бæхыл бадти. Хабар ын куыд радзырдтон, уый нал хъуыды кæнын. Фæстæмæ йемæ аздæхинаг уыдтæн, фæлæ мæ уый йæ басылыхъхъы батыхта æмæ мæ нæхимæ рарвыста. Замманай стур мæн аххосæй фесæфт æмæ ма мæ фыды размæ куыд бауæндыдаин! Æз дæр мæзджытмæ ацыдтæн. Уым дунейы лæгтæ æрæмбырд... Уайтагъддæр æй базыдтон – хистмæ æрцыдысты.

Фæткмæ гæсгæ, дам, амæлæг, æртыккаг æхсæв ын цы кæнд скæнынц, уымæй уæлдай ма бадомы комдарæнты мæйы фæстаг боны фæлхас дæр. Афæдзы дæргъы чи фæзиан, уыдоны хиуæттæ мæзджытмæ алы хойраг фæхæссынц. Хистмæ сæ хъус фæдарынц, æгъдæуттæ хорз чи зоны, ахæм æвзæрст лæгтæ.

Ме 'рцыдмæ лæгтæ фынгты уæлхъус къордтæ-къордтæй бадтысты. Фынгтыл ницыма æрæвæрдтой. Иуварс суанцъæтыл æвæрд уыдысты дыууæ стыр цуайнаджы, æмæ сæ фыдызгъæлы адджын тæф калди. Ахуыссын кодтой арт æмæ дзидза исын райдыдтой. Уырдыгыстджытæ йæ фынгтæм хастой. Зæххыл тыд голджытыл æвæрд уыдысты дзултæ, уæливыхтæ, фыдджынтæ, нартхоры кæрдзын. Хистæртæй цæрæгдæрыл нымад чи уыди, уыдоны цур æвæрдтой уæливыхтæ, фыдджынтæ. Æрыгондæрты цур та – дзул æмæ кæрдзын. Уырдыгыстджытæй мæ иу фынгмæ бахуыдта. Дзидза хæрд куы фæци, уæд та нын лывзæ æрæвæрдтой. Уыйфæстæ нын рахастой пырындзы кас. Бæгæны хастой стыр хъæзын къусты. Арахъхъ лæвæрдтой æрмæст бонджын хистæртæн, уæдæ бæгæны дæр алкæмæ нæ хауди.

Баталынг, æмæ фæтæгены цырæгътæ ссыгътой. Дымгæ сæ-иу ахуыссын кодта æмæ та сæ-иу ногæй ссыгътой. Хист райхæлди æнафонты.

Нæхимæ куы ссыдтæн, уæд раздæр бакастæн скъæтмæ – мард æнхъæл кæмæн уыдтæн, нæ уыцы стур кæрдæг зыдæй æууылдта. Æмæ мæ уæд бауырныдта, кæй мæ нæ фæнæмдзысты, уый.

## 9

Хуымгæнæнтæ æрцæйхæццæ кодтой. Фылдæр хæдзæртты кусæг фосæй ницыуал баззади. Галтæ æмæ ма бæхтæ кæмæ уыди, уыдонæн та фырцолайæ сæ къæхтыл нал лæууыдысты.

Уалынмæ нæ америкдзау Алыбег дæр æрхæццæ ис. Куыд дзырдтой, афтæмæй йæ уæлæ уыди америкаг дарæстæ –

костюм, йæ сæрыл – шляпæ, йæ хъуырыл галстук баст, йæ къæхтыл – цыргъфындз морæ туфлитæ. Алыбег æртæ боны нæ хæстæджытыл фæзылди. Нæхимæ дæр æм цыдысты æмæ цыдысты, хабæрттæй йæ фарстой. Йæ райст-бавæрды дарæстæ куы раласта, уæд ма, Америкæйæ кæй æрбацыди, уымæн базонæн уыди æрмæст йæ сызгъæрин дæндæгтæй.

Райдыдтам хуым кæнын. Иу гутон дыууæ цæдæй тыххæй фæрæзтой. Цанæбæрæг-иу акуыстам, æмæ та-иу нæ галтæ афæлладысты. Фылдæр хизгæ кодтой, къаддæр хуым. Кæд-иу стæм хатт кæрдзын хæссынмæ æрбауадыстæм, æндæр сæрддонсæрддæргъы хъæумæ не ʻрбафтыдыстæм.

Алыбег фæкарджын. Йæ кæстæртæн дæр хъуыддаг кæнын афон уыди, фæлæ æгъдаумæ гæсгæ хистæры разæй кæстæрмæ ус курыны рад кæцæй хауди! Хъуамæ сын фæндаг раттаид.

Иуахæмы мæ фыд æрбахуыдта хиуæтты, сыхæгты. Бадтысты æмæ уынаффæтæ кодтой. Мæ мад сын, йæ къух цы амыдта, уымæй фынг сарæзта. Фæсахсæвæрты ацыдысты. Мæ фыдымад куыд загъта, афтæмæй Цæрæгатæм минæвæрттæ барвыстам.

Цалдæр боны фæстæ Амырханимæ ацыдыстæм суг ласынмæ. Немæ ма уыди иу нæ хъæуккаг дæр. Амырханимæ сæм рауади Алыбеджы чындзæхсæвы кой.

– Кæм сын ссарон бæх? – фарста Амырхан. – Нæхæдæг цы сифтындзæм, уый нæм куынæ ис... Иучысыл фæлæууæнт... Уæд та мын милицæйы бæхтæй куы раттиккой, уæд сын æй сæ фыццаг скæнин. – Амырхан милицæйы куыста æмæ уымæн ракодта уыцы кой.

– Цæй, цы зæгъынц Цæрæгатæ? – изæры бафарста нæ мады Амырхан.

– Бæх домынц, æндæр цы зæгъынц?

Æхсæз къуырийы дæргъы Цæрæгатæм минæвæрттæ къахихсыд баисты, фæлæ нын уæддæр ком нæ радтой. Алыбег æмæ Афæхъо æхсæв, бон нал хыгътой – куыстой, фыдæбон кодтой. Æппынæрæджиау цыдæр амæлттæй бæх балхæдтой. Æмæ нын уæд Цæрæгатæ разыйы дзуапп радтой. Бæхæй уæлдай ма хъуамæ самал кодтаиккой къамод, хуыйæн машинæ, диван, дыууæ гобаны, æртæ хъæццулы, цалдæр базы æмæ къабайы æмæ, чызджы фыдæн (йæ мад æгас нал уыди) цы æмбæлы, уыдæттæ. Фыццагæй нæ ныр ноджы фылдæр хæрдзтæ кæнын бахъуыди. Æмæ ма уыйфæстæ дæр кæм хуын хæссын, кæм сусæг цыды хæрдзтæ, кæм арахъхъ уадзын, кæм бæгæны кæнын, кæм

кусæрттæгтæ æлхæнын... Минæвæртты фыццаг бацыдыл афæдз æмæ æрдæг куы раивгъуыдта, уæд æрхастам нæ чындзы.

## 10

Уæды онг, кæй кæм фæндыд, уым хæдзар амадта, æмæ уынгтæ уынгты хуызæн нал уыдысты. Ныр уый бар никæмæнуал уыди. Хъæууон актив æмæ милицæ сфидар кодта, хæдзæрттæ кæмæ гæсгæ араздзысты, ахæм пълан. Уынгтæ æвидауц чи кодта, уыцы хæдзæрттæ фехалын кодтой, уыцы бæлæстæ ныццагътой, æмæ хъæу йæ хуыз скалдта. Милицæйæн уыцы куысты æнувыдæй æххуыс кодтой фæскомцæдисонтæ.

Фæскомцæдисон рæнхъытæм цыдысты, æртын, кæнæ æртын азæй фылдæр кæуыл сæххæст ис, ахæмтæ. Æмбырдтæ арæх арæзтой. Хаттæй-хатт сæм-иу æз дæр бацыдтæн. Фæскомцæдисонтæй-иу кæмæ дамбаца уыди, кæмæ топп. Æмæ мæн дæр бафæндыди фæскомцæдисон уæвын. Курдиат балæвæрдтаин, фæлæ фыссын нæ зыдтон. Хистæртæй мын чидæр ныххылымылы кодта курдиат, фæлæ мæ уæддæр нæ райстой.

Фæззæджы сывæллæтты ног скъоламæ исын райдыдтой. Скъолайы агъуыст революцийы агъоммæ иу бонджынæй балхæдтой. Æмæ йæм ныр истой, скъола æлхæнынæн æхцайæ чи баххуыс кодта, уыдоны цоты. Мæ фыд сын ницæмæй баххуыс кодта, æмæ мæн нæ бауагътой. Фæлæ хъæуы уыди ахæм хæдзæрттæ, æмæ дыууæ-æртæ сывæллоны бакæныны бар кæмæ хауди. Мæ фыд дзы иуæй бæтгæмæ райста ахæм «бар», æмæ уæд мæн дæр скъоламæ айстой.

Иу къласы бадтыстæм аст æмæ дыууиссæдзæй. Нæ ахуыргæнæг – дыгурон, уыди йын уырыссаг ус. Уый дæр – ахуыргæнæг. Фыццаг урочы нын бафæдзæхстой, цæмæй фыдуаг митæ ма кæнæм, хъултæй ма хъазæм, ахуыргæнджыты коммæ кæсæм. Дыккаг бон нын равдыстой алыхуызон цæрæгойты нывтæ, сæ бынмæ-иу – сæ нæмттæ фыст. Стæй та нæм æвдыстой картоны гæбæзтыл фыст дамгъæтæ.

Хистæр скъоладзаутæ нын куыд дзырдтой, афтæмæй сæ-иу скъолайы арæх фæнадтой, сæ зонгуытыл сæ-иу слæууын кодтой. Уалынмæ нæхæдæг дæр бавзæрстам уыцы æфхæрдтытæ.

Мæ фарсмæ цы лæппу бадти, иу хатт дын уыимæ куы фæхъæлæба уаиккам. Æз афтæ зæгъын: мæ чернилæдон фидардæр у, уый афтæ: мæнон у фидардæр. Уæд сæ кæрæдзиуыл

бакъуырдтам. Ме ‘мбалы чернилæдон базгъæлæнтæ, йæхи чернилæйæ фесæфта, æмæ æз худæгæй бакъæцæл дæн. Ахуыргæнæг æнæ исты сдзургæйæ феддæдуар ис. Уайтагъд фæстæмæ фездæхти. Йæ къухы – линейкæ. Мæ уæлхъус алæууыд æмæ мын мæ къухтæ адаргъ кæнын кодта. Цы йæ зæрды ис, уымæн ницыма бамбæрстон, афтæ мыл линейкæ æруагъта. Мæ къух фырыстæй судзæгау скодта. Фæхъæр ластон. Мæ зæрды уыди алидзын, фæлæ мæ ацахста, фæтъæлланг мыл ласта. Мæнæн мæ уд ауади æмæ ма йæм ме ‘ннæ къух дæр бадардтон. Уыйфæстæ, мæ чъылдым къласмæ здæхт, афтæмæй мæ мæ зонгуытыл слæууын кодта. Уайтагъд айхъуыстон ме ‘мбалы сонт хъæртæ. Бирæ нæ рауади, афтæ уый дæр мæ фарсмæ æрзоныгыл кодта. Фыртæссæй ныл ризæг бахæцыд. Нæ цæссыгтæ нал урæдтам. Цымæ мыл уыцы аз цал нады ауадаид! Афæдз аивгъуыдта, фæлæ дамгъæтæ се ‘гас нæ базыдтон.

Æрцыди та фæззæг, фæлæ æз скъоламæ нал акуымдтон. Дины скъоламæ мæ куы радтаиккой, уый мæ фæндыд. Мæ фыд мæ мæзджытмæ ахуыдта, загъта моллойæн, нæ лæппуйы джауырты æвзаг ахуыр кæнын нæ фæнды, зæгъгæ, æмæ мæ райстой.

Пъолыл тыд ихсыд гауызыл цæгæй бадтысты лæппутæ, алкæмæн дæр йæ уæрджытыл – Хъуыран. Сæ фылдæр ме ‘мбæлттæ уыдысты, фæлæ мæм дзы уæлæмæ дæр ничи скасти. Радтой мын, «алифтæ», зæгъгæ, кæй хуыдтой, ахæм тæнæг чиныг. Уым мыхуыргонд уыди араббаг алфавит. Алфавит куы сахуыр кодтон, уæд та мын радтой «Чысыл хъуыран». Уыйфæстæ нæхицæй моллойæн лæвæрттæ ахастон.

Иуахæмы лæппутæй иу йæ урок нæ зыдта. Молло йæ къахæй йæ басмахъ раласта, лæппуйы къласмæ чъылдымырдæм слæууын кодта æмæ йын цалдæр хатты басмахъ йæ сæрыл æруагъта. Лæппу ныдздзойтæ кодта æмæ æрхауди. Молло, цыма ницы æрцыди, уыйау ын фæлмæн хъæлæсæй афтæ: «Райсоммæ-иу дæ урок сахуыр кæн». Лæппу уадзыгæй лæууыди. Уæд молло дон æрбахæссын кодта, лæппуйы дзыхы йæ ауагътой, æмæ æрчъицыдта.

Ахæм бон ныл нæ ацыди, æмæ-иу искæйы кæд нæ фæнадтой.

Æз æнæ чиныгмæ кæсгæйæ дзурын базыдтон ссæдз «бисмиллайы». Кæмфæнды уыдаин, уæддæр-иу мæхинымæр дзырдтон: «Аузу билляхи минассетини разих бисмялляхи ранмани рахмани». (Пысылмæттæ сугтæ сæттой, хæргæ кæной, æндæр исты кусой – æнæмæнг фæзæгъынц уыцы ныхæстæ.)

Иухатт мæ нæхицæй галтæ агурынмæ арвыстой. Дард раниу хызтысты, æмæ мын уыцы бон мæ уроктæ сахуыр кæныны фадат нал фæци. Дыккаг бон æдзæттæйæ æрцыдтæн мæзджытмæ. Молло йæ басмахъ раласта æмæ мын дзы мæ сæрыл æрцыди. Скуыдтон, фæгæпп ластон æмæ æддæмæ ралыгътæн. Нæхимæ сæййæфтон мæ мады. Мæ цæстыбынтæ уымæл кæй сты, уый бафиппайгæйæ мæ афарста:

– Цæмæн кæуыс, мæ къона?

– Æз мæзджытмæ нал ацæудзынæн!

Уалынмæ фæзынди мæ фыд. Къæсæрæй дæр нæма æрбахызти, афтæмæй мæстыйæ сдзырдта:

– Мæзджытæй та цæмæн алыгътæ? – дзуапп раттынмæ дæр нал банхъæлмæ каст æмæ мыл къухæй ралæууыд. Фæлæ уæддæр сæ коммæ нал бакастæн.

Ралæууыди фæззæг, æмæ мæ фыды сусæгæй скъоламæ ацыдтæн. Уым ныр куыста ног ахуыргæнæг. Уый уыди уырыссаг, асæй – бæрзонд, фæлæ къæсхуыртæ арæзт. Ирон ахуыргæнæг ын мæ хабæрттæ радзырдта. Æмæ мæ ногæй фыццаг къласмæ райстой.

Лæппутæ-иу цы нæ фыдуаг ми акодтой, уæддæр сæ ахуыргæнæг иуы дæр никуы фæнадта. Уыйфæстæ аз нын цы ахуыргæнæг уыди, уый та нын нæ хъустæ ивæзта. Иухатт стыр лæппутæй кæмæндæр йæ хъус сивæзта, лæппу фæгæпп ласта æмæ ныхъхъæр кодта:

– Хуыцауыстæн, гъеныр мæм маузер куы уаид, уæд дыл æй ныццæвин!

Мæхи хъустæ дæр мын арæх ивæзта, фæлæ уæддæр скъолайæ нал алыгътæн.

## 11

Фæскомцæдисонæн хъæуы стыр кад уыди. Фæсивæд фæскомцæдисы сæраппонд ницы бавгъау кодтаиккой.

Иу нæ хъæуккаг – Хæмæт – цалдæр азы æддæ фæци. Цыди йыл 35 азы. Балцæй куы сыздæхт, уæд фæскомцæдисмæ бацыд. Йæ хæрзæфсымæр куыста чыры секретарæй. Иуахæмы дын, фæскомцæдисонты æмбырд йæ тæккæ тынгыл уыди, афтæмæй Хæмæт фæдисонау æрбауади. Ныхасы бар ракуырдта.

– Æмбæлттæ! – загъта Хæмæт.– Цæхджын сайд нын акодтой. Нæ сæргъы хъуамæ большевиктæ ма лæууой, фæлæ...

Секретарь – йе ‘фсымæр ын тымбылкъухæй иу ныммарзта,

æмæ Хæмæт йæ мидбынат фæдыдагъ. Куы æрчъицыдта, уæд æм алырдыгæй лæбурын райдыдтой. Хæмæт фæцæйлыгъди, фæлæ кæм... афистæг æй ластой æмæ ахæстоны смидæг.

Уыйфæстæ куыд сбæрæг, афтæмæй Прохладнæйы станицæйы фæзынди меньшевикты организаци æмæ йæ уидæгтæ уадзын райдыдта, йæ минæвæртты алы хъæутæм æрвыста. Хæмæт дæр уыдоны минæвар разынд.

Æмбырдтæ-иу арæзтой скъолайы, æмæ-иу æрбахуыдтой скъоладзауты дæр. Мæнмæ хорз касти æмбырдтæм цæуын. Уыцы азты фæскомцæдисонтæ сарæзтой бирæ хидтæ, фæндæгтæм хуыр ластой, уынгты цъымаратæ хус кодтой.

Хъæуы кæмæдæрты фæзынди сæхи дуканитæ. Сæ фылдæр уæй кодтой кърандæстæ, судзинтæ, тетрæдтæ... Стыр дуканитæ та – хуыд дзаума, къахыдарæс, хъуымæцтæ... Нæ сыхаг Майрæм-иу адæмæй æхца æрæмбырд кодта, Дыгургомыл-иу Фæскавказмæ афардæг æмæиу хъуымацы уæззау тынтæ æрласта. Махмæ дæр дзы-иу цыдæртæ æрхауди. Майрæм байгом кодта дукани, ласта йæм товартæ. Ауæй кодта дуне голджытæ, адæм дзы хуыдтой уæлæйыдарæс. Майрæмы фыд-иу махмæ куы æрбацыд, уæд-иу йæ хъуыр-хъуырæй нал æмæ нал æнцад: «Дуне фесæфт. Хуыцауыл ничиуал æууæнды. Бæлсæвиктæ адæмы афæлывтой». Арæх нæм цыди мæ фыдыфсымæр дæр. Йæхи кадет хуыдта. Цал хатты нæм-иу æрбафтыд, уал хатты-иу Амырханы тыххæй нæ фыдмæ фæзагъд кодта: «Дæ фырт йæ куыдзы бынат цæуылнæ зоны? Бæлсæвиктæ сыстрæгътæ сты... Фыдбылыз йеддæмæ ницы æрхæсдзысты. Уый æмæ дын кадеттæ. Цалынмæ нæ байрæджы, уæдмæ дæ фырты раздах».

Дзырд дзырды къахта æмæ сын загъдмæ асайдта. Цы загътаиккой, уый сын куы нал уыди, уæд кæрæдзийæн дзырды бар нал лæвæрдтой.

– Æз кадет дæн! – загъта мæ фыдыфсымæр.

– Æз та бæлсæвик дæн! – загъта мæ фыд.

Куы нал æмæ куы нал састи, уæд æй мæ фыд нырриуыгъта, æмæ фыдыфсымæр феддæдуар.

– Дæ удæгасæй уæ къæсæрæй нал бахиздзынæн! – æрбахъæр ма кодта уынгæй. Æндæр хатт та мæ фыдыфсымæр æмæ Амырхан уынджы фембæлдысты. Хистæр кæстæры бæхæй æрхизын кодта, æмæ йæ бафарста:

– Де ‘дылы митæ ныууадздзынæ æви нæ?

Лæппу йын дзуапп нæ радта, æмæ уæд мæ фыдыфсымæр йæ къух дард фæхаста. Лæппу йын йæ къух ацахста.

– Уæдæ ма мæ ныццæв! Æз дын дзидзидай нал дæн! – схъæр ыл кодта Амырхан, йæхæдæг бæхмæ сгæпп ласта æмæ афардæг.

Фæсивæды Дзæуджыхъæумæ скъолатæм кæнынц, зæгъгæ, хъæуы æндæр кой нал уыди. Ничи куымдта горæтмæ, фæлæ уæддæр цалдæры сразы кодтой. Ахуырдзаутæ уалдзæджы нæхимæ куы æрыздæхтысты, уæд сæ нал базыдтам – урс хæдæттæ сыл, растфадыг хæлæфтæ, сæ сæртыл – къепкæтæ. Ахæм буц дарæстæ кæстæртæ нæ, фæлæ хистæртæ дæр никуы федтой. Æмæ уæд бирæты бафæндыди ахуырмæ цæуын.

Студенттæй иуы ном Омар хуынди. Йæ сæр бæрзæндты хаста, никæуылуал æрвæссыд. Иу уырыссаг йæ æхгæдгуыффæ уæрдоны нæ хъæумæ æрæфтыд, уынджы Омар йæ размæ фæци. Уырыссаг афарста лæппуйы, ахæм æмæ ахæм кæм цæры, зæгъгæ.

– Æз институты ахуыр кæнын, – загъта йын Омар. – Мæнæ хъæуккæгтæй искæйы бафæрс.

## 12

Амырхан тифæй фæрынчын. Хъæдты æмæ хæхты цалдæр азы фæрахау-бахау кодта, æмæ йыл ныр, æвæццæгæн, уыцы тухæнтæ æртæфстысты. Цалдæр хатты ефендийы æрбахуыдтам. Уый йын-иу Хъуыран йæ цуры рафæлдæхта æмæ дзы-иу бирæ фæкасти. Куы цыди, уæд та йын-иу чиныг йæ базы бын бавæрдта. Фæлæ рынчын ницы сæрæндæр кодта. Уæд мæ мад Амырханы тыххæй сæрмагондæй арахъхъ рауагъта. Йæ сæр, йæ фат нал зыдта, афтæ дзы-иу банозта рынчын алы бон дæр, уæддæр ницы фæхуыздæр.

Уалынмæ æз дæр æррынчын дæн. Мæ хуыссæнæй-иу фестадтæн, æмæ-иу Æрæфмæ аирвæзыныл мæ быцъынæг тыдтон. Иухатт та, дам, æхсæвы сыстадтæн, мæ сæрыл къæрта æркодтон, дуар бакæнынмæ нæ сарæхстæн æмæ уаты кафын райдыдтон. Мæ мад æмæ мын мæ фыд мæ къухтыл ныххæцыдысты, æмæ цалынмæ райхъал дæн, уæдмæ мæ не суагътой. Сæ коммæ нæ кастæн æмæ мæм радтой Хъуыран. Æз, дам æй фæстæмæ мæ мадмæ бадаргъ кодтон æмæ, дам ын загътон:

– Айс æй, мæнæ дын æхцатæ.

Нæ хъæуæй фондз æмæ ссæдз версты æддæдæр сыхаг хъæуы не ‘рвадæлтæм уыди дæсны ус. Мæ фыд мæ уымæ фæласта. Дæсны бацагуырдта мысайнаг. Мæ фыд ын радта æвзист абази. Æхсæвы мысайнаг йæ нывæрзæны бавæрдта æмæ сæумæрайсом

загъта, хæйрæг, дам ыл фæхæцыди. Æнафоны, дам, æддæмæ ма цæуæд, цæугæдоны йæхи ма найæд, бæхыл ма бадæд. Дæсныйы фæдзæхстытæ æххæст кодтон, фæлæ нæ фæдзæбæхдæр дæн. Уæд мæ мæ фыд аласта æндæр хъæумæ. Уым, дам, хуыцауæй æрвыст чи у, ахæм тæтæйраг цæры. Уый уыди стыр уадулджын, бур рихитæ йын, мадзура. Тæтæйраг мæ бирæ фæрасгар-басгар кодта æмæ бафиппайдта, мæ къæхтыл лæууынхъом кæй нæ дæн, уый. Уыцы ныхæстæ куы загъта, уыйфæстæ, дам, æм æз бабырыдтæн æмæ йын йæ хъæбысмæ схылдтæн, стæй та, дам, мæ фыды хъæбысмæ сбырыдтæн. Афтæмæй та, дам, бирæ рæстæджы дæргъы фезмæлынæн дæр нæ уыдтæн. Тæтæйраг цавæрдæр чиныджы хуылфæй райста дыууæ сыгъдæг гæххæтты уадздзаджы æмæ сыл цыдæртæ фæфыста. Ныккодта тæбæгъы дон, гæххæттытæ доны нывæрдта, стæй сæ систа æмæ сæ йæ армытъæпæнты æхсæн феууæрста. Афтæ цасдæр фæцархайдта æмæ мын тæбæгъы дон баназын кодта. Æппынæрæджиау сыгъдæг гæххæттыл цыдæртæ фæфыста, батыхта йæ æмæ дзы рауади чысыл æртæдзыхон. Куы цыдыстæм, уæд мæ фыдæн бафæдзæхста, цæмæй мын æй хъуымацы бахуыйой, гæххætt куыд батыхта, афтæ æртæдзыхонæй.

Сарæзтой мын моллойы чиныг æмæ мын æй ме 'фцæгыл бафтыдтой. Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй тæтæйраг пайда кодта гипнозæй. Чингуытæ та фæдфæливынæн арæзта.

Уæдæй фæстæмæ мæ хуыссæнæй никуыуал рахызтæн. Чиныг æдзухдæр мемæ уыди. Уæвгæ ахæм чингуытæ ме 'мбалскъоладзаутæй дæр бирæтæн скодтой.

## 13

Иурайсом нæ хæдзарæй куыд рауадтæн, афтæ мæ хъусты азæлыдысты адæмы тызмæг хъæртæ. Сæ разæй дыууæ лæджы, афтæмæй нæ уынгты дуне адæм æрцæйцыди. Лæгтæй иуы бæрзæйыл – уæрдоны дыууæ цалхы ауыгъд, йæ къæхтæ-иу йæ быны фæдыдагъ сты. Иннæуыл та æрцауыгътой фысы риуыгуыдыр. Фосау сыл бæттæнтæ бафтыдтой. Адæм сæм гæппæввонгæй лæууыдысты. Сывæллæттæ сæ фæдыл уадысты. Æз сæ астæумæ базгъордтон æмæ, цы 'рцыди, уымæй сæ афарстон.

– Поро кæйдæр фыс адавта, – загътой мæнæн.

Поройы хæдзары, дам, баджигул кодтой, фæлæ дзы ницы ссардтой. Джигулгæнджыты зæрдæ ма æхсайдта, Поройы мад кæм хуыссыд, уыцы сынтæгмæ.

– Сыст уæлæмæ, – загъта милиционер зæронд усæн.

– Мæ бон стын куы уаид, уæд афтæ хуыссин, мæ къона, – къулсæрæй бакодта зæронд ус. Дыккаг хатт дæр та йæм бахатыдысты, æмæ уæд Поройы мад æлгъитынмæ фæци:

– Хуыцау уын нæй, джауырæй гуырдтæ! Фесæфут мæ хæдзарæй!

Уæд милиционер зæронд усы гобан рахъил кодта, – кусарт кæд разынди йæ быны. Ахастой дзидза. Акодтой Поройы дæр. Поройæ бадомдтой, æмæ йе 'мдавджыты нæмттæ ранымадта. Сæ иу разынди Поройæн йæхи æфсымæр. Уый ма сæ къухы бафтыд, фæлæ иннæтæй хъæуы ничиуал разынд.

Поро лæгъстæ кодта, суадзут мæ, зæгъгæ. Цæлхытæ кæуыл æрцауыгътой, уый та йе 'фсымæр Батыр уыди. Иуахæмы йæ зæнгтæ йæ быны фæдыдагъ сты æмæ æрхауди. Аппæрстой йын йæ уæзæгтæ æмæ та йæ дарддæр акодтой. Поро бавдæлд æмæ уынджы бæрæгастæу цъыфы ныддæлгом. Фысы риуыгуыдыр, дам, куынæ айсат, уæд, дам, нал сыстдзынæн. Ничи йæм байхъуыста – схæцыдысты йыл æмæ йæ сæ разæй атардтой. Цалынмæ хур дзæвгар суади, уæдмæ фæратæр-батæр кодтой дыууæ æфсымæры, стæй сæ хуылыдз рæттæй бæласмæ бабастой. Чысыл лæппутæ сыл æрæмбырд сты æмæ сыл тутæ кодтой. Хур куы æрæндæвта, уæд рæттæ хус кæнын райдыдтой, æмпылдысты æмæ сæ буары ныгъуылын байдыдтой. Уыцы хъизæмарæн нал бафæрæзтой æфсымæрæтæ æмæ ныккуыдтой. Суагътой сæ æмæ сæ скъæты бакодтой.

Нæ хъæуккæгтæй иуы ном Хъарабас хуынди. Фыддзæриндæр адæймагæн скæнæн нæ уыди. Хъæуы ахæм нал баззад, æмæ уый кæй нæ бафхæрдта – кæмæн йæ бæх адавта, кæй æлгъитгæ ракодта, кæй нæмгæ... Иуахæмы та хъазты кæимæдæр фæхыл. Йæ бон ницы бауыдзæн, уый бамбаргæйæ йæ дамбацамæ фæлæбурдта. Хъарабасы хистæр æфсымæр дæр хъазты разынди. Бацыди Хъарабасы цурмæ æмæ йын сабырæй загъта, дæхи ардыгæй айс, зæгъгæ. Хъарабас йæ коммæ нæ бакаст, ралгъыста йæ. Æфсымæр мæстæй рафыхт æмæ Хъарабасы уадулæн иу ныуудæста. Уæд Хъарабас йе 'фсымæры багæрах ласта...

Хъарабасы æрцахстой. Ничи сдзырдта йæ сæрыл. Милицæйы хицау ын марыны тæрхон рахаста, æмæ дзы ныййарджытæ сæ къухтæ бафыстой. Дыккаг бон Хъарабасы къухтæбастæй ракодтой, хъæуыл æй æрзилын кодтой, стæй йæ быдырмæ ахуыд-

той. Хъæубæсты адæм йæ фæдыл аивылдысты. Иу ран æй доны был æрурæдтой. Йæ акомкоммæ милиционертæ дыууæ рæгъæй слæууыдысты – иутæ сæ уæрджытыл, иннæтæ – уырдыг. Милицæйы хицау сын æхсыны бар радта. Топпытæ æмхуызонæй нынннæрыдысты... Адæм дæлбылмæ ныххæррæтт ластой æмæ марды алыварс адзыгуыр сты...

Гъе, ахæм хабæрттæ дæр-иу æрцыди Дыгуры. Уый уыди мидхæстæй цалдæр азы фæстæдæр. Адæм ног æгъдæуттыл фæцахуыр сты, бауарзтой сæ, фæлæ сæ кæронмæ нæма бамбæрстой.

Хъарабасæн йæ уæлæдарæстæ дæр нал аивтой, афтæмæй йæ хибар ран баныгæдтой. Уыцы изæр æрцыди тæрккъæвда, æмæ адæм дзырдтой: «Хуыцау Хъарабасыл йæ цæссыджы хай калы, уымæн æмæ комдарæнты амарди».

Зæрæдтæ æддæмæ нал цыдысты, кæрæдзийæ æмбæхстысты. Хъус-хъус дзырдтой, цыма Хъарабас йæ ингæны нал ис – дзуар, дам, æй systa æмæ, дам, æй хуыцаумæ ахаста. Уыцы ныхæстæ бирæты бауырныдтой. Сывæллæттæ-иу изæрдалынгты æддæмæ нал рауæндыдысты. Мæзджытæй кæй рацыдтæн, уый тыххæй æз дæр мæхи тæригъæдджын хуыдтон æмæ тарстæн, хуыцау мæм куы фæхæрам уа, уымæй. «Мæнæн дзæнæтмæ фæндаг нал ис», – хъуыды кодтон æз.

### 14

Дуканигæс Гери махмæ хæстæг царди. Дуканийы бакомкоммæ цардысты Хъазантæй æртæ ‘фсымæры. Мæгуыр хæдзар цы вæййы, уый уыдысты. Гери сæ йæхицæн æххуырстытæ сарæзта. Иуахæмы мах цалдæр лæппуйæ лæууыдыстæм дуканийы раз. Гери сæ кæрты цыдæртæ куыста.

– Аслæнбег, ардæм-ма рацу! – ахъæр æм кодта Гери. – Райсом нæ суг ласынмæ цæуын хъæуы.

Аслæнбег уыцы æнæзивæг æрбауади æмæ уæрдон аразынмæ февнæлдта. Герийы-иу йæ мæгуыр сыхæгты сæр куы бахъуыди, уæд сæм-иу афтæ дзырдта, цыма сын уæрдон дæр иумæйаг у, бæх дæр, хæдзар æнæхъæнæй дæр...

Изæрæй нæхимæ сæййæфтон не ‘рвадæлты лæппуйы. Уый ахæм хабар радзырдта:

– Фарон нæ Гери фынддæс лæгæй акодта Прохладнæмæ. Фынддæс уæрдоны самадтам фæйнæг. Бон-изæрмæ куы фæцыдыстæм, уæд сæххормаг дæн. Фæйнæ комдзаджы куы скæниккам, зæгъгæ, йæм дзурын. Уый мын афтæ: «Ныртæккæ станцæмæ

ныххæццæ уыдзыстæм. Йæ бæзн адыли, ахæм замманай дзул дзы кæнынц æмæ дзы хæрзасламæй балхæндзыстæм». Йæхæдæг кæрæй-кæронмæ æхсынæнтæ фехсыдта. Ныххæццæ стæм станцæмæ, фæлæ дзы йæ ныхæстæ ферох сты. Ацыдыстæм дарддæр. Цъиуызмæлæг дзы нæ уыд, иу бæласыл дзы нæ цæст не 'рхæцыд, ахæм тыгъд быдырмæ ахызтыстæм. Дыккаг бон ныххæццæ стæм Прохладнæмæ. Рацæй-рабон, æмæ дын дзы фæйнæг куы никæйы хъæуид. Уæд та Гери йæ мæлгъæвзаг ауагъта: «Уæ хорз, дам, хорз у æмæ сæ æххæст Георгиевскмæ баласæм». Нал ын куымдтам, фæлæ-иу йæ хъуырыцъар райвæзта: «У-у, уæ хорзæхæй, ма фæзивæг кæнут. Мæ сабитæ сыдæй амæлдзысты». Сразы та стæм, уæдæ цы! Зæгъын, иучысыл нын æхца ратт, æмæ хойрагæн исты амал скæнæм. Уый та ныффæрск, ныртæккæ, дам, Георгиевскмæ бахæццæ уыдзыстæм, фæйнæг, дам, ауæй кæндзыстæм æмæ, дам, дын уæд де 'хца ирууылдæр ратдзынæн.

## 15

Нæ хъæуы астæуты калди чысыл дон. Зымæг сæлгæ кодта, сæрд хус, æмæ-иу адæм доны фыдæй хъырды кодтой. Хъæуæй фондз километры æддæдæр калди Æрæф. Нæ хъæумæ уыцы бонты иу инженер æрбафтыд, йæ ном – Дауыт. Уый фæндонмæ гæсгæ, цалдæрæй ацыдысты Æрæфы былмæ. Сæ къухты цавæрдæр кусæнгæрзтæ, афтæмæй дзæвгар рæстæг цыдæртæ фæцархайдтой. Æрæмбырд кодтой цæрджыты, æмæ æрдзырдтой дон рауадзыны тыххæй.

Дауыт раздæр айгæрдын кодта тъунел, арæзтой йæ, кæцæйдæр кæй æрбахуыдтой, ахæм шахтертæ. Æххуыс сын кодтой цæрджытæ.

Афæхъо Ленинграды балæууыди. Фыстæджытæ дзы арæх истам. Иухатт нæм фыста: «Кусæг факультеты ахуыр кæнын райдыдтон. Стипенди мын радтой, æмæ ницы хъуаг дæн...» Мæ мад æмæ-иу мæ фыды цинæн кæрон нал уыди.

Цыдæр æнæзонгæ лæгтæ нæм мæлæты арæх цæуын райдыдтой. Куыд базыдтон, афтæмæй иу партизан мæ хойыл сдзырдта æмæ уый минæвæрттæ уыдысты. Иубон мæ хойы уаты иунæгæй баййæфтон æмæ йæ амæстæй мардтон: «А дыууæ боны дæ чындзы æрвитдзыстæм! Махимæ нал цæрдзынæ! Кæмæндæр дæ дæтдзыстæм!»

Мæ хо мæ йæ разæй райста, æмæ мыл куынæ фæхæст, уæд йæ кæуын нал баурæдта.

– Уыцы лæппуйы æз мæ цæстæй дæр куы никуы федтон, – мæ фæстæ ма радзырдта мæ хо. Æмæ æцæгæй дæр мæ хо уыцы партизаны нæ зыдта, уæддæр ын æй радтой.

Нæ хъæуккæгтæй бирæтæ сарæзтой агуырикъул хæдзæрттæ, дурæйамад саратæ. Ныронг хъæдын сæмæн уæрдоны хъыррыстæй чи сфæлмæцыд, уыдоны кæртытæй ратылди гыбаргыбургæнаг æфсæн сæмæн бричкæтæ. Нæхæдæг дæр самал кодтам бæхтæ.

Уалынмæ нæм ног скъола аразын дæр райдыдтой. Скъола, дам, хъуамæ уа, Дзæуджыхъæуы цы дыууæуæладзыгон техникум ис, уый агъуысты хуызæн. Кæмæн цы йæ бон уыди, уымæй арæзтадæн æххуыс кодта – чи æхца лæвæрдта, чи фæйнæджытæ ласта, чи агуыридуртæ...

Мæ фыдыфсымæр та нæм цæуын райдыдта. Фæцардхуыз – цыппар бæхы йæм, дыууæ замманай галы. Йе 'ртæ фыртыл цæст нæ хæцыди – хæдзары куыстытæ кодтой. Мæ фыд йе 'фсымæрæн афтæ: «Цы хъуаг ма дæ? Цæрæнбонты кæйдæр фæсдуæртты фæрахау-бахау кодтай æмæ афтид армæй дæ хæдзармæ æрцыдтæ. Ныр галуаны хуызæн хæдзар сарæзтай. Æмæ уæддæр бæлсæвиктæй де сæфт уыныс».

– Мах хæсджын никæмæй стæм. Цы нæм ис, уый нæхи тугвæллой у, – загъта-иу мæ фыдыфсымæр. – Гъе, ныр ма мыл хæстæ куынæ æвæриккой, партизантæ мæм зулцæстæй куынæ кæсиккой, уæд мæ къæбæр мæ фарсыл хæцид.

Йæ бинойнаджы дуарæхгæдæй кæй дары, уый æгас сыхбæстæ дæр зыдтой. Дæ буар цæмæй сцъæхтæ, зæгъгæ, йын-иу исчи йæ усы куы фарста, уæд-иу афтæ бакодта: «Гогоныл мæхи бакъуырдтон».

## 16

Бадилатæ фыццаджы бадилатæ нал уыдысты. Раздæр дыгурæттæй чызг никæмæн лæвæрдтой, ныр та дыгур уыдонмæ нал æрвыстой минæвар. Цыма сæ рæстæг фæци æмæ адæмы хуызæн дæр нал уыдысты, афтæ нæм касти. Сæ бонджынтæ кæдæмдæрты сæхи айстой, ам ма баззадысты сæ гæлхæрттæ.

Аивгъуыдта зымæг, йæ фæстæ – уалдзæг. Ралæууыд сæрд, æмæ Афæхъо каникулты нæхимæ ссыди. Йæ фæдзæхстмæ гæсгæ æз фæскомцæдисмæ курдиат балæвæрдтон, цæмæй мæ ахуырмæ арвитой. Уæдæ кæд кусæг факультетмæ бахауин, зæгъгæ, иу цалдæр хатты æхсай фондз километры фистæгæй фæхафтон

нæхицæй Дзæуджыхъæумæ. Иухатт горæтæй фæстæмæ здæхгæйæ фембæлдтæн æртæ дыгуроныл. Сæ уæрдоны мæ сæвæрдтой æмæ мæ хабæрттæй фæфарстой. Æз ницы басусæг кодтон. Мæ хæдоны æгънæджытæ уæгъд уыдысты, æмæ мын бæлццæттæй иу мæ чиныгмæ фæкомкоммæ.

– Уый та дын цы у? – афарста мæ уый. Чиныг мын куыд сарæзтой, уыцы хабæрттæ сын радзырдтон.

– Райхал æй æмæ йæ искæдæм фехс! – загъта та бæлццон.

Æз æдас нæ уыдтæн, исты фыдбылызмæ мын куы расайа, уымæй, уæддæр мæ чиныг мæ хъуырæй рафтыдтон. Айгæрстой йæ кардæй, систой дзы гæххæтты уадздзæгтæ æмæ сын цасдæр сæ фыстытæм фæкастысты, фæлæ дзы ничи ницы равзæрста – араббаг æвзагыл фыст уыдысты. Чиныгыл зынг бадардтой, æмæ ма дзы æртхутæг баззади. Æз хорзау нал уыдтæн, уæдæ та мæм ныр хæйрæджытæ ногæй фæзындзысты, зæгъгæ, фæлæ ма цы акодтаин!

– Ма тæрс, хæйрæг никуы ис. Уый адæм сæхæдæг æрымысыдысты, – ныфсытæ мын авæрдтой. – Хуыцауыл æууæндыс?

– Алхамдулилах, аллах... – загътон æз. – Хуыцау иунæг у. Æз гуырысхо никуы кодтон...

– Искуы йæ дæхи цæстæй федтай?

– Уынгæ йæ никуы ничи фæкодта, фæлæ, хуыцау кæй ис, уый æцæг у.

– Цæмæй бæрæг у уæддæр?

– Хъуыраны афтæ фыст ис. Молло дæр афтæ фæдзуры, ефенди æмæ йæ ахуыргæнинæгтæ дæр.

– Ды, æвæццæгæн, нæ зоныс, Хъуыран чидæр кæй ныффыста, уый?

– Зонын, Мæхæмæт-пехуымпар æй хуыцауы къухæй райста.

– Æмæ йыл уæдæ адæм сегас цæуылнæ æууæндынц?

– Уымæн æмæ уыдон джауыртæ сты.

Æртæйæ дæр хъæрæй ныххудтысты.

– Хуыйы фыд нæ фæхæрыс? – афарстой та мæ.

– Хуыцау бахизæд – ницыхуызы.

– Уæддæр æй цæуылнæ хæрыс?

– Уымæн æмæ йыл кæддæр джауыртæ æхсæнтæдон акалдтой.

– Ламаз фæкæныс?

– Æмæ уæдæ куыд?

Ныхæстæгæнгæ сæ хъæумæ бахæццæ стæм. Уырдыгæй нæхимæ бирæ нал баззад.

Иухатт нæм мæ фыдимæ æрбацыди молло. Уыцы тыхстхуызæй дзырдта:

– Æвзæр рæстæг ныл скодта. Адæм сæ дин ныууагътой. Коммуністтæ æмæ нæ партизантæ хуыцауæн лæггад кæнын нал уадзынц. Гъемæ бар сæхи, мæрдтæм цæуын дæр сæ нæ хъæудзæн? Мах уым дзæнæты баддзыстæм, уыдон та зындоны арты судздзысты.

Мæ фыд æм лæмбынæг хъуыста æмæ-иу йæ сæр разыйы тылд бакодта.

Уыцы æхсæв мæ зæрдыл æрлæууыд мæ моллойы чиныг. Мæ хæдоны æгънæджытæ-иу æдзухдæр æвæрд уыдысты, æмæ, чиныг нал ис, уый ничима бафиппайдта.

## 17

Фæззæджы Мæхæмæтимæ иумæ горæтмæ ацыдыстæм. Ме ссыдмæ мæ командировкæ цæттæ уыди. Райстон æй. Уымæн йе 'ртыккаг бон та Ленинградмæ абалц кодтон. Нæ вагоны ма цыди нæ хъæуæй дыууæ лæппуйы æмæ иу чызг. Лæппутæй иу – йæ ном Керахи – æрбацыди æмæ Мæхæмæтимæ ныхас кæнын райдыдтой. Кæстæрæн хистæртимæ дзурыны бар кæм ис, æмæ сæм иуварсæй хъуыстон.

– Ацы аз нæ хъæуæй ахуырмæ бирæ ацыди, – дзырдта Мæхæмæт.

– Цæугæ бæргæ акодтой, фæлæ сæм фаг зонындзинæдтæ нæй æмæ никæдæм бахаудзысты, – загъта Керахи æмæ мæнмæ æрбакасти. – Ды кæцы скъола каст фæдæ?

– Хъæууон скъолайы фыццаг къæпхæн каст фæдæн, – дзуапп радтон æз.

– Æмæ уæд кæдæм цæуыс? – бабылысчъил мыл кодта Керахи.

– Ахуырмæ, – дзуапп радтон æз.

– Цал азы дыл цæуы?

– Æхсæрдæс.

– Гъемæ хæрздзæгъæлы хардз кæныс де 'хцайы муртæ. Дæ фæд-дæ фæд дæ рарвитдзысты.

Смæсты йæм дæн, фæлæ йын цы мæ бон уыди! Рудзынджы цурмæ бацыдтæн æмæ, телыхъæдтæ поезды размæ куыд згъордтой, уымæ кастæн. Стырфындзджын Керахи куы ацыди, уæд Мæхæмæты цурмæ баздæхтæн.

Мæ уæлæ – урс хæдон, мæ сæрыл – урс нымæтхуд. Фæндагыл афтæ счъиллон сты, æмæ сæм æркæсæнтæ нал уыди. Мæ

хуыссæн – уæллаг тæрхæгыл, стæм хатт-иу æрхызтæн, æмæ мæм-иу бæлццæттæ сырдмæ кæсæгау кастысты. Цы акодтаин, уымæн-иу ницыуал зыдтон æмæ та-иу мæ тæрхæгмæ схылдтæн. Мæ бакомкоммæ чи хуыссыд, уыцы ляппу мæ афарста:

– Цавæр кусæг факультеты ахуыр кæндзынæ?

Зæгъын, цы æнæфенд адæймаг у – афтæ æнхъæлдтон, Ленинграды дæр Дзæуджыхъæуау иунæг кусæг факультет йеддæмæ нæй.

Ленинграды вагзалы нæм æнхъæлмæ касти ме 'фсымæр. Уыйбæрц адæм дзы змæлыди, æмæ, кæм æрлæууыдаиккой, уый дæр нал уыди. Бирæ поездтæ кæм лæууыд, уыцы хæдзары сæрмæ стыр дамгъæтæй фыст: Ленинград. Уыцы фыст бакæсын ма мæ къухы бафтыд æмæ мæ адæм сæ хъæлæсы ахастой.

## 18

Æппынæрæджиау ахæццæ стæм стыр фæзмæ – йæ бæрæгастæу – барæг. Зæгъын, уыцы барæг афтæ бæрзонд цæмæн схизын кодта бæхы, дисæй амардтæн. Лæмбынæгдæр æм æркастæн æмæ уæд раиртæстон – бæхæй, барæгæй разындысты цæнгæтæй конд. Цыма аргъауы бæстæмæ æрбахаудтæн – мæ алыварс бæрзонд хæдзæрттæ. Уæдæ уынгты адæмæй дæр цас змæлыд! Иннæ ахæм машинæтæ, трамвайтæ!.. Мæ голлаг ме 'ккой, афтæмæй-иу джихæй баззадтæн. Уый æрæджиау бафиппайдта Афæхъо, фæзылди мæм æмæ мын бауайдзæф кодта:

– Дæ дзых афтæ хæлиуæй куы дарай, уæд дын дзы исчи бахаудзæн.

Мæ хæдон горæты æнæмарзт уынгæй чъизидæр уыди. Мæ нымæтхуд æрзæбултæ, мæ цæстытæ мын бамбæрзта, æмæ мæм адæм куыд дзагъултæ кæнынц, уый нал уыдтон. Иуахæмы зæххыл мæ тъæпп фæцыд. Фæгæпп ластон, фæндагмæ фæкастæн – къах цæуыл скъуырай, ахæмæй дзы ницы. Фырæфсæрмæй ма цы фæуыдаин, уый нал зыдтон, цыма мыл алырдыгæй хъæрæй худтысты. Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй уæд Невайы проспекты цыдыстæм.

Ме 'фсымæр царди æвдæм уæладзыджы. Йæ уат чысылгомау – сынтæг, стъол æмæ дзы чингуыты тæрхæг. Сыгъдæг æфснайд уаты мæ голлаг куыд æрæвæрдтаин, уый нæ зыдтон.

Æхсæвы мæ хуыссæг фæлыгъди. Стыр горæты цы федтон, уыцы диссæгтæ мæ цæстытыл уадысты. Афтæ мæм касти, цыма

вагзалæй Афæхъойы фатермæ æнусы дæргъы фæцыдыстæм. Куы райхъал дæн, уæд Афæхъо фатеры нал разынди. Стъолыл – гæххæтты гæбаз, ставд дамгъæтæй йыл дыгуронау бакастæн: «Æз цæуын скъоламæ. Ме 'рцыдмæ макæдæм ацу. Афæхъо».

Цасдæр æнцад фæбадтæн, стæй рудзынджы цурмæ бацыдтæн æмæ нæ акомкоммæ уыцы хæдзæртты уæладзгуытæ нымайыныл фæдæн.

Изæры мæ ме 'фсымæр фарста:

– Кæцы кусæг факультетмæ дæ фæнды?

Мæ зæрдыл æрлæууыд, нæ хъæумæ дон чи уадзын кодта, уыцы инженер æмæ загътон:

– Инженертæ кæм фæцахуыр кæнынц?

Ме 'фсымæр мын фæнымадта Ленинграды кусæг факультеттæ, æз дзы зæрдаивæй иуы загътон. Дыккаг бон уырдæм трамвайы ацыдыстæм. Рахызтыстæм Плехановы фæзы. Бацыдыстæм стыр хæдзармæ. Ссардтам къæнцылар. Йæ гæххæттытæ чи лæвæрдта, уыдон бирæ уыдысты, æмæ уал Афæхъо мæн уым ныууагъта, йæхæдæг скъоламæ ацыди. Чызгæй, лæппуйæ – иууылдæр сæ каст мæнмæ скодтой. Æз ацæуинаг уыдтæн, фæлæ, мæ хæдразæй чи лæууыд, уымæй та сæ цæст бынтон нал истой. Æвæццæгæн, йæ къæхтыл æнахуыр цырыхъхъытæ кæй уыди, уый тыххæй. Нæ гæххæттытæ куы радтам æмæ уынгмæ куы рацыдыстæм, уæд мæ уыцы лæппу цæмæйдæр афарста, фæлæ йын йæ ныхæстæй ницы бамбæрстон. Дзæбæх æм бакастæн æмæ бамбæрстон, æрдæбон æм-иу афтæ æнувыдæй цæмæн ныджджих сты, уый – йæ уадултæ уыдысты æнахуыр стыртæ.

– Кæцон дæ? – бафарста мæ уый.

– Кавказаг.

– Æз та бурятаг дæн.

Ахæм адæмыхатт дæр ис, уый фыццаг хатт фехъуыстон.

Дыккаг бон цыдтæн иунæгæй. Трамвайы лæууæн агургæйæ адзæгъæл дæн. Цыдтæн, цыдтæн æмæ уынгæн кæрон нал уыди. Куы-иу кæй афарстон, куы кæй:

– Ам кусæг факультет кæм ис?

Иуæй-иутæ мæм-иу лæугæ дæр не 'ркодтой, иннæтæ-иу аджих сты, афарстой-иу: «Цавæр кусæг факультет?» Цавæр, уымæн мæхæдæг дæр ницы зыдтон. Æнæхъæн бон фæрацу-бацу кодтон.

Цы трамвайы лæууæн агуырдтон, уырдæм бафтыдтæн изæрырдæм.

## 19

Фыццаг фæлварæн нын саразтой уырыссаг æвзагæй. Агъуысты бадти дунейы лæппутæ æмæ чызджытæ. Ахуыргæнæг нын байуæрста сыгъдæг гæххæтты сыфтæ æмæ нын загъта: «Ныронг уæ чи цы мигæнæг уыди, чи куыд царди, уый тыххæй ныффыссут». Сахаты æрдæджы бæрц æнцад фæбадтæн. Кæйдæр цæхæрадæттæй фæткъуытæ куыд давтон, уыцы хабæрттæ кæй цæмæн хъуыдысты? Æви мæзджыты Хъуыран куыд ахуыр кодтон, уый тыххæй ныффыстаин? Æниу уыдæттæ фыссыныл куы схæцыдаин, уæд мын гæххæтт уæвгæ дæр не сфаг уыдаид. Æппынæрæджиау уæддæр цыдæртæ ныцъцъæррæмыгъд кодтон, иу сыф куы бахъулæттæ кодтон, уæд дзы мæ мыггаг бафыстон æмæ йæ ахуыргæнæгмæ радтон. Афæхъо мæм къæлидоры æнхъæлмæ касти.

– Цæй, куыд? Хорз ныффыстай? – афарста мæ ме 'фсымæр.

– Хорз!

Иууылдæр сæ куыстытæ куы радтой, уæд Афæхъо къласмæ бацыди æмæ мын ахуыргæнæгæй мæ куыст ракуырдта, йæ цæст ыл ахаста æмæ мæм йе 'лхынцъ æрфгуыты бынæй æрбакаст. Æз дæр ыл мæ цæст ахастон – иу ахæм дзырд дзы нæ разындаид, æмæ сырх кърандасæй кæй не схъулæттæ кодтой. Уыцы кърандасæй мын мæ куыстыл дзуарса хæххытæ ныккодтой æмæ йын йæ бынмæ бафыстой: «Кусæг факультетмæ райсыны аккаг нæма у». Афæхъо ахуыргæнæгæн сомытæ фæкодта, ме 'фсымæр цыдæрхуызон фæци, æндæр бирæ хуыздæр ныффыстаид, зæгъгæ. Ахуыргæнæг чиныг рафæлдæхта æмæ мын загъта: «Мæнæ-ма ацы фыст бакæс». Чиныг райстон, фæлæ цы зыдтон, уый дæр мæ ферох ис æмæ ныссуйтæ дæн. Каст куы фæдæн, уæд мын ахуыргæнæг загъта: «Цы бакастæ, уый-ма мын радзур». Æз ын дзуапп нæ радтон. «Уæд та, уæхицæй ардæм цæугæйæ фæндагыл цытæ федтай, уыдон радзур». Иу уддзæф та мæ дзыхæй не схауди. Дыгуронау бæргæ истытæ радзырдтаин, фæлæ мæ ныхæстæ уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын мæ бон нæ баци.

– Дæхæдæг æй уыныс, – загъта ахуыргæнæг Афæхъойæн. – Куыд æй райсæм?

Ахуыргæнæг – сæвджынтæарæзт, лопъо сæр, кæсæнцæстытæ йыл – йæ мидбылты худти, цыма кæй фæкъуыхцы дæн, ууыл цинæй марди. Къæлидормæ куы рацыдыстæм, уæд мæ Афæхъо афарста:

– Математикæ ратдзынæ?

– Бæгуыдæр æй ратдзынæн.

Аудиторийы баййæфтон, уырыссаг æвзаг кæимæ лæвæрдтон, уыцы лæппутæ æмæ чызджыты. Радтой нын хынцинæгтæ фыст кæуыл уыди, ахæм гæххæттытæ. Бирæтæ ма æнцад бадтысты, афтæ мæ хынцинæгтæ ацарæзтон æмæ мæ куыст ахуыргæнæгмæ авæрдтон. Сахаты фæстæ та мын Афæхъо мæ куыст ракуырдта – иу хынцинаг дæр дзы раст арæзт нæ рауад.

– Фæстæмæ дын нæхимæ цæугæ æрцæуыдзæн, æнхъæлдæн, – загъта Афæхъо иуварсмæ кæсгæйæ.

Уыцы бон ма ноджыдæр иу хатт мæ амонд бавзæрстон – бацыдтæн политграмотæ дæттынмæ. Сбадтæн раззаг партæйыл. Ахуыргæнæг алкæмæн дæр радта фарст. Мæ разæй бафарста цалдæры. Стæй мæ цурмæ йæхи æрбайста.

– Цавæр фæрстытæ дæм æрхауди?

Æз ныхъхъус дæн.

– Зæгъ-ма, кæд фæзынди ССРЦ? – бафарста та мæ ногæй. Æз ахъуыды кодтон æмæ загътон:

– Дыууынæм æнусы.

Ахуыргæнæг йæ худын нал баурæдта, ныххудтысты чызджытæ æмæ лæппутæ дæр.

– Хорз, фæуæд дыууынæм æнусы. Фæлæ азтæй та кæд уыди?

Æз та мæ сæр дæлæмæ æруагътон.

Цалдæр боны фæстæ сауыгътой, ахуырмæ кæй райстой, уыдоны номхыгъдтæ. Æз дзы нæ разындтæн. Афæхъо та балæгъстæ кодта хицауæн æмæ та мын ногæй фæлварæнтæ кæныны бар радтой. Фæлæ та фыццагау иу фарстæн дæр дзуапп нæ радтон. Æнæ фæлварæнтæй мæ райсут, зæгъгæ, сын фæлæгъстæ кодтон, фæлæ мæм хъусæг нæ фæци.

Кусæг факультеты хицау – ацæргæ лæг, мæстыгæр – дзæгъæл цæуджытæй йæ удхæссæг уыдта. Уæддæр та-иу æм æз смидæг дæн.

– Ацу уал уæхимæ, – загъта мæнæн. – Дæхи дзæбæх бацæттæ кæн, æрцу æмæ дæ райсдзыстæм.

Фæлæ мæм уыцы ныхæстæ дæр нæ бахъардтой. Чи нæ бахауди, уыдон сæ хæдзæрттæм аивгъуыдтой, иннæтæ ахуыр кæнын райдыдтой, уæддæр ма æз хицаумæ цыдтæн. Иубон ын бакой кодтон: «Цалынмæ мæхицæн фæндаггаг кусон, уæдмæ уал мæ æмдзæрæнмæ бауадз». Бирæ фæракæ-бакæйы фæстæ сразы.

## 20

Рацыди мæйæ фылдæр. Иуизæр лæппутæ иууылдæр схуыссыдысты, æз ма бадтæн, мæ разы – гом чиныг. Мæ разы йæ цæмæн æрæвæрдтон – нæ зонын, уæвгæ йæ кæсгæ нæ кодтон. Нæ уаты дуар æрбайгом, æмæ нæ къæсæрыл æрбахызтысты кусæг факультеты хицау, комендант æмæ завхоз. Лæппутæ мæнæй фæстæмæ иууылдæр фынæй кæй кæнынц, уый бафиппайгæйæ хицау æрбамæсты:

– Ацу æмæ ныр адонимæ дзур. Ахуыр нæ кæнынц, фæлæ сæ хуыссæнты ныббырыдысты, – мæнмæ æрбакасти. – Ды та цы мигæнæг дæ?

Дзуапп раттынмæ та нæ сарæхстæн.

– Ахуырмæ дæ нæма райстой? – афарста та хицау.

– Ды мæ куынæ исыс, уæд мæ чи хъуамæ айса? – загътон æз.

– Нæ фæлæ-ма бавдæл, дæ дзаумæттæ бамбырд кæн æмæ райсом уæ хæдзармæ афардæг у.

Исдугмæ афæнд кодтон, зæгъын, мæхи йыл андзарон, фæлæ мæм ахæм ныфс нæ разынд. Фæзылдтæн æм æмæ йæ афарстон:

– Æмæ ма мæ уæд ныронг цæмæн урæдтай?

– Æз дæ урæдтон? – ныххудти лæг. Æз та, цы загътаин, уый нал зыдтон. – Хорз, – загъта хицау. – Райсом-иу æрбацу, æмæ дæ райсдзыстæм.

Куы ацыдысты, уæд фырцинæй цы акодтаин, уымæн ницуал зыдтон. Афæхъомæ хæрзæггурæггаг фезгъордтаин, фæлæ æгæр банафон. Уыцы æхсæв хуыссæджы хъæстæ нал фæдæн.

Дыккаг бон мæ райсомæй кусæг факультеты хицау бакодта ахуыргæнджыты уатмæ æмæ ахуыры хайады хицауæн загъта: «Ацы лæппуйы студентæй райсут». Цин мæ йæ уæлныхты ахаста æмæ Афæхъойы цур балæууыдтæн. Уый фыццаг ныццин кодта, стæй аджих:

– Уæддæр дæ æппаргæ кæндзысты. Фыццаг курсы зын ахуыргæнæн вæййы.

## 21

Бонтæ цыдысты. Æз уроктæм цыдтæн. Математикæйæ фæстæмæ иннæ предметтæй истон æвзæр бæрæггæнæнтæ. Иухатт мын бурятаг лæппу Михаил радта иу чиныг, йæ сæр «Капитаны чызг». «Тынг хорз чиныг у, æмæ йæ бакæс», – загъта мын уый. Цалдæр къуырийы дæргъы йæ фæкастæн, стæй мæ Михаил бафарста: «Цы бакастæ, уый мын нæ радзурис?» Мæ зæрдыл дзы ницы бадардтон æмæ йын цы ра-

дзырдтаин! Уæд уый бавдæлди æмæ мын чиныджы хабæрттæ кæрæй-кæронмæ фæдзырдта. Æмæ та мын æй дыккаг хатт бакæсын кодта. Дыккаг касты фæстæ йæ мæлæты хорз бамбæрстон.

Нæ къласæн скодтой æмбырд. Æз математикæйæ фæстæмæ иннæ предметтæй æвзæр бæрæггæнæнтæ фæистон æмæ мæ, уыцы рæстæг кусæг факультеты цы цæттæгæнæг къорд байгом, уырдæм баивтой.

Райдыдтой зымæджы кæникултæ. Афæхъо ацыди нæхимæ. Æз, мæ уæлæ цы скодтаин, уый нал уыди æмæ, кæд исты æхцайы капеччытæ акусин, зæгъгæ, Ленинграды баззадтæн.

## 22

Ахуыргæнæг мæ уырыссаг лæппутæй цыппарæн бафæдзæхста, уæ хъус æм фæдарут, зæгъгæ. Æмæ æз дæр мæхиуыл нал ауæрстон.

Уалынмæ мæ фыццæгæм курсмæ айстой.

Диссаджы хабæрттæ æрцыди уыцы рæстæг. Дзæбæх кæй зыдтон, иу ахæм чызджы дын (æртыккаг курсмæ цыди, ахуыры раззагдæртыл нымад уыди) иубон куы ацух кæниккой. Цæвиттон, фæскомцæдисмæ куы цыди, уæд не схъæр кодта, сауджыны чызг кæй у, уый. Æмбырды студенттæй иу сыстади æмæ йыл къæм абадын дæр нæ бауагъта, фæлæ йæ ныхæстæй ницы рауади. Рацæй-рабон, æмæ дын лæппу диакъоны фырт куы разынид, ноджы кæд уыдысты иу хъæуккæгтæ.

«Рог кавалери» мын мæ бæрны бакодтой чысыл æхсæнадон куыст. Мах ссæдзæй лæмбынæг фæкастыстæм ахуырдзауты гæххæттытæм. Кæуылдæрты дзы фæгуырысхо стæм æмæ сæм нæ хъус дардтам. Нæ зæрдæ кæмæ æхсайдта, уыдонæн сæ фылдæры æппарын бахъуыди.

Чингуытæ цас фылдæр кастæн, уыйас хуыздæр æмбарын байдыдтон, дины скъолайы нын цы дзырдтой, уыдон мæнгдзинад.

Уырыссаг фысгæ куыстæй нырма æвзæр бæрæггæнæнтæ истон. Фæлæ нын иуахæмы бафæдзæхстой: «Кæй цæуыл фæнды, уый тыххæй ныффыссæд». Ахуыргæнæг нын нæ куыстытæ бакасти æмæ дын мæ фыстæн æппæты хуыздæр аргъ куы скæнид.

– Бакæс-ма нын æй. Бакæс-ма йæ, – баййардтой ахуыргæнæджы.

– Кæд мын йæ автор бар ратта, уæд, табуафси, – загъта ахуыргæнæг.

Мæнæн дæр фæлæгъстæ кодтой, фæлæ æз не сразы дæн.

Уалынмæ каст фæдæн фыццаг курс.

## ФЫСТÆДЖЫТÆ

*Сталинград, 7/5–40*

Дæ бон хорз, Мери!

Знон нын, Мыхуыры боны фæдыл нæм цы æмбырд уыд, уый фæстæ равдыстой киноныв «Хицауады уæнг». Уыцы ныв мæм цы хъуыдытæ сæвзæрын кодта, уыдон дын æнæ радзургæ нæй. Хицауады уæнг у колхозон чызг, йæ мыггаг Соколова, ролы хъазы артисткæ Полоцкая. Куыддæр экраныл фæзынд, афтæ æвиппайды мæ цæстытыл ауади Сафирæты гуырыконд. Æддаг бакастæй уый хуызæн тынг у, уæлдайдæр та сæ сæрæн митæй сты кæрæдзи æнгæс. Цæвиттон, кæрæй-кæронмæ Сафирæтмæ фæкастæн. Артисткæ афтæ дæсны хъазы, йæ ныхас, йæ фæзылдтытæ ахæм реалон æмæ æрдзон уагыл арæзт сты, æмæ, куы скæуы, уæд адæймагмæ кæуын цæуы, куы схуды, уæд та зæрдæ цинæй айдзаг вæййы. Кæд уыцы киноныв нæма федтай, уæд æй æнæмæнг фен.

Арæх нæ фыссыс, мæ зæрдæ дыл иучысыл худы. Кæд мын бирæ куыстæгтæ ис, уæддæр мын мæ фæллад уадзынæн фадат вæййы. Æмæ раст уыцы сахат æппынæдзухдæр дæу фæмысын. Уæдæ дæуæн цалдæр ныхасы ныффыссын цас диссаг у, цалынмæ мæ фыстæг райсай, уæдмæ цæмæ фенхъæлмæ кæсыс? Стæй æз дæуæй арæхдæр фыссын æмæ ма мæ ноджы арæхдæр фыссын фæнды.

Сталинграды, ды дзы куы уыдтæ, уымæй иуцасдæр фæхуыздæр: уазæлттæ дзы нал кæны, хур кæсы, бæстæ ‘рбацъæх, Волгæйы наутæ цæуын райдыдтой... Фæлæ уæддæр Кавказы цур уыдæттæ ницы сты. Бæлæсты сыфтæртæ цыдæр бурбын сты, цæсты ницанæбæрæг ахадынц.

Горæты, дам, æвзæр цæхæрадон нæй, фæлæ мæнæн уырдæм бацæуын нæма бантысти. Драмтеатрмæ бацæуинаг уыдтæн (тагъд сезон фæуыдзæн), фæлæ цæмæндæр мæ къухы не ‘фты æмæ тæрсын: иннæ азмæ æргъæвд æрцæуадзæни хъуыддаг.

Ныр та дын мæ финансты хабæрттæ ракæнон:

| | |
|---|---|
| Гимнастеркæ рацаразæггаг æмæ хæлаф хуыйæггаг | – 60 с. |
| Партфиддонтæ | – 54 с. |
| Хæстæ | – 50 с. |
| Къухæй хæсгæ чумæдан | – 39 с. |
| Мæхимæ ма ис | – 150 с. |

Æдæппæт – 353 с.

Цæвиттон, иннæ хæрдзтæн ма мæм баззади 500 сомы бæрц. Цы ‘рбаисты, хуыцауыстæн, ницы йын зонын. Йе нуазгæ нæ кæнын, йе дзæгъæл лекка, æхца та ивылынц æнæхъолайæ. Худинаг мæм кæсы. Ды мемæ куы уаис, уæд сæ дæу аххос кæнин, ныр та цы загъдæуа? Афтæмæй ма мæ цырыхъгæнæгæн 100 сомы фидын хъæуы.

Фæнды мæ мæхи ракурын æмæ дæу фенынмæ ацæуын, фæлæ хъуыддаг æппындæр размæ не ‘ккуырсы. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, уæддæр мæ къухы бафтдзæни.

Цæй уал уæдæ. Сабитæн абатæ кæн. Фысгæ кæн. Дæхи Иссæ.

*P.S.* Тищенкомæ бацу æмæ йын зæгъ, арматурон гæххæттытæ, зæгъ, рарвит.

*Нахабино, 27/6–41*

Салам, Мери!

Хъазуатæй нæхи цæттæ кæнæм хæстмæ, афтæмæй ныл бонтæ æнæзынгæ тæхынц. Цыма Мæскуыйæ тæккæ знон ссыдтæн, афтæмæй дыууæ къуырийы бæрц рацыди. Бонæй-бонмæ фидардæр кæнæм, хæстон хъуыддæгтæм тынгдæр арæхсын райдыдтам. Топпæй архайынмæ фыццаг хорз нæ арæхстыстæм, ныр нæ коммæ кæсын байдыдта æнцонæй. Тæрккъæвда йæ тæккæ тæмæны вæййы, уæддæр махæй иу дæр йæ хъуыддаг нæ фæуадзы. Абон æртæ сахаты бæрц уарынмæ фæдæн, ныддонласт дæн, мæ цинел дзæвгар фæуууæззаудæр, уæддæр мæ уавæр мисхалы бæрц нæ фендæрхуызон, нымады дæр мæм ницы уыд. Афтæ ныл цæуынц бонтæ.

Ахуыр кæнæм, нæ хъарутыл нæ ауæрдæм. Иуæй дæр нæ рох нæу, академийы кæй ахуыр кæнæм, инженертæ хъуамæ кæй суæм, уый. Фæлæ фронтмæ ацæуын зæрдæбынæй кæй нæ фæнды, ахæмтæ нæм чысыл разындзæн. Иу ахæм минут дæр ныл нæ ацæуы, фронты уавæрыл æнувыдæй кæд нæ фæныхас кæнæм. Алкæй дæр фидарæй уырны, мах кæй фæуæлахиз уы-

дзыстæм, нæ ныхмæ йæ гæрзтæ чи рабаста, уыцы цъаммар богъдаби Гитлерæн Советон Æфсады бæрзæйсæттæн цæфтæй йæ мæлæт кæй æрцæуудзæни. Гитлеры æфсады хæйттæ рæстæгмæ мах зæххытæ кæй бацахстой, уый та ууыл дзурæг у, æмæ нæ, æвæццæгæн, адæмы мобилизаци скæнын хъæуы, уый та афтæ æнцон нæу.

Бирæ сагъæстæ, бирæ бакæнинаг хъуыддæгтæ мын ис (ахуыр, хæст...), фæлæ ма уæддæр мæ сæры æмæ мæ зæрдæйы стыр бынат разындзæни дæуæн æмæ нæ сабитæн. Æхцайы мур уæм кæй нæй, уый мæ мары, фæлæ уын уæ царды уавæр фæхуыздæр кæнынæн æвиппайды ницы мадзал арын.

Зынаргъ Мери, афтæ-ма бакæн: мæ кастюм, мæ туфлитæ æмæ мын мæ хæдон ауæй кæн. Мæн ницæмæн хъæуынц, ауæй сæ кæн æнæмæнг, æмæ уал уын фаг уыдзысты, фæстæдæр та архайдзыстæм зондджындæр уæвыныл. Дæхи дæр æмæ сывæллæтты дæр хæрдхъуагæй ма уадз æппындæр. Ныхас бухъ цардыл нæ цæуы, фæлæ, цæрынæн цæйбæрц хъæуы, ууыл.

Лагерьты кæдмæ уыдзыстæм, уый дæр сбæрæг: æхсæзæм июлы нæ нæ фæллад уадзынмæ нæма ауадздзысты – раздæры уынаффæ аивтой. 6-æм июлы фæстæ дæр ма ам баззайдзыстæм, нæ фæлладуагъды фæстæ нын лагерьты цы ахуыртæ хъуамæ уыдаид, уыдон уыдзысты ныр. Афтæ сты нæ хъуыддæгтæ.

Ноджы ма дын хъусын кæнын: лагерьтæй суæгъд кæнæн ис, æрмæст дæр рынчын чи фæуа, уыцы адæймагæн. Æз рынчын нæ дæн, стæй фæрынчын уæвынмæ дæр нæ хъавын (дæхæдæг æй зоныс, æз рынчынтæ никуы фæкæнын), уымæ гæсгæ мæ Мæскуымæ нал ауадздзысты. Гъемæ 1-æм июлы фæстæ, скъолайы куыстæй куы суæгъд уай, уæд (ау, фæлладуадзæн бонтæ дын нæ ратдзысты!) бацархай иу æнцойбон мæнмæ æрцæуыныл. Кæд дын ахæм фадат уа (сывæллæтты Датитæм ныууадздзынæ), уæд мын-иу фехъусын кæн, æмæ, куыд цæугæ у, уый дæм бæлвырдæй ныффысдзынæн.

Ууыл, æнхъæлдæн, нæ ныхас фæдæн. Уе ʻртæйæн дæр адджын батæ кæнын.

Уæхи Иссæ.

Саламтæ Хасанæн, Нинæйæн, Алешæйæн æмæ Анжелинæйæн æмæ ин.



## ХУТЪИАТИ Сергей

*Хутъиати Аслæнбеджы фырт Сергей райгуырди 1920 азы Мæхческы районы Хæнæзы хъæуы. Лæппуйыл æхсæз азы куы сæххæст, уæд амард йæ фыд. 1930 азы Хутъиати бинонтæ цæрынмæ ралыгъдысты Сырх Дыгуры хъæумæ. Сергей ахуыр кæнын райдыдта астæуккаг скъолайы, уыди литературон къорды активондæр архайджытæй иу. Йæ уацмыстæ джиппы уагъд цыдысты районы газеты.*

*1941 азы декабры лæппу æрвыст æрцыди Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ. Фесæфт æнæбæрæгæй.*

### МÆ БÆХ

Тæхгæ-нæргæ гъæйтт кæнæ,
Уорамæн дин куд нæ уа.
Æ фурмæстæй æхгæнæд
Æ цæститæ æнæуаг.

Дæ цæфхæдтæ æз дæуæн
Исæхсистон сау æндон,
Дæ тæхгæ уад – æхцæуæн,
Мæ рæвдзæ бадт – дæ фæндон.

* * *

Лæдæрун дæ дæ кастæй,
Ке кæнуй дæ зæрдæ ‘нкъард.
Ду ме ‘нæхийнæ фарстæй
Цæстæнгас зелис идард.

Фал мæ коммæ кæд кæсис,
Уæд алкæмæн ихæс æй, –
Еумæйаг зинти рæхис
Æмхузæнæй куд хæссæн.

## ДУУÆ ЗÆРДИ

Ци кæнон, – нæ зонун.
Уоди равгæ – унгæг.
Цæстирохс дæу хонун, –
Нæбал цæун унгæй.

Дæ æнахур фæккаст
Цидæр дессаг фæлмæн,
Ку ниббаста æваст
Федар бæттæнтæй мæн.

Дууæ зæрди фæндон
Бацудæнцæ хæстæг.
Баеу ун нæй сæ бон
Цæмæндæр æнхæстæй.

Цæмæндæр нæ астæу
Æнæбун ком лæууй.
Хед идард фæххастæй,
Дорбилгон никкæуй.

Ци кæнон, – нæ зонун,
Нæбал дæн мæ сæрæн.
Цæстирохс дæу хонун, –
Нивонд ку дæ ‘ндæрæн.



## ХУЫРЫМТЫ Батырбег

*Хуырымты Иваны фырт Батырбег райгуырди 1909 азы Уæлладжыры комы Тоборзайы хъæуы (Зæрæмæгмæ хæстæг). Ахуыр кодта Зæрæмæджы скъолайы, стæй та Дзæуджыхъæуы кусæг факультеты. Хæрзæрыгонæй бацыди фæскомцæдисмæ.*

*1934 азы Батырбег сси Мæскуыйы педагогон институты студент. Каст æй куы фæци, уæд сыздæхти йæ райгуырæн Ирмæ æмæ кусын райдыдта Садоны районы ахуыры хайады инспекторæй, стæй та Нары скъолайы директорæй.*

*1941 азы ацыди хæстмæ. Фæмард 1942 азы Севастополь знагæй хъахъхъæнгæйæ.*

### МАРГЗÆРДÆ

Æвæдза, ныр æрцыд дæ фæнд,
Æвæдза, ныр дæ хъуыддаг рауад,
Æгас дуне æмбойны уæд
Фæуид дæ чъизи митæй заууат.

Дæ рæзты н' атæхдзæни маргъ,
Дæ хотых – хахуыр æмæ даутæ.
Цы ран æрæвæрыс дæ къах,
Уым кæрдæг дæр ыскæны саутæ.

Ды сафыс адæмы рæстæй,
Æмæ дыл се стыр маст æртыхсдзæн.
Ды рæзыс адæмы рыстæй,
Æмæ дæ адæмы фарн судздзæн.

*1937 аз, Мæскуы*



## ХЪАНЫХЪУАТЫ Майрæм

*Хъаныхъуаты Микъалайы фырт Майрæм райгуырди 1921 азы Джызæлы. Ахуыр кодта сæхи хъæуы астæуккаг скъолайы. Каст æй куы фæци, уæд кусын райдыдта Джызæлдоны районы газет «Стахановон»-ы редакцийы. Фæстæдæр ацыди Бакумæ æфсæддон скъоламæ. Сси лейтенант. Немыцаг фашисттæ нæ райгуырæн бæстæмæ куы æрбалæбурдтой, уæд ацыди тохы цыренмæ. Фесæфт æнæбæрæгæй.*

*Майрæм фыста æмдзæвгæтæ. Мыхуыры йын цыдысты журнал «Пионер»-ы æмæ «Æрыгон большевик»-ы. Йæ уацмыстæй цалдæр бацыдис чиныг «Бæсты сæрвæлтау»-мæ (Орджоникидзе, 1958 аз).*

### ПАРТИ

Нæ арфæйаг бонты
Дæ тырыса, парти,
    Уæндонæй хæссæм!
Нæ балцы фæндагыл
Нæ зæрдæты ц’ арт и,
    Нæй уымæн хуыссæн!

Ды бæстæйы хуымты
Сыгъдæг мыггаг тауыс, –
    Мæнгæй тас ын нæу!
Ды дзыллæты мадау
Дæ хæрзтæй рæвдауыс,
    Нæ зонд хонæм дæу.

Фæллойы уа, тохы,
Йе цины бон – хъазты –
    Ды не скаст, нæ цыт.
Ды нын радтай амонд
Нæ базырджын азты,
    Нæ зæрдæ, нæ фыд!

Ды амоныс махæн
Нæ цæхæрджын бонты
    Æдзухдæр фæндаг.
Дæ фæрцы ныккæнæм
Нæ колхозон гонты
    Сырх мæнæуæй фаг.

О Ленины парти,
Нæ дуджы стыр зæрдæ,
    Нæ бæстæйы зонд,
Дæ фæдыл фæцæуæм
Нæ фидæны цардмæ,
    Нæ къахист – бæрзонд!

*1938*

## НОГ АЗ

Ног аз æрхæццæ ис,
Не 'нтыст – фылдæр.
Уарзон ыстыр Цæдис
Калы цæхæр.

Худæм нæ фидæнмæ,
Хъæлдзæг – нæ зард.
Иу азæй иннæмæ
Рæзы нæ цард.

Не змæлд, нæ алы сдзырд
Зæлы уæрæх.
Кадæг – фæллойæ гуырд,
Тæх æмæ тæх!

Сау мигътæ... Уады 'хситт.
Уе ртхъирæн циу!
Айгæрд сын, хурзæрин,
Айгæрд сæ риу!

*1938*

## УАЛДЗÆГ

Зымæджы урс хъæццул
Нал у ныр тыгъд.
Уалдзæджы рухс цырагъ
Бæстыл ыссыгъд.

Æмæ йæ хæд фæстæ
Сулæфыд зæхх.
Дарынц уæрæх фæзтæ
Кæрдæгæй цъæх.

Дидинæг равзæрди
Суадоны был,
Уалдзæг æм бахудти,
Уафы йыл тын.

Дидинæг рауагъта
Пуцал – сырх зынг.
Уымæн æй бауарзта
Буц чызгай тынг.

Стахти дыгоппон цъиу.
Базмæлыд цард:
Уæлдæфы ахæлиу
Хуымонты зард.

*1938*

## КАФÆМ ИУМÆ

Царды стыр фæндаг – нæхи бар,
Доны – кæф, уæларвыл – цъиу.
Мах ыстæм хъæбатыр, фидар,
Фидæнмæ хæссæм нæ риу.

Кафæм иумæ... Нæй зæрдæсау,
Зæрдæ – хъæлдзæг, цæсгом – ирд.
Систам къабæзтæ цæргæсау,
Рацарæзтам къæхты сирд.

Кæс, нанайы чызг фæндырæй
Балцы зарджытæ цæгъды.
Хур нæм ракаст худæнбылæй,
Рухс тынтæй æмдзæгъд кæны.

Кафæм иумæ, сиргæ, сиргæ!
У нæ тых æнæкæрон.
Алы ран цæудзыстæм пиргæ
Сау ызнаджы тохы бон!

*1938*

## ДИДИНÆГ

Дыргъдоны дидинæг
Сдардта йæ рæсугъд сæр,
Систа йæ фондз сыфы,
Калынц тæмæн.
Базмæлы, бахуды
Уалдзæджы хъæбысы.
Афтæ рæвдауы ма
Рухс бæстæ мæн.

Дидинæг, дидинæг,
Рæз ды нæ дыргъдоны,
Рæз ды нæ сабитæн,
Худ сæм фæрнæй.
Уадз æмæ ног фæлтæр
Ныр æмæ сомбоны
Царды стыр фæндагыл
Буц уой дæуæй!

*1939*

## СИДТОНЫ ЦИН

Фæндыр... Цинтæ.... Симд. Зæхх ризы.
Зарæг уæлдæфы тæхы.
Сидтон – хъæлдзæг. Нуазæн сисы
Æмæ худгæйæ зæгъы:

– Цæй, хæрзбон, мæ хорз хъæубæстæ,
Æз цытджын балцы цæуын
'Мæ уæ зонд, уæ буц ныхæстæ
Мемæ стыр ныфсæн хæссын!

Схуд, нана, ды дæр мæ фæдыл,
Сырх Æфсад дæр у мæ мад.
– Уай, мæ хъæбул, уай дæ бæхыл,
Хъахъхъæн-иу нæ бæсты кад!

'Рттивынц мады рухс цæстытæ:
– Чи дын у зынаргъдæр, зæгъ?
– Уарзондæр мæнæн ды куы дæ,
Уарзондæр мæнæн – нæ зæхх.

– Цу, мæ хъæбул... Кæд нæ бæстæм
Знаг лæбура, 'взара тых,
Рæвдз-иу февнал уæд дæ гæрзтæм,
Рæвдз-иу цæв ызнаджы ных...

– Мад, дæ дзырд нæ уыдзæн рохы.
Сис-ма, цæй, дæ сæр уæлдæр!
Знаджы басудздзæни тохы
Не 'ндон хотыхты цæхæр!

*1939*



## ХЪАРАТЫ Ибрагим

*Уый уыди 1924 азы январы. Дзыллæты номдзыд фæтæг Ленины амарды фæдыл Ирыстоны хъæуты, рагон æгъдаумæ гæсгæ, сарæзтой дугътæ. Ахæм дугъ уыдис Емаусы дæр (ныры Раздзоджы хъæуы). Дугъы йæ сагæлвæст бæхыл æппæты разæй æрцыд дæсаздзыд къæсхуыртæ лæппу. Уый уыди Хъараты Дрисы фырт Ибрагим.*

*Ибрагим райгуырди 1912 азы зæхкусæг бинонты æхсæн. Ахуыр кодта хъæууон скъолайы, стæй та Дзæуджыхъæуы. Фæстæдæр каст фæци педагогон техникум æмæ институт. 1939 азы бацыд аспирантурæмæ (ирон литературæйы хайадмæ). 1942 азы барвæндонæй ацыди Фыдыбæстæйы Стæр хæстмæ. Фесæфт æнæбæрæгæй.*

*Ибрагим литературæйы йæ хъарутæ фæлварын райдыдта 1930 азы. Йæ уацмыстæ цыдысты Ирыстоны газетты æмæ журналты.*

*1965 азы Цæгат Ирыстоны чиныгуадзæн рауагъта Хъараты Ибрагимы уацмыстæ, «Уырны мæ», зæгъгæ, ахæм номимæ.*

### УАЛДЗЫГОН СИДТ

Царды зæронд рæхыс атыдтам,
Дардмæ фæхаудис цæггай!..
Колхозмæ трактортæ батылдтам,
Дзывыр та алыгъд тæргай.

Хъæрм уалдзæг ногæй ныл ралæудзæн,
Калдзæн йæ тынтæ нæм хур,
Алчидæр колхозмæ бацæудзæн,
Чи нæ уа тугцъир, дзыгъуыр...

Трактортæ быдырты сиу ысты.
Гутæттæй ивылдзæн зæй!..
Радæй сæ кæрæдзи ивдзысты, –
Тауинаг авзарæм, цæй!

Хъуамæ нæм арф кæмтты къусчытæй
Фенынмæ рацæуа хох,
Арвитæм зиутæ сæм кусджытæй –
Ма уæм кæрæдзийæ рох.

Фæсивæд, араст у мах разæй –
Ленин дын бакодта хæс.
Ацы бон расыгау ма баззай,
Царды дæ хæстæ æмбар!

## БЛОКНОТÆЙ

Зæрдæ байдзаг уарзтæй...
О, тæхуды!
Зæрдæ байдзаг мастæй
Æмæ дуды!
Æз дæ худт, дæ хъазтæй
Тынг фæрайын.
Æз дæ тызмæг кастæй
Судзын, тайын...

*1938 азы 2 мартъи*

* * *

Ысуыдзынæн саумæр...
Парахатæй зайдзæн
Мæ ингæны сæрмæ
Фыдцъылыз мæнтæг...

Мæ ныв мын-иу бавæр...
Æнус дæ нæ сайдзæн,
Суанг сомы къæсæрмæ
Уыдзæн дын фæтæг.

*1938 азы 30 декабрь*

## ЗЫМÆГ

Халон куы баргъæвса рагон хæрисыл,
Зайæгхал митæй куы сдара хуыхъисау
Бур сæр – æрцыд уæд зымæг.

Хуры цæст арвæй гæзæмæ куы ндава,
Миты гæлæбутæ дымгæ куы дава,
Зон уæд – ныллæууыд зымæг.

Дзоныгъæй сугдзау куы араст уа хъæдмæ, –
Уалдзæг, цъæх уалдзæгмæ ма кæс æнхъæлмæ,
Зон уæд – ныллæууыд зымæг.

*1941 азы январь*

## УÆЛАХИЗДЗАУТÆ

*(Парижы коммунарты тохæй!)*

Акæс-ма, знон дæр ма афтæ нæ уыди,
Не 'нцад уæлахизы фæзы сæ хæст.
Знон дæр ма сармадзан ниудта, нæрыди,
Стыр баррикадæтыл не ххæссыд цæст.

Айхъуысти дардыл сæ зарæг æрвнæрдау,
Далæ-ма, айдзæгътой уынджы сæ цыд.
Сæрттивынц джебогътæ... Зæрдæ фæрæдау –
Цины худт, зарды хъæр дымгæ хæссы.

Арфæйаг фесты фæллойы хъæбултæ,
Цинæйдзаг – кусæг, сæрибар – Париж!
Нал уæ æфхæрдзысты тугдзых фыдгултæ, –
Лидзæнт Версалмæ хъæргæнгæ фæдис...

Се 'нæтуг уадултæ сæрттивынц хурмæ.
Дардыл ныццарыдта арфæйы дзырд:
«Цод нæм, æгас нæм æрцæуæд Коммунæ!»,
Райынц та хотыхтæ... Се 'мнæрд фæцыд.

Чи ферох кæндзæни уыцы хæстон бон, –
Иуау куы хордтой сæдæ мины ард.
Чи нæ уыд уыдонæй тохы хъазуатон, –
Сæфтой æнусмæ æлгъыстаг фыдцард.

*1941 азы 13 мартъи*

## СЫРХÆФСÆДДОНÆН

*Советон Цæдисы Хъæбатыр*
*Карсанаты Хъазыбегæн*

Хæстæттимæ иумæ æрлæууыдтæ фидар,
Хæстæттимæ иумæ ды бахордтай ард:
«Æз бахъахъхъæндзынæн цытимæ сæрибар,
Мæ Райгуырæн бæстæ, мæ дзыллæйы цард;

Нæ адæм! Æз искуы мæнгард ми куы кæнон,
Гадзрахатæй, сайдæй куы цæуон дæуыл. –
Фæлтау уæд æрцæуæд æгадæй мæ кæрон,
Мæ хъæстæ уæд ма уæд æппындæр зæххыл!»

Хæххон зæйау знæгтыл æдæрсгæ ныббырстам.
Фыдджын карст сæ кодта æнæвгъау нæ кард.
Нæ бур рондз, нæ тугæй мах намыс ныффыстам,
Хæсткъахджыты тардтам нæ сырх зæххæй дард.

Уый адæмы ‘хсар у, æфсымæрты хсар у, –
Нæ домбай Цæдисы æнæсæттгæ ‘хсар.
Фыдгул ма кæд хъава æвзарын йæ хъару,
Уæд, багъæцæд, додой – йæ сæр кæны сар!

## ХАЛÆТТÆ

*(Æмбисонд)*

Халæттæ хæдмæл куы хордтой...
Хинымæр тæрхæттæ кодтой:
«Рагæй нæ нæ уарзынц мæргътæ,
Удхæссæг сын у нæ хъæстæ.

Афтæмæй кæм и нæ хуызæн! –
Нæй æмбал нæ конд, нæ уындæн.
Нозт, хæрдыл нæ кæнæм сагъæс.
Сис, мæлхъы систæй – нæ дарæс».
Хъуыста халæттæм лæмбынæг
Уæд гæркъæраг, дам, дзæгъындзæг.
Рагæй уыд сæ митыл ахуыр:
Халон халоны цæст къахы?!
Дзуры сæм: «Уæхи ыстаут,
Сис, мæлхъы систæ ныссадзут,
Халоны цыфæнды ма схон,
Тугдзых у уæддæр, хæдмæлхор!»

* * *

Сæумæраджы. Æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ хицæн кæнын нæма байдыдтой. Терк хурыскæсæнырдæм ласы ихы фæзгъæртæ, цæмтæ. Терк æндонау цъæх дары. Цæст не 'ххæсы йæ дæргъыл. Йæ галиу фарс зына-нæзына сау дары æвзонг хъæд. Бæлæсты цъуппытæ æрцытау лæууынц. Мигъ цагъд къуымбилау тæнæг æрбадти зæхх, дон æмæ хъæды сæрмæ. Галиуырдыгæй мæй йæ цалхыдзаг, мадзурайæ, æфсæрмхуызæй фæлгæсыди фæдисы бæстæмæ.

Уый æрвон мæй нæ уыд...

Уый уыди мæ иунæг, ме 'нæферохгæнгæ Литæ...

*1942 азы февраль*

## ХÆСТОНЫ ФЫСТÆДЖЫТÆЙ

*Скъуыддзæгтæ*

* * *

«Хæстон хъуыддаг, æвæдза, æнæуи граждайнаг царддæй чысыл æндæрхуызон у. Рæвдз архайын хъæуы, хъаруджын æмæ арæхстджын уæвын – уыдон хъуамæ уой хæстоны сæйрагдæр миниуджытæ. Æз кæнын хуымæтæджы хæстон лæджы кой. Æфсады рæнхъыты фылдæр ис ахæм адæм. Æмæ уыдон фæндагыл куы фæраст вæййынц, уæд уыдон æййафын хъуыддаг у. Уый йæ бон кæмæн нæу, уый у æнамонд. Демæ цы фæсивæд уа,

уыдоны ӕмрӕнхъ цӕуын та дӕ бон куы уа, уӕд дӕхи хъуамӕ хонай амондджын. (...)

Абон пулеметӕй фондз ӕхсты фӕкодтон – фыццаг хатт. Топпӕй ӕхсын зындӕр у. Топпӕй та уал ӕртӕ ӕхсты фӕкодтон. Ӕртӕйӕ мысаныл ауади дыууӕ (хорз). Хицӕуттӕ мӕ алыварс амбырд сты, цӕй хорз ӕхсы, зӕгъгӕ. Интеллигентик ӕнхъӕл мын уыдысты. Уымӕй ма худӕгдӕр цы уа?!

*1942 азы 8 май*

* * *

«Фыссын уӕм стыр Ростовӕй. Уыдзынӕн ам. Уый ӕвзӕр нӕу: ӕфсад – бирӕ, адӕм – бирӕ, иууылдӕр ӕмызмӕлд кӕнынц. Горӕт ӕдзӕрӕгхуыз, мыййаг, нӕу. Фӕлӕ немыцӕгты фӕд тынг бӕрӕг дары – бирӕ стыр агъуыстытӕ дзы хӕлд ӕрцыди, баззадысты ма ӕрмӕст сӕ бындуртӕ. Уый кинойы дӕр ӕвдисынц. Уӕддӕр горӕт у рӕсугъд, хӕрзаив. Йӕхи цӕттӕ кӕны ног тохтӕм...»

*1942 азы 16 май*



## ХЪОДЗАТЫ Салам

*Хъодзаты Гагойы фырт Салам уыди джызæйлаг лæппу. Аст мæйы йеддæмæ йыл нæма цыд, афтæ йæ мад амард, æмæ Салам йæ хо æмæ йе 'фсымæримæ баззади сидзæрæй. Ахуыр кодта йæ райгуырæн хъæуы. Дæсæм къласы куы уыди, уæд æм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Арвыстой йæ æфсæддон скъоламæ. Сси лейтенант, афтæмæй бахауди хæсты цыренмæ. Фæстаг хабар ма дзы уыди 1942 азы.*

*Салам фыста æмдзæвгæтæ, мыхуыр сæ кодта Ирыстоны газеттæ æмæ журналты. Йæ уацмыстæй бирæтæ фесæфтысты, немыц Джызæлы куы уыдысты, уыцы рæстæджы.*

### ХОСДЗАУТÆ

Цæвæг æхситтæй ныззары,
Акалы хурмæ цæхæр.
Зад кæрдæг дасы бындзарæй.
Доны хъæр... Мæргъты пæр-пæр.

Куысты мах царды цин арæм,
Фидæнмæ дарæм фæндаг...
Чидæр ныццæлхъ ласта зарæг,
Зардæн арв нал кæны фаг.



## ХЪУЫЛАТЫ Ладимыр

*Хæсты размæ газет «Рæстдзинад»-ы арæх бакæсæн уыди Хъуылаты Ладимыры цыргъзонд фельетонтæ æмæ хъæлдзæг радзырдтæ. Æрыгон литератор худти магусатыл, æввонгхортыл, «дæснытыл», дингæнджытыл... Ладимыр уыди дзыхарæхст æмæ ныфсхаст сатирик.*

*Хъуылаты Буцкийы фырт Ладимыр райгуырди 1911 азы Æрыдоны. Астæуккаг скъола каст куы фæци, уæд ахуыр кæнын райдыдта Мæскуыйы механикон-машинæтæаразæн институты. 1933 азы партийы сидтмæ гæсгæ Ладимыр студентты къордимæ ацыди Дард Хурыскæсæнмæ æмæ куыста математикæйы ахуыргæнæгæй Благовещенскы горæты. Уырдыгæй арæх æрвыста йæ уацтæ æмæ радзырдтæ «Рæстдзинад»-мæ. 1935 азы æрыздæхти Ирыстонмæ æмæ куыста «Рæстдзинад»-ы. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Хъуылаты Ладимыр дæр ацыди тохы тынгмæ. Уыдис дивизионы комиссар.*

*1943 азы лæппуйы бинонтæ райстой æнамонд хабар: «...Уæ хъæбул Хъуылаты Ладимыр фæмард Новороссийск знæгтæй исгæйæ 1943 азы 23 январы. Кадджынæй ныгæд æрцыд станицæ Горячий Ключы».*

## ДАВОНУÆЙГÆНÆДЖЫ ФЫРТ

Мæгуыр уыди, хæрзмæгуыр, Гæдо. Бон-иу æрбацъæх. Кæрчытæ-иу сæ уасынæй фенцадысты. Адæм-иу базмæлыдысты. Уæрдæтты къуыр-къуыр, хъомы уасын, куыйты рæйд, хъæддзауты зард фæйлауæнтæ хастой райсомы уæлдæфы. Уæдиу Гæдо бауад йæ фырт Адзæмæты лыстæнмæ, рахъил-иу кодта кæрцы хæррæгъ, нымæты бызгъуыр-иу батылдта:

– Адзæмæт, райхъал у. Фест. Адæм сæ уæрдæтты хъæдмæ згъорынц, адæм сæ фос скъæрынц... Фест, мæ хур. Махмæ нæй бæх, махмæ нæй фос, фæлæ нæ цæрын хъæуы...

Рабадт-иу Адзæмæт. Айвæзта-иу йе уæнгтæ. Акъахта-иу цæсты чъиутæ сау ныхтæй:

– Хъæдмæ та цæуæм?

– О, мæ хур, о, Адзæмæт. Ма тæрс, фæхъæздыгдæр уыдзыстæм... Абон бирæ давæттæ æркъахдзыстæм. Ахæм чысыл бел дын сцыргъ кодтон, æмæ...

Уазал кæрдзыны къæбæртæ-иу ахордта Адзæмæт æмæ та-иу йæ фыд Гæдойы фæдыл араст.

– Дада, ме 'рчъийы гæмттæ мын нæ бампъызтай. Цы нæ дзы ныхсы, иу ахæм нæй. Знон та мæ зæвæты авджы саст сныхстис, æз дæр æй феппæрстон æмæ дзы цъыф анадтон, фæлæ уæддæр йæ туг хъардта. Куыд рыст, уый зоныс? Стæй, хæдæгай, мæ хæлафы скъуыдтыл пыхсытæ фæхæцынц, æмæ тынгдæр аскъуыйы... Ног худ та мын кæд бахуыйдзынæ? Ныридæгæн куы фæуазæлттæ...

Балæууыдысты-иу таурæгътæгæнгæ хъæды. Мæсчъы былтыл-иу давон агурын байдыдтой. Æркъахтой-иу дзæвгар, стæй-иу хæрынмæ æрбадтысты. Гæдо-иу лæппуйæн зæрдæтæ æвæрдта:

– Нæ хордзентæ байдзаг кæндзыстæм. Æз æндæр хъæутæм ацæудзынæн, ды та нæхи хъæуы уæй кæндзынæ. Æхцайæ фыццаджыдæр дæуæн балхæндзыстæм æрчъиаг-дзабираг, хæлайфаг... Афтæмæй дын суанг кæрцамал дæр скæндзыстæм зымæгмæ. Ныр та фезмæл, далæ коммæ ныууай æмæ дон сдав. Амы донимæ кæрдзын адджын у, тынг адджын.

Иубон та коммæ ацыд Адзæмæт йæ дурынимæ. Донимæ куыд фездæхт, афтæ йæ къах цæуылдæр скъуырдта æмæ фæфæлдæхти уæлгоммæ. Асхъиудта дурын, атылди дæлæмæ, иу дурыл ныццæхх. Сæ исбон дурын, донæй сæ чи 'фсæста, давæттæ кæм æфснайдтой, уыцы æнувыд чысыл дурын... ныццæхх! Адзæмæт йæ мидбынаты сагъдæй аззади. Дзых фæхæлиу, фæтасыдысты уæрджытæ, йæ мидбынаты æрбадт. Дада мæ маргæ кæндзæни, зæгъгæ, кæуынтыл схæцыд. Ирд цæстысыг цæппузыртæй згъоры чъизи уадултыл.

Гæдо кæуын айхъуыста. Куырæты фæдджитæ фæсрон асагъта. Йæ бел йæ къухы, афтæмæй схъиудтытæгæнгæ фæтæхы уырдыгмæ:

– Цæуыл кæуыс? Цы кодтай?

– И-и-и... Мæ, мæ-æ-æ ду-ду-дурын...

– Æ, хайуан, мæ дурын мын ныссастай! – Гæдо йæ хъустæй фелвæста лæппуйы, дзæхст уадулæн.

Сывæллоны цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Æрбайрох дзы йæ кæуын.

– Хæдзархæлд мæ бакодтай! Чердæм кастæ, хайуан? Додой мын дæ мæрдты къона кæны! Сыдæй дын æнæ ныммаргæ нæй! – йæ загъдæй нал æнцади фыд.

Дыууæ боны Адзæмæтæн кæрдзын нал радта, иннæ хатт ахæм куыст мауал бакæна, кæннод мæ афтæмæйты хæдзаруат кæны, зæгъгæ.

Æрхастой-иу давæттæ хъæмæ. Адзæмæт-иу ацыд уынгты хъæргæнгæ:

– Давæттæ, да-а-а-вæттæ!

Уадысты йæ размæ:

– Давон, æгас цу! Цас у дæ давон? Давон! Радав сæ! Дæ хæлаф та...

– Æртæ капеччы къусы дзаг.

– Афардæг у, Давон, дæ фароны фистимæ! Алæс, уый дын æртæ капеччы! Цавæр æртæ капеччы у!

Афтæ æдзухæй дæр. Йæ ном Адзæмæтæй Давонмæ ивд æрцыдис æгас хъæуы.

– Уæ, Давон, зымæг дыл æрцæуы!

– Уæ, Давон, дæ хæлаф та байгом!

– Уæ, Давон, Давон! Сыфтæ дыл нæма зайы?

Давон дæр хаста. Уæй дæр кодта. Кæугæ дæр кодта. Бел дæр цыргъ кодта. Раджы дæр стад. Уæддæр йæ лыстæн нæ фæхуыздæр. Уæддæр хæлафы скъуыдтæ стырдæр кодтой. Уæддæр йе 'рчъитæ гæмттæй хаста. Уæддæр нымæты гæбаз сæрæй нæ хицæн кодта. Уæддæр хъæбæр кæрдзын хъарм нæ кодта...

1920 аз.

– Адзæмæт, цæуылнæ рацæуыс фæскомцæдисмæ? Зæронд цъаммар рæстæг фесæфти...

Сæргуыбырæй фæцæуы иу изæр æмбырдмæ. Уынджы астæу æрлæууыди, цæстытæ зæххы ныццавта. Хъуыдытæ сæры сæмхæццæ сты: «Ныр бацæуин, æмæ мыл куы ныххудой, уæртæ Давон æрбацыди, зæгъгæ. Ныр ма бацæуин, æмæ мæ тынг куы фæнды...»

Бацыд Адзæмæт æмбырдмæ.

Кусы Адзæмæт фæскомцæдисимæ. Ам æддагон нæу. Зиутæ аразынц – Адзæмæт æппæты разæй. Хуым кæнынц сæ зæххы хай – Адзæмæт æппæты разæй. Здæхынц куыстæй – Адзæмæт æппæты фæстæ.

Бирæ ног цыдæртæ хъусы æмæ уыны Адзæмæт. Мæнæ аразынц Беслæныхъæуы цавæрдæр завод. Адзæмæт – кусæг. Адзæмæт – завод аразæг. Адзæмæт иннæтимæ – заводы хицау. Уым уыди лодыртæ – Адзæмæт сыл худти. Бирæ фæскомцæдисонтæ

фæстæмæ сæ хъæумæ лыгъдысты – Адзæмæт сыл худти. Йе ‘мбал Цæраимæ баззадысты бындурон кусджытæй. Машинæтæ æмæ чиныг йæ уарзондæр хæлæрттæ систы Адзæмæтæн ацы ран.

1935 аз.

Гæдо æрбацæуы Беслæны комбинатмæ. Йæ фырты фенынмæ. Дистæ кæны комбинаты бæстыхæйттыл: «О-о-о! Ныр мæ исчи куы афæрсид: «Уыци-уыци, уæлæ цары цæхæры кæфой?» Дзуапп ын авæрин: «Беслæны маисон комбинат изæрыгон!» Уæртæ иу чызг æрбацæуы. Гæдо йæ фæрсы:

– Гъей, чызг, дæ хорзæх мæ уа! Адзæмæты цы зонай?

– Цы куыст кæны?

– Æнахуыргонд лæппу... Белимæ куыста нæхимæ æмæ белимæ кусдзæн ам дæр, æндæр цы?..

– Ахæм Адзæмæт нæ зонын.

– Уæууа, уæдæ кæдæм фæцæуон? Ау, уæд мын куыд ницы фехъусын кодта?.. Ацыди та, æвæццæгæн, исчердæм...

– Фæлæуу-ма, иу нæм ис Адзæмæт – хистæр механик, чи зоны, уый йæ зондзæн.

Ацыди чызг Адзæмæтмæ. Гæдо хъуыдытæ кæны: «Уæдæ хуыцауы ‘лгъыст кæдæм фæцыдаид?»

Æруайы Адзæмæт. Гæдо æдзынæг кæсы: «Уый, махæй чи рацыд, уый нæу. Ай цавæрдæр инженер куы у...»

– Гæдо!..

– Адзæмæт!..

## ПУН СИЙЫ ФЫСТÆГ АХÆСТОНÆЙ

Цы нæ фаг кодта Пун Сийæн, фæлæ «хуыцауы фæндоны ныхмæ кæй цыд, уый тыххæй йæ» хуыцауы адæм æмбисæхсæв Санчагойы ахæстоны аскъæрдтой. Санчаго у китайаг сахар. Ис Манчжуры. Арæнмæ хæстæг. Пун Си уыди сахары посты кусæг.

Фæлæ цыргъ галифеджынтæ Пун Сийы хуызæтты ахæстоны уадзыныл нæ ныллæууыдысты. Уыдон зонынц, Пун Ситæ кæй «рынчын кæнынц Советон Цæдисы низæй».

1929 аз. Август. Иуæхсæв урс æфсæдтæ арæнæй æрбакалдысты «ура» хъæргæнгæ. Фæсте сæм уырыссаг афицертæ дзырдтой: «Уссиу» зæгъут, «уссиу»!

Бомбæтæ зæххы цъар стыгътой. Сырх Æфсад сыстад. Æрæвæрдта рæнхъ сармадзантæ. Танктæ стыбар-тыбур кодтой.

Аэроплантæ сыстадысты. Ассæстой сæ гуыры æмбæрц быдырты. Ахастой урс æфсæдты сæ хъæлæсы. Сæ фæд-фæд сæ фессæндынц, бæлæсты цагъд кæнгæ. Батардтой сæ арæныл. Урсытæ сæфынц, Китайы быдыртыл судзы тох. Æрмынæг. Урсытæ сæ къухтæ хъилæй зонығыл лæууынц.

Сырхытæ «бауазæг» кодтой Санчагомæ дæр. Дивизийы командир Ануфриев телефон райста æмæ Харбинмæ хъæр кæны: «Китайы паддзæхтæ! Цæттæ дарут уæхи, райсом уæм сихæрттыл уæлдæфæй æрхиздзынæн».

Ацы уац фехъусгæйæ Харбины дæр сæ уд кæм нæ ауадаид! Санчагойы хъæздыг адæм фæлыгъдысты. Сæ мулк баззад. Ахæстæтты дуæрттæ байгом сты. Рацыди Пун Си йæ фыртимæ. Ныхъхъæбыс кодта командиры. Сарæзта митинг. Ван у Пун Сийы фырт. Ван ныккуыдта, сырхытимæ цæуын, зæгъгæ. Ван уыди ногдзау. Йæ хъуырыл бабаста сырх галстук. Сырх галстукимæ уынгмæ кæй рацыд, уый тыххæй йын тæрхонгонд æрцыд 8 азы ахæстоны фæбадын. Дыууæ азы дзы ныр ахицæн. Пун Си сразы: Ван сырхытимæ ацыди.

1930 аз. Пун Си та ахæстоны бады.

1931 аз. Японимæ хæст.

1932 аз. Япон Манчжуры байста.

1933 аз. Пун Си ахæстоны.

1934 аз. Пун Си ахæстоны.

Кæдмæ уыдзæни Пун Си ахæстоны? Ван ныртæккæ ахуыр кæны Сырх Æфсады скъолайы. Сдынджыр и. Бадæм уаты. Ванмæ фыстæг Китайы ахæстонæй. Фыстæг Пун Сийæ:

«Ван, ахуыр кæн тох кæныныл. Зынтæй ма тæрс. У хъæбатыр... Дæ мад амарди. Сывæллæттæ цы фесты, уый бæрæг нæй. Ногдзаутæ мæм сусæг фыстæг ныффыстой, мах сæм нæ цæст дардзыстæм, зæгъгæ.

Мæ хъару байсысти. Бахус царм стджытыл. Мæлæм сыдæй. Авд уыдыстæм, æмæ нæ цыппар амарди. Сæ мæрдтæ сын кæдæмдæр аппæрстой. Мах дæр а дыууæ боны сæ фæндагыл хъæуы. Нал фендзыстæм. Искуы, чи зоны, сывæллæтты куы фенай, Ван, уæд сæ-иу мæ бæсты дæр дæ хъæбысы акæн, мæ хур. Армæй дæм не ххæссын, фæлæ дæ зæрдæйæ мæ хъæбысы кæнын. Фынæйы размæ мæхицæн фæзæгъын: «Тæхуды, бафынæй у æмæ мауал райхъал у, уæддæр тохæн куы нæуал дæн». Цæй, мæ хур, Ван, хæрзбон у. Хæрзбон.

Бирæ, тынг бирæ дæ чи уарзы, уый.

Дæ фыд».

Цас барухс уыдаид Ванæн йæ зæрдæ ацы фыстæгæй. Каст æй куы фæци, уæд йæ къухæй æрхаудта. Цæстытыл сау мигъ абадти. Бафæндыд æй фæстæмæ йæ райгуырæн бæстæм. Йæ мады ингæн бацагурын. Йæ чысыл хотæ æмæ æфсымæрты ссарын, уыдон йæ хъæбысы ныккæнын. Йæ фыды тухиты тыххæй афицертæй йæ маст суадзын. Фæлæ... арæнæй хизæн нæй...

Ныуулæфыд уæззау улæфтæй, систа фыстæг æмæ та кæсы: «Тæхуды, бафынæй у æмæ мауал райхъал у».

– Ладимыр, ацы ныхæстæ афтид мæ фыд нæ зæгъы. Бирæтæн сæ бон нал у сæ сывæллæтты дарын. Бирæтæ ахæстоны мæрдон фæлмæцыд скодтой. Бирæ минты бахордта мæгуырдзинад. Сæ хъару нал у. Царм кæй нæ уромы, ахæм митæ сын кæнынц мулкджынтæ. Сæ цард сæм ингæнæй хуыздæр кæсы!

– Ван, фæхъæбатыр кæн дæхи. Тохы бон дард нал у. Фæллойгæнæг адæм бадардзысты сæ зæрдыл ацы митæ æмæ сæ хæс райсдзысты мулкджынтæй... Цом киномæ. Ферох кæн дæ фыстæг. Дæ бон циу ныртæккæ! Æнкъардæй цы рауайдзæни? Революци æнæ зиан нæ вæййы. Уый та Китайы революцийæн йæ райдайæн у... Цом, цом...

Фæрсæй-фæрстæм æрбадтысты ирон æмæ китайаг – дыууæ æфсымæры. Ван ироны уæхскыл æркъул кодта.

## НАРД УАРАЙ!

Бонсихорафон Цæгирцæдисы базарадон хайады хицау Куцийы цур æрлæууыди ныллæггомау сырхдзæсгом лæг:

– Æз товартæм æрбасирдтон!

– Гъы, кæцæй?

– Кæцæй, зæгъыс? Æз æрбасирдтон уæртæ... Фæлæуу-ма, цы хуынди? Уæуу, мæрдырох мыл куыд бахæцыди! Рагæй дзы нæ кусын æмæ мæ ‘рбайрох вæййы... О, о, Хæзныдонæй!

– Дæ мыггаг та кæмæй у?

– Дæ мыггаг, зæгъыс? Дæу мыггаг – Куци...

– Дæхи мыггаг, дæхи!

– А-а-а, мæхи мыггагæй мæ фæрсыс? Мæхи мыггаг... м-м-м... Мæнæ мæ куыд æрбайрох и, мæнæ! Басиров, Басиров!

– Æмæ дæ цас хъæуы товартæ?

– Бирæ мæ нæ хъæуы. Авæрут уал мын иу 20 мин сомы аргъ, стæй та фендзыстæм, æцæгæлæттæ, мыййаг, куынæ стæм.

Куци райста ручкæ æмæ æрфыста фактурæйыл: «Хæзныдоны ЕПО-йæн товартæ раттут... Куци».

«Басиров» байдзаг кодта уæзласæн машинæ 23 мины аргъ товартæ æмæ афардæг... «Хæзныдонмæ».

Мæйы фæстæ та «Басиров» ногæй фæзынди Цæгирцæдисы.

– Зæгъ, цас дæ хъæуы товартæ?

– Бирæ нæ хъæуы, иу 17–18 мин сомы аргъ! Уыйфæстæ та фендзыстæм.

Машинæ та уайтагъд айдзаг товартæй...

Рæстæг цæуы. Иубон Куци фæрсы йæ дæлбар лæджы:

– Хæдæгай, Хæзныдон сæ 40 мины нæма рбарвыстой?

– Нæма.

– Æмæ цы ми кæныс? Марадз-ма, адзур сæм телефонæй!

– Алло! Хæзныдоны ЕПО? Цæй-ма, ныр æнæхъæн дыууæ мæйы куы рацыди. Уыцы хцайæн цы кæнут?

– Цæй æхца?

– Куыд цæй æхца? Басировæн-ма зæгъ. Ратт-ма йæм хæтæл.

– Уый та чи у? Хæзныдоны ахæм мыггаг нæй.

– 40 мин сомы аргъ Цæгирцæдисæй товартæ аластат æви нæ?

– Махæй æрæджы горæты дæр ничи уыд.

– Ау, уый та куыд?

– Афтæ... Æмæ йæ паспорты дæр Басиров фыст уыд?

– Йæ паспорты, зæгъыс? Æмæ йын йæ паспорт, æнхъæлдæн, куынæ федтам?

– Æууæнчы гæххæтт дæр æм нæ уыд?

– Æууæнчы гæххæтт, зæгъыс? Уæллæй... Æнхъæлдæн дзы ахæм дæр нæ бацагуырдтам.

– Агурут æй уæдæ ныр! – зæгъгæ, Хæзныдоны ЕПО хæтæл æрæвæрдта...

* * *

Цæгирцæдисы фарсмæ – ресторан. Дзаг фынг. Нозт, хæринæгтæ. Давæджыхъо æмæ Къæрныхыхъо рудзынгæй Цæгирцæдисмæ бакæсынц æмæ... тыппырхæлдтæ кæнынц.

– Цæй, æмæ сæм ныр та кафгæ бакæнон!

– Нæ, нæ! Базондзысты дæ!

– Кæй? Мæн? Æмæ ныр «Хæзныдонæй дæн» нал зæгъдзынæн. Зæгъдзынæн: Æрыдонæй дæн, Бакафов – мæ мыггаг. Æниу цæуыл тыхсын, Цæгирцæдисы разамонджытæ мыггагæй дæр нæ фæрсынц...

## КЪРЕНДЕЛИТЫ ХАЛ

Халон, мæгуыр, йæхицæн æнцад бадти, сагъæстæ кодта, йæ сæр æруагъта: «Ныр цы ахæрдæуа, кæм цы ссардæуа? Гæныстон æрбауа уæвгæйæ та, кæд мæнæй зындæр царды ничи ис! Иу нæмыг ссарыны тыххæй ратæх-батæх кæн! Агур! Къах фаджыстæ! Цæй цард у ай?»

Уый бирæгъ ауыдта – хуыцау дын ахæм хорз ракæна! Фæхъуызы йæм. Йæ цæстытæ цæхæртæ калынц. Тæрсы, куы стæха, уымæй. Уыцы иу лæбурд æм фæласта, æмæ халон бирæгъы дзыхы фестад: «Æ-гъи! Бирæ мæ фæмæстæй мардта! Ссардтай ныр дæ бынат!»

«У-у! Дæ хорзæхæй! Хъуахъ-хъуахъ! Цы дæ фæнды, уый мын бакæн, хæргæ дæр, æрмæст мын мæ хъуырыл къренделиты хал ма рцауындз æмæ мæ былæй ма аппар».

Бирæгъ фæдис кодта, ау, къренделитæ йын ахæм маст скæндзысты, зæгъгæ.

«Дæ-дæ-дæй! Уый мын ма бакæн, фæлтау мæ ныртæккæ ахæр!»

Бирæгъ халонмæ мæсты уыд, æмæ уæдæ йын стырдæр цы зын у, уый бакæнон, зæгъгæ, къренделитæ алхæдта. Æрцауыгъта йын хал йæ хъуырыл æмæ йæ былæй фехста: «Уый дын афтæ уæдæ, гъе!»

Халон атахти. Минас – хъуырыл. Фæстæмæ дзуры: «Нæ зоны халон дæ хуызæтты сайын!.. Миау, ныр мæ фæстæ кæс хæлиудзыхæй!»

...Уæсчен æмæ Еуджен магусатæ сты. Исты куыстыл хæст кæй не сты, уый тыххæй сæм тæрхондонмæ фæсидтысты. Цы уын бакæнæм, зæгъгæ, сæ тæрхоны лæг фæрсы. Уыдон æмхъæлæсæй фæцырд сты: «Маргæ дæр нæ акæнут, фехсут нæ, æрмæст нæ къæбицгæстæй ма сæвæрут. Нæ уды марæг у уыцы куыст!»

«Ау, уымæй тарстдæр ницæмæй кæнут?»

«Уæллæй-биллæй, ницæмæй!»

Уæд сын тæрхоны лæг дæр бирæгъы хуызæн куыст бакодта: бадзырдта заводы директоримæ æмæ Уæсчен – хæрæндоны хицау, Еуджен – хистæр хæринаггæнæг.

Халонæй адонæн æвзæрдæр минас кæм уыдаид! Алы бон дæр уæлдай фыхтой 400–500 сихоры. Уыдон лæвæрдтой æхсæвæрæн, æхсæвæры продукттæ та – сæхицæн. Æрбахуыдтой дыууæ дзæбæх чызджы, æмæ... Сæ дзырд иумæ бады. Уыдон сты чекты хицау – æхцайы хицау... Лæгтæ аразынц чектæ æнæ мыхуырæй. Гæххæтты гæбазыл кърандасæй афысс... Куы дæ бахъæуа, уæд та – ноджыдæр... Уæлдай æхца – дзыпмæ.

Ревизи сæ куы абæрæг кодта, уæд сбæлвырд: 35000 сомы

сæм уæлдай разынд! Уый кой дæр кæнынц! Мæ фыдгул 35000 сомы кой ракæна!

Тæрхондон ныр та хъуамæ ахæм уынаффæ рахæсса: «Сæ гуыртыл къренделиты хæлттæ æмæ – уæлдæр бынатмæ!»

## ÆРТÆ ЗÆГÆЛЫ

Бон базмæлыди. Ног чындзытæ сæ сыхæгты рудзгуытæ гом кæнынц. Уасынц уасджытæ. Хъуысы Терчы сæр-сæр. Мæнæ устытæ дон фæхæссынц. Сæлимæт Госæдайы фæурæдта:

– Кыс-кыс! Æрæвæр-ма дæ бедратæ. У, Госæда, дæлæ Бызыготæм диссаджы дæсны. Цæмæйдæриддæр æй бафæрсай – уайтагъд дын æй зæгъдзæни. Цыфæнды хъуыддаджы тыххæй дæр дын бæлвырд ныхæстæ ракæндзæни. Мацы йын бавгъау кæн. Алцыдæр исы. Æмæ кæд Батджерийæн исты хос скæнид...

Бады дæсны Гикка цъæтджын сынтæджы. Исчи йæм куы бацæуы, уæд ын сæрæй акувы æмæ уæздан хъæлæсæй фæзæгъы: «Куыд хорз адæм сты уæвгæйæ та ацы хъæу: фæлмæн, уазæгыл æнувыд, кæрдзындæттон. Æз тæккæ дæр ахæм адæмы уарзын».

Мæнæ бацыд уатмæ Госæда дæр. Гикка йæ хъæбысы стыр тæбæгъ бакодта, райста хъæдуртæ æмæ сæ æртыгæйттæй æвæрын райдыдта. Нæй, нæ бадынц йæ хъæдуртæ нывыл. Цыма сæ дзых æппындæр никæуыл ис, уыйау ныхъхъус сты! Ахæм «гоби» хъæдуртимæ Гиккайæн йæ бон нал уыди дарддæр «кусын» æмæ бахудти Госæдамæ:

– Цæвиттоны хъуыддагæй, тынг æхсызгон хъæуынц æртæ зæгæлы. Зæгæлтæ хъуамæ уæ кæртæй рахæсгæ уой.

Госæда цæрдæг рауад, хъæуы дуканийы алхæдта зæгæлтæ æмæ сæ бахаста. Гикка æртæ зæгæлы куы ауыдта, уæд сагъдæй баззад, ныдждждих. Æппынæрæджиау сфæрæзта:

– М ‘арт бауазал, адон та цы сты?

– Зæгæлтæ.

– Мæ хæдзар бахорз, æмæ дын æз ахæмтæ загътон?

– Уæдæ? Цæфхады зæгæлтæ хъуыд?

– Уæууа, ныр мæ куыннæ бамбæрстай? Æз зæгæлтæ цы хонын, уый зоныс? Цæрвджын уæлибæхтæ! Уæ гормон, хуымæтæджы адæмы хуызæн ын дзурæн нæй, хуыцау мын æй нæ загъта, хъуамæ йæ фæсномыгæй æмбарат.

Цасдæр рæстæджы фæстæ Госæда, царвы чи ленк кодта, ахæм тæнцъар уæлибæхтимæ бараст Гиккамæ. Барухс дæсныйы зæрдæ:

– Афтæ, мæ хур, гъе! Уыцы ныхасмæ Госæда Гиккайы раз-

дарæны дзыппы авæрдта иу туман, стæй йын йæ дæлармы бакодта æртæ метры сау сатин.

– Мæ хæдзарыл, цы дзæбæх хъуымац у? Нал уæм дзы ис? – бахудти Гикка, стæй райдыдта Батджерийы тыххæй. – Фырыты дзуар æй ралгъыста, æрæджы йын кусарт кæй нал акодтат, уый тыххæй. Найфаты кувæндоны йын кусарт акæнут. Найфаты зæдтæн уæ уæрджытыл лæугæйæ балæгъстæ кæнут... Йæд та, Госæда, иучысыл уæм зад нæ уыдзæн?.. Айсæтæн та Лæгтыдзуары аххос у, æмæ йæ мысайнаг... нартхоры голлаг. Сæлийæн – Мадымайрæмы аххос, йæ мысайнаг... фондз туманы... Дыккаг бон Гикка йæ «фæллæйттæ» Быдзыгойы хæрæгуæрдоны æрцамайын кодта, хæрзбон загъта Таладжыны хъæуæн. Стыр фæндагмæ йæ ныххæццæ кодтой Быдзыгойы дыууæ фырты. Уым ыл райæххæсткомы машинæ æрбамбæлд, æмæ Гикка Тæтæртуппы бынты дзæгъдзæгъгæнгæ ныффардæг Каконджыны хъæумæ йæ фæрныг хæдзармæ. Уырдыгæй ма райæххæсткомы сæрты Таладжынырдæм иу каст ракодта æмæ загъта:

– Хъæздыг хъæу у, æвæдза, Таладжын, стæй нæ райæххæсткомы сæрдары æфтæмæбил дæр дзæбæх у...

## УЫРЫТЫ СЫДÆЙ МАРЫНЦ

Уырытæ чиныджы кæсын байдыдтой. О, мæ хур. Дæлæ сын Æрыдоны та сæрмагонд кæсæндон байгом кодтой. Уырыты хицауæн сæвæрдтой æрыгон чызг Натъайы. Æрмæст сæ арæх нæ бæрæг кæны, æмæ дзы тынг разы не сты.

Иуахæмы Натъа рацыд кæсæндонмæ. Байгом ын кодта йæ дуар. Уырытæ ракалдысты къуымтæй. Ацарæзтой æмбырд. Сæ хистæр Кокола рацыд размæ. Бакаст Натъамæ:

– Ды хицау дæ? Цавæр хицау дæ ды? Исчи ма йæ кусджытæм ахæм цæстæй кæсы? Цы уавæры нæ ныууагътай? Кæдмæ нæ хæссынмæ хъавыс зæронд газеттæ æмæ чингуытæй? Дзул æмæ фыд ды куы уарзыс, уæд дзы махæн нæ гуыбынтæ фæрисдзысты? И?! – Стæй Кокола фездæхт йе ‘мбæлттæм: – Æз æвæрын фарста цæхгæр: аивæм нæ хицауы, мары нæ сыдæй!..

Натъа куы старсти, уæд сыл йæ гæндзæхтæ сцагъта:

– Абырут ардыгæй, кæсæндон «Уæлахизы» колхозонты у!..

Уырытæ дын уый фехъусой – уайтагъд фæхъуырдухæн сты:

– Ау, уый та дын цы ныхас у? Æмæ мах «Уæлахизы» колхозæй не стæм!

– Ардыгæй ацæут, марын уæ!
– Миау, æмæ марыны бар чи радта?
Натъайæн йæ цæстытæ атартæ сты. Йæ туг тугдадзинты фæдзæгъæл... Фездæхт. Куы йæ расурой, уый тæссæй сыл дуар ахгæдта. Авæрдта та йыл гуыдыр:
– Емынæ уæ хурхыты.

*1934*

## БИРÆГЪЫ НУАР

Æнамондыл теуайы сæрмæ дæр куыдз хæцы. Ай-гъай. Кæй нæ уарзæм, мах чи нæ уарзы, уыдон амондæй æнæхай фæуæнт.
Акъонимæ кæрæдзимæ хæрам зæрдæ нæ дарæм. Уарзы нæ. Мах дæр æй уарзæм. Амондæй æнæхай куы фæуыдаид, уый нæ æппындæр нæ фæндыд, фæлæ фæци æмæ йын мах бон циу?
Цæвиттон, чидæр ын йæ сæрбæттæн æмæ ноджы цыдæр дзаумæттæ адавта. Давæгæн йæ хуыздæр куы амæлид, уастæн, Акъонæн цас зæрдæниз скодта!
Фæлæ адæм хорз сты. Йæ сыхаг ус Гæлæуон ын бацамыдта давæджы ссарыны мадзал:
– Самал кæ бирæгъы нуар, ссудз æй æмæ, дæ зæрдæ кæмæ æхсайы, уыдон ыл агæпп кæнын кæн. Давæг йæ сæрты куы ахиза, уæд æртæ боны фæстæ нынцъылдтæ уыдзæн.
Бирæгъы нуар хъуамæ уа цуанонтæм. Акъон араст и Дзаттемæ. Ус æм цæмæ цæуы, уый Дзатте рагацау зыдта. Бауади йе ʻфсинмæ: «Æфсин, бирæгъы нуар нæм искуы ис?» «Нæй». «Уæдæ цы бачындæуа?» «Уæлæ йын нæ роды мизг ратт. Цæмæй йæ базондзæн?» «Æцæг, æцæг! Цы хорз æрхъуыды кодтай!»
– Дзатте, уæхимæ дæ, цы?
– Мидæмæ, мидæмæ.
– Бирæгъы нуар мæ хъæуы...
– Ис мæм, фæлæ... æ... Дæхæдæг зоныс, ныр æй фынддæс азы хусæй дарын нæ цары.
– Цас дæ хъæуы, бафиддзынæн, æрмæст æй рауæй кæн.
Бафидыдтой. Ахаста Акъон роды мизг. Дуары тигъыл ын йæ иу кæрон æрфидар кодта, иннæ – цæджындзыл. Азгъордта æмæ сыхы устыты тыххæй æрласта. Кæрт байдзаг адæмæй.
– Чи ма нæй ам?
– Сæли.
– Уый нæ фарсмæ цæры, йæ рад куы ʻрцæуа, уæд æм бахъæр кæндзынæн.

– Мæ къона фехæлди! Уый та цавæр бæрзонд у! Уый сæрты чи агæпп кæндзæни? – нал фæлæууыди устытæй чидæр.

– Акъон йæ давд мæныл æвæры, æмæ мæн ауадзут æппæты разæй, – йæ къабайы фæдджитыл уæлæуæз схæцгæйæ загъта бæрзондгомау къæсхуыр зæронд ус. – О хуыцау, кæд æз уыдтæн, уæд мæ бирæгъы нуар нымпылдтæ кæнæд! – Æмæ асæррæтт ласта фæздæгкалгæ нуары сæрты.

Уыцы рæстæджы скъоладзаутæ сцæйцыдысты уынджы.

– Мулик, Мулик, дæлæ-ма кæс, нæ сыхы устытæ дæр ГТО сдаватт кæнынц! – цымыдисæй фæхъæр ласта сæ иу.

– Дæлæ-ма, Акъон сын командæ кæны!..

– Чи ма нæ агæпп кодта? – æрæджиау бафарста Акъон.

– Сæли дæ ма байрох уæд! – бадзырдтой йæм устытæ.

– Сæли! Рауай, дæ рад у! Бирæгъы нуар сыгъд фæуыдзæн!

Сæли сæм кæсгæ дæр нæ ракодта. Акъон уыцы иу тахтæй смидæг сæ кæрты:

– Ды мын сæ адавтай! Нæ уæндыс бирæгъы нуары сæрты агæпп кæнын. Куы нынцъылдтæ уай, уымæй тæрсыс. Базыдтон дæ ныр!

Сæли фæмæсты:

– Тагъд дæ гуырыконд айс мæ кæртæй! Ис закъон. Кæд мыл дау кæныс, уæд, табуафси, бадæтт тæрхондонмæ. Дæ сауæмбыд дзаумæтты мæтæй мардтæн!

– Бæрæг дæм уыдзæн... Æгайтма дæ ссардтон. Мæн æндæр ницы хъуыди. Æгайтма дæ ссардтон... – фездæхт æм Акъон.

*1934*

## ХУЫЦАУ РАТДЗÆН...

Хæдзары ма баззад æрмæст зæронд фæнык. Хъæрæсе Ханысиаты коммæ нæ каст, нæ куыста, æмæ сæ исы къæрмæджытæ кæдмæ фаг кодтаиккой?

– Уæддæр цæуылнæ кусыс, лæгай? – афарста-иу Ханысиат.

– Хуыцау ратдзæн...

– Цы ратдзæн?

– Æз дын афтæ зæгъын, ратдзæн. Хуыцау йæ адæмы сыдæй мары? Æрра сдæ, æви дын дæ хъусыл саджил хъæуы?..

– Ус-иу ныккуыдта: «Мæн дæ фыццаг чи скодта, уый мæрдты мæ тæригъæдæй авд марды акæна! Йа-гъа-гъа- гъа!..»

Лæджы зæрдæ-иу фæфæлмæн: «Уæ хуыцау, уæ зæхх, дæуæн цы æдылы къоппа ис, ды куыд ницы æмбарыс, хуыцау ратдзæн, хуыцау! Йæ адæмы сыдæй мары æви цы? Уæд ма хуыцауиуæг та кæмæн кæндзæн?»

...Æмæ, мæ хур, хуыцау дæуæн дæр авæра, иухатт хур Арыхъы рагъæй куы атылд, йæ фæстаг тынтæ сызгъæрин доны тылдæй хæхтыл куы æрызгъæлдысты, уæд Ханысиат йæхи Хъæрæсейы фарсмæ æруагъта æмæ йын йæ хъусы дзуры:

– Ма та фæтæрс, кусын дæ нæ кæнын... Абон Уарзионтæй ссад куы хастон, уæд хуымтæ белæй акъахон, зæгъгæ, ахызтæн цæхæрадонмæ. Куыддæр бел сыджыты ныссагътон, афтæ йæ хъыррыст фæцыд. Æркастæн æмæ дын... æвзист асыкк. Аивæй æрбадтæн. Сыгом кодтон асыкк, тыххæй йын сфæрæзтон йæ дуар. Асыкк кæд йæ тæккæ дзаг уыд сызгъæрин æхцайæ! Раст дзырдтай, хуыцау радта. Цом, скъахæм асыкк æмæ сызгъæринтæ бафснайæм.

Лæг бæлвырд байхъуыста, стæй йæ сæр батылдта: – Æдылы къоппа, æмæ къахын куыст нæу? Хуыцау куы дætта, уæд рудзынгæй дæтты.

– Æз сæ уæдæ мæхæдæг акъахон, – хъавы ус фестынмæ. Лæг æй йæ дзыккуйæ ацахста:

– Æнцад! Бакæс-ма ацы дзигломæ! Кæд сæ хуыцау махæн дæтты, уæд сæ ардæм дæр йæхæдæг æрбахæсдзæн.

Цас рацыдаид, чи зоны, фæлæ иуафон цар æртыдта, æмæ... сызгъæрин æхцатæ ныггæр-гæр кодтой. Хæдзар байдзаг. Ус æмæ лæг сæ хъæццул рахъил кæнын дæр нал фæрæзтой. Уæд Хъæрæсе Ханысиатмæ бахудт æмæ йæм йæ цæст фæныкъуылдта, ома, куыд дæм кæсы?

Хъæрæсе стыр сахары стыр галуантæ æрæлхæдта. Дард бæстæйæ диссаджы æртыкъахыг фынг æрласта. Зæрдæ цы нозт, цы минас загъта, æмæ-иу уыцы фынгыл цы нæ февзæрди! Амæйай рæсугъддæр чызджыты æрбаласта Хъæрæсе алы рæттæй. Фæндырæй йын цагътой, кафыдысты, зарыдысты йæ фæйнæфæрсты, алыхуызон дидинджыты пуцæлттæ йын хастой.

Стыр хъазæн фæз саразын кодта йæхицæн, йæ уæлцъар хъулон авгæй æмбæрзт. Йæ цæлхытæ дæр хъæдабæйæ кæмæн уыдысты, ахæм файтоны-иу сау рувæстæ баифтыгъта Хъæрæсе, æмæ Ханысиатимæ сæ зæрдæйы дзæбæхæн тезгъо кодтой.

Балхæдта ноджы æнахуыр сынтæг. Уыцы сынтæгмæ ахæм миниуæг уыди, æмæ-иу хуыссæнтæ йæхæдæг акодта, куы-иу бахъуыд, уæд та сæ-иу бафснайдта. Суанг ма-иу Хъæрæсейы

уæлæдарæс дæр раласта. Иухатт та дын куыддæр æмбисонды хуыссæнтыл йæхи æруагъта æмæ йæ мидбылты бахудт, афтæ...

Фехъал... Хæдзары сæр дзала бамбыд æмæ йыл уырдыгæй дон цъыкк-цъыкк кæны.

## ФЫСТÆГ ФРОНТÆЙ

Амондджын хабæрттæ хъусут, мæ зынаргъ, мæ уарзон фыд, мад, æфсымæр, хотæ: Аминæт, Лизæ, Азик æмæ Дзантемик!

Рæсугъд бæстæ у Гуырдзыстон, бирæ сæн дзы ис, аслам дыргъытæ, мандаринтæ...

Сау денджыз уылæнтæ хæссы. Рагъы хуызæн уылæнтæ кæрæдзийы сурынц – фынк сæ сæрыл æнхъæвзы. Исчи уæ федта, цы, зымæгон æрра уылæнты дугъ, исчи уæ фехъуыста, цы, денджызы зыр-зыраг хъарджытæ зымæгон? Уæззау хъæлæсæй йæ цъæхснаг ниуд? Чи зоны, амондхæссæг мын сты... Æви æнамонд бонтыл сæ цæссыг калынц? Цавæр фынкджын уылæнтæ сты, цæуыл ризын кæнынц кæмттæ æмæ урссæр бæрзонд хæхтæ?..

Цæй, рæсугъд бонтæ сурæг, амондджын цардыл зарæг сæ хуыцау фæкæнæд – цинтæ нын куыд æрхæссой!..

...Мæ зæрдæ тынг æхсайы Валодямæ, Бимболатмæ, Муццæмæ. Алы ‘хсæв мæ фыны Валодяимæ архайын. Дысон та мын Муццæ балалайкæйæ цагъта, æмæ йæм æз кафыдтæн!..

Тæхуды, цы фестут, уый чи базоны! Уæ хæдзар... Цы хæрут? Цы фесты сывæллæттæ? Кæд ма æгас сты, уæд цæмæй цæрынц?

Хæсты быдыры адæймаг фыстæджытæ фыссыныл нæ вæййы, æмæ мæ хабар æрæгмæ куы исат, уæд-иу тыхсгæ ма кæнут!

Цæй, æнæниз ут! Ахæм бон ныл скæнæд, кæрæдзийы та куыд фенæм!

Ладимыр.

Сау денджызы был.

*1943 азы 12 январь*



## ЦОМАРТАТЫ Батыр

*Цомартаты Бесланы фырт Батыр райгуырди 1913 азы Гæналы хъæуы. 1919 азы йæ бинонтæ ралыгъдысты Комсомольскы хъæумæ. Ам лæппу каст фæци авдазон скъола æмæ бацыди Цæгат Ирыстоны педагогон техникуммæ. Каст æй куы фæци, уæд ахуыргæнæгæй кусын райдыдта Комсомольскы хъæуы райдайæн скъолайы.*

*1933 азы Батыр ахуыр кæнын райдыдта Калинины танкистты скъолайы. Уырдыгæй рацыди лейтенанты цинимæ. 1936 азы фашисттæ Испанийы республикæйы ныхмæ куы сыстадысты, уæд Батыр дæр ацыд йæ интернацион хæс æххæст кæнынмæ. Испанийы фæцис афæдз æмæ ‘рдæджы бæрц, уыди танкты ротæйы командир, карз хæсты фæцис уæззау цæф.*

*Фыдыбæстæйы Стыр хæсты агъоммæ Цомарты-фырт каст фæци Ворошиловы номыл Хæстон академи. Уырдыгæй ацыди тохы цæхæрмæ. Хæсты фыццаг бонты æрыгон афицер ногæй уæззау цæф фæци. Бирæ рæстæг уыдис æфсæддон рынчындоны. Куы сдзæбæх, уæд ракуырдта, цæмæй та йæ арвитой хæцæг æфсадмæ. Фæлæ тынг кæй фæсахъат, уымæ гæсгæ йын фронтмæ æрвитæн нал уыд, æмæ йæ ахуыргæнæгæй снысан кодтой Фрунзейы номыл Хæстон академийы. Уым æрыгон майор акуыста цалдæр азы. Фæлæ йæ æнцой нæ уагътой йæ хъæдгæмттæ. 1945 азы Батыр амарди.*

*Йе сгуыхтыты тыххæй Советон хицауад Цомарты-фыртæн саккаг кодта Фыдыбæстæйы Хæсты дыккаг къæпхæны орден æмæ къорд майданы. Батыры къухфыстытæ æмæ æвдисæндартæ æфснайд сты Къостайы номыл литературон музейы.*

### ДÆУÆЙ КÆСЫ ХУР

Нæ фидæн, мæ уарзон,  
Дæуæй кæсы хур.  
Ыскодтам дын абон  
Мах фидар бындур.

Хъазуатон – нæ ахаст,
Нæ къабаз – мæцъис.
Цæргæсау – нæ бакаст,
Æрдз мах къухты ис.

Нæ къæхты уынæрæй
Фыдызнаг тæрсы.
Хур дисгæнгæ арвæй
Нæ куыстмæ кæсы.

*1933 азы 8 февраль, Мæскуы*

## БАЙРАЙ, ИРЫСТОН!

Ирыстон, Ирыстон!
Цæй, байрай та ногæй.
Дæ уындæй, дæ кондæй
Мæ уæнгтæ сты рог.
Дæ астæу фæцардтæн
Æххормаг, тыхстæй.
Æххуырстæй фæхаттæн.
Цæй зын-иу уыд, цæй!
Фæлæ-ма æрбакæс,
Цы хуызæн ысдæн:
Æфсæддон – мæ дарæс,
Бæззын дын фыртæн.
Ды абон æндæр дæ,
Ысног дæ бынтон.
Дæ уындæй мæ зæрдæ
У цины тыхтон.



## ЦОЦИТЫ Герсан

*Цоциты Сардойы фырт Герсан райгуырди 1921 азы Хуссар Иры Стыркомы хъæуы. Скъолайы фæстæ ахуыр кодта Сталиниры педагогон скъолайы. Æртыккаг курсы куы уыди, уæд фæрынчын æмæ йæ ахуыр ныууагъта. 1942 азы ацыди Фыдыбæстæ знæгтæй бахъахъхъæнынмæ. Фыццаг ахуыр кодта æфсæддон скъолайы, стæй ацыди хæцæг æфсадмæ. 1943 азы фæмард Краснодары цур.*

*Герсаны æмдзæвгæтæ мыхуыры цыдысты хæсты размæ ирон газеттæ æмæ журналты. Ам ын цы æмдзæвгæгæ ис, уыдон райстам чиныгæй «Джебогъ æмæ сисæй» (Сталинир, 1959). Æмдзæвгæ «Фырт йæ мадæн» мыхуыр цæуы цыбыргондæй.*

### ÆФСАДМÆ ЦÆУГÆЙÆ

Кæйдæртау мæнæн дæр мæ уарзон нæ загъта
Æфсадмæ цæугæйæ: «Фæндараст фæу!»
Фæлæ мын ныййарæг мæ фæстæ куы дзырдта:
«Мæ хъæбул, фæндаджы хæрзтыл мын фæцу!

Ыссæдз азы слæг дæ мæ риуы æхсырæй,
Нæ дугæй æййæфтай рæвдыдад æдзух,
Æмæ нæ ныр хъахъхъæн нæ фыдгул ызнæгтæй, –
Ыслыг кæ фашисттæн бындзарæй сæ хурх!

Ысдау-иу дæ фæринк дæ зæрдæйы тæгтыл,
Фыдгултимæ тохы æвдис-иу æхсар,
Ды ма ауæрд хæсты дæ тых æмæ цардыл,
Дæ буц мады фæдзæхст дæ зæрдæйыл дар!»

Æз дæр æм фæстæмæ фырцинæй фæдзырдтон:
«Дæ фæдзæхсттæ се ‘ппæт уыдзысты æххæст!»
Æмæ ма фæлмæн ба мæ мадæн ныккодтон, –
Нæ поезд дæр анкъуыст: куы нæм сиды хæст...

*1941*

## ГЪЕЙ-ДЖИДИ!

Гъей-джиди! Тохы хъæр арвыл куы сирвæзт,
Ногæй ыссыгъдысты уæлдæф уæд, зæхх...
‘Хсарæй куы кæнæм нæ рæстагон карз хæст.
Быдыртыл фæздæг ныббадти сæнт-цъæх.

Размæ, ныгуылæнмæ, абырсынц танктæ,
Базырджын уаритæ арвыл тæхынц.
Фистæг æфсæдтæ куы кæнынц атакæ.
Фрицтæ ‘мæ ганстæ фæстæмæ цæуынц.

Хуры тынтæ ма ныдзæвдысты хæхтыл,
Халæттæ зилахар кодтой бæрзонд,
Суыдтой ызнæгты, сæ холыты, зæххыл,
Знæгтæн фæкалди сæ сау туг, сæ рондз.

Гъей-джиди! Тохы арт арвыл куы сирвæзт,
Артау ыссыгъдысты уæлдæф уæд, зæхх...
‘Хсарæй куы кæнæм нæ рæстагон сау хæст.
Быдыртыл фæздæг ныббадти сæнт-цъæх.

*1942*
*Кубань*

## ФЫРТ ЙÆ МАДÆН

Ма ‘хсайæд мæнмæ дæ зæрдæ,
Ма кæ ды, мæ бон, мæ мæт. –
Райстам не знагмæ нæ гæрзтæ,
Ссардзæн мах къухæй мæлæт.

Кæд фашистты ныхмæ тохы
Æз нæ лæгæрдон уæндон,
Уадз, уæд баззайон æз рохы,
Уæд, зæгъон уын æй æргом:

Зæрдæ бамыр уæд мæ риуы,
‘Взонгæй бахуыссæд мæ цард!
Байхъуысæд дæм, Æна, иубон
Уæд дæ хъæбулæн йæ мард!

# НОМЫРЫ ИС:

**Хъодзаты Æхсар**
*Уæлахизы сæрвæлтау* 4
*Зарæг æрыздæхтис Ирмæ* 5

**Абайты Бекызæ**
*Цыбыр биографи* 18
Цъæйаг лæгыл – цъæх цухъхъа 18
Мæлæт 19
Нæ рæсугъд хæхтæ 20
Дыууæ цæсты 20
«Кæцæй мæм æрцыди уæлахизы ныфс...» 21
Хæстоны мæлæт 21
Ме 'фсымæрмæ 22
Арæнæй 23
Парижы коммунартæн 24
Тагъд дæ фендзынæн 24
«Ды дæ мадæн кæс йæ коммæ...» 25
«Мæ рынчын зæрдæмæ...» 25

**Абайты Виктор**
*Цыбыр биографи* 26
Æвзонг лирæ 26
«Цæй, цæй, ныззар, зæлланггæнгæ...» 27
Сидт 27
Арв ныннæрыд 28
Райсом раджы 29
Хурмæ 30

**Абайты Петр**
*Цыбыр биографи* 31
Цомут тохмæ! 31
Джебогъ 32
Æмбалы мæлæтыл 33

**Агънаты Батырбег**
*Цыбыр биографи* 34
Аргъау 34
Куыд æй асайæм? 35

**Ægъуызарты Георги**
*Цыбыр биографи* 36
Мæ Райгуырæн бæстæ 36
Фыстæг хæсты быдырæй 36

**Æлборты Хъазмæхæмæт**
*Цыбыр биографи* 38
Æмбисонд 38
Уалдзæг 38
Сидт 39

**Баситы Дзаххотт**
*Цыбыр биографи* 40
Дидинæг 40
«Уарзон, дæ иу бакаст – зæрдæйы рухсæн...» 40
Ныстуан 41
Сæууон хъуыдытæ 41
Хурмæ 42
Дæуæн, М... 42
М-мæ 43
Тæхуды 44
Балц 44
«Кæд не ссардтон дæ уарзон кастмæ...» 45

**Баситы Дзамболат**
*Цыбыр биографи* 46
Ленин 46
«Ис мæнæн уæларвон уарзон...» 47
Тæппудтæ 47
«Ой, кæм дæ, кæм дæ, мæ уарзон?..» 48
Рувас куыд асайдта сæгъы 48
Ныннæр, мæ хур, мæ фæндыр 49
Зымæгон фæндаг 50
Æнæмæлæт 50
«Рог хъазыд дымгæ нæ фæрсты сиргæ...» 51
«Уый фашистон саузæрдæ салдат...» 51
«Дымгæ сыстад райсом раджы...» 51
Хæрзбон 52
«Мæнæй нæ зæгъдзынæ...» 52
Ныфс 53
Размæ 53
Дидинæгмæ 54

Æнæфыст цырт 54
«Хъæу...» 55
Адæмы маст 55

**Бæгъиаты Владимир**
*Цыбыр биографи* 57
«Царды уад æрхаста...» 57
Æфсадмæ 57

**Бæззаты Кавказ**
*Цыбыр биографи* 59
Мæ лирæ 59

**Бæройты Дауырбег**
*Цыбыр биографи* 60
Цæргæстæ 60

**Бекмырзаты Дзаххотт**
*Цыбыр биографи* 61
Хæрзбон 61
Иунæджы зарæг 62

**Бекъойты Амыран**
*Цыбыр биографи* 63
«Бон ысрухс и, мæргътæ уасынц...» 63
«Æвзист цæлхыдзагæй цъæх арвыл...» 63
«Æхсæвæй-бонæй демæ дзуры...» 64

**Белеккаты Харитон**
*Цыбыр биографи* 65
Хосгæрсты зарæг 65
Цыппар фыстæджы хæсты быдырæй 66

**Бесати Амурхан**
*Цыбыр биографи* 68
Æхсæвæ 68
Фæззыгон изæр 69
Æргъæвст цъиу 69
Хæстонты зарæг 70

**Бигъуылаты Алыксандр**
*Цыбыр биографи* 71
Уалдзыгон бон 71
Лагерьты 72

**Билаонти Барис**
*Цыбыр биографи* 73
Фыццæгæм Май 73
Феце (М. Ю. Лермонтовæй) 74
«Кæддæр мæ нæртон чызгай...» (Илья Чавчавадзейæ) 74

**Бузойти Кермен**
*Цыбыр биографи* 75
Талинги 75
Тæходуй, Къоста! 76
Æхсæвæ медхонхи 77
Уалдзигон сæумæ 78

**Гасситы Георги**
*Цыбыр биографи* 79
Фæдис. (Иу ныв пьесæйæ) 79

**Годжиты Виктор**
*Цыбыр биографи* 85
Æрнигоны сфæлдыстады мотивтæ 85

**Гутнаты Хъанымæт**
*Цыбыр биографи* 90
Уæ, цæргæс, чи дæ фæнадта? 90
Тете 91
Ой, алолай, алолай! 91
Реуа 92
Чъедела ‘мæ Къобола 93

**Гуытъиаты Мамытджери**
*Цыбыр биографи* 94
Хурыскаст 94

**Датиты Дзантемыр**
*Цыбыр биографи* 95
Мæ Райгуырæн бæстæйæн 95

**Дегъуаты Андрей**
*Цыбыр биографи* 96
Уæрæх бæстæ 96

**Джелыты Хазби**
*Цыбыр биографи* 98
Уалдзæг 98
«Тындзгæ, мæ зæрдæ, рухс бон агур...» 99

**Джиоты Грис**
*Цыбыр биографи* 100
«Куыд бирæ дæ уарзын, мæ хуры хай Нинæ...» 100
Уалдзæг 101
Дидинæг 101
«Цæй, сыстут, нæ фæсивæд, сыстут...» 102

**Дзадзати Хуысин**
*Цыбыр биографи* 103
«Деденæг куд хонуй æхемæ...» 103
Размæ, æмгæрттæ! *Уырыссаг æвзагæй **Хъодзаты Æхсары** тæлмац* 103

**Дзæхаты Темырхъан**
*Цыбыр биографи* 104
Хосгæрдæг 104
Тæрхъус 105

**Дзуццаты Æхсарбег**
*Цыбыр биографи* 107
Æмбисæхсæв 107

**Едзиты Цини**
*Цыбыр биографи* 108
Къæхтысæр 108

**Елехъоти Мурат**
*Цыбыр биографи* 111
21 январы. *Уырыссаг æвзагæй **Ходы Камалы** тæлмац* 111
Дыууæ дзырды. ***Хъодзаты Æхсары** тæлмац* 112
Райсом. ***Ходы Камалы** тæлмац* 113
Советон хæстонты зарæг. ***Ходы Камалы** тæлмац* 113
Мæ дыргъдон. ***Ходы Камалы** тæлмац* 114
Фæуæлахиз уыдзыстæм. ***Хъодзаты Æхсары** тæлмац* 115
«Хæссы та нæ уынгты...» ***Ходы Камалы** тæлмац* 115
Фыстæг хæсты быдырæй. ***Хъодзаты Æхсары** тæлмац* 115

**Калоты Къола**
*Цыбыр биографи* 117
Мæ бæстæ 117

**Калоты Хазби**
*Цыбыр биографи* 118
«Охх, цæмæн райгуырдтæн æз æвзæрæй Ирæн!..» 119
Фæдзурынц мын 119

«Уый федтон æз...» 120
«Комы уазал сау æхсæв æрхуыссыд...» 120
Зæхмæ курдиат 120
Райы арв 121
«Туг æхсырæмхæццæ рустыл...» 122
Дидинæг федтон 122
«Дæ уæнгты ‘нæкæрон ныфс уа...» 123
Фæстаг салам 123
Кард 124
«Карз хæст райдыдта...» 125
«Зайриаг калм сыф-сыфгæнгæ ралæсти...» 125
«Хæрзбон, æнцойдзинад...» 125
Хорзæй баззай, Ир 126
«Ды басастæ, ды æрхаудтæ...» 127
«Уый уыд уагъылыйы дидинæгау рæсугъд...» 128
«Æхсæв дæ дзыккутау куы ‘рхауы...» 129
«Æз мæ цард нæ нымайын æвгъауыл...» 129
«Ды дзырдтай...» 130
«Идыл рæдзæ-мæдзæ кæны...» 130
«Ыстыр хæстæй æрцæугæйæ...» 131
«Тымыгъ даргъ уынгты хæты...» 132
Тыхгæнджытæн – мæлæт! *Уырыссаг æвзагæй* ***Æхсары*** *тæлмац* 132
«Куы сæтты тымыгъ...» 133
«Зымæг...» 133
«Бон нæма фæзынд сæууон æртæхы...» 134
«Митыл мæйы æртхутджытæ хъазынц...» 135

**Кокайты Алыксандр**
*Цыбыр биографи* 136
Цæлыкк 136

**Кочысаты Мухарбег**
*Цыбыр биографи* 137
Мæ фæндырмæ 137
Сау цæстытæ 138
Цæргæс 138
«Дæ сусæг каст...» 139
Фæззæджы нывтæй 139
Къоста Херсоны 140
Хъæмæ 141
Хъама 142
Адæмы маст 143
Цæй, хæрзбон, мæ уарзон! 145

Фыдыбæстæ 145
Фæстаг салам 146
Мæ фæдзæхст 147
Ма кæн хъыг 148
«Кæм дæ, кæм дæ, мæ райгуырæн хæхбæстæ...» 148
Мæ хæс 149
Кавказ 150
Хæрзбон 151
Фыстæг мæ мадмæ 152
Фыссæджы блокнотæй. *Уырыссаг æвзагæй* ***Хъодзаты Æхсары*** *тæлмац* 153
Фыстæджытæ. *Уырыссаг æвзагæй* ***Хъодзаты Æхсары*** *тæлмацтæ* 155

**Кучиты Владимир**
*Цыбыр биографи* 157
Парижы коммунартæн 157
Уалдзыгон нывтæй 158
Фæззыгон зарæг 158
Къогъоты зарæг 159
Зæрватыкк 159
«Тыхсы, тыхсы мæ зæрдæ алцæуыл...» 160
«Куы сæмбæлы рог уылæн дурыл æваст...» 160
Хæстон дзырдта 160
Фæдзæхст 161

**Къæбулты Елиоз**
*Цыбыр биографи* 163
Зымæг 163

**Къибирти Тазæрет**
*Цыбыр биографи* 164
К. Марксæн 164
Э. Тельманæн 165
Фæсевæд – деденæг 166
Ахæст 168

**Къубалты Дмитри**
*Цыбыр биографи* 169
Ногбон 169

**Магкаты Алихан**
*Цыбыр биографи* 170
Тохы бонтæ 170

**Мæргъиты Ясон**
*Цыбыр биографи* 198
Уалдзæг 198
Æрсидтонтæм 199

**Наниты Васо**
*Цыбыр биографи* 200
«Мæ лирæ...» 200
Уалдзæг 200
«Куы зонис ды фæлмæн зæрдæйы...» 201
Тæхуды!.. 201
Цæмæ бæллын 202
Уарзын хуримæ фæхъазын 202
Мæ мадмæ 203
Цъиу 203
Лымæнмæ 203
Уæйгуыты æфсад 204

**Плиты Зауыр**
*Цыбыр биографи* 205
Дидинæг 205
Булæмаргъæн 206
Райгуырæн бæстæ 206
«Айнæгыл бамынæг хуры тын...» 207
«Дымгæ сау мигъты фæтæры...» 207
Хъырымаг изæр 208
Денджызмæ 208
«Гъей, æрттив, ыстъалы...» 209
«Уайсадæг чындзау...» 209

**Саукуйти Хасан**
*Цыбыр биографи* 210
Ме 'хсирфмæ 210
Уарзондзийнадæ 211

**Таболты Хадзымырзæ**
*Цыбыр биографи* 212
Цин 212
Æрцу мæм ды 213
Ард 213

**Тауитты Дзегут**
*Цыбыр биографи* 215
Фыццаг ныхас 215

Артиллеристы боныгæй. *Уырыссаг æвзагæй* ***Хъодзаты Æхсары*** *тæлмац* 215

**Тыджыты Ефим**
*Цыбыр биографи* 219
Æфсæддон 219

**Тъехты Барис**
Цыбыр биографи 220
Кавказмæ 220
Дыууæ ‘фсиры 220
Мæгуыргуртæ 223

**Хайманты Георги**
*Цыбыр биографи* 226
Дзафи 226

**Хæмыцаты Георги**
*Цыбыр биографи* 231
Сырх Æфсадæн 231
Бадтæн рындзыл 232

**Ходты Хазби**
*Цыбыр биографи* 233
Хæхбæстæ 233
Æхсæрдзæн 234
Цæвæм 235
«Уым сæфынæй нæу тас лæгæн...» 235
Кавказæн 236

**Хозиты Зауырбег**
*Цыбыр биографи* 237
Сабийы зарæг 237
Хъæбулы ныхас 238

**Хуадонты Иссæ**
*Цыбыр биографи* 239
Хъуыраны дуг фæци. *Уырыссаг æвзагæй* ***Бицъоты Грисы*** *тæлмац* 240
Фыстæджытæ. *Уырыссаг æвзагæй* ***Хъодзаты Æхсары*** *тæлмац* 273

**Хутъиати Сергей**
*Цыбыр биографи* 276
Мæ бæх 276

Лæдæрун дæ дæ кастæй... 276
Дыуувæ зæрди 277

**Хуырымты Батырбег**
*Цыбыр биографи* 278
Маргзæрдæ 278

**Хъаныхъуаты Майрæм**
*Цыбыр биографи* 279
Парти 279
Ног аз 280
Уалдзæг 281
Кафæм иумæ 281
Дидинæг 282
Сидтоны цин 282

**Хъараты Ибрагим**
*Цыбыр биографи* 284
Уалдзыгон сидт 284
Блокнотæй 285
«Ысуыдзынæн саумæр...» 285
Зымæг 286
Уæлахиздзаутæ 286
Сырхæфсæддонæн 287
Халæттæ 287
«Сæумæраджы...» 288
Хæстоны фыстæджытæй 288

**Хъодзаты Салам**
*Цыбыр биографи* 290
Хосдзаутæ 290

**Хъуылаты Ладимыр**
*Цыбыр биографи* 291
Давонуæйгæнæджы фырт 291
Пун Сийы фыстæг ахæстонæй 294
Нард уарай! 296
Къренделиты хал 297
Æртæ зæгæлы 299
Уырыты сыдæй марынц 300
Бирæгъы нуар 301
Хуыцау ратдзæн 302
Фыстæг фронтæй 304

**Цомартаты Батыр**
*Цыбыр биографи* 305
Дæуæй кæсы хур 305
Байрай, Ирыстон! 306

**Цоциты Герсан**
*Цыбыр биографи* 307
Æфсадмæ цæугæйæ 307
Гъей-джиди! 308
Фырт йæ мадæн 308



*Цъары фæрстыл –*

*Стасис Красаускасы конд нывтæ.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Шеф-редактор* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |


* * *


*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00107 от 10 декабря 2014 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредитель и издатель:*
*Министерство культуры РСО-Алания.*
*362040. г. Владикавказ, ул. Джанаева, 20.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; ответсекретарь, отдел прозы – 25-20-52; отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

*Подписано к печати 20.05.15. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Mygl. Печать офсетная. Усл. п. л. 20,37. Учетно-изд. л. 19,27. Тираж 1200 экз. Заказ № 258. Цена свободная. Выход из печати 30 мая 2015 г.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247